# IУАЩХЬЭ МАХУЭ


Адыгэ тхакIуэхэм я журнал

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2010 гъэ

6

Ноябрь - декабрь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м Хъыбарегъащ|э IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк|э и министерствэмрэ къыдагъэкI



Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр
Елгъэр Кашифщ

*Редколлегием хэтхэр:*
Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей



Налшык
2010

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

**И. о. главного редактора**
**Кашиф Эльгаров**



*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев



*Технический редактор* – Мадина Гурижева
*Корректор* – Марина Жекамухова
*Компьютерный набор* – Зарета Князева

Подписано к печати 21.12.10. Формат 70×108 1/16. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 16,1. Уч.-изд. л. 12,02. Тираж 2050 экз. Заказ № 12. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано ООО «Тетраграф» по заказу ГП РПК КБР
Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**


## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:


**Хьэх Сэфарбий.** ИщхъэрэкIэ. «Дуней гъащIэ» тхылъым щыщщ....... 3
**Iэщыж Борис.** Рассказхэр........ 24
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Хъыбар кIэщIхэр.............. 29


ЖЬАНТIЭ


**Пасэу тхэн щIидзами**............... 37
**ЩакIуэ Талъостэн.** Усэхэр........ 38
**Псэм и хъуаскIэхэр**............... 42
**Махъсидэ Залымхъан.** Хьисэ и махуэ блэкIахэр........................ 43
ЛъэпкЪ пагэм нэчыхькIэ халъхуа адыгэлIт ар..................... 49
**КIуащ БетIал.** Усэхэр............. 61
**Усэхэри уэрэдхэри зи Iэпэгъу**...... 77
**Къэжэр Петр.** Усэхэр............... 78
**Мэзыхьэ Борис.** Зэчиигъэм и къудамэбэ............................ 86
**Вэрыкъуэ Владимир.** Лей зыгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу. Романым щыщ пычыгъуэхэр.................. 90


КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ


**Елгъэр Кашиф.** Сызэрыхъу пэтауэ сызэрымыхъуахэр. ГукъэкIыжхэм щыщщ........................... 114
**Ержыб Аслъэн.** Зауэм и джэрпэджэжхэр........................ 135
**Къэжэр Иннэ.** «...Уи къабзагъэ нэсым и щыхьэтщ»................... 137
**ПщыхьэщIэ Хьэбыж.** Пшынэбзэр щызэрылъэлъкIэ...................... 141


***2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ***


**Чым Юрэ.** Зэманым и гъуэгугъэлъагъуэхэр.................... 144

ХЬЭХ Сэфарбий

# ИЩХЪЭРЭКІЭ

«ДУНЕЙ ГЪАЩІЭ» *тхыгъэм щыщ*



ДЖЭДЖЬЕЙ ЗЕУАЛЭ
ПСЫВЭ ХОУПІЭ

Къамбот, пэж дыдэу, зыхуэсакъыжащ а пщыхьэщхьэм, хузэфIэкIащ зиIыгъын. Ауэ, щыскIыхь, фадэбжьэхэри яIэтырей щыхъум, фIыуэ къэмыжануи къэнакъым. ЗанщIэуи гумащIэ къэхъури, игу къэкIыжащ Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэр, абы и гупэм, я куэбжэпэм зэрыпэжыжьэ щымыIэу псы Iэсэ лъагъугъуафIэ цIыкIу бдзэжьей хэзу хэсу щежэхыр. Я мамэ пIащIэмэ, тебэм дагъэ ирикIэу бдзэжьей щхьэкIэ абы игъажэу зэрыщытар. Си дагъэр ес, псынщIэу къажэ, жиIэу къыщыкIэлъыдэжи щыIэт. Зыкъигъэгувэртэкъым езыми, бдзэжьей къуэлэн зэ гъэжьэгъуэр куэдрэт, майкэкIэ къиубыдырти, къыдэжыжырт. Хэт имышхынрэт иджыпсту апхуэдэ бдзэжьей! Дауэ хъууэ пIэрэ иджы Заурбий цIыкIумрэ а я мамэрэ?!

Абыхэми нэгъуэщI куэдми и щхьэр щыхэту, общежитым щIэт гъуэлъыпIэжь цIыкIум илът Къамбот. А псом къадэкIуэрт Рабияи. НэкIуху-жьэ-гъуху цIыкIу хъужауэ, къэхъуу къыщIэкIынщ ари, сыт хуэдэ классу пIэрэ иджы здэкIуэр? Инышхуэ цIыкIу къэхъуагъэнщ, дауи.

– ПсынщIэу, псынщIэу, Аслъэн куэд Iей хъууэ къежауэ къозауэ, и закъуэщ, – шэщыжьым ещхь общежитышхуэм и щхьэр тричыным хуэдэу кIийуэ къыщIолъадэ Бахъсэн лъэныкъуэмкIэ къикIыу я гъусэу къэкIуахэм щыщ Былымгъуэт Володя щIалэ зэIэщIэлъ хэщIыхьар. – ПсынщIэу дылъэвгъэIэс!

ЗэрыщIэхащ. Зы дакъикъэ закъуэм хъуи бзыи адыгэмэ зыщыуауэ зы псэ закъуэ къыщIэнакъым общежит псом. Псы толъкъуным хуэдэт ахэр рабочэ клубыжь тIэкIу хуэдэ къайгъэр щекIуэкIым щынэсам. Ди Къамбот лIыхъужь щхьэмыгъазэри, Iэхъуамбэ псыгъуэхэр зыпыт и цIыхубзыIэжь цIыкIум къазэрищIыкIкIэ ищIа и IэштIым тIэкIур икъузу а «толъкъун» укIурийм кIэлъыущырт, лъэщIыхьами, абы и зы ткIуэпс хъун къудейми арауэ. Ауэ езым псы ткIуэпсу зыкъыщыхъужыртэкъым, а толъкъунышхуэр къэзыгъэхъу къарууэ фIэкIа. И IэштIымыр зэрымыбэлыхьлажьэри щыгъупщат. Дунейм темыту къыщыхъужырт къэзыгъэувыIэн, бгыр икъутэнут, Аслъэн щхьэкIэ. Зэфари гуващэт къыщыпкърыхьар, зэрихьэрт. Зэрихьэрт, ауэ сыкIуэнкъым а зэзауэхэм я деж, щыIэкъым сэ абы хэсщIыхьынышхуэ, сахыхьэнкъым, жиIэуи и гум къэкIыртэкъым

– Уэ шушмек Iейри уздэжэр дэнэ, сыт пщIэну уи мурадыр, гъазэ! -клубым щIимыгъэхьэну, бжэIупэм къыщыпэуващ Къамбот зы милицэ пIащэжь.

Къамбот «Iей» къызэрыжраIар зыуи къыщыхъунутэкъым, ауэ «шушмек» псалъэр и щыпэзэхэхт, къызыхэкIа лъэпкъыр мыщIагъуэу абы къикIыу, игъэулъийуэ къыщыхъури, къанлы фIыцIэу къызэкIуэкIащ.

---

*[*]КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр е 5-нэ номерым тетщ.*

– Мис, мыращ сэ сщIэну си мурадыр, умыщIэмэ! -Къамбот шэд нықъуэзэпцIым къыхилъэгъуа мывэ хъурейр къищтэри, милицэшхуэм и нэжьгъ убгъуам ириутIыпщхьащ. Техуа а мывэр хьэмэрэ темыхуарэ? Уеуэу иджыпсту букIынумэ, и пэжыпIэр къыбжиIэфынукъым щIалэм. Мыбы мыр иджыпсту мыпхуэдэу ищIынущи, сэ езым моуэ есщIэнщ, жиIэу зигъэхьэзырауэ зыщIыпIэ къуэса нэхъей, нэгъуэщI зы милицэ къауэщ, Кавказ къурш уардэхэм я куэщI къитэджыкIа щIалэ емылыджыжь цIыкIу фадэ къыпкъырыхьам зи лъэр арыншами щIигъащIэр къриудри, къыкIуэцIыпкIэжащ. Зэкъым, тIэукъым къызэрыкIуэцIыпкIари. ЩIым хиубэрэжьыхьащ, шырыкъу зэфIэмыхьэжь лъыгъым и лъапэмкIэ кIуэцIыуэурэ. ИтIанэ зэкIуэцIиуплIанщIэри, я машинэм ириутIыпщхьащ, фIагъэжыну къаубыда гъэлъэхъу фIэкIа зэрыпщIэн щымыIэу. Абы и ужьым кIэщIу иту къажэрт я къуажэ гъунэгъу Жэгъунтхьэблэ щыщ Щэбэтыкъуэ Салими. Салим Къамбот мо къыпэувам зэреуэну мывэр къищтэну щеIэбыхам блэжащ, къызэтемыувыIэу, IэщIэкIащ милицэ лIы бэлыхьыжьым - хъарбызитI зы IэкIэ хуэубыдакъым. Салим гужьеяуэ мо здэжэм, гу лъитэххакъым милицэхэмрэ Къамботрэ яку къихъуам, щIэIэри ежьэжащ.

ТIууэ зэтет унэ гуэрым нэса нэужь, а милицэ дыдэм зэкIуэцIиуплIанщIэу а зэрыридзам хуэдабзэу, машинэм кърилъэфыжщ ди Къамботу плъагъури, Iэуэлъауэшхуэ иригъэщIу зы щIыпIэ кIыфI дыдэ гуэрым щыхыфIидзащ. Узижагъуэныр хыфIаудзэ ар зэрыхыфIадзам хуэдэу, пхъэм къыхэщIыкIауэ щытамэ, зэпкърылъэлри ежьэжат. Ауэ щIалэ ундэрэщхъуам апхуэдэуи зыхищIакъым. Ар щылът, джалъэу. Асыхьэтым зыгуэрым адрей плIанэпэмкIэ уэрэд къыщыхидзащ, Къамбот къигъащтэу:

Ты по-о-чем меня уда-а-рил-л
Бал-л-лай-кой по сп-ине...

– УзыгъэлIэн уэри, - жиIащ Къамбот, Iуэхур щекIуэкIыр Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэрауэ щытамэ, зэрыжиIэнум хуэдэу, адыгэбзэ къабзэкIэ. Зыгуэр къыщхьэщыхьауэ къыщыфIэщIым, абы къыхудэупщIеящ, а зэрыщылъу:

– Чо надэ?

Ари зы чэф гуэрт, мы езы Къамбот хуэдэу... Хьэуэ, хуэдэтэкъым ар Къамбот. Iэджэ нэхърэ нэхъыфIти, а тIум я Iуэхур зэхуэдэну. Мор ефа къудейуэ арат, нэгъуэщI къуаншагъэ лъэпкъ бгъэдэлътэкъыми, пщэдджыжьым яутIыпщыжынут, ауэ мыдрейм и Iуэхур куут. Хьэлэчт, хэбгъэзыхьмэ. Властым зыпэщIисат, мывэкIэ еуат милицэм, суд къыхухэкIынут. Ауэ ар ищIэртэкъым зи щхьэр фIэундэрэщхъукIа езы тхьэмыщкIэм. И гугъэт нэху щымэ, езыри щIаутIыпщыкIыжыну.

* * *

Нэху щыху и жьэр увыIакъым гъусэ хуэхъуам. Сэ сыусакIуэщ, жиIэурэ кIийрт ар, сэ сыусакIуэщ, сывутIыпщыж! Пэж дыдэуи, усэ мыувыIэу къеджэрт. Абыхэм хэт псалъэхэм я нықъуэхэри Къамбот къыгурыIуащэртэкъым, мо хамэбзэ фIыуэ имыщIэм. Нэхущхэм деж къыщхьэщыхьауэ, зэкIэлъихурт:

*Колумб Америку открыл,*
*Страну, для нас совсем чужую...*
*Дурак, он лучше бы открыл*
*На нашей улице пивную!*

УсэкIэ зи щхьэр иудэгум цIутI щыжимыIэм, усакIуэри хуэм-хуэмурэ увыIэжри, тIури жейм тIэкIу хилъэфащ. Пщэдджыжьым къыщыушам зыщIэсым нэху тIэкIу къакIуэу гу лъитащ. УэфIмэ дыгъэм и нэхур зыгуэрурэ къэсу къыщIэкIынт, къегъэбыдэкIа щхьэкIэ. Сэ сы-Игорщ, жиIащ усакIуэ-кIиякIуэм. - Си унэцIэр Луковниковщ. Уэ-щэ, дызэрыгъэцIыху», - жиIэу и Iэр къыщишийм, Къамбот абы худэплъеящ. Ар щIалэ бжьыфIэшхуэт, и нэкIур хужь дахэрэ и щхьэцыр фIыцIабзэу. ЛъагъугъуафIэ дыдэт икIи. Зэ зылъэгъуам игъащIэ псокIэ щыгъупщэнтэкъым и теплъэр. Ар иджы Iэсэ хъужауэ, тIэкIуи щIэнэщхъеихыжырт, дыгъуэпшыхь и дуней тетыкIахэр игу къэкIыжу къыщIэкIынт.

Къамбот и Iэпкълъэпкъ псом мыузу зы IэпапIэ имыIэу къыщыхъурт. И пэбгыр теудат, и плIэр узырт, имыгъэбауэу. Ар, къызэрыщIэкIымкIэ, икIи щIакъуэт. Иджыри къэс зыхимыщIа щхьэкIэ, и лъакъуэм удын къытехуауэ къыщIэкIынут. Зрадзауэ а зэрысыр куэду зэтет унэхэм якIуэцIыт хабзэ лифтым ещхь гуэрт, земыкIуэми. ГъущI хуэдэт и лъэгури. Мо къызэщIэплъам, фадэ лъэужьри здэмыужьыхам, иджыри къэс апхуэдэу зыхимыщIами, иджы дэтхэнэ удын едзыпIэри къеныкъуэкъуу къеузырт. «Джэджьей зеуалэ псывэ хоупIэ, схуэфащэу къысщыщIащ, - и щхьэ хуэшхыдэжащ ар, зыщIэгупсысыкIыжри. - Уи уни уи жьэгуи хыфIэбдзэу, къэралым хьэулейуэ укъыщинэкIэ, аракъым къыпщыщIынур!»

## ЯКЪУАМ ЯМЫКЪУАР ЕХЬ

И гъусэм къеджэщ, щIашыжри, Къамбот и закъуэ къинащ «лифтым». Щыгугъащ езыми къеджэну. Къеджэртэкъым. ЩIагъуэтэкъым Iуэхур. Здэгузавэм, хъумакIуэхэм еджэкIи, бжэм къыбгъэдыхьэIартэкъым. ИщIэнур ищIэртэкъым. И Iэпкълъэпкъыр а къызэрезауэт. И щхьэр фIихыпэрт. Псы щхьэкIи лIэрт, а псом я щIыIужкIэ. ИкIэм-икIэжым, гъущIыбжэ хьэлъэжьыр ираудэкIыу Iуахри, зы щIалэ къамылыфэ лъагъугъуафIэ къыщIохьэ. Адыгэу фIэкIа пщIэнтэкъым и теплъэкIи сыткIи. Къамбот абы щыIуплъам къэскIат, я къуажэкIэм щыщ Къурашэ Къасболэт и гугъэри. И цIэ-унэцIэм къыщригъажьэри, дунейм теткъым ар щтэIэщтаблэу къыжьэхэплъэ Къамбот къызэремыупщIа. ТхылъымпIэ напэ куэд Iей итхащ. Иужьым, а псори къызэщIикъуэжурэ, жиIащ:

– Iуэхур судым нэмысу хъунукъым.

– Сыт апхуэдизу?! - и щхьэфэцым зиIэтащ Къамбот.

– Милицэм уахэзэухьащ, нэгъуэщIу щытами, зыгуэрт. Зыхуэгъэхьэзыр жэуап зэрыптынум. Уи судыр щащIэнур зэкIэ IупщIкъым. ЯщIэнущ, уголовнэ кодексым и 72-нэ статьям и етIуанэ IыхьэмкIэ уагъэкъуаншэу.

Щыгъуазэ зэрищIамкIэ, а статьям ипкъ иткIэ къихьырт зы илъэсым къыщыщIэдзауэ илъэсищым нэс. Уэт захуагъэ, мис ар захуагъэт: яубэрэжьар езырауэ икIи ягъэтIысыну! Якъуам ямыкъуар ехь, жыхуиIэм хуэдэу хъурт. И Iэпкълъэпкъ псом и гугъу умыщIи, и блэгъукIэ сэмэгум узу илъым хуэдиз тридзатэкъым Къамбот а милицэ пIащэжьым, а мывэ ириутIыпщар техуэпами. И щхьэр фIиудыжынтэкъэ бэIутIэIу хэхуа тхьэмыщкIэм, и гур зэпхъуэкIыжынтэкъэ игъэунэн и гугъэу игъэунэхъуа унагъуэ цIыкIу къызэринэкIамкIэ! И анэжьыр къелыну абы? И къуэш цIыкIу закъуэри щхьэтепIэныншэу къэнакъэ?! Емынэ лъэрыкIуэ мыгъуэм зэрихуэу къэкIуат мыбы! ИщIэнур лIо, зэрыхъунури дауэ?! Унэхъури тIысыжакъэ иджы! Щысхьрабгъу имыIэу ящIэнщ и судыр, къакIуэу къайгъэр къахэзыхьа «шэрджэс Iэл» псоми дерс хэхыкIейуэ хахын хуэдэу.

ЩIагуэнщ а къыфIаща статьям къиубыду жыхуаIэ илъэсищ дыдэмкIэ. Ауэ зы махуэ закъуэ ягъэныкъуэнкъым!

Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ, жызыIа адыгэм зыгуэр имыщIэу жиIагъэнтэкъым ар, дауи - ирикIуащ. Судыр зэIухауэ ирагъэкIуэкIынут, хъыбар къызэрырагъэщIамкIэ. Ар нэхъыкIэщ, жаIэрт зыщIадза пэшым къыдыщIэсхэм, апхуэдэхэм деж уи статьям къиубыд илъэс бжыгъэр хъурейуэ къуатынущ, хэмыщIIауэ.

Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу щIэзыш, мыувыIэжуи къеупщI милицэ IуэхузэхэгъэкIакIуэр нобэ къэкIуатэкъым, сыт щхьэкIэми. Езэшу увыIат хьэмэрэ къыпихынур къыпихат? Къамбот нобэрей IуэхукIэ и гугъу къамыщIыныр и фIэщ хъури, жеину зигъэхьэзырауэ, къоджэIа. ЩIашри, пэш цIыкIу гуэрым яшэ. Дамэтелъи сыти темылъу щIалэ сырыху гуэрт и Iуэху къызезыхуэр. ЩIалэ тхьэмыщкIэр и делагъэм къыхуихьыжа мы бэлыхьым зэрыхэхуэрэ зыхуэза-къеныкъуэкъуахэм мыр жыжьэуи ещхьтэкъым. ЦIыху хуэдэу къепсалъэрт. И Iуэхухэр дауэ щыт, унагъуэ къызыхэкIар сыт хуэдэ, щхьэ мыгъуэ къыщыущIыт мы щIэщхъур? Мы зыхыхьар, мы зыхэуар езыр мафIэщ, зэуар цIыху къызэрыгуэкIтэми аратэкъэ, милицэщ!

– Iуэхукъым, - жиIащ абы, сыхьэт псо нэблагъэкIэ къепсэлъауэ щыщIэкIыжым, гуапэу къеплъри, и гур фIы къыхуищI хьисэпу. - ЦIыху букIакъым уэ, икIэм-икIэжым. КъыптралъхьэIами упшыныжынщи, мы иджыпсту узыхэт Iуэхухэр пщыгъупщэжауэ, дунейм Iэджэжьрэ утетынщ бгъахъэу. УщIалэщ, усабийщ, жыпIапэмэ, уэ иджыри. Ауэ дяпэкIэ апхуэдэу уемыфэж, жыпIэри пщIэри умыщIэжу.

ЦIыху хуэдэу укъалъытэу зыкъыщыпхуагъазэр, псалъэ дахэ къыщыбжаIэр сыту фIы мыбыхэм деж. Апхуэдэм Къамбот щыужыным нэсат, ауэ иджы мы къыжраIа псалъэхэм гукъыдэжышхуэ къратат абы. Уэчылт мы Къамбот деж нобэ къэкIуар. Ар хэт къэзыщтар, сэ зыми зыри жесIакъым абы щхьэкIэ, жиIэрт Къамбот, и гъусэхэм къахыхьэжауэ. Абы жэуап зан–щIэу кърататщ Iуэхум хэзыщIыкIхэм: къэралым къыпхуищтащ. ЩыIэщ апхуэдэ хабзэ, езы зи суд ящIэм пщIэ щIитыну хузэфIэмыкIынумэ, къэралыр абыкIэ доIэпыкъу. Ари къыгурыIуэртэкъым Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэм къыдэмыкIыу иджыри къэс дэса, апхуэдэ Iуэху игъащIэм хэмыхуа, и пIалъи зымыщIэ щIалэм: къэралыракъэ ар езыр и судыр зыщIэр, зыгъэтIысыр, атIэ дауэ къыщхьэщыжын уэчыл къызэрыхуищтэр?

## ФЫЗ ПСАЛЪЭМАКЪ

Артистым я нэхъ цIэрыIуэр кърагъэблэгъами, къызэхуэсынтэкъым апхуэдиз цIыху. Общежити, хьэблэ ар зыхиубыди, лэжьапIи - къыздимыкIа къэнатэкъым. Ауэ блэкIрэ пэт зэхэзыха нэгъунэ, зы бэлыхьым хэкIыжым хуэдэу, пIащIэу кIуат «езы милицэ дыдэр зыукIыну хэта шэрджэс щIалэ Iэлым» и судыр зэращIэм еплъыну. Къайгъэр къыщагъэхъея а клубыжь дыдэрат судыр щащIэри. ГъэмахуэкIэт. Абы нагъэсат, судым и Iуэхур ягъэIэпхъуэм, ягъэIэпхъуэурэ. ГурыIуэгъуэтэкъым къызыхахри. ЯхузэхэмыгъэкIыу зэлIалIэ щыIэтэкъым, нэгъуэщIтэкъым. Зи щхьэр фадэм къигъэутхъуа щIалэжь цIыкIум мывэ къищтэу зыгуэрым ирисутIыпщамэ, лIот абы, сыти и зэхэгъэкIыт, сыти и судыщIэт. Мис, ноби кIыхьлIыхь хъуат судым и щIэдзэныр. ФIыуэ щIигъуат сыхьэт бжыгъэ щыщIадзэну зрагъэпщам. ЦIыхур пэплъэрт, яхуэмыхьыжу. Мо Iуэхуншэу

зэхэт къомым жамыIэ щыIэтэкъым, «шэрджэс емылыджхэрат» жаIэ псор зыхуэкIуэжри.

– Сыт хуэдэ Iэмалыншагъэу пIэрэт мы ди ухуакIуэ трестыр езыхулIар, абы нэс кIуэуэ къашэну а жылэм емыщхьхэр? ЛIот, рабочэ щымыIэжу арат мыбы?!

– Ахэр сыт хуэдэу фIыуэ лажьэу жаIэрэ... лIыгъэ яхэлъу зэрызауэм хуэдэу, лIыгъэ яхэлъуи мэлажьэ, умыщIэми, ара уи гугъэр?!

– ЛIо, апхуэдэу лIыгъэшхуэ ехьэлIэн хуейуэ ара блын зэтелъхьэным? Сыт, игъащIэм блын щызэтрамылъхьауэ хьэмэрэ унэ щамыщIауэ жыпIэну ара Уралым?!

– Абыхэм нэхъ мащIэу къыщIэкIынт ятекIуэдэнур.

– Ыы, уи адэм и псэщ ар, лэжьапщIэр псом я дежкIи зэхуэдэщ. Зы сом гъэныкъуи еплъыт, къыпхуадэну ар абыхэм езыхэм?!

* * *

Хэт и псалъэ ныкъуэжыIи а здынэсам и деж къыщагъэувыIэри, щым зэщIэхъуащ, судыщIэхэр къыщыщIыхьэм. Хуабэвэхт, цIыхум пщIэнтIэпсыр къапыхурт. Милицэм и Iэ сэмэгум езым и Iэ ижьыр Iэпщэхъуэ кIэ епхауэ къашащ Къамбот. Пэш щхьэхуэ гуэрым щIашэщ, Iэпщэхъухэри ирахыжри, и Iэр и щIыбагъымкIэ ехьэкIауэ къыщIэкIыжащ, кIэрахъуэкIэ зэщIэузэда милицитIым я зэхуакум дэту. Ар апхуэдэу къыщIашэу щалъагъум, пэшышхуэр зэщIэщхъыщхъащ. Зыхуахьынур ящIэртэкъым: ара милицэр зыукI пэтар, мыпхуэдиз цIыхур къызэщIэзыIэтар? Я гугъати зы бэлыхь гуэру! ЖаIэкIэ, я фIэщ хъунтэкъым, я нэкIэ ямылъэгъуамэ. ЦIыкIу дыдэу жумыIэнуми, мо фэшхуэ-лышхуэ арыншами зимыIа щIалэр, нэхъри нэхъ гъурыж, нэхъ Iэслъэсыж хъуат - ишхат жэщхэми мыжейуэ игъэва гузэвэгъуэ къомым. Бэлэбанэуи хуэпат, пыкIат и фэри. ЛъапэпцIий зызыщIауэ псоми ящхьэпрыплъ фыз гъум гуэр, и нэкIушхуэм тез къэхъуа пщIэнтIэпсыр хуабжьу егугъуу бэлътоку гъуабжэ фIеишхуэкIэ къыкIэрилъэщIыкIыурэ, ауэ къыщыт нэгъуэщI зы фыз сырыхушхуэм еупщIащ:

– Мыра мыгъуэ къалэм милицэу дэсыр зэтезыукIэу яубыдауэ жыхуаIэр?!

– Ара уи гугъэр, - зыцIыкIу мыгупсысэу абы жэуап къритыжащ зэупщIам. - А шэрджэсхэм, пщIэрэ, я залэр маещ. Абыхэм сыт хуэдэ лIыгъэ, хахуагъэ яхэлъ! Зи лъабжьэм щIэс бгыжьхэм я пагагъ-лъагагъэр ядолъагъу дэтхэнэ я цIыхухъуми, угъэщIэгъуэни уэ. Сэ абыхэм ятеухуауэ тхылъ седжауэ щытащ, Минвод дэс си адэ шыпхъум къысхуигъэхьри. А щIыпIэм щыпсэу урыс гуэрт зытхар. Абы зэритхымкIэ, шэрджэсхэр адыгэ жыхуаIэж лъэпкъыращ. Езыхэр зоджэж апхуэдэу - адыгэ. Ахэр зэи лажьэркъым.

– Мылэжьэххэуи? ГъэщIэгъуэни а жыхуэпIэр. Сыт-тIэ, яшхыр, зэрыпсэур дауэ?

– ЛIыгъэ, къару уиIэрэ пхузэфIэкIмэ, лIо ущIэлэжьэнур, нэгъуэщIхэм къалэжьар къытрах. ЗекIуэ ежьэхэурэ, цIыхухэр къахъунщIэ. Былымхэр къаху, шы гуартэхэр кърахулIэ, мылъкур кърахьэлIэ. Шэрджэс жыхуаIэжыращ. ЛIо, зэи зэхыумыхауэ ара абыхэм я хъыбар? Дуней псом къыщацIыху ахэр, лъэпкъ цIэрыIуэщ. ЛIыгъэшхуэ, тегушхуэныгъэшхуэ яхэлъщ абыхэм. ЩIалэр хъыджэбзым егуэкIуарэ, къыдэкIуэн имыдэмэ е зейхэм кърамытын хъумэ, пщIэрэ ищIэр?

– Сыт?

– Шууэ макIуэ, а шым зэрытесу ирехулIэ хъыджэбз зэкъуэхуауэ къыIэрыхьами, упщIи уси хэмылъу шыплIэм къыдедзэри - макIуэ-мэлъей, уахъуэпсыхъуэр зэрихьэрэ кIийуэ, зилIэжу къехьри - егъэфыз!

– Адыдыд, ар сыту Iей дыдэ а жыхуэпIэр! Тхьэшхуэм сыщихъумэ а уэ иджыпсту зи гугъу къысхуэпщIхэм хуэдэ щауэхэм!

– КхъыIэ, куэдрэ укъысхуэмыпщт иджы. Уэ узыщихъумэнум ущихъумакIэщ, укъыхэмыщту хъунущ упсэу. ЛIо, зы лIы мыхъумыщIэжь цIыкIу уи гъащIэ псор дэпхь нэхърэ нэхъыфIщ, апхуэдэ хахуагъэ зыхэлъ лIым и гупэ, зы жэщ закъуэ нэхъ мыхъуми, ухэлъыныр, уоджэгури уэ!

– Аркъым, догуэ, кърахьэжьауэ къыщахькIэ, а хъыджэбзым и кIий–гуор, зэрызилIэжыр сыту зыгуэрым зэхимыхрэ? Адэ-анэ, Iыхьлы сыт иIэхэкъэ а езы лей зытрагъэхьэм? КъыщIытрамыхыжыр лIо?

– Уарэ! Ей, ухьэлэмэтщ уэ, къахутехыжу къагъанэрэ? ЩыIэщ хьэлэбэлыкъ къыщикI. Адэ-анэхэм, Iыхьлыхэм къащIэрэ якIэлъыпхъэру Iэджэрэ къохъу. Апхуэдэхэм цIыхуи хокIуадэ, ухуеймэ. Ауэ зэзэмызэххэщ щIалэ езыхьэжьам хъыджэбзыр къыщыIэщIахыжыфыр. Пэмылъэщу фIахь!

– Къэхъуар лIо?.. А икIэмкIэ щыIэхэр тIэкIу фызэтебэяуэт, хъунумэ. Мыхъунумэ, ди лэжьыгъэм апхуэдэурэ зэран фыкъыхуэхъунумэ, псори фыщIэтхунущ!

НэгъуэщIхэр шэрджэскIэ зэджэ ди лъэпкъым Iуэхум хащIыкIри хамыщIыкIри зэхагъэзэрыхьу тепсэлъыхьхэр жыжьэ нэсыну къыщIэкIынт, апхуэдэу къамыгъэувыIатэмэ.

## СУД

ФызитIым заущэхужри, Iуэхур щекIуэкI жыхафэгумкIэ плъахэщ. Къамбот утыкум ист, IэбэкIэ зылъэIэсыни къэIэбэкIэ къылъэIэсыни щымыIэу ягъэтIысауэ. ЩтэIэщтаблэт тхьэмыщкIэр. КъращIэнум, къытралъхьэну тезырым и хьэлъагъым егупсысу аратэкъым, а къытехъуар зэрыхуэмыгъэвым иукIырт. Ар, шэнт дахэ-дахи мыхъуу, тетIысхьэпIэ хуэдэу ящIа пхъэбгъу гъурыжь цIыкIу гуэрым тест, зриIуэнтIыхьу. И цIыхугъэхэри къыхухэгъуэтэжыртэкъым цIыху уэр къызэхуэсам, а здэщысым щысу и нэм къригъэжыхьурэ яхэплъэми. Зытес шэнтым и къуапэ езым куэдкIэ къыщхьэпрыпIиикIым зыщигъэбэлыхьу щыст судыр зыщIэну лIы гурымыкъыжьри. Здэщысым, увыIэгъуэ имыIэу итхIа хуэдэу зищIырт, лажьэ зимыIэу щылъ тхылъымпIэ напэр къищтэрти, нэгъуэщI зы щIыпIэкIэ щигъэтIылъырт, абдежым щылъа апхуэдэ тхылъымпIэ дыдэр лъэныкъуэкIэ ирихьэкIынти. ИтIанэ а лъэныкъуэкIэ ирихьэкIар кърихьэкIыжырти, абы и пIэ нетIэ ирилъхьар а здэщылъа дыдэм деж аргуэру игъэтIылъыжырт. ГъэщIэгъуэныракъэ, ахэр апхуэдэурэ здищIым, абы и нэгум зы щытыкIэ бэлыхь иплъагъуэрти, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэшхуэ гуэр зэфIигъэкI фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым. КъызэрыбгурыIуэнумкIэ, ар зыгуэрым пэплъэрт. Арауэ къыщIэкIынт, шэч хэмылъу, судым щIыщIимыдзэри. Абы пэжыжьэу, адэ блынымкIэ зы щIалэ пэ папцIэ гуэри къыщыст, шэнт къызэрыгуэкIым тесу. Абы и щыгъыныр милицэм хэтхэм я фащэми дзэм къулыкъу щызыщIэхэм ящыгъми ещхьтэкъым, ауэ цIыху псор дызэрыхуэпами хуэдэтэкъым. ЩIыху-щхъуантIафэут ар зэрыжыпIэнур хьэмэрэ... Сытми, и кIэстум зэфIэтым и пщампIэмрэ и IэщхьитIымрэ зы цIуугъэнэ дахэ гуэрхэр тещIыхьат, дамэтелъи телът. Ар прокурорт, Къамбот имыщIэ щхьэкIэ. Дэни щищIэнт, и Iуэхум зэрыщIа-

дзэрэ хузэблэкIа къомым зэи къахыхьауэ илъэгъуатэкъым апхуэдэ лъэпкъ. Къапщтэмэ, прокурор и щыпэлъагъут щIалэм. Ауэ и хъыбар гъунэжу зэхихат. И суд ямыщIэу мо зэман здекIуэкIа къомым, зы лъэхъуэщым икIым, адрейм яшэу щаIыгъахэм щыгъуэ и гъусахэр Iэджэрэ Iэджэуи тепсэлъыхьат прокурорым. Мыпхуэдэуи мызэ-мытIэу зэхихат, зыгуэр хъуамэ, жаIэу: «УфIэмащIэмэ, прокурорым къыпхущIигъунщ!» Абы къыхэкIкIэ Iейуи щышынэ хъуат прокурорым. ГъэщIэгъуэнт, къызэрыгурыIуамкIэ, уи суд ящIэу къыптралъхьа илъэс бжыгъэм абы къыпхущIигъужынут!

ЛэжьакIуэм нэхърэ иджыри школым щIэс еджакIуэм зи ныбжькIэ нэхъ егбгъэщхьын хъыджэбз щIалэ дыдэм зы тхылъымпIэ кIапэ къыщIихьэщ, судыщIэм и пащхьэ ирилъхьэри, езыри бгъурытIысхьэжащ. А тхылъымпIэ къыщIихьар тхьэм ищIэнщ зищIысыр, ауэ къызэрылъытэн хуеймкIэ, ар къыщIэзыхьам судыр зэрекIуэкIыр тхыжын къалэныр и пщэ дэлъу къыщIэкIынут.

ЦIыхум зэщатхъыным хуэдэт рабочэ клубыжь тIэкIур. Пэшым хьэуа къабзэ гуэр щIэтами, а къомым IукIэ язати, урибауэ хъужыртэкъым, нэхъри мо хуабэ Iейм. СудыщIэм бэлътоку бгъуэшхуэкIэ, и напэ бгъуэшхуэр зэрыщыту щIихъумэу, дакъикъэ къэс илъэщIырт пщIэнтIэпс ткIуэпс пIащэшхуэ къекIуахэр. А судыщIэ хъужыр езыр зэгуэудыгъуэ гуэрт, Къамбот къызэрилъытэмкIэ. Зи Iуэху хэлъи хэмылъи мыбы кърихьэлIахэм яхэту къыщIэкIынтэкъым нобэ къыщIызэхуэсауэ зи суд ящIэм и цIэр зымыщIэ. Езыхэми тхылъымпIэ зэмылIэужьыгъуэу пщIы бжыгъэкIэрэ яIыгът абы и цIэ-унэцIэр иту. ИтIани, Къамбот къигъэтэджащи, къоупщI: уи цIэр, уи унэцIэр... Щхьэр щIигъэузыр сыт? Мы хуабэвэхым абыхэм зэман щIытригъэкIуадэр лIо?! Къамбот къызыхэкIа и лъэпкъкIэ къэбэрдейуэ щыжиIэм, мо нетIрей физитI адыгэ-шэрджэсхэм убгъуауэ тепсэлъыхьахэр Iуэхум хэзэрыхьыжащ, жаIэнур ямыщIэжу - ари сыт лъэпкъ лIэужьыгъуэ, адыгэти шэрджэсти жаIэурэ!..

Зэрахуэ Iуэхум теухуауэ мыбы сыткIэ ухуей щIыжыпIэн упщIэ жыгъей куэдкIэ къеупщIырт судыщIэр Къамбот, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэ жыхуаIэм хуэдэу. ЩIалэм игу иджыри темыхуэр я тхылъхэм ит, езыхэри фIыуэ зыщыгъуазэ, тIощIрэ къеупщIурэ ирагъэтха нэгъунэ щIэрыщIэу жиIэжыну къызэрыпаубыдырт! Дэнэ кIуэнт, жиIэжырт мыдрейми, тIощIрэ къытригъэзэжурэ. Къэхъуа Iуэхур зэрекIуэкIам теухуауэ къызэреупщIхэм я нэхъыбапIэм зэхэтхъуауэ фIэкIа жэуап яритыфыртэкъым Къамбот - ищIэжыртэкъым, чэфати. Ауэ сычэфащ, сщIэжыркъым, жиIэуи къэувыртэкъым. Абы щыгъупщатэкъым и уэчылым къыжриIахэр: къызжиIакъым жумыIэж, а милицэхэр бзаджэщ, сычэфащ, сщIэжыркъым, сыткъым жыпIэу укъэмыув судым щыгъуэ. ИгъащIэм умыщIахэри пщIауэ къыптралъхьэнкIэ хъунущ! МывэкIэ къызэуащ жызыIэу судым езыта милицэр Къамбот игъащIэм илъэгъуауэ ищIэжыххэртэкъым. Сэ лажьэ сиIакъым, жиIэрт пцIапцIэжу пшэр милицэ гуэрым. УмыкIуэ абы, уахэмыхьэ, жесIа къудейуэ аращ. Езым мывэ къищтэри изэрифIэщкIэ къызэуащ!

– Къоуамэ, дэнэ и деж зытехуар, хэт укъилъэгъуа уэ дыркъуэ гуэр птелъу, щхьэр щIэбгъэузыр сыт?! - Къамбот ар зи макъыр занщIэу къищIащ - Аслъэнт!

– Сэ а къысщыщIамкIэ тхылъ дохутырым къеIысхауэ сиIэщ, ар хэлъщ мы суд зыщIэхэм яIыгъхэм! - Аслъэн губжьауэ, псалъэхэми хэмыплъыхьрэ

къыIэрыхьэр иупцIу къэкIиямэ, мыпхуэдэ Iуэху и пIалъэ зыщIэ милицэм псори зыпIэзэрыту, Iэдэбу жиIэрт, губжьи нэгъуэщIи къыхимыгъэхьэу. Аргуэру Аслъэн и макъыр къэIуащ, ар нэхъри къызэрызэщIэплъам гу лъыптэрэ губжьым зэрихьэу:

– Мис апхуэдэу тхылъ нэпцI зэвгъэпэщауэ, щIалэ лажьэ зимыIэр вгъэтIысынущ... Фылейзехьэщ фэ милицэхэр псори, фызэтеукIэн хуейщ!

А тIум зэпадзыжым судыщIэр едаIуэу пхущысынт, и жыIэ тIу зыщIынкIэ мыхъуну милицэхэм яжриIэри, Аслъэныр щIахуащ.

* * *

Абы и ужькIэ нэгъуэщIхэри псэлъащ. Къэпсалъэ псори «лей зытехьа» милицэм и телъхьэт. Къамботи лъэныкъуэкIэ къагъэнауэ, псэлъапIэм къихьэхэр ткIийуэ тепсэлъыхьырт Кавказым кърашa ныбжьыщIэ гупыр къазэрыхыхьэ лъандэрэ зы махуэ къайгъэншэ зэрымыхъуам, ахэр къыжьэдэкъуэн зэрыхуейм. «Iуэхум теухуауэ» псэлъэн зэрыхуейр судыщIэм ягу къигъэкIыжыху увыIэртэкъым. Къамботи иIэт зы щыхьэт закъуэ - ар Ехъутэныджырат. СулътIан, Аслъэн хуэдэу хэмыуэу, сабыру, щэныфIэу псалъэрт, жиIэр зыжриIэм я фIэщ хъун хуэдэу гурыIуэгъуэу. Абы жиIащ Хьэтх Къамбот илъэс куэд щIауэ зэрицIыхур, бухгалтер школ зэрыщызэдеджа нэгъунэ щыгъуазэ ищIащ. Абы жиIэхэм судыр гупсэхуу едаIуэрт.

– Апхуэдиз зэман лъандэрэ дызэроцIыхури, - жиIащ и псалъэр щиухым СулътIан. - Сэ зэи зэхэсхакъым мы щIалэр зыгуэрым щыхьэуэ, псалъэ Iей жриIауэ, зауэ-банэ лъэпкъи хыхьауэ. Ар сытым и дежи захуагъэм, пэжыгъэм и телъхьэу къэувырт. Езым апхуэдэ щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ бгъэ–дэлъти, фельетонхэр газетхэм итхырт, къуаншэхэр, и къулыкъуи нэгъуэщIи емыплъу, утыкум кърилъхьэу. Мы дыкъыздэкIуамкIи абы нэхърэ нэхъ Iэдэб къытхэткъым, махуэ къэс лэжьакIуэ макIуэ, къэкIуэжмэ, общежитым щIэсщ, щIэмыкIыу. СщIэркъым сэ ар фэ зэуауэ жыхуэфIэр, пэжуи дощIри, къызыхыэкIынкIэ хъуар. Си фIэщ хъуркъым. Сэ сыщыIащ абы, псори слъэгъуащ. Хэтакъым Хьэтх Къамбот къайгъэ къэзыгъэхъеяхэм!

СулътIан жиIэ псори пэжт. Абы илъэгъуатэкъым Къамбот а пщыхьэщхьэм зэзэуахэм яхэту. Ар адэкIэ, а щызэзауэмкIэ щыIат, Къамбот абы щIыхьэну кIуэрэ пэтрэ къыпэува милицэрат зэуар, СулътIан дэнэ щилъагъунт! СулътIан и закъуэтэкъым абы милицэм мывэ щриутIыпщам зымылъэгъуар. Арат Къамбот щыхьэтышхуэ щIимыIэри. Армыхъумэ, псори хуейт абы и телъхьэу къэувыну, къыхашыну мы Iуэху мыхъумыщIэ зыхэхуам. Ар ефэу, и щIалагъэ-делагъэкIэ къыIэщIэщIаIами, зэрымызэранщIакIуэр, тутнакъыну зэрыхуэмыфащэр ящIэрт. И пщэ къыдэхуэ къалэныр ауэ сытми игъэзэщIэн къудей мыхъуу, Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ зищIауэ икIи суд зытращIыхь щIалэ хейм гурэ псэкIэ и телъхьэу псэлъащ уэчылу къыхуащта Бабушкин Анатолэ.

– Ар зыгъэкъуаншэхэм мы зи суд тщIэ щIалэм теухуауэ сызрагъэдэIуахэмрэ сэ езым Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ зысщIу и пэжыпIэм сытеIэба нэужь къызэрыщIэкIыжамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ, – къригъэжьащ абы. – Судыр иджыпсту мы зыщIэхэми тэмэму къывгурыIуауэ си фIэщ хъуркъым Iуэхум и пэжыр. Хьэтх Къамбот а фэ фызэригугъэм хуэдэу яхуэмыубыду зауэ-банэу дэтхэм, цIыхум яхэбгъэтынкIэ шынагъуэхэм ящыщкъым. Хьэтхыр, куэд къимыгъэщIами, гугъу ехьу дунейм тетащ икIи тетщ, гъащIэ и пIалъи ещIэ, и ныбжьым емылъытауэ. Абы и адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ, и анэ мыузыншэжым дэIэпыкъуу, щхьэтепIэ-

ныншэу къэна унагъуэр зэрихьэрэ и еджэнри а псом дигъакIуэу, зы махуэ хущIыхьэгъуэ имыIэу къэтэджащ. Мы здэщыIэми хьэлэлу щолажьэ, зым я губгъэни къимыхьу. Ар зэрыщIалэ тэмэмымрэ псэ хьэлэл зэриIэмрэ и щыхьэтщ и мазэ улахуэ куэд дыди мыхъур къызыхэкIа унагъуэ тхьэмыщкIэм мазэ къэс зэрыхуигъэхьыр. ЦIыхум яхэбгъэт мыхъуну, Iэмал имыIэу къахэпшу лъэныкъуэ иумыгъэзмэ, ухущIегъуэжыну зыми пхужиIэнукъым. Шынагъуэр, узыхущIегъуэжынур мы щIалэр тутнакъэщым ибдзэмэ, ар абы щызэIыхьэнкIэ зэрыхъунуращ. Сэ къызолъытэ Хьэтх Къамбот щIэбгъэтIысын лажьэ имыIэу. ИкIи, лажьэ зимыIэм лажьэ емытауэ, хей фщIыжу футIыпщыжыну сыныволъэIу.

* * *

Суд Iуэху сытхэм фIыуэ щымыгъуазэ Iэджэ кърихьэлIагъэнти, а къэпсэлъам жиIар зыми имыкъутэжыну къащыхъуауэ къыщIэкIынщ, дауи. Абы и псалъэхэр зэрыпэжым щыхьэт техъуэ я гугъэжу арагъэнт, сытми, уэчылым ар щыжиIэм, Iэгуауэшхуэм зыкъиIэтащ. СудыщIэм и пащхьэм псы тIэкIу иту къит графиныр икъутэным нэсауэ теуIуэурэ, ерагъкIэ Iэгуауэр игъэувыIащ. Абы и ужькIэ псалъэ ират прокурор пэ папцIэм. Уоуу, абы Къамбот тхьэмыщкIэм щхьэкIэ жиIар, абы жиIар зыхуэдизыр! ЗанщIэу щIашу зэрамыгъэтIысыр бгъэщIагъуэрт. Ди Къамбот пэжщIэлIэ цIыкIу мыгъуэри и уэчыл жьакIуэм жиIам едаIуэри къэбэдзэуэжауэ щыст, и гур къызэригуфIыкIым и нэщэнэ хьэлэмэт гуэрхэр и нэгум къищуи, зэIууэжынтэкъэ, къэгъ пэтащ. Ауэ щышынатэкъым ар прокурорым. Мис, иджы еплъ зэрыхъуам! Си Iуэхущ абы и жыIэм псори трамыщIыхьми.

– ИкIи а жысIахэм япкъ иткIэ сэ къызогъэув, – и щхьэр къиIэтащ, прокурор пэ папцIэм, и псалъэр щиухым. – Сэ къызогъэув Хьэтх Къамбот зэрагъэкъуаншэ 72-нэ статьям и етIуанэ Iыхьэм къиубыд илъэсищыр зэрыщыту телъхьэн хуейуэ!

Мыбдежым ухуакIуэхэм я рабочэ клубыжьыр уэхьымрэ сыхьымрэ зэщIащтащ, зэрыгъэкIиящ цIыхур, прокурорыр зэрымызахуэр жаIэу. СудыщIэм и къэрэндащым мыгъуэр зи мыгъуа графиныжьым иригъэщI Iэуэлъауэр зыщIыпIи нэсыжыртэкъым. Щымыхъужым, езыр къэтэджри, модэ уафэгум ит дыгъэ жьэражьэм зыхригъэхыну иужь ихьам хуэдэу, ину къэкIиящ:

– ФызэтеувыIи, лэжьапIэ дивгъахуэ, къэхъуар лIо?!

КърихьэлIахэм я нэхъыбэр щIалэгъуалэт, абыхэм я жьэр пхуэубыдынт хьэмэрэ я псалъэр, мыпхуэдэ зэхэвэзэхэжьэм, сыт жаIэнуми, къыпхужьэдэкъуэнт?! КъазэреупщIам и жэуапыр икIэщIыпIэкIэ къаупцI, щIэгъэщхъуэжауэ:

– Къэхъуаращи, суд тэмэм фщIэ, куэдрэ щхьэр фымыгъэузу. Мис аращ къэхъуар!

Къамбот шынэ къищтауэ зиплъыхьырт, и нэр къихуу. Мо Аслъэн щIахуам и деж къыщыщIэдзауэ, иджыпсту мыбы а къыщыхэкIиикIхэм къэсыжу, къыдэщI я гугъэжурэ, Къамбот и зэрант зэрахуэр – къагъэгубжьырт, и пIэм кърашырт судыщIэр. Ар плъыжь къэхъуащ, фIыцIэ щIэхъуэжащ, милицэхэм зыгуэр яжриIэнуи хуежьащ. АрщхьэкIэ, и жьэр зэщIихын зэщIихауэ, нэгъуэщI зыгуэру егупсысыжщ, зэхимыхыххаIауэ фэ зытригъэуэжщ, псори къигъанэри пэш щхьэхуэм зэрыщIэшащ, къыдыщысахэр и гъусэу. Къамбот и гъащIэ гъуэгур яубзыхуну лъэныкъуэ зрагъэзу арат. И Iуэху яубзыхуа я гугъэжым тезыру къыщIигъалъэр ягъэбелджылыну

кIуэхэр зи жыIэ едэIуэнур апхуэдэу къагъэгубжьауэ зэрыщIэкIам нэхъри Къамбот игъэшынэпащ – къоплъын а псалъэ ираутIыпщахэм я ужькIэ! Ар зыуэ. ЕтIуанэрауэ, псоми ялъагъуу судыр ящIащи, хуит ящIыжмэ, нэхъ тIасхъэу ящIэмэ, мыбы щIэса ныбжьыщIэ къомым хъунущ фызауэми, мис мыбы къызэрыхуэгъуам хуэдэу фэри къыфхуэгъунущ, жраIэу аракъэ къикIыр? Аращ. Хъуакъым ар, бетэмал!

* * *

Лъэныкъуэ зезыгъэза судыщIэмрэ абы и гупсысэгъухэмрэ зэманыфIкIэ заIэжьэри къыщIыхьэжащ, гугъу дехьу апхуэдизрэ здэгупсысам, къагупсыса къызытеувыIам мыдэкIэ къагъэна, я хъыбар щхьэкIэ лIэуэ къыпэплъэу щысхэр щыгъуазэ ящIыну. ЦIыхур зэщIохъае, зэрызехьэ, зэщIэвэ-зэщIэжьэ мэхъу. Къамбот зыри зэхихыртэкъым. Зыми едаIуэртэкъым, теубыдауи. И гум абгъуэм къихуа бзу шырым и дамэу зиутхыпщIырт. Къилъэтынт, апхуэдэ Iэмал игъуэтыххамэ. КъыщIыхьэжахэр я пIэ щизэгъэжым, псори зэщIэсабыращ. КIыхьу куэд дыдэрэ къеджэжащ ятхам. Хъыбарышхуэ хъурт ар, Къамбот а пщыхьэщхьэм милицэм зэреуэну мывэр къищтэну зыщригъэзыхам къыщыщIэдзауэ, мы дакъикъэ дыдэ екIуэкIхэм нэс кърατхэкIат, зэ жыIэгъуэ жаIам етIуанэу къыщытрагъэзэж щIыпIэхэри иIэу. Къамбот хуэхьыжыртэкъым. Абдежым судыр зыщIам зыгуэр жеIэри, цIыхур аргуэру къызэрогъэдымыж. Псори Къамбот къоплъ. Езым къыгурыIуэртэкъым къэхъуар – лъэхъуэщым зэрисыну къытралъхьа пIалъэр жаIауэ арат, зэхимыха щхьэкIэ. Зи судыр ящIа тхьэмыщкIэм ар игъэхъуу щысами, къыхухэубыдыкIатэкъым. Е а меданым тегупсысыкIа хъуат, е... Мыр мыращ жиIэу занщIэу жимыIэу, псалъэ гуэрхэм хэзэрыхьауэ къигъэлъэгъуауэ къыщыхъуащ а зэрагъэтIыс илъэс бжыгъэр. НэгъуэщIхэм я деж щыщIэупщIэжри, къыжраIащ – зы илъэс къытралъхьат! И судыр ямыщIэу зэрызелъафэурэ ягъэкIуа мазиплIыр къыхэпхыжмэ, иджыри мазий хуэдиз щысыжын хуейт.

Къамбот арэзыи хуэдэт Iуэхур зэриухамкIэ – лIот, мазэ бжыгъэр, хуит ящIыжу занщIэу яутIыпщыжынутэкъыми яутIыпщыжынутэкъым. ГуфIэрт, ухуеймэ – прокурорым жыхуиIа илъэсищыр къытралъхьэн и гугъэри шынат езыр. Аращ къыптралъхьамкIэ умыарэзымэ, утхьэусыхэжыну ухуитщ, щыжаIам апхуэдэ Iуэху лъэпкъ зэрихуэну щIыхуэмеяри. ИтIанэ мо къыдыщысахэм жаIэу мызэ-мытIэу зэхихат апхуэдэу тхьэусыхэжхэм щIэрыщIэу Iуэхум хэплъэжа нэужь, а къытралъхьа илъэс бжыгъэм хукIэрагъэхуным и пIэкIэ, къыщыхущIагъужи къэхъуу. Псоми фIыуэ хэзыщIыкI, гурэ псэкIэ къыдэщI и уэчылми къыжриIакъым судыр щIэрыщIэу егъэщIэж, жиIэу.

## АРГУЭРУ ЗЫ ПЭШ НЭЩI ЦIЫКIУ!

Уа, мы пэш нэщI цIыкIур Къамбот гъащIэ гъусэ хуэхъуауэ, псэуху къыдекIуэкIыну ара?! Модэ, и къэжэпхъыгъуэу Налшык Къардэнхэ я деж фэтэру щыщIэсам лъандэрэ кIэрыкIыркъым, дэнэ щIыпIэкIэ имыгъэзами. Мо щхъырыбынэ урыс матушкIэм къыхузэригъэпэщауэ щыта зэIущIэ асууншэр щекIуэкIари а Къардэнхэ я фэтэрым ещхьу пэш цIыкIут, мыдэкIэ милицэм щаубыдами, зыщIадза «лифт» зыфIищари арат, иджыргуэрым – пэш цIыкIу... И гъащIэ псор дэкъузауэ ихьыну ара мыбы?! Феплъыт аргуэру зэрыхъум...

Тутнакъ ящIар пIащIэрт къызыщIаша пэшым щIашэжу, къытралъхьа тезырыр зыхуэдэр къыдыщысхэм яжриIэну, абыхэм ар къазэрыщыхъур зригъэщIэну. АрщхьэкIэ зи IэмыщIэ илъхэр пIащIэртэкъым. Зыпагъаплъэри имыщIэу, зыгуэрым пагъаплъэу кIэлындорым щаIыгът. И щхьэр узуи узыртэкъым, ауэ моуэ куда-кудауэ, зыхуэдэр зэрыжиIэнури имыщIэу, фIэлът, гъуму. Ауэрэ, пшапэри фIыуэ зэхэуауэ щIашыжащ. И хэкуэгъухэр зэхэтт, къыпэплъэу. Къамбот и нэр абыхэм Iейуэ къыхуикIми, дэнэ щыIуагъэплъэжынт, щрагъэпсэлъэжынт, зэрамыгъэплъэкIыу машинэм ирадзэри Iуашащ. Ар здэщыIами яшэжакъым, зэригугъам, зэрыхуеям хуэдэу. И нэм нэхуи къыщIэмыпсэу, здашэри сытри имыщIэу зыкъомрэ машинэм зэридза нэужь, зы пэш зэв цIыкIу гуэрым щIадзэри, моуи кърадзыж, къыжраIэнIауэ ямыкъалэнми: мыбы ныжэбэ нэху укъыщекIыну аращ, пщэдей нэгъуэщI щIыпIэ утшэнущ, урагъусэнущ уэ пхуэдэ цIыху гъэса, хьэлыфIэ-щэныфIэхэм!

Аргуэру зы пэш нэщI къуза-хуза цIыкIу. И «фэтэрыщIэр» цIыкIуми, Iэзэвлъэзэвми, милицэ зи цыр уэным ириутIыпща мывэм и ужькIэ къаубыду занщIэу зраутIыпщхьа «лифтым» хуэдэтэкъым мыр, уэздыгъэ щыIэт. Къэзышахэм ар хущIагъанэу щIэкIыжа нэужь, Къамбот и унэ цIыкIур къиплъыхьащ. Дауи, мыр езы хъумакIуэхэм я пэшхэм щыщу къыщIэкIынщ. НэщIти, къыщIагъэхьащ, пщэдджыжь здашэн хуейм занщIэу ямышэу. Плъагъурэ, Iэмал зэриIэкIэ, я щхьэ зэрытыншынщ зэрахуэр. Зы гъуэлъыпIэ, стIолыжь тIэкIу, шэнт щхьэгуитI... Мыр Налшык щиIа фэтэрым ещхьт, и инагъкIи щIэт унэлъащIэхэмкIи. Абы щыгъуэ гуфIэу щIэтIысхьат а пэш зэвым, хуитыныгъэшхуэ зи гъусэ закъуэныгъэм хуэпабгъэу. Пасэу а къыхиха закъуэныгъэр Алыхьым къритыжащ-тIэ иджы, ирегуфIэ!

* * *

Хьэуэ, гуфIэртэкъым Къамбот. Сыт мыгъуэри и гуфIэт, тхьэмыщкIэ абы? И закъуэу къыщынэм, иужьрей зэманым и лыр зыш хгупсысэ гущIэгъуншэхэр къежащи, щIахуэ. Еша-ужьыгуа щхьэкIэ, жей жыхуэпIэр дэнэ щыIэми ищIэркъым. МэмэжалIэ хьэлэчу. Мы здэщыIэр дэнэми, пщыхьэщхьэшхэр щызэфIэкIауэ къыщIэкIынщ, дауи. Нэху щыху дауэ ихьыну? Зыгуэр зыжриIэни щыIэ сытми, къылъыгъуазэIаркъым. Бжэм теуIуэми, къазэрыщыхъунур ищIэркъым. ИщIэркъым къыщIыхьэу щIаубэрэжьыхьынуми. Зи, щIаубэрэжьыхьыпэми, зыри хуэщIэнукъым. КъращIэр и Iыхьэщ, зыми зыри ирищIэжыфынукъым. Хэти жепIэн, хэти ухуэтхьэусыхэн, хамэщIщ. Я деж щыIэжу мыр къытехъуатэмэ, си Iуэхут, къыщхьэщымыжхэтэмэ. И адэ къуэш Долътий и закъуэ фIэкIа дунейм темытамэ, къыхишынт... ТеуIуэн бжэм? Зэрыхъу хъунщ, тхьэ темыуIуэрэ?.. Мыбдежым лъатэм зэрипхъуа кхъуейуэ, гупсысэ зэхэдзэ куэдым зэрапхъуа и гур гъущIыбжэ хьэлъэжь хэлъми, фоч гъэпкIа иIыгъыу адэкIэ къыщыт хъумакIуэми, бжэи щхьэгъубжи зимыIэ мывэ блын Iув лъагэкIейхэми яIэщIэкIри, Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэ и сабиигъуэ IэфI тIэкIу гугъуехьрэ хьэзабрэ хэяуэ хэзу зыхэлъыр щыкIуам и гум игъэзэжащ. УегъэгуфIэ нэм илъагъум. МыувыIэуи зеплъыхь, защигъэнщIыркъым. Уэрамхэм жьэрымэр щызэрахьэ, IэшрыI къыщрахьэкI... И анэм гуэдз хьэжыгъэм къыхэщIыкIа лэкъум хуабэшхуэ къыхуеший. Гуэдз дэнэ кърихауэ пIэрэ, нартыху лэкъумт ящIыр...

А гупсысэ IэфIхэм здыхэтым, Iэуэлъауэшхуэ къоIу. ГъущI еудэкI

макъ, згъызгъ гуэрхэри къыхыхьэжу. Бжэр Iуахыу къыщIэкIынщ... Хьэуэ, бжэм хэлъ щхьэгъубжэ тIэкIу хуэдэр Iуахри, гъуху мытепщэч-мыфалъэ гуэр къыдагъэувыкI. Абы илът котлетуи мыкотлету къыпхуэмыщIэу зы зэхэута гуэррэ щIакхъуэ бзыгъэ цIыкIуитIрэ. Къамбот ари ирикъунут мыувыIэу и кIэтIийхэм къащIэф мэжалIэ Iейр ириукIыну. Ауэ занщIэу игу къэкIащ: мыхэр шхахуэщ, езыхэр е нэгъуэщI зыгуэрхэр шхамэ, къадэхуахэр зэхатхъуэжщ-зэхапщэжри къыхуахьауэ аращ. Ишхынкъым, лIамэ! АрщхьэкIэ, ныбэм и Iуэхур гугъукъэ, ишхын мэхъуж, хуэмыхъуу. IэфIт, дэнэ къикIами, дауэ зэхалъхьа хъуами. Бзум ишхын къигъэнакъым. Гъуху бжэмышхыр гъуху фалъэм зэретхъунщIауэр бжэм адэкIэ щызэхахамэ, шхэныр и кIэм зэрынэсар къащIагъэнщ, бжэ щхьэгъубжэр къыщыIуахым, зэрышха хьэкъущыкъу тIэкIур яхудишиикIыжащ. Арати, щым хъужащ ихъуреягъыр. УлIэнумэ, лIэ иджы, Хьэтх гъуазэм и къуэурэ ди Къамбот! Сом пшэрым укIэлъыIэбэурэ, узэIэбын уимыIэжу укъэнакъэ?! Псэ зыпыти зыпымыти – зыри мы дунеишхуэм темытыжым хуэдэщ, и гур пызылъэсыкI, и гъащIэ и IэкIэ иуцIэпIыжам гуIэгъуэ Iейр къриту иризыгъэплъэж гупсысэ сыт щыгъуи щIыгъухэм фIэкIа. Ахэр абы кIэрыкIакъым я пщIантIэ къызэрыдэкIрэ, кIэрыкIынуи къыщIэкIынкъым мы щIы фIыцIэ къабзэм лъэсу щIамыхуауэ! Сыт Iэмал, сыт къахуигупсысыну а гупсысэ жагъуэ дзэхэнапIэ къэзыщIхэм, дауэ яIэщIэкIыну? И Рабия и сурэтыр зыкIуэцIылъа дыуэ цIыкIури Iуэхум хэмыкIуэдаи, абы нэхъей! Зэ игъэкIуэдри, а дыуэр абы щIэрыщIэу иригъэдыжат дэрбзэру лэжьауэ жызыIэ зы урыс щIалэ гуэрым. Езым хуэщIынутэкъыми, мыпхуэдэу щIы, жиIэурэ иригъэщIат. Иджы ар иIыгъыжамэ, аратэкъэ. ЗэкIуэцIитхъынт дыуэри, и сабий цIыкIу закъуэм и нэгум иплъэнт. «И сабий» жызоIэр, сотх, езы Къамбот ей хуэдэ. Ейкъэ-тIэ? Ар зей дыдэхэм апхуэдэу ялъагъуу, гурэ псэкIэ ягъафIэу я гъащIэ гъусэу къыщIэкIынкъым, мы Къамбот хуэдэ дыдэу... Зи, пасэу фыз къишамэ, абы и мыныбжь дыдэми, езыми апхуэдэ хъыджэбз цIыкIу иIэнкIэ хъунут. ЛIо, щыIэкъэ илъэс пщыкIуий фIэкIа мыхъуу, унагъуэ зыщI? Нэхъ пасэжу къэзышэ щыIэщ, ухуеймэ... Сыту фIыт апхуэдэ зы сабий уиIэну! Ауэ тутнакъ щIалэм и фIэщ хъуркъым зэгуэр и Iуэхур зэтеувэжу, унагъуи хъужыну. ПщIэнукъым... Алыхьым и къарур инщ.

Къамбот гупсысэм, гупсысэм, гупсысэурэ, къегъуэт а гупсысэ щысхьырабгъу зимыIэхэм зэраIэщIэкIын Iэмал – нэгъуэщI гупсысэ тохьэ. Ар укъызэщIэзыIэтэ, узыгъэгуфIэ гупсысэ дахэт... НетIэ бжэи, щхьэгъубжи, блын лъагэ дэщIеяхэри щай фIыцIэжьу къизымыдзэу губгъуэм ихьэжа и гум хуэдэу езыри йожьэж. ГъущIыбжэм кIуэцIрокI ар, зэхигъэщIыщIэу.

Iэуэлъауэ иригъэщIым хъумакIуэхэр къегъащтэ, я автоматхэр ягъэпкI, ауэ ялъагъуIаркъым. Апхуэдэурэ япхрокI псомикIи, тутнакъэщым и нэхъыщхьэм и нэхъыщхьэжым и деж макIуэ. Абы и бжэми кIуэцIрокI, Iуимыхыу. КIуэцIрокIри, унафэщIышхуэм и пащхьэм йохьэ, нэкIуэпакIуэу. Абдежым къэщтарэ кIэзызу къыщылъэта лIышхуэр епхъуат и кIэрахъуэм. Аракъэ сытым щыгъуи – зыгуэр хъуамэ, фэ фимыIэ дэ диIэ жыхуаIэу, я кIэрахъуэхэм йопхъуэ. Къамбот мащIэу пыгуфIыкIщ, куэдщ, лейуэ гугъу уемыхь, абыхэм си деж зыри къыщикIыркъым, гъэтIылъыж къыщыпщтам, жиIэри иригъэгъэтIылъыжащ. ИтIанэ игъэтIысщ дахэ цIыкIум хуэдэрауи, езыр къыпэтIысыжащи, жреIэ и Iуэхур зэрыщытыр. ЛIо, жи, сэ илъэскIэ сыщыбгъэскIэ уэ къыпхэхъуэнур, си тхылъ къом зэхатхыхьахэр зэфIэтхъыжи, сутIыпщыж - уи гугъу сщIыркъым,

си гугъу къыумыщI. Хьэуэ жыпIэрэ, моуэ иджыпсту мы уздэщысым уи псэр щыхэсхынущ!

Езым и унафэм псори къедаIуэу фIэкIа, нэгъуэщIым унафэ лъэпкъ мыбы зыщыхуамыщI лIы бэлыхьыжьу тутнакъ псор къузауэ зи IэмыщIэ илъым, а къыжраIар игу иримыхьу ыI-сыI жиIэну хуежьати, Къамбот абы нэщхъкIэ еплъри игъэкIэзызащ. Сыт ищIэнт, мо къомым къафIэкIыу, и гъущIыбжэми тхылъымпIэ пIащIэ псыфым хуэдэу фIэкIа къыщымыхъуу къыкIуэцIрыкIауэ апхуэдэурэ къепсалъэм удэджэгурэт! Ажалыр зи Iэдэжу хьэкъ щыхъуа щIалэ емынэунэм теухуауэ щаубыда махуэм щыщIэдзауэ ятхауэ хъуар зэрыт напэ къом зэкIуэцIыпхауэ щылъым псоми зэуэ тхылъымпIэкIуэдыр къахуегъакIуэри къеутIыпщыж – услъэгъуакъым, сыкъэплъагъужакъым!

## ЛЪЭХЪУЭЩЫМ

Къамбот и нэгум къыщIигъэхьахэр пэж дыдэ къыщыхъужауэ, и пэш цIыкIум щIэт гъуэлъыпIэжьым пыгуфIыкIыу илът, и гущIыIур дэгъэзеяуэ. Ауэ ипэжыпIэкIэ иджыпсту екIуэкI Iуэху мыщхьэпэхэм и гупсысэр теIэбэжщ псынщIэ дыдэуи, ткIыбжь-дыджыгъэ щIыIэ гурымыхь гуэр и Iум къыщызыхищIауэ къыщыхъужащ. Пщэдей лъэныкъуэ здрагъэзынум зыхэхуэнур тхьэм ещIэ. Тутнакъхэм теухуауэ игъащIэм зэхиха псор зэуIу гукIэ ищIыжщ, яхэплъэжри, узытегузэвыхьынрэ узыщышынэнрэ фIэкIа, уи гур къыщIэзыубыдэн лъэпкъ яхигъуэтакъым. А куэд щIауэ исхэм сыт хуэдэу зыкъыхуащIрэ щIэуэ яхыхьэхэм, сыт хуэдиз кърaщIэрэ?! А къыщагъэхъу-къыщагъэщI къомым лъэхъуэщым ихуар щыхэкIуэдапэ щыIэу ягъэхъыбар, узыхуейрамэ! Мыбы къыщыщIаутIыпщхьэм ауэ къыжраIакъым: «Урагъусэнущ уэ пхуэдэ цIыху гъэса хьэлыфIэ-щэныфIэхэм!» Къамбот зезыхьэ и щхьэм щызэфIегъэувэж игъащIэ лъандэрэ тутнакъхэм, тутнакъэщхэм къыщыхъуа-къыщыщIауэ зэхиха псор, абыхэм я деж щызекIуэ мыхъумыщIагъэу, щIэпхъаджагъэу хъуар. ХъумакIуэхэм къаубыду лъэхъуэщым исхэр яубэрэжьу, езы тутнакъхэм щIэуэ къахыхьам яхуещIэр иращIэрэ ящIэри къахуэгъуу. Апхуэдэхэр щащIэрт яубыдам и судыр щымыIэ щIыкIэ щаIыгъахэми. Ауэ Къамбот апхуэдэ лъэпкъ иджыри къэс къытехъуакъым. Пэжщ, япэ махуэхэм зыгуэрхэр кърадзащ, зыгуэрхэм хадзащ, ауэ лей къытехьауэ ибжыжыркъым: къыжраIам хуэдиз дыдэ яжриIэжащ, зэ зыгуэр къещхьэфэуати, ещхьэфэуэжащ. Къамбот езым и щхьэм бадзэ трихужыфу щытакъэ игъащIэми, къэтэджакъэ леймыгъэгъуу! Ауэ иджы здэкIуэр а здэщыIахэм хуэдэу ущыхьэт? Мобыхэм пIалъэкIэ ярихьэлIа къудейуэ арат, иджы яхэтыпэнущ. Ядэлэжьэнущ, ядэпсэунущ. ГъащIэр гъащIэщ, тутнакъыу щымытхэм я деж Iэджэжьи къыщохъу, мы тутнакъэщым къыщымыхъуIауэ къэнэн?! Тутнакъхэм езым я хабзэ яIэжу жаIэ. Мыращ, мыращ, мыпхуэдэ тутнакъым мыр къызищIащ, жыпIэу а ущаIыгъым и унафэщIхэм яжепIэ мыхъуххэу, жыпIэIамэ къыпхуамыгъэгъуну, уанэ мыгъуэр щытеплъахьар абы щыгъуэу ягъэхъыбар...

Мыбдежым Къамбот игу къэкIыжащ куэд мыщIауэ ягъэлъэгъуауэ щыта кинофильм гуэр. Тутнакъхэр щаIыгъ лагерхэм щыщ зыт. Махуэм псори лажьэрт, мыдрей цIыху щхьэхуитхэм хуэдэу, ауэ яхъумэу. Пщыхьэщхьэм, мис мо езым я общежит зыщIэсам нэхърэ нэхъ иныж гуэрым щIахуэжырти, жэщым щаIыгът IункIыбзэ етакIэ. Къамбот игъэщIэгъуари иджыпсту къэзыгъэшынэри зы Iуэхугъуэ хьэлэмэтыщэт: а зыгъэлажьэм щыIэ унафэщIхэм хуэдабзэу, езы лъэхъуэщым исхэм къахэкIыжа уна-

фэщIхэри щыIэт. Ахэр, кином зэрыхэтымкIэ, цIыхушхуэхэт. Тутнакъ щхьэкIэ, тутнакъэщым и унафэщIхэм къалъытэрт, абыхэм я деж пщIэ щаIэт икIи едаIуэрт я жыIэ. КъызэрыплъытэнумкIэ, лъэныкъуитIымкIи щыIэ унафэщIхэр сыт ищIыскIи зэгурыIуэрт. Лагерыр зыIыгъхэм я дежкIэ шэрыуэу къыщIэкIынут апхуэдэ зэхущытыкIэхэр. Машинэ щащI заводу къыщIэкIынт тутнакъ тхьэмыщкIэхэр щылажьэр, пкъыгъуэ гуэрхэр щагъэхьэзыр станокхэм ирилажьэу арат. НтIэ, мы тутнакъхэм я унафэщI апхуэдэ тутнакъым зыгуэрым игу зригъэбгъат. Хэти ищIэн абыхэм яку дэлъари къихъуари, тутнакъыр и жыIэ къемыдэIуарэ сытрэ, зэщыхьамэ, куу хъуауэ къыщIэкIынт. Iуэхур а «зыгуэрыр» ямыукIыу мыхъуну абы нэсат. Ар махуэ къэс къэмыхъу Iуэхушхуэт, дэтхэнэми и пщэ иплъхьэ хъунутэкъым, иплъхьэми, зыхузэфIэкIынур зырызт. Сытми, игъуэтыртэкъым зэкIэ мы IэнатIэм къыщигъэсэбэп хъуну къилъытэ цIыху. Мис ар дыдэм ирихьэлIэу къахохьэ зы щIалэщIэ, Дарон жари. Дароныр щIалэшхуэт, къарууфIэу фэ тетт, езыми зигъэбэлыхьырт. УнафэщI тутнакъым абы гу лъимытапIэр иIэт, лъетэ, къещIэ езыр зыхуей IуэхумкIэ къэбгъэсэбэп зэрыхъунури, ныбжьэгъу къещI. А ныбжьэгъу къызэрищI къудейр дауэ жыIэт иджы. Йоуэ, тутнакъ гуэрхэр егъэIущри, дзэхэнапIэ ярегъэщI. Абы и фэм ирахар, абы и фэм ирахар! Дапщэрэ яубэрэжьа зимыщIэжу? ИтIанэ нэхъыщхьэ тутнакъыр абы къыщхьэщож, IэпэкIэ фыкъеIуси феплъ, фэсщIэр флъагъунщ, жиIэу къикIыу мэпсалъэ. А тутнакъ нэхъыщхьэу жыхуэтIэ лIы щхьэпцIанэшхуэ зи нэщхъыр сытым щыгъуи зэхэлъым зэреджэр Ванот. И цIэм щхьэкIэ, Дарон япэ щIыкIэ и гугъащ ар грузину. АрщхьэкIэ Ванор абы и цIэ лейуэ арат. Арати, зэи тутнакъэщым имыхуа, и пIалъи зымыщIэ щIалэ хьэрэмыгъэншэ Дарон и гум, и псэм дохьэ и къыщхьэщыжакIуэр. Мэхъу сыт жиIэми ищIэну хьэзыру. Абы гу щылъитэм, Вано Дарон хъужым къыжреIэ, мыращ, мыращ Iуэхур зэрыщытыр, болътхэр зыгъэхьэзыру мобдей щыт лIыр, Василийщ абы и цIэр, уощIэ уэ ар, адэ плIанэпэмкIэ зи гъуэлъыпIэр дэтыращ, Iуумыхыу хъунукъым... ЛэжьапIэм щыIэурати, станокитI зэхуакум диубыдауэ къепсалъэрт, къэзылъагъу-нэзылъагъухэр нэхъ зэтеуауэ. ЩIалэм къыгурыIуакъым «Iуумыхыу» псалъэм къикIыр. Еплъырт ар къепсалъэм, и нэ топитIыр триубыдауэ. А плIанэпэ зыдэтым и гъуэлъыпIэр къыдригъэхыну арауэ пIэрэ? Мыдрейм, абы къызэрыгурымыIуэр къыщыгурыIуэм, къыжриIэпащ: IупIэн хуейщ... укIын! ЗыукIын хуейри уэращ, къыбгурыIуа иджы. Дарон и жьэ къупщхьэм зы ундэрэбжьыгъэ хьэлэмэт гуэр къыщызыхищIэри, и нэжьгъуц ижьым хуэзэу току мащIэырижащ. Ар псэлъэжыфыртэкъым. ТIэкIу къызэрыгъуэтыжри, и «ныбжьэгъу» и унафэщIым жьэхэплъащ, гузэвэгъуэ щIыIэр и псэм телърэ и Iэпкълъэпкъ псор зэщIэкIэзызэу:

– Сэ ар зэи сымыщIэнурат икIи укъысщымыгугъ абыкIэ... Сэ апхуэдэ Iуэху сыхыхьэнукъым, сыхуейкъым сэ абы!

– Уэ апхуэдэурэ ущыпсэлъэнур, ухуей жаIэу къоупщIамэт. Сэ уэ апхуэдэу сыноупщIыркъым, былым! Сэ бжесIащ: уэращ ар зыукIын хуейр. Ар умыукIмэ, уэ езыр уаукIынущ, къыбгурыIуа?!

* * *

А пщыхьэщхьэм Дарон тхьэмыщкIэр бжэ къуагъым къуаубыдэри, вым имыхьын удын ирагъэхьащ икIи мыбдежым абы Iуэхур зыIутыр къыгурыIуащ. КъыгурыIуэпащ хэкIыпIэ лъэпкъ зэримыIэр, къыппаубыдыр, къыппахыну зыхуейр яхуумыщIэмэ, уи щхьэр зэрыхэплъхьэнур. А щIалэм

и гум щыщIар, а щIалэм и гум щыщIар абы и ужькIэ! ТхьэмыщкIэр гурыму здыхэлъым, Вано зэ къыщхьэщыхьэри, жимыIэIауэ IуигъэкIэрэхъукIыжащ, узыгъуэ Iейр зыкIуэцIилъхьам хуемыплъэкIыжыххэу. Зыкъыхуигъэзакъым а махуэм иужькIи. ЕтIуанэ махуэм текъузи хэгъэзыхьи хэмылъу зыпыIэбэжын хуэмей Iуэху убзыхуам тепсэлъыхьым хуэдэу, игъэтIысри Iэдэбу къепсэлъылIащ. АрщхьэкIэ мыдрейм хъунщ хужиIакъым. ПиупщIакъым хъунукъым жиIэуи. Шынащ. Щысащ цIутI жимыIэу. Умышынэ хуэмыху, жиIащ Вано, зы щхьэкIи умышынэ, сэ уэ сыпкъуэтщ! Абы жиIам Iуэхум утригъэгушхуэнут, ауэ Дарон апхуэдэ щIалэтэкъым. Дунейм теттэкъым ар абы зэрыпхуищIэн! Ауэ ар езым и гугъэжу арат. Зэман зэкъуэхуа къигъуэтри, ар бжэм теуIуащ. КъыхуIуахащ икIи. ЩIалэр лъэIуащ унафэщIхэм щыщ къыхураджэну. Къыхураджащ икIи. Iуэхур зытетыр жриIэу, къыдэIэпыкъуну щелъэIум, и нэщхъыр къыхузэхиукIэри, бжэр Iууэжу кърidзылIэжащ. Дарон гъащ, нэпс къыхуэмынэжыху: ахэр псори зэрыщIэрт, утхьэусыхэкIи зыри къикIынутэкъым!

Къамбот нобэми ныжэбэми щыгъупщэркъым болът зэращI станокым бгъэдэта лIы лажьэншэу къилъытэр Дарон зыгъэпскIыпIэм къыщиубыду мэлым хуэдэу щыфIигъэжауэ зэрыщытар. Ихъуреягъым лъы фIэкIа щыплъагъужыртэкъым. Апхуэдэу ираубыдылIэми, къэхъункъым Къамбот цIыху фIигъэжу. Абы хуэкIуэмэ, езыращ фIагъэжынур!

БампIэ-гупсысэм зи щхьэр жэщ псом хэлъа тхьэмыщкIэр нэхущым тIэкIу жейм хилъэфагъэнт, къэскIащ, гъущIыбжэжьыр щыIуатхъым. Дыгъуэпшыхь мыбы къыщIэзыдзахэрат. А зэрызэщIэузэдам хуэдэу зэщIэузэдауэ. Къамбот сыхьэт дапщэ хъуами дэнэ щищIэнт, ауэ иджыри кIыфIзэхэтт. УнафэщIхэр къэмыхъей щIыкIэ, я тутнакъыр и пIэ ирагъэзэгъэну ара къыщIэкIынт нэху щIамыгъэщар.

– ИIэ, псынщIэу зыгъэхьэзыри, ныщIэкI! – къыжьэхэкIияхэщ, зы бэлыхьлажьэ гуэр ярищIам хуэдэу.

## ПЭШ ЦIЫКIУР ИНКIЭ ЕХЪУЭЖ

Къамбот сыти и зыгъэхьэзырыт, зэрыхуэпауэ щылъти, къэтэджри щIэкIащ. Зи лъэм фIыуэ зэримыхьэж гуэрым дэIэпыкъу фIэкIа умыщIэну, я зэхуакум дагъэувэщ, и блыпкъ зырызыр яубыдыжри, ирашэжьащ. Щымрэ псалъэ жамыIэу щыри дакъикъэ бжыгъэ мыкуэд дыдэкIэ кIуауэ, машинэ гуэрым ирагъэтIысхьэри, зыщIыпIэ яшэ. И закъуэт исыр, кIыфIт, уи нэм зыри имылъагъуу. Нэхъыбэ къилъэгъуакъым здашэнум нэсу, пщIантIэ зэв кIыфI гуэрым дахуа машинэм къыщрагъэкIами. Ауэ нэхущ къызэрыхъуам гу лъыптэрт. Автомат гъэпкIар къыщхьэщаIыгъэу щIашэ унэ гуэр. Псори «гуэр» мыхъумэ, зыри хищIыкIыртэкъым. Зыри храмыгъэлъагъукIыну икIи храмыгъэщIыкIыну арауэ къыщIэкIынт жэщым къыщIралъэфэжьар, армыхъумэ сыт хуэдэ Iуэху блэкIыт абыхэм яIэр, мыжеижу лэжьэну?!. НэгъуэщI зы гъущIыбжэ аргуэру Iуатхъ, кIэлындор кIыхьыр къагъэпсалъэу, пэш абрагъуэм щIадзэри, апхуэдэу Iэуэлъауэуи бжэр къыкIэлъагъэбыдэж. Къиуха хуэдэт иджы пэш жьгъей цIыкIухэр. Пэш-шэщыжьыр нэхут, уи нэр щыджылу. Я кум зы дэкIыпIэ мыин дыдэ иIэу и бгъуитIымкIэ гъуэлъыпIэ сатыритIым зыщаукъуэдийрт. ГъуэлъыпIэхэр щырыщу зэтетт. Дэтхэнэми цIыху телът. Хэт жейрт, хэти, къыщIаутIыпщхьар хуиту зригъэлъагъун щхьэкIэ, зыгуэрхэм къакъуэплъын хуей здэхъум, и щхьэр зэрихьэрт. Къамбот а зэрыщIаутIыпщхьауэ щытт, зимыгъэхъейуэ. Ар шынэрт. И гугъэт зыгуэр къэтэджу къеуэну. Щытти

щытт, зыми зыри жиIэртэкъым. ИтIанэ зы лIы фIыцIэ гъум лъагэшхуэ етIуанэу щыт гъуэлъыпIэм и етIуанэ къатым къелъэщ щIалэжь цIыкIум хуэдэу жануи, къыбгъэдыхьащ. Абы и нэщхъыр зэхэлът. Къахыхьар а къыбгъэдыхьам жьэхэплъэрт щтэIэщтаблэу, шынэщауи кIэзызырт: а лIы фIыцIэ пIащэшхуэм и зэ уэгъуэт ар зэрыхъунур!

– Уи пщалъэмкIэ къауэ! – жиIащ абы, и нэщхъыр а зэрызэхэлъу.

Къамбот къэскIащ – сытыуэ! ЖыхуиIэр лIо мыбы? Щхьэусыгъуэ лъыхъуэу аращ кIуэцIиубэрэжьыхьыну! Япэ щIыкIэ езыр зригъэуэнурэ, къызэуащ, жиIэжыну къеулъэпхъэщ. Хъущт жиIэу хуеплъэкIыжащ бжэ къыкIэлъагъэбыдэжам. Iэуи лъауи щыIэжтэкъым ихъуреягъкIэ. Дауи, кIуэжу я пIэ итIысхьэжауэ къыщIэкIынт мыбы къэзышахэр. КIэзызу икIуэтырт.

– Къауэ, зо, пщалъэмкIэ! – ЗдыкIэлъыкIуатэм и нэщхъыр нэхъри зэхиукIэрт мыдрейм.

– Сэ пщалъэ сIыгъкъым...

Езыгъэблэгъэну къыпежьам къыгурыIуащ а жиIэм къикIыр зэпсалъэм къызэрыгурымыIуэр.

– Илъэс дапщэ къыптралъхьар, жызоIэ, зэхэщIыкIыншэ!

– Зы.

– Аууей, мо плIанэпэм лъэгуажьэмыщхьэу дэуви дэт!

Къамбот кIэзызу кIуэри, плIанэпэм дэуващ лъэгуажьэмыщхьэу. Абы сыт жаIэми ищIэнут, къемыуэ закъуэмэ. Къамбот плIанэпэм кIуэуэ, лъэгуажьэмыщхьэу щыдэувэм, пэш абрагъуэр зэрыщыту дыхьэшх макъым зэщIищтащ. Жейхэри къэушыжауэ, еуэ мэдыхьэшхри мэдыхьэшх, еуэ мэдыхьэшхри мэдыхьэшх. Езым щхьэкIэ ихъуреягъым щекIуэкIым теухуауэ гупсысэ пыухыкIа щимыIэм деж цIыхум, ар хэтми, делафэ Iей къытоуэ. А делафагъэр псом япэу и нитIым щынэрылъагъущ. Къамбот лъэгуажьэмыщхьэу плIанэпэм дэтт, а екIуэкI псом и нэ делитIымкIэ хэплъэу. ИщIэртэкъым абы къыпахыну зыхуейри, къыхуамурадри, абыхэм езыхэм я деж фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэм щыземыкIуэ псалъэ кърautIыпщхэмкIэ къыжраIэхэри. Дуней нэхур зи нэм хуиту илъэс бжыгъэ хъуауэ щIэмыпсэжа, щхьэхуимытыныгъэм и гъащIэ ткIыбжьым зигури зи псэри пилъэсыкIа а тутнакъ зи махуэхэр зым адрейр къызэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу зэщхь, гъуабжэлъабжэжьрэ икIи зэшыгъуэу езылъэфэкIхэм я дежкIэ уасэ иIэтэкъым мы къахыхьа щIалэм и фIыщIэкIэ я нэгу зэрызиужь жыхуэпIэм. Ешахэу къыщIэкIынт е я жьафэхэмрэ я ныбафэхэмрэ хэтхъэнкIэ шынахэ, сытми, я дыхьэшхыныр нэхъ кIащхъэ ящI. ИтIанэ псом нэхърэ нэхъ Iейуэ дыхьэшхахэм щыщ зы къыхэкIщ, Къамбот и Iэпэр иубыдщ, плIанэпэм къыдишыжри, зыхуэмыубыду аргуэру дыхьэшхыу, къыжриIащ:

– Мыбы жиIам къикIыр уэ къыбгурыIуакъым. Уэ къыптралъхьа илъэс закъуэр сытым щыщ, лъэгуажьэмыщхьэу плIанэпэм удэтми, а зэман кIапэр къохьэлъэкIын хуейкъым, жыхуиIэщ. Мыбы гъуэлъыпIитI къудейщ нэщIу щыIэр. Модэ, мо и кIэ дыдэм... Хьэуэ, абы нэси умыкIуэ, мис мыдэ нэхъ гъунэгъуу иIэщ, накIуэ, уэзгъэлъагъунщ.

ЩIалэм Къамбот ишэри, ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ ирикIуэ сатырым и кум хуэзэу щыт гъуэлъыпIэ щыуэ зэтетым и щхьэ дыдэр иригъэлъэгъуащ. ГъуэлъыпIэм и лъабжьэм, етIуанэ къатым зы лIы ныбэшхуэ щыпырхъырт. ГъущIыбжэм ирагъэщIа Iэуэлъауэми, Къамбот плIанэпэм лъэгуажьэмыщхьэу щыдэувам къаIэта дыхьэшх унащхьэр тезыч пэтами – зыми къимыгъэушауэ жейрт ар. ИщIагъ дыдэ тегъуэлъхьапIэм телъыр щIалэ сырыху гуэрт, зы илъэс тIощIрыпщI хуэдиз и ныбжьыну.

Ар жейртэкъым, ауэ цIутIи-бытIи жиIэртэкъым. А зэрыщыму къеплъащ концертышхуэ къахихьэу щIалэщIэ къахыхьар езым щхьэпрыпщу и пIэ зэризэгъэжым..

Къамботи, а щIалэм ещхьу и гущIыIур дэгъэзеяуэ гъуэлъащ, зы цIутI жимыIэу. ИкъусыкъужкIэ ешат, ужьыгуат гукIи, псэкIи, IэпкълъэпкъкIи. Нэху щыуэ псори къызэрыIэтыху, къэмыхъейуэ жеину фIэкIа мы дуней щIэщIыIум теттэкъым зыхуей. АрщхьэкIэ и жейр къакIуэртэкъым. Къамбот щылът абы щхьэкIэ зэгуэпу, куэзыр джэгуу пIэкум ис лIитIым я дежкIэ плъэуэ. КъызэрыгурыIуамкIэ, ахэр ахъшэкIэ джэгуу арат, армыхъумэ я зэш трагъэууэ аркъудейтэкъым я жей щIагъэныкъуэр. Тхьэм ещIэ зэрызэгурымыIуар, псалъэмакъ къаIэт куэзыр джэгухэм. ЗэпщэфыIэу щIадзэ. Зыр гъур кIыхьт, адрейр нэхъ хэщIыхьа зэIэщIэлъ гуэрт. Гъур кIыхьым хэщIыхьар къиIэту щытридзэм, Къамбот шынат. Абы нэхъ къищтэнут а кином щилъэгъуауэ нобэр къыздэсым и гур зыдэкIыщтэжым хуэмыдэу, мыбы псори сабыру щыщытыну. АрщхьэкIэ мыбыи щызэзауэу къыщIокI. ЩыщызэзауэкIэ, езым и дежи зэгуэр зыгуэр къэсынущ! Сытми, зэрыгъэбэяужщ зэзауэхэри, лIы хэщIыхьар зэгуэпу кIуэри гъуэлъыжащ. Мыдрей гъур кIыхьыр, текIуэныгъэр къихьауэ къилъытэжарэ зыхуэарэзыжу утыкум къинащ, къикIукI-никIукIыу. Апхуэдэу ар утыкум итащ заулрэ. ИтIанэ, къахыхьа щIалэ цIыкIур и нэм къыщыфIэнэм, къакIуэри, кърилъэфащ гъуэлъыпIэ зэрылъым. Утыкум ирилъэфащи, мо щтэIэщтаблэ кIэкуакуэу щытым къоупщI, сэром хуэдэу:

– Сытщ жыпIа-тIэ, уэ цIыкIур зы илъэскIэ мы ди курортым укъыщIагъэкIуар?

Къамбот зыри жиIэртэкъым. ИщIэртэкъым ар зыхуейр.

– ПщIар лIо, зо, тхьэ укъагъэтIыса?!

– Уэ пхуэдэу итырыгъукъым ар, плъагъуркъэ абы и Iэпщэжьыр, зэуащ. Абы и Iэ хьэнцэжьитIыр IэштIым ищIрэ зэ къоуэмэ, аращ уэ кIыхьсолэжьым пхэлъыр, узэпкърыщэщынущ! – гъуэлъыпIэ гъунэгъухэм щыщ зым къелъэу къабгъэдыхьа щIалэм и Iупэр ауаныщIу зэтежырт, ауэ ауан ищIыр мо «зэпкърыщэщынур» арарэ, езы Къамбот и Iэ цIыкIухэрарэ гурыIуэгъуэтэкъым...

Лъэгуажьэмыщхьэу щагъэувам зэрыдыхьэшхам нэхърэ нэхъ Iеижу дыхьэшхыу къыщеуд псори. «И Iэ хьэнцэжьитIыр» щыжаIэм, дауи, къеплъат и IитIым. Ахэр хьэнцэм нэхърэ хъыджэбзыIэхэм куэдкIэ нэхъ ещхьт. Арауэ къыщIэкIынт апхуэдизу цIыхур щIызэкIуэцIытхъыр. УкIытэм и къарур сыту ин! Мыр къауэу дэнэ и деж къытехуэну пIэрэ, жиIэу зэщIэкIэзызэу иджыпсту щыта щIалэр укIытащэщ и Iэхэр зэрыцIыкIум щхьэкIи, цIыплъ къэхъуащ, шынэри щыгъупщэри, къеуэнIа сщIэркъым, езыр яхэуэну хьэзыр къэхъуат.

– Мы щIалэр щыщхьэхуитам и лэжьыгъэр, дауи, ахъшэ бжыным епхауэ щытауэ къыщIэкIынщ, феплъыт абы и Iэхъуамбэ псыгъуэ цIыкIухэм. Уэлэхьи, си Iуэхум ар гугъу ехьу дунейм тетами. Зауэу мыбы къихуауэ жывоIэ. Сыт и зауэ мыгъуэ абы, ахъшэ къидыгъуащ. Къищтащ мис а и Iэ щабэ цIыкIухэмкIэ ибжу щыта мелуан, мелард бжыгъэхэм щыщ.

– Куэдрэ жывмыIэн жывмыIэ, ныжэбэ мы къытхыхьа щIалэр щIалэ къызэрыгуэкIкъым, ныбжьэгъухэ. Мыбы къулыкъушхуэ иIыгъащ. Iулъхьэшхуэ къаIихри, аращ щIагъэтIысар.

– Бэяут иджы, Iулъхьэ щхьэкIэ ягъэтIыс плъэгъуа уэ?! Уэлэхьи, ар пэжмэ, езы Хрущ кхъуэ формэжьым щыщIэдзауэ, мы къэралышхуэм къулыкъущIэу исыр хьэпсым идзэн хуейм!..

Апхуэдэу, зыри къылъамыгъэсу, псори езым жаIэжырт. КъеупщIым, а къызэреупщIам езыхэм жэуап иратыжурэ, нэгузыужьу зыкъомрэ Къамбот къриджэгуа нэужь, ари къаIэщIэужагъуэри, зэбгрыкIыжащ. Къамботи и лъэуейм дэлъеижащ, жей щхьэкIэ лIэуэ. Ауэ жеифакъым. Жеинт, абы и щхьэм щыкIэрахъуэрт: а кином хуэдэу мыбыи щозауэ. Хэбгъэзыхьмэ, мыр куэдкIэ нэхъ Iейуэ къыщIэкIынущ. ЗэкIэ апхуэдэурэ екIуэкIми, къэсынущ а зауэр езым дежи!

Ар и щхьэм илъти, гущтэгулэм хэкIыртэкъым Къамбот. Зи, ауэ цIыху къыбгъэдэувыIамэ, зыгуэрым зыкъыхуигъэзамэ, и нэр къихуу еплъырт, сыту пIэрэ мыбы къысхуигугъэр, фIэгъэнапIэ къигъуэту къысщыхьэну иужь имыту Алыхьым къыщIигъэкI, жиIэу игукIэ тхьэм елъэIуу. И мурад быдэт, Iэмал зэриIэкIэ зиIыгъыну, хузэфIэкIыху къапикIухьыну. Ауэ езы Къамботи зицIыхужырт, и фIэщ хъуртэкъым лей къытехьауэ зыхуэубыдыжыну. Абы есатэкъым ар. ЩыцIыкIу лъандэрэ зэресам тету, къыжраIам нэхърэ нэхъыбэж яжриIэжыну, кърашIам хуэдэу тIу ярищIэжыну иужь ихьэнут, а екIэ къыпэувар хэтуи ирехъуи. Мыдрей зыхэтхэри зэгуэудыгъуэт, Къамбот къызэрыщыхъумкIэ. Мы иджы щIэуэ къытхыхьа щIалэжь цIыкIур дэ тхуэдэу щытын щIыхуейр сыт, жаIэу я гур къеныкъуэкъу пфIэщIынт. Пэжу, яхэтт абыхэм цIыху хъарзынэхэри, къытралъхьа илъэс бжыгъэр жыIэдаIуэу, я мыIуэху лъэпкъ зэрамыхуэу тэмэму кърахьэлIэу зэрикIыжынум фIэкIа нэгъуэщI я щхьэм зыри имылърэ абы теухуауи ящIэ псор ящIэ мыхъумэ, нэгъуэщI зыри ядумылъагъуу. Ауэ, мащIэтэкъым зыгуэрым зыгуэрхэр кIэщIищIыхьыну, ар игъэикIэну, зауэ-банэ хэтыну зи Iэпэлъапэр шхэ къайгъэшыхэр, лейзехьэхэр. Ахэр иригушхуэрт щамыгъэтIысым зэхащIыхьахэм. АбыхэмкIэ загъэинуи, куэдрэ тепсэлъыхьыжырт. Апхуэдэхэм щыщт езым гъуэлъыпIэкIэ пэмыжыжьащэ Василевский Зигмунд жыхуаIэ лIы къуэгъу кIыхьыр. Ар Къамбот мыбыхэм япэу къащыхыхьам куэзыр джэгуу щыса лIитIым язырат. Арат а жэщым гъуэлъыпIэм къезылъэфэхыжу щIагъэтIысамкIэ къеупщIауэ щытари. УвыIэгъуэ закъуэ имыIэ жыхуаIэм хуэдэу, тепсэлъыхьыжырт щамыгъэтIысым зауэ-банэу зэрыдэтам, къытекIуи щымыIауэ тхьэ щиIуэжырт. Абы милицэм я фэм сыт хуэдиз ирихауэ жиIэжрэт. Тхьэ зыщиIуэрат къалъагъумэ, зыщIадзэу къигъэнауэ щытауэ. И фIэщу игъэхъыбарырт бэзэрым тету зыкъыпызыша лIыр хьэдэмыхъужыну иубэрэжьу къыщрахужьам къеуэну кIэрахъуэр гъэпкIауэ иIыгъыу къэзыху милицэ щIалэр къыщылъэщIыхьэм, кIакхъур щIичыну хунимыгъэсу къыIэщIиуду, IэштIымрэ лъакъуэ защIэкIэрэ хьэдэ мыхъужыну иубэрэжьауэ зэрыщытар. Зэ, жиIэрт, дефэу дызэхэсу къайгъэ къыщыхъейм, лIым я нэхъ бланэу тху удын гъущэкIэ Iисраф зэтесщIауэ, милицэ къраджахэм сымыщIэххэу саубыдат. Фи фIэщ хъун, си IитIри пхауэ ебланэ къатым сакъыфIелъэщ къыскIэрыщIауэри, сакъыIэщIэкIат! Абы апхуэдэурэ жиIэхэм здедаIуэм, Къамбот и цым зыкърисэрт. А жиIэхэр пэж къыпщыхъун хуэдэт ар езым и фэкIи. ЛIы къуэгъу щхьэкIэ, зитIэщIауэ щилъагъукIэ, игъэщIагъуэу еплъырт абы и IэблитIым – лыи къупщхьи хэмылъу, лъынтхуэ зэхэлъэрыхъыхьа защIэу къыпщыхъурт. Абы нэIуасэ зэрыхуэхъурэ кIуа зэман кIапэм мащIэм езэуа ар, мащIэ кIуэцIикъухьа! Иджы псори къыщошынэри, сыт жиIэми хуащIэ. УзижагъуэныпцIэр и махуэу ехъуапсэрт Къамбот а Зигмунд хуэдэу щытыну! Зыри къытемыкIуэу, псори кIуэцIикъухьу, къыщышынэрэ, сыт жиIэми къыхуащIэну сытым дежи хьэзыру. Къамбот Зигмунд апхуэдэу зэрехъуапсэм гу лъитащ угъурлыуэ фэ зытет Гуштэ жыхуаIэ тэтэр лIыжьым...

# ГУШТЭ, ГУЩТЭ, ГУШТИЛИН

ЖысӀэну къезгъэжьари къэзгъанэу, Къамбот ГущтэкӀэ зэрихъуэкӀыжа Гуштэ цӀэ лейр мы лъэхъуэщым щызыфӀаща Гуштилин Абдул нэхъ нэӀурыту фэзгъэлъэгъуащэрэт, щӀыжысӀэр сщӀэркъым. Абы иджы нэмыщӀи дыхуэзэжынкӀэ хъунущ, ар ди Къамбот куэдрэ псэлъэгъу хуэхъу цӀыху зытӀущым гурэ псэкӀи нэхъ зи гъунэгъуӀуэхэм щыщщ. ДяпэкӀэ тхьэм ищӀэнщ а тӀум я кум къыдэхъуэнӀами, ауэ иджыри къэс мы ди щӀалэ гурэпкӀырэ цӀыкӀумрэ абырэ зэхуэмыӀейуэрэ йокӀуэкӀ, зэман куэд дыдэ щӀауэ зэрымыцӀыхуми. Къамбот фэ ириплъат ар мыдрей псоми емыщхьу, леи зэримыхьэу икӀи игъащӀэкӀи зэримыхьэну. Итырыгъути, Къуагуэжьти, Хьэмэти, Шомэти, нэгъуэщӀти, жаӀэу, ауаныщӀу цӀэ лей мыбы щызекӀуэ цӀыхур зэрагъэикӀэхэмкӀэ ар зэи зыми еджэртэкъым. Езым и цӀэ жаӀэртэкъым абы щыгъуи, мы лагерым къыщыфӀаща Гуштэрат псори къызэреджэр. Ауэ езыр и цӀэ дыдэрат хэти зэреджэр. Къамбот мыбы къызэрысу, занщӀэу къыфӀаща цӀэ леймкӀэ къемыджэу къэнэжар а зырат. Абы зэи Компот къыжриӀэртэкъым. КъызэрыплъытэнумкӀэ, ар цӀыху Ӏущт, щӀэныгъэ бгъэдэлът, къулыкъу хъарзыни иӀыгъат мыбы къимыхуэ щӀыкӀэ. Мис а и лэжьапӀэ зыӀутар ахъшэ, мылъку сытхэм пыщӀати, зыгуэрхэр зэхигъэзэрыхьаи, къыдигъэкӀаӀаи, сыти, къинэри, илъэсий къытралъхьауэ щысу арат. НтӀэ, мис а Гуштэ лӀыжьым, пэжыр жыпӀэмэ, апхуэдэуи лӀыжьтэкъым ар, илъэс щэ никъуэм щӀигъуауэ аркъудейт, мыпхуэдэ псалъэмакъ къыдригъэкӀуэкӀащ Къамбот, лъэныкъуэкӀэ иришэкӀщ, гупсэхуу къыбгъэдэтӀысхьэщ, зэран къыхуэмыхъунӀа хуэдэуи:

– ЛӀо, Зигмунд уехъуапсэрэ?

– Уэ уехъуапсэркъэ?

– Сохъуапсэ зэрынэхъ щӀалэм, зэрыкъарууфӀэм щхьэкӀэ. Ауэ нэгъуэщӀ узэхъуэпсэн абы и Ӏуэхум зыри хэлъкъым, щӀы уи фӀэщ. ПщӀэрэ ар мыбы къыщӀихуар?

– Сыт?

– И щхьэгъусэм и Ӏэ ижьыр пиупщӀащ, пщэдджыжьым шей къыхутригъэувам фошыгъу щащэм и пӀэкӀэ, щыуэри шыгъу хухидзати!

– НтӀэ, ар делэу аращ, мыбы къыщӀашэн щыӀэххакъым, делэщым иратын хуеящ.

– Хэтащ езыри, апхуэдэ Ӏэмалхэр къигъэсэбэпу, яфӀыхэкӀыну. Ауэ абы апхуэдэ лажьэ иӀэкъым, хьэбыршыбыру, цӀыху икӀэу аращ...

– Щхьэр егъэуз абы, шейм щхьэкӀэкъым ар, апхуэдэурэ егъэӀу езым фӀэфӀу ахъумэ. А шейм къытрагъэхъеикӀщ, псалъэу щӀадзэри, зэжрамыӀар укӀуэдыж. Апхуэдэурэ куу хъущ, зэзэуэжххэри, мис абы щыгъуэщ и Ӏэр щыпиупщӀар, - жиӀэри, къыхыхьат Гущтэ и псалъэм абдежым щытхэм щыщ гуэри, дэнэ щытрищӀыхьынӀат абы жиӀэм, хуемыплъэкӀыххэу адэкӀэ пищащ:

– Илъэсибл къытралъхьауэ исщ нэгъабэ лъандэрэ. Мыбыи щозауэ, яхуэмыубыду... Карцерым къикӀыркъым!

– Сыт а карцерыр зищӀысыр?

– Ар мы лагерым щыӀэхэм ямыщӀапхъэ ящӀэмэ, зрадзэ хабзэ щӀыунэ щхьэхуэщ. ШИЗО-уи жаӀэ абы щхьэкӀэ.

– Тутнакъэщым щыӀэ тутнакъэщ, ара?

– Хъунущ апхуэдэуи жыпӀэ. Ауэ абы уи закъуэщ исыр, узэпсэлъэни къопсэлъэжыни щымыӀэу. Зэзэмызэххэщ тӀу зэуэ щрадзэр. Езыр щӀыӀэрэ

псыӀэу... НтӀэ, ныбжесӀэну сызыхуейращ, уэ ущӀалэщ, уигукӀи, уи псэкӀи укъабзэщ, абыхэм хуэдэу уцӀэпӀауэ ущытыну уемыхъуапсэ, щапхъи тепхыну иужь уимыхьэ. Уэ мис а иджыпсту узэрыкъабзэм хуэдэу укъабзэу уикӀыжын хуейщ мыбы, ар зыщумыгъэгъупщэ, делагъэ лъэпкъи умыщӀэ. УмыщӀэ, урахулӀэми. Мыбы Ӏэджэми Ӏэджэрэ уащыхуэзэнущ, губзыгъэ цӀыкӀуу щыт. Куэд щӀакъым, уэ пхуэдэу зы урыс щӀалэ цӀыкӀу гуэр ди гъусащ. Мы Зигмунд ещхь гуэрхэм дэплъейуэ щӀидзэри, къыӀэщӀэщӀэӀащ аби, лъэныкъуэ ирагъэзащ...

– Карцерым ирадзауэ ара?

– Хьэуэ. Карцерым ирадзэр зэраныгъэ, щӀэпхъаджагъэ цӀыкӀуфэкӀу зыщӀахэращ. А жыхуэсӀэм ищӀар карцеркӀэ ирагъэпшыныжхэм хуэдэтэкъым. Мыбы ирашыжри, аргуэру суд тращӀыхьыжащ. Ирагуагъэнщ пӀалъэшхуэкӀэ. ИлъэситӀ телъати, мазэ бжыгъэ гуэрхэр къыхуэнэжауэ арат, тхьэмыщкӀэм зигъэунэхъужащ! Къамбот и щӀыфэр тхытхырт абыхэм щедаӀуэм, и гур я дежкӀэ кӀуэжауэ. Мы мазэ бжыгъэ тӀэкӀу зэрыщысыну къэнэжам апхуэдэ гуэр къытехъуэмэ? Хьэуэ, къигъэхъункъым ар абы!

А щаӀыгъым километр зыбжанэкӀэ пэӀэщӀэт тутнакъхэр щагъэлажьэ заводыр. Махуэ къэс фоч гъэпкӀахэр щхьэщаӀыгъэу къыщӀашырти, зырызыххэу куэбжэм дагъэкӀырт, мэлым хуэдэу ябжу. Куэбжэ сэхым деж увырт зы тутнакъэщ лэжьакӀуи, зыгуэрым и унэцӀэ жиӀэнт. Зи унэцӀэ жаӀэм и судыр зэращӀа статьямрэ илъэс бжыгъэ телъымрэ жиӀэнт, къыдагъэкӀынти, абдеж дыдэм щыт машинэм итӀысхьэнт. Лэжьыгъэр яухыу къэкӀуэжами – аргуэрыжьт, а щӀыкӀэм тету къыдагъэхьэжырт. Ауэ пщыхьэщхьэм къыщыдагъэхьэжкӀэ къащырт, зыгуэр къыздащтауэ къыдахьэмэ, жаӀэрти. ЛэжьапӀэм ахэр тӀууэ зэщхьэщыхауэ щылажьэрт. Къамбот сымэ зы гуп щхьэхуэу, хьэзыр хъуа лэчыр хъумапӀэм щӀагъэувэрт, щагъэхьэзыра цехым бжьакъуэм хуэдэу пӀийуэ зы метрым щӀигъу зи лъагагъын гъущӀ пкъо пӀащӀитӀ зи пэмкӀи зи щӀыбымкӀи тет кар жыхуаӀэ машинэ лӀэужьыгъуэ хьэлэмэт цӀыкӀумкӀэ къыщӀашурэ. Лэжьыгъэр хьэлъэт. Зы цӀыхум хуэзэу махуэм тонн бжыгъэхэр ягъэхъейуэ къыщӀэкӀынт. Къамбот абы игу къигъэкӀыжырт Налшык блок заводым зэрыщылэжьар. Ауэ абы щыгъуэ хьэлъэшхуэ зэрызэрилъафэ къудейрат хуэмыхьыр. Мыбы иджы лэчым и мэми щиукӀырт. ХуэхьыжыртэкъымКъамбот а мэр, ауэ дэнэ укӀуэнт, ихъуреягъыр зэщӀиштат. КъызыщӀаш пэшымрэ зыщӀашэ гъэтӀылъыпӀэмрэ метр зыбгъупщӀ я зэпэжыжьагъыу арати, автомат зыӀыгъ хъумакӀуэр а тӀум я кум итт, тутнакъ игъэлажьэхэм и нэӀэ ятримыгъэкӀыу. Зэ, лэч ишахэр иунэщӀри къигъэзэжауэ къыздэкӀуэжым, автоматыр зыӀыгъ я хъумакӀуэр здэщыс дыдэм деж къэсыжауэ, Зигмунд къегъэувыӀэ.

– Компот, – жеӀэ абы, сытым къыхэкӀми, хуабжьу зэрыпӀейтейр плъагъуу. – Мыбдеж щысми ещӀэ, ари дэ ди телъхьэщ, зытӀущ дызэхуэсри ахъшэ тӀэкӀу зэхэддзащи, къалэм кӀуэи тутын къытхуэхь. Мыбыи уиутӀыпщынущ, узыгъакӀуэр зэрыдэрар жеӀи, дэ дыгурыӀуащ.

Къамбот, лъэхъуэщ хабзэхэм зэкӀэ апхуэдэу хэмыгъуэзэщами, ар и фӀэщ хъуакъым – сыту уамыутӀыпщрэт уэ къалэм тутынщэху! Ауэ Зигмунд щымышынэу абы зыри жиӀэфынутэкъым: ар щхьэусыгъуэ ищӀу къеуэмэ-щэ! ЖриӀэнщ хъумакӀуэм. Къамбот и карым къохри, тутнакъхэр автоматыр хьэзыру иӀыгъыу къэзыхъумэм и дежкӀэ мэбакъуэ. Абы узыбгъэдигъэхьэнт, автоматыр къытреубыдэ: уздэкӀуэр дэнэ, зэтеувыӀэ, сыноуэнущ! Къамбот къощтэри къокӀуэтыж. А напӀэзыпӀэм Зигмунд КъамботкӀэ тригъэбэлэрыгъыкӀа хъумакӀуэм и щӀыбагъым къыдохутэ, мапхъуэри, абы и къурмакъейр щеубыдыкӀ, игъэмэхыу и автоматыр къыӀэщӀит-

хъыну. Къамбот цIыху ятхьэлэу щилъагъум, зэрыхъуар имыщIэрэ ищIэри имыщIэжу малъэри, Зигмунд и щIыбым зредзэ. Абдежым цIыхуми гу къылъатэ а екIуэкIми, зэрыгъэкIийуэ къожалIэ. Зигмундым хъумакIуэр къыIэщIагъэкI, езыр Iэпхлъэпх ящI, машинэм ирадзэри, Iуаш.

Iуэхум и пэжыпIэр армырагъэнкIи мэхъу, абы сытри кIэрапхэнут, и щытыкIэкIэ къилэжьырти. Ауэ я фIэщу жаIэрт Зигмунд а хъумакIуэм и автоматыр зыIэригъэхьэу, къыпэувыр иукIыурэ бжыхьым елъэу щIэпхъуэжын мурад иIауэ. ЦIыху лажьэншэхэми лагерым и унафэщIхэми фIы зыщIамыхыну а щIэщхъу хьэлэчыр Къамбот и фIыгъэкIэ къэмыхъуу къэнауэ хъыбар хахьэ. Хахьэр унафэщIышхуэхэм я дежи нос. ЕтIуанэ махуэм, шэджагъуэ нэужь хъуауэ, Къамбот зыхэбэукI лэчымэ и Iум изыр хуэмыхьыжу лажьэу здыпэрытым, ираджэ. ЗыгуэрхэмкIэ къоупщI къэхъуам теухуауэ, псори зэхагъэкIри, илэжьа Iуэху щхьэпэм щхьэкIэ фIыщIэ къыхуащIу къыжраIэшхуи щымыIэу къаутIыпщыж. ИужькIэ куэд дыдэ дэмыкIыу Къамботу плъагъур лэжьыгъэ хьэлъэм къыпэрашри, пщэфIапIэм ягъакIуэ хьэкъущыкъутхьэщIу.

## ЛЭЖЬАПIЭЩIЭМ

Къамбот и лъэхъуэщ гъащIэм къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжащ, пщэфIапIэм щагъакIуэм. Псом нэхърэ езыр нэхъ зыщыгуфIыкIауэ и гугъэжыр лэчымэ Iейм къызэрыхэкIарат. Абы и пIэкIэ иджы и Iум итыр ерыскъымэ гуакIуэт, хъурымей-бжьэрымейт. Тутнакъхэм къахыхьар абгъуауэ мыхъу щIыкIэ и фэм ирах хабзэм и Iыхьэ пщIани къылъэмыIэсу къэнащ абы и фIыщIэкIэ. Лагерь псом зы лэжьапIэ иIэтэкъым абы нэхърэ нэхъыфI, сыт и лъэныкъуэкIи. КIуэ, хуит ямыщIыжыпэнумэ, зи IэмыщIэ илъхэр абы нэхърэ нэхъ Iуэхутхьэбзэ лъапIэкIэ къыхуэупсэфынутэкъым тутнакъэщым исым. Зигмунд итхьэлэ пэтар лъэхъуэщым и унафэщIхэм щыщ гуэрым и Iыхьлы дыдэти, арауэ жаIэрт Къамбот апхуэдизу къыхуэупсэныр нэхъри къызыхэкIар. ЖыпIэкIэ, цIыхум и фIэщ пхуэщIынтэкъым абы тыншыгъуэу игъуэтар. НэгъуэщIым и гугъу тщIыххэнкъыми, ерыскъы здэщыIэм ущыIэн къудей жыхуэпIэр сыт и уасэт, лъэхъуэщым исым и деж-кIэ! Хьэуэ, шхын щхьэкIэ ягъалIэуи пхужыIэнутэкъым мыбы щыIэхэр, ягъэмэжалIэртэкъым апхуэдэуи. Ауэ я ныбэ из зэпыту екIуэкIыуи жыпIэ хъунутэкъым. А ерыскъым уэ езым уи Iэр хэлъын жыхуэпIэм хуэдэ щыIэ? Хэлът Къамбот и Iэр зэпымыууэ ерыскъым, пщафIэхэм хуэдабзэу щIэтт пщэфIапIэм зыхуейр ишхыу, къыпэрыуэIартэкъым. НэхъыфIт езы цIыхухэри, мыбы къагъакIуэхэр нэхъ тэмэмхэрат, сыт ищIыс щIэпхъаджагъэми тегушхуэну хьэзырхэм хуэдэхэтэкъым. Зы илъэс, илъэситI, нэхъыбэ дыдэу щIыи, илъэсищ хуэдэ зытелъхэрат. Абыхэм а къытралъхьа зэман мащIэм щхьэкIэ щIэпхъуэжу бэлыхь зыхадзэжу къыщыхъур зэзэмызэххэт. Арат хъумакIуэкIи пщэфIапIэм нэгъуэщI щIыпIэхэм хуэдэ дыдэу щыегъэлеяуэ щIыщымытыр. Дауи, щыIэт хъумакIуэ, къакIэлъыплъырт мыбы щылажьэхэми, ауэ ахэр къахуэткIийтэкъым ерыскъым зи Iэр хэлъхэм. Уеблэмэ къэхъурт уэрсэру къащыхэт. Арати, хъарзынэу зэхущытт хъумакIуэхэмрэ Къамбот сымэрэ. ПщэфIапIэм щIэтхэр езыхэр апхуэдэу фIыуэ зэхущытым и мызакъуэу, нэгъуэщIхэми хъарзынэу ядекIуэкIырт. ЕрыскъыкIэ зыгуэрхэм яхуэупсэфырт. Къамбот зыкъыхуагъэзауэ зыри игъэщIэхъуртэкъым, Iэмал иIэххэу. Ерыскъыр ерыскъыщ, апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр цIыхум щыгъупщэртэкъым. Къахъумэми, хъумакIуэхэр ткIийуэ къазэрыхущымытыр Iэджэ и уасэу къилъытэрт щIалэм. Фоч гъэпкIар

къыщыщхьэщаIыгъэхэм деж абы игу къэкIырт: мыпхуэдэу ди мамэ сыкъилъэгъуамэ, илIыкIынт!

* * *

ПщэфIапIэмкIэ и мызакъуэу, пщыхьэщхьэкIэрэ зэкIуэлIэж мо и псэупIэмкIи иджы фIыуэ къыщыхущыт хъуат ерыскъыкIэ гу къалъызытэ щIалэм. Къамбот зы щIакхъуэ IыхьэкIэ нэхъ мыхъуми зыгуэркIэ зи гуапэ имыщI къанэртэкъым. Япэхэм хуэдэу ягъэикIэн, къытешхыхь-къытеухьу и фэр ирахын дэнэ къэна, пщIэ къыхуащIырт, нэхъри нэхъ гъунэгъу зыкъыхуащIыну Iэмал къалъыхъуэрт. Плъагъурэ, игу къэкIырт езым куэдрэ, уи Iуэхур къызэрекIуэкIынур пщIэнукъым, а лIы угъурсыз, зыIэщIэ кIуэдэжынкIэ шынэу щытам и фIыгъэкIэ жэнэтым къихуащ... Абыхэм здегупсысым, Къамбот и фIэщу мыр жиIэфынут, нэхъ губзыгъагъэ зыри щымыIэу къыщыхъужу: езыр хуей-хуэмейм емылъытауэ, цIыхуу дунейм тетыр сэбэпщ, я нэхъ еру кIэрыуфIыцIым нэгъунэ!

Къамбот и къалэным хыхьэр, цIыхур махуэм щэ шхэрти, шха нэужь, гъуху тепщэчхэр къабзэу зэхитхьэщIэжын къудейуэ арат. Зыми щымыщ хуэдэт. Дагъэшхуи зи деж намыгъэс тутнакъхэр зэрышхыкIам сыти и тхьэщIыж, жыпIэнут. Ауэ абыи хьэкъущыкъутхьэщIым игу иримыхь зыгуэр хэлът. Дауэ щымытами, ерыскъым дагъэ гуэр мыкIуэу къанэртэкъым. Псырэ хъыданрэ нэхъ Iэмэпсымэшхуэ зимыIэм и дежкIэ а «дагъэ гуэр» кIуэм и кIэрыгъэкIыжын жыхуэпIэр езыр тынш цIыкIутэкъым. Тепщэчхэр псывэ къэкъуалъэм хэлъхьауэ, бэлагъкIэ фIыуэ хэкухьын хуейт, пщIэнтIэпсыр зэпкъуэкIыу. Ар, лIот, дакъикъэ бжыгъэт зэрекIуэкIыр, мо лэч зыпэрытам бэлыхьу щишэчу щытам жыжьэуи хуэбгъадэ хъунутэкъым. ИтIанэ шхэгъуэ зэхуакухэм сыт хуэдиз зэман къыхудэкIрэт, зигъэпсэхуну! Пщыхьэщхьэшхэм сыхьэтиплIым щIидзэрт. Зэрыхъуар умыщIэу зэфIэкIырт зы сыхьэтым щIигъу щIагъуэ щымыIэуи, къекIуэлIэжырти – гъуэлъыжыгъуэ хъуху зэманыр езым ейт. Хуеймэ, жейрт, хуэмей хъумэ, «фэтэрым» къыдыщIэсхэм яIуатэ хъыбар нэхъ дэзыхьэххэм едаIуэу щыст.

IЭЩЫЖ Борис — ***Рассказхэр***



# Хьэрэмыл

Псэ зыпыту дунейм тету хъуам псэ къахэзылъхьэр Тхьэ ЛъапIэу Лъагэрщ. Сэ псэр къызэрысщыхъур нэху IэпапIэ цIыкIу дыдэущ, нурыр къыщхьэщихрэ езыр узэпхыплъу къабзэу, щIыIэри хуабэри, гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри зыхищIэу. Апхуэдэщ Сэлимэт и псэри, ар игуми и тIасхъэщIэхщ. Ар зэи загъэркъым – Сэлимэт и Iэпкълъэпкъ пщIыкIутIым къыщекIухь, здынэмыси бгъуэтынкъым. Абы и закъуэ? Дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэри къыхуощIэ, къищIэу хъуари гум «къыжреIэж»...

Мазэ хъуакъым Сэлимэт и дэлъху Зэчрей фермэм былыму тетыр и ІэмыщІэ къызэрыралъхьэрэ. Ныжэбэ кІуам таних къихури и бом щІипхащ, еблэнэ – нэхъ пІащэІуэр, асыхьэтым яукІри, я гуэщым щІэт щІыІалъэ инышхуэм далъхьэжащ. Абы и лым щыщ лыбжьэ щІауэ и нысэм къыщыхутригъэувэм, Сэлимэт ишхын идакъым:

– Мыр хьэрэмщ, сэ хьэрэмыл сшхынукъым, – жиІэри.

– Дауэ зэрыхьэрэмылыр! Мыр уи дэлъхум и ныбжьэгъум ди пщІантІэм щыфІигъэжа былымылым щыщщ, иджыпсту згъажьэри къытезгъэуvауэ, – зыкъыхуритІащ и нысэм.

– Сэ Нанэ мыгъуэм КъурІэн лъапІэм къриджыкІыурэ, сызригъэдаІуэу щытахэр фІы дыдэу сощІэж. Сэ ар иджыпсту сшхымэ, Тхьэ ЛъапІэу Лъагэр маплъэри плъапІэм итщ, хьэлэл схуищІынукъым, хьэдрыхи минкІэ щызигъэпшыныжынущ, а зэрысшха къудейм щхьэкІи жыхьэрмэм сигъэкІуэнуми хуитщ... Алыхьталэм хьэлэл къыпхуищІыр, уи пщІэнтІэпс хьэлэлкІэ къэблэжьыжарщ. Уэ сыбгъэшхыну иджыпсту мыбдеж къысхутебгъэувар си дэлъхум и гуащІэдэкІкъым. Ар дыгъуасэщ фермэм щагъэувар, лэжьапщІи къратакъым, фермэм тет былымхэм щыщ къидыгъуурэ ешх, сэ ар сымыщІэ ум гугъэ? Мис аращ хьэрэмыл жыхуаІэжыр...

– Нэхъ хьэлэмэтыжи а уэ жыпІэр! – зыкъыхузэкІэщІеш и нысэми. – Иджы псори дыгъуэгъуакІуэщ. Хэт хьэрэмыл зымышхыр? Уэздыгъэ нэфкІэ улъыхъуами, а уэ жыхуэпІэм хуэдэ къэбгъуэтыжынукъым, уэ пхуэдэ зырыз нэмыщІ. Уэ зыр дэнэ укъыздикІар? Уафэм укъехуэха?! Хьэрэмыл сшхынукъым, къэзмылэжьа зэзгъэкІуэлІэнукъым жыхуэпІэр сыт? Ауэ сытми зэбгъэкІуэлІэн, щІэбгъэмэрэкІуэнщ, тхьэ, умэжалІэмэ, ауэ сытми щІэбгъэмэрэкІуэн, уи Іэпэлъапэхэм ущІэфыжу ари, – лыбжьэ хутригъэувар къещтэжри, адэкІэ пещэ: – Сэ си щхьэгъусэр фермэм ягъэува закъуэ жызоІэри, согуфІэ, дытхьэмыщкІэщи зыкъэдужьыжынщ. Мыбы къэвмылэжьа къыдэвмыхьэ, къыдэфхьами, дэфхи банэ тефпІэ, жеІэри къоув. Ухуитщ, тІасэ цІыкІуурэ сиІэ, дэ укъыдбгъэдэмысу, улажьэу уи пщІэнтІэпс хьэлэлкІэ ушхэжыну. Хэт умылажьэ къыбжезыІэр?

– Сылэжьэнкъэ-тІэ!

– АтІэ лажьэ!

АфІэкІ хэмылъуи, Сэлимэт къалэм кІуэри фэтэр къищтащ, лэжьапІи къигъуэтащ. АрщхьэкІэ, къилэжьыр апхуэдизкІэ мащІэщи, шхынымрэ щыгъынымрэ сом къыхудэмыгъахуэурэ, фэтэрыпщІэр фІызэтрехьэ. ИтІани хущІегъуэжыркъым къалэм къызэрыкІуам, игу нэхъ къеуэр и дэлъхур къызэрыкІэлъымыкІуэрщ, къызэрыщІэмыупщІэрщ, и анэр иІэжатэм...

Куэд дэмыкІыу и дэлъхур къулыкъукІэ драгъэкІуэтейри, Унэ Хужьым лэжьапІэ къыщыхуагъуэт, лыкІэ игъэшхахэм зыкъыщІагъакъуэри. Иджы, «Мерседес»-м ису, Унэ Хужьым макІуэ-къокІуэж, къулыкъущІэщ, шыпхъу иІауэ ищІэжыххэркъым, и щхьэгъусэм и жыІэкІэ хьэрэм ищІауэ...

Гупсысэгъуэшхуэм хэхуащ Сэлимэт. УемыгупсысыпІэри иІэкъым, анэкъилъху закъуэ фІэкІа уимыІэу, дауэ ущыт, жиІэу уи бжэ къыщыІуимыхкІэ. ЩыхупІэм тет жыг закъуэм хуэдэу къэнащ нобэ Сэлимэт, зыкъыщІигъэкъуэну ихъуреягъкІэ зыри имыІэу.

ДэкІуэнурэ ежьэжынут, щІали иІэт, арщхьэкІэ зыхэт бэлыхьым нэмыщІыж, зы уз емынэ къылъыкъуэкІащи, кІуапІи-жапІи кърityркъым, къегъэгузавэ, къегъэшынэ... Ар зыдэкІуэну щІалэри сымаджэ хуей?! Сытуи ищІын, ари насыпыншэ щхьэ ищІын хуей? Аращ щІыІуигъэщтыкІари, пэжыр жриІэу, и гум къыщІитхъми.

Сэлимэт и псэм къищІа мыгъуэт япэ дыдэу и бгъэм къыхэтІысхьа шыкъыр цІыкІур зэрышынагъуэр. Щэбэт махуэу, зигъэпскІыу ваннэм ису, абы

езыр и IэкIэ теIэбат... Алъандэрэ Сэлимэт махуэ къэс зыхещIэ ар зэрыхэхъуэр.

«СыкIуэнщ дохутырым, хэт ищIэрэ, сэбэп къысхуэхъункIи хъунщ. Си гумрэ си псэмрэ сеныкъуэкъужу сыщыскIэ зэфIэкIыркъым, а узыр сэ сызыщцышынэм хуэмыдэнкIи хъунщ», – жеIэ игукIэ Сэлимэт.

Зы жэщ гуэрым, сымаджэщым здыщIэлъым, пщIыхьэпIэ Iей елъагъу: цIыху зекIуапIэ дыдэм деж мащэшхуэ къэтIауэ иIэрэ, абы езыр ихуауэ илъу. БлэкIри къыблэкIыжри къыбгъэдыхьэурэ къоплъри IуокIыж. ТIу къэувыIащи, зым къидгъэхыж жи, адрейм къыхуидэркъым:

– Сыт ар къыщIипхыжынур?! Ирелъ илIыхьыху, аращ абы хуэфащэр. Уэ пцIыхурэ ар? Сэ соцIыху-тIэ. Си пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ фIэкI сыпсэужынукъым жиIэурэ, и Iуэхур абы нэсащ. Плъагъуркъэ хьэм щичын зэрыщымыгъыр? Аращ ди зэманым зи пщIэнтIэпскIэ псэужыну хуей дэтхэнэ зыми и Iуэхур зыхуэкIуэнур. Нобэр къыздэсым къыхуэщIакъым абы зыщыпсэу дунейр зыхуэдэр. И акъылкIэ зэкIуэкIауи пхужыIэнкъым. ИтIани... НакIуэ ныIукI, – зы мывэ хъуреижь щылъти, ари лъакъуэкIэ кIэлъредзэж, ауэ техуаи-темыхуаи, ежьэжахэм я гъуэгу хагъэщI...

Дохутыр нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми къыкIэлъажыхь, хущхъуэ нэхъ лъапIэхэр къыхуагъуэтурэ къэрахьэлIэ сымаджэм. Ар къогузавэ: сыхьэлъэ дыдэ мыгъуэу арауэ пIэрэ-тIэ? ИгъащIэм сымаджэщым щIэмыхуа хъыджэбзым а псори зыхуихьынур ищIэркъым, мобыхэм Зэчрей и цIэр я псалъэм етIуанэщ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, мази мазитIи щыдэкIым, Унэ Хужьым щIэс и дэлъхур къэмыкIуэурэ, уи дэлъхум и напэлъагъум, дыщIобэг жаIэу къраIуэкIыу хуежьащ. ИтIанэ Сэлимэт къыгурыIуащ: апхуэдизу къыщIыхуэсакъхэр и дэлъху къулыкъущIэращ, армыхъумэ езым къытегузэвыхьхэу аракъым. Ауэ зыри жиIэркъым, фIы дыдэу ищIэж пэт и дэлъхур къыщIэмыкIуэр.

Сымаджэщым нэхърэ нэхъ зэхэгъэкIыпIэфI щыIэу къыщIэкIынкъым цIыхум Iыхьлы-благъэ иIэ-имыIэри иIэр хэтми. Зы палатэм щIэлъхэр зэдэшхэну тIысамэ, щэ-плIэ зримыгъэлъэIуауэ Сэлимэт яхуэтIысыркъым. Сыту гугъу къыпхуахьа унагъуэ шхын хуабэ мазитI лъандэрэ, зэ нэхъ мыхъуми, уэ зыхутумыгъэувахэм уадэтIысу уадэшхэну, хьэлэл къыпхуащIу щытми.

Сэлимэт къыдыщIэлъ дэтхэнэ зыми махуэ къанэркъым зыгуэр къакIэлъымыкIуэу, я узыншагъэм къыщIэмыупщIэу, унагъуэ шхын хуаби къыхуамыхьу. Езым Iыхьлыи благъи къыкIэлъыкIуэркъым, зеиншэ дыдэ хуэдэщ. Гузэвэгъуэм къуимыгъэгупсысын щыIэ. Ар иужьрей зэманым къыщIэкIыурэ тыкуэн шхын яхущIехьэри ярегъэшх. «Сехати, си деж къакIуэхэу сарихьэлIащ си Iыхьлыхэм», – жиIэурэ пцIы еупс...

АрщхьэкIэ къыдыщIэлъхэри, сабий цIыкIукъыми, къагуроIуэ Iуэхур зыIутыр, ауэ мобы и гум емыуэнхэ щхьэкIэ, я фIэщ хъууэ къыфIагъэщI. Абы дэлъху зэриIэри, ар зэрыкъулыкъущIэри фIы дыдэу къащIакIэщ. ЯмыщIэр ар и шыпхъум деж къыщIэмыкIуэращ. Арат абыхэми, Сэлимэт щхьэгъубжэм IухьэхункIэ, игу фIы къыщIыхуащIыр, къыщIраIуэкIыр, уи дэлъхур нобэ къэкIуэну хъунщ жаIэурэ. А псори езы тхьэмыщкIэм хуэгъэвыркъыми, мывэ хъурейуэ и кIапцIэм илъщ гуауэр, узри абы щегъэгъупщэж.

Иджы дыдэщ, куэд щIакъым, зэрихабзэу, Сэлимэт, жэщым къызэщыууэ и бгъэм хэс шыкъырым щеIусам, цIыкIунитIэ зэрыхъужар къыщищIар. Ар дауэ, жеIэ игукIэ, апхуэдэ къэхъункIэ хъуну?.. Е а узым текIуауэ пIэрэ-тIэ къызэфыкIыр сщызыгъэгъупща си дэлъхум хузиIэ гуныкъуэгъуэр?..

Зы махуэ гуэрым сымаджэщ пщIантIэм къыдолъадэри, «Мерседес» щIэрыпс Сэлимэт и щхьэгъубжэ лъабжьэм къыщоувыIэ. Абдеж ирихьэлIэу езыри щхьэгъубжэм дэплъу щытт. Рулыр зыIыгъыр къожри, и дэлъхур зэрысымкIэ бжэр Iуех, кърегъэкI, галстукышхуэ дэлъыр и ныбэшхуэм теупцIэжауэ.

И ныбэр къызэрежьар абыкIэ щIихъумэну хуейми, къехъулIэнутэкъым, и кIэстумри ауэ сытми и блыпкъитIым фIэлъу арщ.

Хуэмурэ къожьэхэри бжэм къыхуаунэтI, рулыр зыIыгъар и ужьым итщ, сумкIэ хьэлъэшхуитIым и Iэхэр ирашэхыу. Сэлимэт и гум Iэ сэмэгумкIэ епхъуэжри, Iэ ижьымкIэ щхьэгъубжащхьэм зытригъэщIащ. И псэм гузэвэгъуиблыр телъщи, и Iэпкълъэпкъ пщыкIутIым къыщежыхь, дунейм теткъым иджыпсту къыщIыхьэнум зыкъигъазэу зэрыIуплъэфын, апхуэдизкIэ гузэрыдзэ хуищIащи.

Сэлимэт апхуэдэ гузэвэгъуэм хэту, медсестрар къыщIолъадэ игъэгуфIэну.

– Сэлимэт! Апхуэдиз лъандэрэ дызыпэплъа уи дэлъхур къэсащ, къыщIыхьэнущ иджыпсту. Зэхэпхыркъэ и туфлъэхэм я щIыкъ-сыкъ макъыр? Сэ сыпежьэнщи къыпхущIэсшэнщ, уэ абдеж щыт закъуэ...

Медсестрар щIэкIыжащ, бжэр Iухауэ къигъанэри. Щытщ, дэкIуеипIэм къыдэкIуеяуэ къыхуэкIуэ Зэчрей хуогуфIэри. Езыри абы гъунэгъу дыдэ къыщыхуэхъум, къыхуэгуфIэ хъыджэбз цIыкIу хъэлат хужь зыщыгъым хупыгуфIыкIри, бжэ Iухар къигъанэри, къыкIэлъыкIуэм щIыхьащ. Зэчрей щыуатэкъым бжэ Iухам зэрыщIэмыхьамкIэ, ар къызыкIэлъыкIуар и шыпхъуратэкъым – Унэ Хужьым къыщыдэлажьэ и ныбжьэгъу сымаджэрт.

Медсестрар къыщIэмыхьэжу къэIэбэу бжэр къыщыхуищIыжым, Сэлимэт и псэм къищIащ и дэлъхур езым и деж къызэрымыкIуар... Ар къызэрыщIэмыхьам икIи иригуфIэрт икIи иригузавэрт. Ауэ иджыпстут абы зэрыдэхуэхар псэкIэ щызыхищIар, къыдэIэпыкъунуи зыри зэримыIэр. Ар щытт щхьэгъубжэм дэплъу, и дэлъхум и машинэр зэрежьэжрэ куэд щIа пэтми...

# Псэм и бэлыхь

Забит и гъащIэ псор бригадиру ихьащ, жыпIэмэ ущыуэнкъым, абы а IэнатIэр щыхыфIидзэжар зауэ нэужьырщ, жьы хъущ, и лъакъуитIыр хузэблэмыхыжу къанэри. Куэд зыгъэхъа, куэди зылъэгъуа лIыжьщ ар, гущIэгъу жыхуаIэр зымыщIэ, зи гум лэрыгъу трищIэжахэм ящыщщ...

Иджы сытым щыщыж, хэлъ-щысщ? КъыщыщIэкIри зэзэмызэххэщ. Махуэ псом ишхар къыдэзыгъэжеижурэ нэху щыху жьэгъуашхэ жэмым ещхь хъуащ: и блэкIар и гум «щегъэныщкIуж». Ауэ и Iум дыдж куэдыIуэ къыфIинэу къыщызэгуигъэпыр нэхъыбэщ, узым тэмакъкIэщI ищIа лIыжьыр псом хуэмыдэу зымыгъакIуэр Бабцинэрэ Саидэрэ я гуэныхьрауэ къыфIощI.

Иджы муслъымэн хъужащ, тоби къихьыжащи, зы жэщ къэмынэу тхьэ йолъэIу гуэныхьу ищIар къыхуигъэгъуну.

Абы нэмыщIыж, ахэр къакIуэурэ къыщIоупщIэ, зы фIы гуэр яхуищIауэ яхуэмыпшыныж нэхъей. Аракъэ къуийм и щIыIу гуэрэф жыхуаIэжыр? Къыхуэщ Iэркъым, жэщи махуи йогупсысри, Iей зрищIахэр къакIуэурэ къыщIыщIэупщIэр. Езыми ахэм яхуэфащэр ярещIэ: и башыр къещтэри, зэкIэлъхьэужьу щIехуж, итIани къокIуэхэр...

Дапщэрэ жриIа и нысэ цIыкIум ахэр къыщIимыгъэхьэну! Нобэ гуэрми къыщыкIуэм, и нысэр щIохьэри, йоупщI и тхьэмадэм:

– Дадэ! Аргуэру къэкIуащ уи щIэупщIакIуэхэр. КъыщIэзгъэхьэн?

– Мыдэ къыщIэшэ! КъыщIэши, тIури бжэ къуагъым къыкъуумыгъэкI.

Езым и щхьэм лъыр дэуеящи, жиIэри ищIэри ищIэжыркъым, къыхупхрыудыркъым, армыхъумэ, псыутхри зырикIыу, и щхьэм лъыр къиунт. И башыжьыр къиштауэ, бжэ къуагъым зыгуэрхэр «къуеукIыхь». – Дапщэрэ вжесIа фэ шейтIан фIыщIэжьитIыр мыбы фыкъэмыкIуэну?! Мэ, фыкъэкIуамэ! Мэ, фыкъэкIуамэ! – «яхукъуелъхьэ» и башыр, езым фIэкI, нэгъуэ-

щIым имылъагъуу бжэ къуагъым къуэтитIым. ИтIанэ, зы плIанэпэм къыдожри, адрей плIанэпэм мажэ (фIызэбгрыж хъунщ и шейтIанхэр), абыи «деукIыхь». ИужькIэ и гъуэлъыпIэм нелъэ-къелъэу, къызэрехуэкIыу щIадзэ...

А псор зылъэгъуа Бабцинэрэ Саидэрэ бжэкъур ерагъыу къагъуэтыжри зэщIэкIэзызэу къыщIожыжхэр. АфIэкIаи трагъэзэжакъым щIэупщIакIуэхэм...

Ар къыщыхъуар зауэ гъэхэрт. Колхозым и тхьэмадэмрэ бригадирхэмрэ я IутIыжт, хабзэ ткIий къэралым къигъэувар зыкъутэр Сыбыр ягъакIуэрт...

Хуабэ хъуауэ, фIанэ къызыхуэIэтыр пщIакIуэ дашырт, ахэм ящыщт Бабцинэрэ Саидэри. Мо хуабэвэхым щхьэкъэIэт ямыIэу ягъэлажьэ сабийхэм куэд яхуэхьынт? Зы махуэ гуэрым плъыржьэру къашэж Бабцинэ. МахуищкIэ лэжьакIуэ дэмыкIыфу хэлъам къыкIэлъос бригадирыр, зэрыхьэлъэр жраIа пэт, и фIэщ мыхъуауэ, Бабцинэ и анэм зыхуегъазэ:

– Хутэ, сигу пщIэгъуу Сыбыр уашэну укъызэрезгъэлам щхьэкIэ, зэпымыууэ пхудэсчыхын уи гугъэу ара? МахуищкIэ лэжьакIуэ щхьэусыгъуэншэу ныдэмыкIар здедгъашэр пщIэркъэ? Сэ сыхуейкъым мы уи хъыджэбз цIыкIу илъэс пщыкIутху фIэкIа мыхъуар абы къыщыщIидзыну, ар си щхьэм фIэсхыну. Абы щыIэхэр сэ схуэдэжкъым, хьэIуцыдз дыдэхэщ, мы уи жьэгъуху цIыкIу Бабцинэ ялъагъумэ, зэрышхыжынщ, апхуэдэщ ахэм яхуэмыгъуэтыр...

– Ан-а-а, Забит, ар дауэ пхужыIа адэ зыщхьэщымытыж си сабий закъуэм щхьэкIэ? Ар хэмыту уэрэ сэрэ...

– Хутэ! АдэкIэ къыпумыщэт! Сэ уэ иджыри ухыфIэздзэжакъым, ар уигу къыумыгъэкIыххэ. Ауэ мы уи жьэгъуху цIыкIури шотым схуидзынукъым. Уэ къыбгурыIуэн хуейщ дыгъужьыжь щынэл зэримыжагъуэр. Аращи, пщэдей щыщIэдзауэ уи хъыджэбз цIыкIур лэжьакIуэ ныдыбогъэкI, махуищкIэ зэрыдэсар сэ зыгуэр хуэдэурэ къезгъэзэгъыжынщ.

А псалъэмакъыр зэхэзыха Бабцинэ игу фIы щыщIэнт? Гузэвэгъуэ щIыIэм ипкъ псор иубыдащ.

Забити куэд дигъэкIакъым, Бабцинэ и анэр жэщым амбарым зэрыщыIэр ищIэу кIуащ абы и пхъум деж. Хъыджэбзым унэм къыщIыхьар щилъагъум, тепIэн тIэкIур зришэкIри, гъуэлъыпIэм къитIысхьащ гъуэгыу. Забит апхуэдэ и щыпэлъагъут? Сабий гъы макъыр и уэредадэт, апхуэдизкIэ есэжати, къэдзыхэн дэнэ къэна, зэрыгъым хуэдэурэ щащыху тIэкIум къыкIуэцIигъэджэрэзыкIри, и IэплIэм къригъэджэрэзащ. Ар иIыгъыу унэ лъэгум къыщыхутащ...

Хутэ шыбзэкъур игъэкIэрахъуэу амбарым здыдэтым, и гур къыхэдзэкъыкIри, шыбзэкъур Iэпыхуащ. Гузэвэгъуэр къыкIэщIэзэрыхьащи, игури и псэри унэмкIэ къоIэ, лэжьыгъэм бгъэдыхьэжыфыркъым. ИтIанэ кIуэри зыгъэлажьэм елъэIуащ сыхьэт ныкъуэкIэ иутIыпщу, и хъыджэбзым деж игъэплъэну.

Бабцинэ зыкъызэрищIэжу къыщылъэтри, щхьэгъубжьащхьэм телъ лэныстэр къипхъуэтащ, арщхьэкIэ зыхуэукIыжакъым. ЕтIуанэу сэр къищтащ, абыкIи зыхуэукIыжакъым. КъыщIожри, кIапсэшхуэ къищтауэ къежыхь, зыфIидзэн имыгъуэту. Къижыхьурэ, я пщIантIэкум ит псыкъуийм щыщхьэщылъадэм, мо мазэгъуэ нэхушхуэм езым и сурэтыр псым къытридзати, къыфIэщIащ ар къепсалъэу: «Апхуэдизу хъийм уикIауэ къыщIэбжыхьыр сыт? Уэрэ сэрэ дызщ, дыкъызэпачауэ, къакIуэ си деж, сэ пщхьэщысхынщ уи гуныкъуэгъуэр. Сэ уэращ сиIэр, уэри сэращ уиIэр». Нур IэдиитI абы къыдригъэжеям ирехьэх Бабцинэри псыкъуийм и лъащIэм щIохутэ...

Хутэ унэм къыщIэлъэдэжмэ, и пхъур щIэсыжкъым. Сэмрэ лэныстэмрэ я лъэужьымкIэ кIуэурэ, кIапсэ кIапэм техьащ, абы иришэлIащ псыкъуийм. Псынэм еплъыхмэ, и пхъур итщ, псым хэту, къыдэкIуеижыну хуежьэху, ехуэхыжрэ псым хэхуэжу. Хутэ пэгуныр ирегъэжэхри, абы иту къыдрешеиж и пхъур, унэм щIешэжри, къэхъуар иIуэтэж зэрымыхъунур, иIуэтэжмэ, тIури Сыбыр къызэрыщыхутэнур гурегъаIуэ.

Бабцинэ зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ Iей щыхъум, и щIалэр къеупщIащ:

– Уэ гу зылъумытэжми сщIэркъым, нэхъ Iей уохъу, е усымаджэщ, е гуныкъуэгъуэшхуэ уиIэщ, пэжыр къызжепIэну сынолъэIу.

– Сызэрысымаджэрэ сыапхуэдэщ, хуэмурэ нэхъыфIи сыхъужынщ, умыгузавэ, – абы къыфIигъэкIыртэкъым.

Я зэхуэзапIэ щыхугъуэ задэм деж здытетым, щIалэр къелъэIуащ аргуэру Бабцинэ:

– Пэжыр къызжеIэ. Фэмрэ къупщхьэмрэ ухуэкIуащ, щIэщхъу гуэр къыпщыщIами умыбзыщI, сэ ар зэи дунейм къытезгъэхьэнкъым. Хьэуэ жыпIэрэ, ухуеймэ нобэ укъэсшэну сыхьэзырщ, уэ уощIэ сэ фIыуэ узэрыслъагъур.

– Сэри фIыуэ узолъагъу, ауэ, тхьэм щхьэкIэ, пIалъэр къыспумыубыд, иджыпсту слъэкIынукъым. ИужькIэ...

ЩIалэм ищIэрт Забит цIыхубзкIэ зэрынэхъуеиншэр, и нэм къыфIэнар къыIэрымыхьауэ гъуэлъынутэкъым, жеинутэкъым. Зауэм зилI хэкIуэда фызабэхэм шынагъэкIэ зыхуейр къаригъащIэрт. Ауэ, абыхэми яблэIэбыкIыурэ, школым щIэс цIыкIухэми и Iэр яхуихь хъуат. Ар псоми къыщащIар, Саидэ и Iуэхур яущэхум-яущэхуурэ, нахуэ къэхъуу хуежьа нэужьщ...

Забит лIы сакът, ищIэрт и псэм куэд къызэрещэр. И закъуэу къыщынахэм, ахэр бгъащхъуэу къыщхьэщыту илъагъужырт, ящыщ дэтхэнэми зыкъридзыхыу дрихьейуэ къридзыхыжын хьэзыру.

Жэщ дапщэкIэ ихъума Бабцинэ и щIалэм Забит и унэр, я куэбжэм пэмыжыжьэу щыт кIарц гъуам и къуагъым къыкъуэту, арщхьэкIэ къыдыхьэжыртэкъым, и  псэм ищIа хуэдэ.

Щымыхъужыххэм, мо щIалэ зэгуэпам, зи лъы къэплъыгъуэм, и губжьыр зэрызыщхьэщихун щимыгъуэтым, жыг гъуар ириупщIыкIщ, Бабцинэрэ езымрэ я зэхуэзапIэм кIуэри, бгым зыщидзыжащ. Забит къэкIуэжу я куэбжэм деж щыта кIарц жыгыжьыр ираупщIыкIауэ щылъу щилъагъум, и гум зыгуэр къедзакъэу и щIэлъэныкъуэр къыгуачауэ къыщыхъужащ. Абы къищIат ар зи Iэужьыр...

Саидэ Бабцинэ и лъэужьым ирикIуакъым, жьы хъухункIэ яхудэмыкIуэу дэсри, иужьым факъырэ гуэр зыхигъэхьэжащ, закъуэныгъэр къыщытекIуэм.

Апхуэдиз лей Забит яриха пэтми, тIум я зыр тIысу тхьэ елъэIуакъым, абы и псэр хэпкIауэ дыгъэлъагъу, жаIэу. Псори Тхьэм илъэгъуащи, Абы унафэ къыхуищIынщ, жаIа фIэкI.

Ара хъунт Забити и псэр гугъу щIехьар. ЩылIэм щыгъуэ щэнейрэ телIыкIауэ жаIэж, и псэр хэмыкIыурэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид

***Хъыбар кIэщIхэр***

## АСЛЪЭН ПЩIЫГЪУМЭ

Дзыгъуащэ ежьауэ губгъуэм здитым, Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ аслъэным Iууащ. Аслъэн домбейм щыIуплъэм, джэдум и псэр IукIащ.

– Усыт лъэпкъ, дэнэ укъикIа? – жиIащ Нэгей и къуэм, и гур къызэрыгъуэтыжа нэужь.

– ЩIым и гъунэм сыкъикIащ, – жиIащ аслъэным. – ГъэпцIэкъуэ мэзым ди лъэпкъэгъу щIэсщ жаIэу зэхэсхырти, лъагъунлъагъу сыкъэкIуащ.

– УкъызыкIэлъыкIуам урихьэлIащ, – жиIащ Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ. – Уэрэ сэрэ дызэрызэлъэпкъэгъур зэхэсхащ сэри.

– Уэ цIыкIужьеймрэ сэри? – игъэщIэгъуащ аслъэным. – Ди лъэпкъэгъухэм фэ нэхъ ятет си гугъати.

– СызэрыцIыкIур умыгъэщIагъуэ, – жиIащ джэдум. – СыцIыкIу щхьэкIэ, сыкъикIуэтынукъым.

– Сыт уи лIыгъэ? – къеупщIащ аслъэныр.

– ЛIыгъэм щIэупщIэркъым – лIыгъэр ягъэунэху, – жиIащ Нэгей и къуэм. – Уи фIэщ мыхъумэ, уи нэгу щIэзгъэкIынщ. Сэ къысщымышынэрэ къысфIэмылIыкIрэ щIэскъым мы мэзым.

Аслъэныр зыщIигъумэ, къыпэувын мэзым зэрыщIэмысыр ищIэрт Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ. И гур игъэину джэдум жиIащ:

– НакIуэ си иужь къиуви, мэзым дыщIыхьэнщ: мыщэри, кхъуэпIащэри, дыгъужьри зэрызгъащтэр уэзгъэлъагъунщ.

– НакIуэ, – жери аслъэныр Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ и ужь уващ.

Аслъэнымрэ джэдумрэ мэзым щIэтурэ, мыщэгъуэ ирихьэлIащ.

– Мыщэжь! – джащ Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ. – Уэракъэ жыхуэсIэр!

Мыщэр гъуэм къиплъу аслъэным къыщыIуплъэм, и цыр уащ.

– ХьэщIэ уиIэщ! – жиIащ Нэгей и къуэм. – Мы си гъусэр щIым и гъунэм къызэрикIар пщIэрэ? Лъагъунлъагъу къытхуэкIуащ.

– Уэуэу! – жиIэу гъуэм къиицIэфта мыщэм къуэм зыдидзащ.

– Уи фIэщ хъуа? Мыщэм и псэр Iусхакъэ!

– Си нэкIэ сымылъэгъуатэмэ, си фIэщ хъунтэкъым, си шынэхъыщIэ, – жиIащ аслъэным.

– КхъуэпIащэми аращ есщIэнур, – жери Нэгей и къуэм аслъэныр иришэжьащ, къуэм дыхьэри джащ:

– КхъуэпIащэжь, хьэщIэ къыпхуэсшащ! ЩIым и гъунэм къикIа хьэщIэ!

Батыргъэн лъабжьэм щIэлъти, аслъэным къыщыIуплъэм, кхъуэпIащэр къэгузэващ:

– Мы слъагъур дэнэ къикIа хьэкIэкхъуэкIэ! Мыра хъунщ дэ кIэ къыдэзытынур!

Зричри, кхъуэпIащэм кIэбгъу зищIащ.

– Тобэ! Тобэ! – жиIащ аслъэным. – КхъуэпIащэри бгъэщтащ.

– А тIум я закъуэкъым згъэщтэнур, – жиIащ Нэгей и къуэм. – НакIуэ, дыгъужьым есщIэри уэзгъэлъагъунщ.

Лы цIынэкIэ зигъэнщIауэ, дыгъужьыр Iуащхьэм телът.

– Дыгъужьыжь! – джащ Нэгей и къуэр. – ХьэщIэ къыпхуэсшащ, егъэблагъэ!

Щхьэукъуати, къызэщыури, и нэм щIэIуэтыхьащ дыгъужьыр, аслъэным къыщыIуплъэм, къыщылъэтащ.

– Уанэ мыгъуэр щытетлъхьа махуи нобэ! – жери дыгъужьыр джабэм кIэрылъэдэжащ.

– Къысщымышынэ мы мэзым зэрыщIэмысыр уи фIэщ хъуа иджы? – жиIащ Нэгей и къуэм.

Аслъэным и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

– Тобэ! Тобэ! Си нэгу щIэбгъэкIар сыт телъыджэ! Фэ уэзмыплъа щхьэкIэ, убэлыхь гуэри уэ! Мис иджы си фIэщ дыдэ пщIащ уэрэ сэрэ дызэрызэлъэпкъэгъур. Сигу зэгъауэ, щIым и гъунэм згъэзэжынущ. Уэ ущытепщэм сэ щысщIэн щыIэкъым, – жери аслъэныр ежьэжащ.

## ХЬЭЩIЭ БЗАДЖЭ

ГъуэгурыкIуэ гуэр, пшапэр зэхэуати, зы пщIантIэ гуэрым дыхьащ:

– Мы унэм нэху сыкъыщекIынщ, – жери.

ПщэфIапIэм фыз къыщIэкIри, къыIущIащ.

– Фи унэ ныжэбэ сивгъэлъын? – жиIащ гъуэгурыкIуэм.

– Езыр дэскъым, мэз кIуащи, и къэсыжыгъуэ хъуащ, унэм ихьи, пэплъэ, – къыжриIащ фызым. – АпщIондэху сэ сыфхуэпщэфIэнщ.

ЛIыр унэм ихьэри, тIысащ. Бысымыр къэсыжащ.

– ХьэщIэ диIи! – жиIащ бысымым. – Ауэ тIум я зыращ унэм дилъ хъунур.

– АтIэ сэ силъынщ, – жиIащ хьэщIэм.

ХьэщIэм зэрыфIэмыкIынур къыгурыIуащ бысымым. КъыгурыIуэри, ебзэджэкIын мурад ищIащ.

– Абы щыгъуэ, – жиIащ бысымым, – дыкъызэдэпкIэнщи, нэхъ жыжьэ пкIэр унэм къинэнщ.

– Хъунщ, – жиIащ хьэщIэм. – Уэ убысымщи, япэ пкIэ.

ЖьантIэм дэувэри, бысымыр пкIащ – бжэщхьэIум нэсакъым. ХьэщIэр пкIэри, бжэщхьэIум фIэкIащ.

– Унэр уэ къыплъысащ, – жиIащ бысымым. – Дышхэнщи, угъуэлъыжынщ.

ХьэщIэмрэ бысымымрэ пщэфIапIэм кIуащ. Фызым Iэнэ къахуигъэуващ.

Iэнэм бгъэдэтIысхьа щхьэкIэ, бысымыр шхакъым: зэ-тIэу едзакъэри, тIысыжащ:

– Мыхъумышхэ сыхъуащи, шхын сщыкIуэркъым нобэ, – жери.

– Сэ сыгъуэгурыкIуэщ, сымэжэлIащ, – жиIащ хьэщIэм, икIи фызым къахуигъэува Iэнэр иухъуэнщIащ, бысымым и гурыIупсыр къажэурэ.

ХьэщIэр шхэри, унэмкIэ игъэзэжащ.

– Мэз нэщI щIэта жыхуаIэращ, шхын щхьэкIэ солIэ, зыгуэр тхуэпщэфI, – жриIащ бысымым унэгуащэм.

– Си хьэзырыр Iэнэм нытеслъхьэри нэзгъэуват, хьэщIэм щхьэ удэмышхарэ? – игъэщIэгъуащ фызым. – Зэ-тIэу ухэIэбэри, щыбгъэтыжащ.

– Теурэзыр къыхукIуэ абы: сэ щызгъэтыжмэ, тэджыжын си гугъащ.

– Мэжаджэ пхуэзгъэжьэнщ, – жиIащ фызым.

– Гъажьэ.

Фызым мэжаджэр игъэжьэну тригъэуващ. Мэжаджэр мыжьэ щIыкIэ, хьэщIэр пщэфIапIэм къыщIыхьащ.

– Жейм уезэгъыркъэ, ди хьэщIэ? – жиIащ бысымым.

– Зыгуэр сигу къэкIыжащи, сигъэжейркъым, – жиIащ хьэщIэм. – ЩIалэ зеиншищ си гъунэгъущ сэ. ЗэхэкIын хъури, зэшищым сраджащ: «Ди мылъкур тхуэгуэш», – жари. Зы танэ, зы мэл, зы бжэн яIэти, яхуэзгуэшащ. Зэрызгуэшам арэзы техъуакъым зэшхэр, зыр зым ефыгъуэжри, зэщыхьэжащ. Щызэщыхьэжым: «ФызэрегуакIуэщ, сыкъевджэн хуеякъым, си унафэм фыкъыщемыувэлIэнукIэ», – жысIэщ, яхуэзгуэшар зэхэстхъуэжри сакъыхэкIыжащ. Мис мыпхуэдэущ зэрызэхэстхъуэжар, – жери хьэщIэм пэрыIэбэр къищтащ, жьэгум дэтIысхьэри, мэжаджэмрэ яжьэ пщтырымрэ зэхитхъуащ. – Хуэфащэр есщIакъэ зэшищым?

Ар жери, хьэщIэр унэм ихьэжащ.

– Хуэфащэр зращIа щыIэмэ, сэращ зращIар, – жиIащ бысымым, хьэщIэр пщэфIапIэм икIыжа нэужь.

## АДЭМ И НЫБЖЬЭГЪУХЭР

Зы пщыжь псэурт, и ныбжь нэсри тIысыжауэ. И зэманыгъуэм зекIуэ ежьэрейуэ щытащ пщыжьыр. ЗекIуэ ежьэн хъумэ, ныбжьэгъу и куэдти, къыдэшэсырт. Абы тетурэ, езыр жьы хъури тIысыжауэ, и къуэр цIэрыIуэ хъуащ: зекIуэ йожьэ, былым къеху, кIэс къехь, къихуамрэ къихьамрэ ныбжьэгъухэм

яхуигуэшурэ, абы цIэрыIуэ ирихъуащ. «Си къуэр сэ нэхърэ нэхъ лъэрызехьэ, нэхъ цIэрыIуэ хъуащ, – жиIащ пщыжьым. – Шу гъусэри и куэдщ, ауэ и шу гъусэхэм сэ си ныбжьэгъухэм я зы лIакъуи яхэслъагъуэркъым. Дауэ къэзумыса хъуну щIалэм и ныбжьэгъухэр?» Абы егупсысурэ, и щхьэр зыхуэкIуар мыращ: махуэ гуэрым, и къуэр дэшэсыкIауэ, пщыжьыр пщIантIэм дыхьэри, зы пхъэдакъэжь щIакIуэм кIуэцIишыхьащ, пхъэдакъэжьыр унэм щIихьэри гъуэлъыпIэ щIагъым щIилъхьащ.

Пщыжьым и къуэр зекIуэ къикIыжащ. Шыр игъэзэгъэжри, и адэм деж щIыхьащ. И жьэпкъым башыр щIигъэкъуауэ, пщыжьыр пIэм исщ нэщхъейуэ. ЩIалэр къеплъри, къэгузэващ:

– Сыт къэхъуар? – жери.

– Си жьыщхьэ лIы къысIэщIэукIащ, – жиIащ пщыжьым. – Хэкур дыбгынэн хуейщ. ДыкъамыщIэ щIыкIэ хьэдэр дгъэпщкIунщи, ныжэбэ дыдэкIынщ жылэм. Дзыхь зэбгъэз хъун ныбжьэгъу уиIэмэ, хъыбар егъащIи, къыддрешэс.

Пщы щIалэр зекIуэ къыдежьэ и ныбжьэгъухэм я деж кIуащ: «Ди адэм мыр къыщыщIащи, жылэм дэкIын хуейщ, гъусэ фыкъытхуэхъу», – жери. Гъусэ къахуэхъун игъуэтакъым щIалэм, щхьэусыгъуэ ящIури къыдагъэкIыжащ. «Былым къыдэптамэ, былым уэттыжащ», – къыжраIащ.

И ныбжьэгъухэм къызэрагъэщIэхъуар щыжриIэм, пщыжьым щIалэм унафэ хуищIащ:

– Си шым уанэ телъхьэ.

Пщыжьымрэ пщы щIалэмрэ жэщым дэшэсыкIащ. И къуэм фIэкI, нэгъуэщI гъусэ ищIакъым пщыжьым.

И зы ныбжьэгъужь деж екIуэлIащ пщыжьыр. ЗэкIуэлIар Тамбийхэти, я лIыжьым иригъэблэгъащ.

– УтIысыжат, сытым укъылъежьа? – игъэщIэгъуащ Тамбийм.

– ЩIэщхъу къысщыщIащ, – жиIащ пщыжьым. – Си жьыщхьэ лIы сIэщIэукIащи, хэкум сикIын хуейщ. Шу гъусэ укъысхуэхъункIэ сыпщыгугъырти, сыкъыщIэкIуар аращ.

– Нобэ жыпIэми, сыхьэзырщ, – жиIащ Тамбий. – Си фызыжьыр згъэкIэсынщи, сыныбдежьэнщ.

Ар и гуапэ хъури, пщыжьыр Къундетхэ кIуащ. Къундетми жриIар аращ.

– Си фызыжьыр згъэкIэсынщи, сынежьэнщ, – къыжриIащ Къундетым.

Анзорхи кIуащ пщыжьыр:

– Мыращ къысщыщIар, гъусэ къысхуэхъу, – жери.

Анзорми псалъэ къыхигъэкIакъым:

– Фызыжьыр згъэкIэсынщи, сыхьэзырщ. Сынызщежьэну пIалъэр къызжеIэ.

И ныбжьэгъужьхэм арэзы къащIауэ, пщыжьыр и унэ ихьэжащ. И гъусэр Тамбийми, Къундетми, Анзорми яригъэцIыхуакъым, пщафIэ щIалэ щIыгъуу фIэкIа ящIакъым щыми.

ПIалъэ щаритам къэсащ Тамбийри, Къундетри, Анзорри, я фызыжьхэр къагъэкIэсри. Фызыжьхэр унэшхуэмкIэ ирагъэблэгъащ, модрей щыр хьэщIэщым ирашащ.

Махуэм щысащ пщыжьым и хьэщIэхэр. Жэщ щыхъум, хьэщIэхэм жаIащ:

– Уэ хэкум уикIмэ, дэри дисыжынукъым хэкум, дызэрыныбдикIынур

бжетIащ. БукIар дыгъэлъагъу, дгъэпщкIунщи, дежьэнщ. Щхьэ зытIэжьэрэ?

– СукIар гъуэлъыпIэ щIагъым щIэлъщ, щIакIуэм кIуэцIышыхьауэ. КъыщIэфхи, феплъ, – жиIащ пщыжьым.

КъыщIахмэ – щIакIуэм кIуэцIылъыр пхъэдакъэжьщ.

– ЛIы сIэщIэукIакъым, нэгъуэщIи сIэщIэщIакъым, ар тхьэм симыгъэлэжькIэ си жьыщхьэ, – жиIащ пщыжьым. – Нобэ лъандэм ди щхьэгъэрытар фцIыхурэ?

– ТцIыхуркъым, – жаIащ пщыжьым и хьэщIэхэм. – Ди щыпэлъагъущ.

– Фи щыпэлъагъуми, и хъыбар зэхэфхагъэнщ: сэр нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ хъуауэ зи хъыбар яIуатэ си къуэращ, мис мы ди щхьэгъэрытырщ, – жиIащ пщыжьым. – ЗекIуэ ежьэурэ, шы-былым къеху, кIэс къехь, абы цIэрыIуэ ирихъуащ. ЩIалэр цIэрыIуэ щыхъум, сигу къэкIащ: «ЗекIуэ дежьэхэм Тамбийхи, Къундетхи, Анзорхи ящыщ хэту слъагъуркъым, мыбы зыщIигъухэм дзыхь зэбгъэз хъун яхэту пIэрэ?» Аращ згъэунэхун мурад щIэсщIар. «ЛIы къысIэщIэукIащи, хэкум дикIын хуейщ, гъусэ къытхуэхъун яхэтынкъэ уи ныбжьэгъухэм?» – щыжесIэм, и зы ныбжьэгъу арэзыуэ къэувакъым. ЩIалэр зыщIызгъури, фи деж сынэкIуащ итIанэ. СыкъэвгъэщIэхъуакъыми, тхьэр арэзы къыфхухъу.

Шы-уанэ зэтелъ зырыз, Iэщэ-фащэ яритри, пщыжьым и хьэщIэхэр иригъэжьэжащ, я щхьэгъусэхэр гуимэкIэ иригъэшэжащ, яхуэфэщэнкIэ етэри.

Пщыжьым и къуэм и ныбжьэгъухэр кIэрыщэщыжащ абы и ужькIэ.

## ЛIЫЩIЭ

Зэшищ псэурти, я Iуэху щIагъуэтэкъым. «Мыр хъункъым, лIыщIакIуэ сежьэнщи, зыгуэр къэзгъэхьэрычэтынщ», – жери зэшищым я нэхъыжьыр ежьащ. ЗыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ, зылI ирихьэлIащ.

– Сэ узгъэлIыщIэнщ, – къыжриIащ лIым. – ЩIыр схуэбвэнщ. ЩIыр вэн бухыху, укъэтэмакъкIэщIрэ угубжьмэ, уи щIыбым фэлъырищ дэсхынщ. Сэ сыгубжьмэ, уэри ар къызэпщIэнщ.

АбыкIэ зэгурыIуащ. ЛIым зы выжь иIэти, выр игъэIущащ: «ЛIыщIэр вакIуэ согъакIуэ, хьэсэбэкъум удэмызагъэурэ гъэгубжь», – жери.

ЛIыщIэр вакIуэ кIуащ. Выжьыр хьэсэбэкъум дэзагъэртэкъыми, тхьэмахуэ дэкIа нэужь, лIыщIэр губжьри, кхъуэхьэнцэр вым трикъутащ. «Ыхьы, угубжьа?» – жери лIым лIыщIэм и тхыцIэм фэлъырищ дихащ, лIыщIапщIи къритакъым, кърихужьэжащ.

Зэшищым я нэхъыжьым къигъэзэжащ, зигъэшауэ пщIантIэм дыхьэжащ. Щхьэгъубжэм къыдэплъри, курытым и щхьэгъусэм жиIащ:

– Уи шынэхъыжьым зыгуэр къехъулIа хуэдэщ, уэри уежьэрэ улIыщIэркъэ.

Курытри лIыщIакIуэ ежьэри, ари шынэхъыжьым и щIыбым фэлъырищ дэзыха лIым Iууащ. Ардыдэр кърихухылIащ курытми. Тхьэмахуэ нэхъ хуэхьакъым абыи: губжьри, хьэсэбэкъум дэмызагъэ выжьым кхъуэхьэнцэр трикъутащ. Курытри кърихужьэжащ лIым, и щIыбым фэлъырищ дихри. Зигъэшауэ ари пщIантIэм къызэрыдыхьэжар илъэгъуащ зэшхэм я нэхъыщIэм и щхьэгъусэм.

– Уи шынэхъыжьитIми зыгуэр къехъулIащ, уэри уежьэмэ, зыгуэр къохъулIэнщ, – жиIащ нэхъыщIэм и щхьэгъусэм.

ШынэхъыщIэр ежьэри, нэхъыжьитIым я тхыцIэм фэлъыр дэзыха лIым деж кIуащ:

– СыгъэлIыщIэ, – жери.

– УзгъэлIыщIэнщ, – къыжриIащ лIым. – ЩIыр схуэбвэнщ, схуэпсэнщ, гъавэр къепхъэлIэжынщ. КIыгуугур къэджэху уи пIалъэщи, апщIондэху угубжьмэ, уи тхыцIэм фэлъырищ дэсхынщ, сэ сыгубжьми, аращ къызэпщIэнур.

ЛIыщIэм ар къриухылIэри, езым выжьыр игъэIущащ.

ЩIалэр вакIуэ дэкIащ. Выжьыр хьэсэбэкъум дэмызагъэ щыхъум, лIыщIэм жиIащ:

– Уешмэ, удыхьэжынкъэ хьэсэбэкъум: сэ сыздэпIащIэ щыIэкъым.

ТIысри щысащ, выжьыр хьэсэбэкъум дэувэжыху: вым хуэгубжьакъым, еуакъым.

ЛIыщIэр къызэрыхуэмыгубжьар лIым жриIэжащ выжьым. «Абы щыгъуэ пщэдей мэз згъэкIуэнщ. Пхъэгур кърилъхьэрэ фыкъежьэжмэ, къуэм укъыхудэмыкIыурэ гъэгубжь», – игъэIущащ лIым выжьыр. Пщэдджыжьым:

– Нобэ мэз кIуэи зы пхъэгу къашэ, – жриIащ лIым и лIыщIэм.

ЩIалэр мэз кIуащ, пхъэгу кърилъхьэри къежьэжащ, арщхьэкIэ вым лъэданэ зригъэнащи, къуэм къыхудэкIыркъым.

– УзэрегуакIуэщ, – жери щIалэр джабэм кIэрыгъуэлъхьащ и гущIыIу дэгъэзеяуэ. Дэплъейри, бгъэ къыщхьэщыхьауэ илъэгъуащ щIалэм.

– Уа, бгъэжь, – еджащ щIалэр, – нышэдибэ шкIащIэ къалъхуауэ сыкъежьащи, мыпхуэдэм деж лъати, мыр схужеIэ: «ШкIащIэр вы хъумэ, къегъэхуи, мобы пэщIэтщIэнщи, пхъэгур къуэм къыдэсшынщ».

Лъэданэ зригъэнауэ къуэм дэт выжьым зэхихащ лIыщIэм бгъэм жриIар. «Къуэм апщIондэху сыдэтмэ, сыдэлIыхьыни!» – жиIащ выжьым игукIэ, къеIэри гур къуэм къыдишащ, къэсыжри лIым хуиIуэтэжащ лIыщIэр къызэрыдекIуэкIар.

«Мы емынэунэ хъуным сытекIуэдэнущ, пIалъэр къэмыс щIыкIэ IузмыгъэкIыжмэ», – жиIащ лIым. КIыгуугур къэлъэтэжрэ къаджэмэ, арат я пIалъэри, «си лIыщIэм себзэджэкIынщ» жери лIыр жыгыщхьэм итIысхьащ, кIыгуугу макъ зищIри къэджащ. Пхъэ икъутэу щIалэр пщIантIэм дэтти, «кIыгуугум» джыдэр ириутIыпщащ:

– КIыгуугу къэлъэтэжыгъуэ мыхъу щIыкIэ дэнэ укъикIа! – жери. Джыдэм лIым и нэр крихуащ.

– СыбоукI, уанэ мыгъуэр тезылъхьэн! – жери лIыр жыгым къехыжащ.

– Джыдэр зэзутIыпщар уэракъым, кIыгуугуращ, – жиIащ щIалэм.

– КIыгуугу мыгъуэр уэзгъэщIынщ! – жери лIыр губжьащ.

– Ыхьы, угубжьа? ЗэдухылIар пщIэжыркъэ!

ЛIым и щIыбым фэлъырищ дихщ, лIыщIапщIэр гум крилъхьэри, къежьэжащ щIалэр.

## АХЭРИ НЭХЪ ЩIАГЪУЭКЪЫМ

ЗылI, и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ зыщIигъури, мэшых кIуащ, Шэджагъуэ хъури, я гъуэмылэр тхьэрыкъуэф Iэнэм къытралъхьащ.

– Псы къэсхынщ, – жери я пхъур псыхьэ кIуащ.

Хъыджэбзыр къыщыгувэм, лIыр гузэващ.

– КIуэт плъэт: щхьэ къэгувэрэ? – жери лIым и щхьэгъусэр я пхъум кIэлъигъэкIуащ.

Фызыр псы Iуфэм Iухьэмэ – и пхъур магъри жыг щIагъым щIэсщ.

– Щхьэ угъурэ, сыт къэхъуар? – къэщтащ ар.

Хъыджэбзыр зэщоджэ.

– СыдэкIуэрэ щIалэ цIыкIу къэслъхумэ, дадэ мэшых къыздишэнщ, псыхьэ къигъакIуэмэ, мы жыгым дэпщеинщ. Къехуэхмэ, и щхьэр зэгуиудынкъэ! Аращ сыщIэгъыр, – жиIащ пхъум.

– А сымыгъуэт! – жери фыз гуэрыр гъыуэ тIысащ.

И пхъумрэ и щхьэгъусэмрэ къыщыгувэм, лIыр якIэлъыкIуащ. Зэанэзэпхъур гъыуэ ирихьэлIащ лIыр.

– Сыт къэхъуар? Щхьэ фыгърэ?

– Къэхъуам ущIэмыупщIэ, – къыжриIащ и щхьэгъусэм. – Дыунэхъуж пэтащ! – ЩIэгъыр къыжраIащ.

И щхьэм щIэтIахъуэри, лIым къыIуигъэзыкIыжащ.

– Сэ фэ тIум нэхъ делэ сримыхьэлIауэ къэзгъэзэжынкъым! – жери лIыр гъуэгу техьащ, и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ мэшым къыхинэри.

Гъуэгу техьауэ здэкIуэм, къуажэ ирихьэлIащ, къуажэм дыхьэри зы хьэщIэщ ихьащ. ХьэщIэщым здисым елъагъу: нысащIитI лэгъунэм къыщIокIри пщэфIапIэм щIохьэ, пIастэ бэлагъыщхьэ къащтэри лэгъунэм ягъэзэж. Апхуэдэххэщи, лэгъунэмрэ пщэфIапIэмрэ яку итщ нысащIитIыр. ЛIыр щIэупщIащ:

– Сыт фызыхэтыр? – жери.

– Дызыхэтыращ, – къыжраIащ нысащIитIым, – дыпщэфIащ, пIастэ шыуаныр пщэфIапIэм щIэтщ, шатэр лэгъунэм щыIэщи, пIастэ тхьыурэ дыдошх.

– Догуэ, – жиIащ лIым,– шатэр пщэфIапIэм фхьымэ, нэхъ Iуэху зэфIэкIкъэ?

– Ар дигу къэкIакъым: дауи, нэхъ Iуэху зэфIэкIщ! – гуфIащ нысащIитIыр, шатэр пщэфIапIэм яхьри, пIастэ шыуаным етIысылIащ.

«Ди унэ исхэм нэхърэ нэхъ щIагъуэкъым мыхэри», – жери лIыр ежьэжащ. Гъуэгу техьэжауэ здэкIуэм, нэгъуэщI къуажэ дыхьауэ, уэрамым цIыху Iув щрихьэлIащ лIыр: цIыху Iувым я пэ зы хъыджэбз итщ, и Iэм кхъуэщын сокурэ фIэIуауэ.

– Мыр дэнэ фшэрэ? – щIэупщIащ лIыр.

– Iэзэм деж дошэ, – къыжраIащ. – И Iэр кхъуэщыным къинащи, Iэзэ къедгъэплъынущ. И дэкIуэгъуэщ: унэхъужакъэ, и Iэр кхъуэщыным къинэмэ!

– Мывэ къафщтэрэ кхъуэщыныр фкъутэмэ, хъунукъэ?

– Ар дигу къызэрымыкIа! – гуфIащ цIыхухэр, мывэ къащтэри кхъуэщыныр якъутащ.

«Мыхэри нэхъ щIагъуэкъым», – жери лIыр ежьэжащ. НэгъуэщI зы къуажи дыхьэри ирагъэблэгъащ. ХьэщIэщым здисым, унэIут хъыджэбз къыщIэупщIащ лIым:

– Гуащэм сыкъиIуэхуащ: дэнэ укъикIрэ, сытым укъытекIухьа?

– ХьэщIэр махуищкIэ имысауэ къызытекIухьам щIэупщIэркъым, – жиIащ лIым. – ФыкъыщытричкIэ, сыкъыздикIар вжесIэнщ: хьэдрыхэ сыкъикIащ.

– Ди хьэщIэр хьэдрыхэ къикIащ! – жери унэIут хъыджэбзыр гуащэм деж щIэлъэдэжащ. Гуащэр гуфIащ, зиIэтри хьэщIэм деж кIуащ.

– Хьэдрыхэ укъикIар пэж?

– Пэжщ, – жиIащ лIым.

– Си тхьэмадэжьыр нэгъабэ дунейм ехыжащ. Ярэби, уримыхьэлIауэ пIэрэ, къыпIэщIэлъэгъуагъэххэ?

– СрихьэлIащ, – жиIащ лIым. – Махуэ къэси солъагъу. Чэзур къылъысауэ, пщэдей жэнэтым ирагъэтIысхьэнущ. Игу къеуэ щыIэкъым, и цейр зэрылэжьам фIэкI.

– ГъуэмылэкIэ сыт хуэдэ? – къеупщIащ лIым гуащэр.

– Гъуэмылэри къыIэщIэухащ, – жиIащ лIым.

– А дыдыд мыгъуэ, ди напэр текI пэтаи! – жери гуащэм игъэпщэфIащ, гу зэщIригъащIэри гъуэмылэр гум из ищIащ, цеи, щIакIуэ-бащлъыкъи, лъахъстэн мести къыщIигъужри, лIыр кърригъэжьэжащ. – Си тхьэмадэжьым

хуздэшэ, езыр къытхуэарэзымэ, дэ дыхуэарэзыщ, зэрыдмылъагъум нэхъ гукъеуэ диIэкъым. Пщыр зекIуэ кIуащи, нобэ-ныжэбэ къэсыжынущ. Пщыр ныбдэкIуэтэнт, кърихьэлIэжамэ.

«Нэхъ делэжым срихьэлIащ», – жиIащ лIым, гублащхьэм дэтIысхьэри.

ХьэщIэр ежьэжа къудейуэ, пщыр къэсыжащ.

– Мыращ–моращ, – жиIащ гуащэм, – хьэдрыхэ къикIа хьэщIэ диIащ, едгъэжьэжа къудейщ, си тхьэмадэжьым гъуэмыли щыгъын фэилъхьэгъуи хузогъашэ.

Пщыр хьэщIэм кIэлъежьащ, шэсыжри. ЩIыхьэри еджащ:

– Тхьэм и нэфI зыщыхуэн! Гублащхьэм удэсу хьэдрыхэ нэс дауэ укIуэжын, уздэкIуэжми сыт къытхужаIэн: си хьэтыр къэлъагъуи, си шым шэс.

ЛIым шы IумпIэр IэщIилъхьащ пщым.

– Уи хьэтыр слъагъунщ, – жиIащ лIым, шым шэсри ежьэжащ, гум бгъурыувэри.

«Ди унэ исхэм нэхърэ нэхъ делэ Iэджи щыIэщ», – жери игу зэгъауэ, лIыр и пщIантIэ дыхьэжащ.

## ЖьантІэ



# Пасэу тхэн щІидзами…

*ЩакІуэ Талъостэн 1890 гъэм Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы усэн щІидзащ революцэм и пэ илъэсхэм, ауэ къэбэрдей тхыбзэр зэрызэфІэмыувам къыхэкІкІэ, а зэманым итхам я нэхъыбэр фІэкІуэдыжащ. 1923 гъэм и пэщІэдзэхэм Талъостэн «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и корреспонденту Къэшэж ТІалиб, Къуэжей Сосрыкъуэ, Къущхьэ Ибрэхьим сымэ ядэлэжьащ. Ди тхыбзэр зэфІэува нэужь, абы и ІэдакъэщІэкІхэр къытехуэу хуежьащ «Къэрэхъэлъкъ» газетым.*

*1918 гъэм Дзэ Плъыжьым хыхьэри, ЩакІуэр абы хэтащ граждан зауэр иухыу Совет властыр Къэбэрдейм щыувыху. 1920–1923 гъэхэм егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр курсхэм щеджащ. 1924 гъэм Талъостэн щІэтІысхьащ журналистхэм папщІэ Ростов дэт илъэс еджапІэм. Ар къиуха нэужь, аргуэру газетым щылэжьащ.*

*1930 гъэм ЩакІуэм къеух сатум и унафэщІхэр щагъэхьэзыру Ленинград дэт еджапІэр. ИужькІэ Къэббалъкъпотребсоюзым щолажьэ. 1932 гъэм тхылъ тедзапІэм мэуври, зы илъэс нэхъ дэмыкІыу и поэмэр къытохуэ «Япэ лъэбакъуэ зычахэр» жыхуиІэ тхылъым.*

*1937 гъэм ЩакІуэр НКВД-м игъэтІысри, илъэсиплІкІэ щысащ. Зауэ зэманми ар аргуэру гъэрэщым къихутащ, нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм яхуэлэжьэн зэримыдам къыхэкІкІэ. Нэмыцэхэр щрагъэкІуэтым, гъэрэщым щаІыгъхэр зэтраукІэу хуожьэ. Ауэ, и насып кърехьэкІри, цІыху гуп и гъусэу Талъостэн къыщІопхъуэж. Ди хэкум бийр ирахужа нэужь, ар жыджэру яхэтщ газетыр къызэзыгъэпэщыжхэм, 1943 гъэ пщІонди абы щолажьэ. Ауэ ЩакІуэр аргуэру ягъэтІыс. 1949 гъэм Къэзан лъэхъуэщым щигъуэта фэбжьым и зэранкІэ, ар илъэсипщІкІэ Іэрызехьэу, къэмытэджыфу пІэм хэлъщ.*

*1956 гъэм СССР-м и Суд нэхъыщхьэм ЩакІуэр хей ещІыж япэуи, етІуанэуи щІагъэтІыса ІуэхухэмкІэ. Апхуэдэу ар хагъэхьэж 1934 гъэ лъандэрэ зыхэта партми, СССР-м и ТхакІуэхэм я союзми.*

*ГъащІэм и бэІутІэІу куэд зыгъэва ЩакІуэ Талъостэн адыгэ литературэм хилэжьыхьыфыну щытар, ди жагъуэ зэрыхъущи, лъэныкъуэкІэ къэнащ. Абы къыдигъэкІар тхылъищ къудейщ.*

*ЩакІуэ Талъостэн Исхьэкъ и къуэр дунейм ехыжащ 1972 гъэм.*

ЩАКIУЭ Талъостэн

## ШЭДЖЭМЫЖЬ IУФЭ

Шэджэмыжьыр
        ИжькIэ ябгафэт,
Уэ и бгъафэм
        ЖылитI дыщIалъхуэ.
Дызылъхугъэр
        Къэрэхьэлъкъ унэт.
Дыунэнут,
        Гъуэгу къыдамыт.
Гъэм долIыщIэ,
        Тумэн къыдат.
Ар подэтым
        ПыдогъэтIыс.
Ди гъэ Iусыр
        ЩIыхуэу къыдощтэ,
Бейм бэджыхъыу
        ДызэщIищтащ...
Пащтыхьыжьым
        И хьэжь гъэшхахэр
Старшинауэ
        Къытхуагъэлъагъуэ,
ЖылагъуитIыр
        Дызщагъэгугъыр
Алътудокъуэу
        Хьэцу лъэбышэт.
Хьэцу лъашэр
        Уи шыбгырыст,
Къуажэ Iуэхум
        Ар хунэмыст.
Сабэ щхьэлти,
        Пощтзешэ гъуэгум
Гу техьамэ,
        Пшагъуэу зеIэт.
КъытIуроуэ,
        Зыхеуэ ди гум,
Ди тхьэмбылым
        Жьэн уз егъуэт.
Уэрам зэвхэм
        Унэуэ тетхэр
ЩIым хэтIауэ
        ХуэятIэ лъэгущ,
Чы-бжэгъу блыным
        И зэхуэдитIым
ПкъоуитI хэтщи,
        ПщэфIапIэщ, жьэгущ...
Шэрхъ дэпкIакIэ
        ЩIытIыжь бэнзэвхэм,

Выми лIыми
Худэмыгъэк I.
Куэншыб фахэм
Къахих мэ Iувым
Iур еубыдыр,
УблимыгъэкI...
*1917*

## ЩIАСЭ

ЩIасэм ухуеймэ,
фIыуэ плъагъу пщащэм пэIэщIэ!
Уи гур къолъэIукIи,
ар зыщIэхъуэпсхэр хуумыщIэ!
ХамэхукIэ, щIасэм
малъхъэдис щIыкIэу уехьэху.
Ар псэм и хуабэщ,
гупсысэ закъуэу зепхьэху!
Нэм пэщIэхуамэ,
сыт хуэдэ Iуэхури щэхужкъым,
Уи Iэм къихуамэ,
щIасэр уэр папщIэ щIасэжкъым...

I

ЩIасэр зищIысыр
къищIэну си псэр мыпыIэ.
Iууэну фIэщIмэ –
си гум «нэгъазэ!» къызжеIэ.
Сыт техьэ-текIыу
си псэри сигури щIипкI-щIилъыр,
Сыт малъхъэдису
сызщIишэу щIасэм нэхъ хэлъыр,
Сыт апхуэдизу
сигу зыхуилъэту а щIасэр,
Нэкурыс вагъуэу
нэрымылъагъуми си гъусэр?
Пэжщ ар си гъусэр,
спэIэщIэхункIи нэхъ благъэр.
Укъэмынэжмэ,
жэщ нэхъ гъуэхсэхми хэслъагъуэр.
Ар хэт а щIасэр?
Ар пщащэу пIэрэ е хур?
Е сыт зищIысыр –
А пщащэм щхьэщихыу щыт нур?

II

Зыкъомым щIасэм
«ар лъагъуныгъэщ» хужаIэ.

Хэти, «ар нурщи,
        уи гур етхьэкъур» къызжаIэ.
Хьэуэ, жызоIэ:
        ар нурми, хурми сызщIешэ
Си гум хыхьауэ
        Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр зэхуешэ,
Сешэ слъэмыкIыу,
        сэ си пIэм бжьизкIэ симыкIыу.
МакIуэ езыри,
        лъэмбытIкIэ сяпэм имыкIыу.
Ауэ, щIым нэскъым,
        ар хьэуам хуэму хосыкI.
СыщIохьэ, сопхъуэ,
        бахъэу си Iэгум йосыкI.
Си макъым къихькIэ
        «щIасэ!» жызоIэ, сокIий.
Мы жея пщIыхьыр
        зэ къыптекIуамэ, сыту ткIий.
Сыту лъэщ а щIасэр,
        аслъэну уетхъри Iуэху пщыхъум.
Сыту ещхьыщэ
        мэракIуэ фэпсу пкъуз мыхъум...

III

Зэгуэрым силът сэ
        дахэм и куэщIым гууэщIу.
А тхьэIухудри
        къысщыгуфIыкIырт гумащIэу.
Сыхуэнэпсейуэ
        Зэпызоплъыхьыр сэ пщащэр:
Зэхэлъщ ар нуру,
        хуру, хъыджэбзу дахащэр...
Си гум сфIыжеIэр:
        «Мыбы ухуеймэ, пэIэщIэт.
Сэ сынолъэIукIи
        СызыщIэхъуэпсхэр схуумыщIэт.
Гупсысэ закъуэу
        зепхьэхукIи щIасэр щыIэфIыр,
Ар гухэлъ щэхуу
        пхузехьэу щытми нэхъыфIыр».
Хьэуэ, щэхужкъым,
        си нэм къищтакIэщ а нурыр,
СхуэутIыпщыжынкъым,
        уэгум къихуакIэщ а хурыр.
Арти, сымыщIэу
        сызщIэзышар сэ, а нагъуэр,
Си гум нэхулъэу
        къыщилъэтыхьу ит вагъуэр,
А зэфэзэщу
        малъхъэдис защIэу зэхэлъыр,

Мис, насып тыгъэу
гъэр къысхуэхъуауэ сIэщIэлъыр,
Iэпкълъэпкъ пщыкIутIым
хуэшыр хэкIыу къысфIощIыр,
Си бзэри нэхъ хуиту
хъужауэ дахэм соупщIыр:
– Ухур уэ хьэмэ
ущIасэ?
КъызжеIэ, кхъыIэ.
Езыми жеIэ:
– УщIасэм, сэри сыщIасэщ!..

IV

Чэф гукъыдэжу,
Iэджи сIыгъыу зэгуэр
Хадэ ихьэпIэм
сыщегъэувыIэ фыз гуэр.
Нагъуэ пIащитIым
нэпсыр къыщIэхуу къызоплъ,
ЦIыхуу зэблэкIыр,
Iуэху дащыхъуауэ, къыдоплъ.
IэщIэлъ сабийри
езыри фаджэщ, ныбаджэщ.
Укъэмынэжмэ,
а сэ слъагъуитIыр сымаджэщ...
ЦIыхубзым и нэгу
сызэриплъэххэу, созджыздж.
ЗыIуезгъэхынути,
цIыхухэм хузощIыр Iулыдж.
Сыт апхуэдизу
сыщIыфIэлIыкIыр а нитIым?!
Сыт хузиIуэхур
мыбдеж си пащхьэм къититIым?!
Хьэуэ, хур пэщIу
щыта цIыхубзым къызжеIэ:
– ПщIэжрэ бжесIауэ
ущIасэм, сэри сыщIасэу,
Хэт зи унэхъугъуэу
уэ нобэ гуэрым бгъэщIасэр?!
Ухейм улъэщщ, жи,
фызым и Iуэхур къащIащ.
Псалъэ жамыIэу
нэкIэ си судыр ящIащ...
Мис а сыхьэтым
щIыр зэгуэчамэ, сихьэнт,
ЕмыкIу пшыныжу
си щхьэр шэсыпIэ ислъхьэнт.



# Псэм и хъуаскIэхэр

*Ди лъэпкъ литературэм лъапэ махуэ къыхичэу, абы езым и лъагъуэ щыпхишыну япэ дыдэу яужь ихъахэм ящыщт Махъсидэ Залымхъан. Акъыл жан, хъэл-щэн дахэ, псэ щабэ зиIэ цIыху щыпкъэм и тхыгъэхэм пэжагъ ин хэлъу къыщигъэлъэгъуэжащ а лъэхъэнэм псэуа цIыхухэм я IуэхущIафэ дахэхэр, я хъуэпсапIэхэр, я гурыщIэ щэхухэр, я гур зыгъэхыщIэ Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым», «Хабзэжь удын», «Хьисэ и махуэ блэкIахэр» рассказхэр. Иужьрей рассказыр ди адыгэ прозэм и фIыпIэхэм ящыщу къалъытэ. Залымхъан и Iэдакъэм къыщIэкIащ, дунейм къытемыхьами, нэгъуэщI рассказ зыбжани. Ахэр цIыхухэм я пащхьэ кърилъхьэну хунэсакъым тхакIуэ, журналист, публицист Iэзэр: пцIы къыкIэральхьэри, 1937 гъэм и январым ягъэтIысащ. УкIкIэ и судыр ящIэри, пIальэ къыхамыгъэкIыу а унафэри ягъэзэщIащ.*

*Махъсидэ Залымхъан БытIу и къуэр 1910 гъэм ХьэпцIей (Хьэмидей) къуажэм къыщалъхуащ. Абы Мало-Къэбэрдей мэкъумэш техникумыр къиухри, ЛУГ-м и къудамэхэм ящыщ зым – педагогическэ техникумым – щIэтIысхьащ. ИужькIэ щеджащ журналистхэр щагъэхъэзыру Ленинград дэт институтым. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, цIыху хэтыкIэ дахэ зиIэ щIалэ зэпIэзэрытыр «Ленин гъуэгу», «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм, радиокомитетым къызэрыгуэкI лэжьакIуэу, отделхэм я унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу, унафэщIу щылэжьащ. Рассказхэм нэмыщIкIи, абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ, гупсысэ куукIэ гъэнщIа художественнэ очеркхэр, статьяхэр, критическэ тхыгъэхэр.*

*Махъсидэ Залымхъан и художественнэ тхыгъэхэр нэхъыбэу теухуащ къэбэрдей литературэм 20–30 гъэхэм и темэ нэхъыщхьэу щыта граждан зауэмрэ зэманыжьымрэ. Абы бгъэдэлъ зэфIэкIхэр къалъытэри, ар хагъэхьауэ щытащ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым.*

*ЗылI и гъащIэ къигъэщIамэ, Залымхъан куэд хузэфIэкIыну зэрыщытам шэч хэлъкъым. Илъэсищэ ипэкIэ дунейм къытехьа тхакIуэм и тхыгъэ мащIэхэри ноби ди литературэм щолыд абы и псэ къабзэм къыпиха хъуаскIэхэмкIэ.*

МАХЪСИДЭ Залымхъан

# Хьисэ и махуэ блэкIахэр

## Рассказым щыщ пычыгъуэ

Махуэр уэмщ, дыгъэр мэжьэражьэ; зы пшэ Iэрамэ цIыкIу уафэм щыплъагъуркъым.

Бадзэхэр Iэрамэ-Iэрамэурэ жэм щхьэщыгухэм щызэрызехьэрт. ЦIывыным къагъэгубжьа Iэщ гужьеяхэр бжьакъуэкIэ, кIэкIэ зэбэдзэуэжхэурэ ешхэрти, лъэныкъуэ псомкIи зэбгрыжхэрт. Ар зэщхьыр Iэхъушэм ику дыдэм хьэIуцыдз гуэр къыщыхьейуэ къигъэщта хуэдэт. Iэщхэм уакIэлъыщIэпхъуамэ, уалъэщIыхьэртэкъым, ущIэкIиями укъызэхащIыкIыртэкъым, уакъыфIэщIыххэртэкъым. Зэрызехуэхэурэ Iэхъушэр псыхъуэм зэрыдэхуэрт. Iэщхэр псым хэту тIэкIу мамыр щыхъур арт сэ си зыгъэпсэхугъуэри.

Нобэрей махуэр зыкъомкIэ нэхъ гугъужу къыщIэкIащ: нышэдибэ сшхын лъэпкъ къызамыту, тIэкIу сызэрыхэжеям папщIэкIэ къысхуэгубжьщ, къысщIэкIиещ, си пщэми фIыуэ хуищIэу зэ къыдэуэгъуэ къыдалъхьэри сикъыдагъэкIащ. Си щхьэр уназэрт, си макъым къикIыж щыIэтэкъым, жэмхэм удз цIынэ шэпс къызыщIэжыр зэрашхым си гурыIупсыр абы хуэдизкIэ къигъажэрти, сымыщIэжурэ удз жьэдэслъхьэу щызгъэнысщкIуи къэхъурт. ШхынкIэ зэджэм щыщ зыгуэр иджыпсту къызатыну сщIамэ, сымыщIэн щыIэтэкъым. Къуажэр жыжьэт, сыкъэкIуэжами, Бэгъудзэ сыкъимыщIэну Iэмал иIэтэкъым. Сэ куэдрэ сыщысащ сыгупсысэу, ауэ сщIэнур къысхуэщIакъым, щымыхъужым, сыкъэтэджри зыкъомрэ сыщытащ, си башыжь тIэкIур сщIэгъэкъуауэ. ИтIанэ тIэкIуи къэскIухьащ.

Нэхъ хуабэ къэхъуащ. Iэщхэми зэхэзежэр щIадзащ. Абыхэм я зэтегъэсабырэжыным къысхуэнэжа си къарури тезгъэкIуэдэжат.

Сеша-селIауэ, си щхьэр къэсIэтыф къудейуэ, си лъакъуэхэр ебэ-ещIу, си тэмакъым бжьэхуц икуда хуэдэу, пщыхьэщхьэм сыкъэсыжри былымыр Iуэм изутIыпщхьэжащ. Ауэ абыкIэ зэфIэкIатэкъым: жэмхэр къезгъэшын хуейт. Пкъом зыкIэрызгъащIэм, зэзэмызэххэ хуит сыщыхъум сетIысэхыурэ, жэмхэр шын яухащ. ШкIэхэм щIэфын щIадза къудейти, къэзышахэм дэщIыгъуу сэри Iуэм сыкъикIыжащ.

Уэздыгъэ зыщIэгъэна унэ зыри зыщIэмысым сыщIыхьэри, шэнт щIэтым ерагъкIэ сытетIысхьащ, гъуэлъыпIэм си нэр тедияуэ сеплъурэ. Си лъакъуитIыр щIэкIэзызыхьырт, си Iэпкълъэпкъыр Iейуэ ешати, слъэмыкIыу шэнт къуапэхэр быдэу субыдащ. Зэрыхъуар сымыщIэу сыIурихащ.

... Хьэлэмэтыщэу дунейм зихъуэжащ: махуэр хуабэщ, ауэ жьы тIэкIу къепщэм гум фIыуэ зрегъэгъэпсэхур; губгъуэшхуэ дахэм ит удз щхъуантIэр зэдэууэ зэдохъейхэр, зыщIыпIэкIэ ещIэм, мыдреймкIэ къещIэурэ. А удзхэм зы къэрэкъури хэплъагъуэркъым. ДэнэкIэ уплъами, удз гъэгъа дахэхэр къахощ: хужь-быриб, плъыжь-зэщIэлыдэ, щхьэ хъурей дахэхэр, гъуэжьхэр, къуэлэнхэр, Iэрамэ-Iэрамэ зэмыфэгъу Iэджэхэр нэм къыщIопщыпщIэ. Зы жэм закъуэми и кIэр игъэкIэрахъуэркъым, псори мамырщ, щыму зэдохъуакIуэхэр. Си щIакIуэ гъуабжэжь цIыкIум сытегъуэлъхьауэ дунейм и щытыкIэ дахэм сыдихьэхауэ зыдызощI. Си щхьэщыгум къуалэбзу гъэщIэгъуэнхэм уэрэд дахэхэр щыжаIэ. Абыхэм жаIэр зы уэрэдкъым – уэрэд зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ мэхъу. Сэ абы, малъхъэдисым гъущIыр зэрызришалIэм хуэдэу, сызыIэпешэ. Уэрэдыр сэри ядыжысIэу щIызодзэ. Бзухэр нэхъыбэ къохъу, нэхъри си гъунэгъу защI. Мис ахэр иджы сэ къызбгъурытщ, я уэрэдхэр нэхъри щIагъэхуабжьэ. Сылъэтауэ абыхэм садэщIыгъуу хьэуам сыхэтщ. СогуфIащэ, сигуми жеIэ: хуит сыхъужащ, сехъулIащ... Абы хэту мыжыжьэ дыдэу фоч уащ. Къуалэбзухэм ящыщу

къызбгъурынэжар зытIущт. Абыхэм садэщIыгъуу псынщIэу сыкъолъэтэхыж. ЩIым сыкъыщысым, си плIэр Iейуэ зыгуэрым къигъэузащ... Си нэр псынщIэу къызэтесхауэ сыкъыщыдэплъейм, си нэкIум уафэр къыщыхъуэпскIащ. Сыкъыщылъэтри, Гъулэ Бэгъудзэ и IэштIымымрэ бзаджэ къыстритхъуэнумрэ къыспигъэуващ:

– ХьэIуцэм къилъхуа! Къэбублаи уэ хабзэфI. ШкIэхэр щIумыдзыжу нэху къебгъэкIыну ара уи мурадыр? Сэ ныщхьэбэ лъандэрэ «Хьисэ, Хьисэ» жысIэурэ сешащ. ГъукIэлIхэ фызэрыпсэуар абы хуэдэу къыщIэкIынщ, хьэIуцэм къилъхуа!

Абы хэту аргуэру Бэгъудзэ и IэштIымыр зэ къыскъуидзэри, си нэм лъы къытелъэдауэ, Iуэм силъэдащ.

## II

Си адэ Хьэмид зэрыцIыкIу лъандэрэ «насыпу» иIар лIыщIэн зэпытт. Иужьрей дыдэу Хьэмид Къардэн Хъулей и деж мэлыхъуэу щылажьэу щытащ. Хьэмид и ныбжьым унагъуэ пщыкIутхум я деж щылэжьащ. Абыхэм ящыщ зыми Хьэмид лэжьапщIэр хьэлэлу къратакъым. Ар дэнэ къэна, и Iуэхур зыIутым щIэупщIэну хуежьэмэ, здэщыIэ бынунагъуэр къежэрти, псалъэ жрамыгъэIэу къыдахужырт.

– Ан-на, сыт къыпщыщIар? – жиIэри щтэIэщтаблэу ди анэр Хьэмид еупщIащ.

Хьэмид и нэщхъыр зэхэукIат, сабырт, еплъых фIэкIа, и нэкIу ущIигъаплъэртэкъым.

Ди анэр аргуэру еупщIащ. АрщхьэкIэ зыри жиIэртэкъым. Хьэмид зыри къыщыхуимыIуатэм, ар Iейуэ нэщхъейуэ зэрилъагъум къыхэкIкIэ, хуэмышыIэжу ди анэм гъыуэ щIидзащ, сэри «сыдежьууэ» сыхуежьащ.

– Куэдрэ умыкъугъ, иджыпсту диIэ псори зэхэлъхьи, сшхын тIэкIу Iэмал схуэщIэ...

Абы хэту нанэ тIэкIу къэгуфIэжащ, ауэ Хьэмид адэкIэ къыжиIэу хуежьам ди анэр игъагъыжащ.

– Ныжэбэ сэ мы унэм нэху сыкъыщекI хъунукъым, къыбгурыIуа? Умыгъ, зыгуэрым дызэхебгъэхынщ. Сэ иджыпсту мыбы сызэрыщIэтри зыми къищIэ хъунукъым... Сабыр.

Си анэр ерагъкIэ зэтеувыIэжащ.

– Сэ, Iэмал зэрызгъуэткIэ, сыкъыбдэIэпыкъунщ, ауэ уэри Iэмал зэрыбгъуэткIэ хьэрычэт щIэ. Хьисэ щIалэщ, ауэ сыт тщIэн, зыгуэрым и деж лIыщIэу Iуреувэ...

Абы фIэкIа зэхэзмыхыу сэ жеиным ситхьэкъуащ, сыт сымыщIэми, ар зытезмыгъэкIуэн слъэкIакъым.

Ауэ а пщыхьэщхьэр сэ сигу икIыжакъым. Ар сигу къэкIыжмэ, сыкъоскIэри сызэгуэуду сыхуожьэ, къыщыхъуи щыIэщ пщIэнтIэпсыр къыспыжу сыкъанэу. Ауэ иужькIэ къэхъужахэр сигу къызогъэкIыжри, си гум хэхъуэ иIэщ, сыгуфIэу пщэдей махуэм сыхуэпабгъэу сохъу.

А пщыхьэщхьэ лъандэрэ илъэс ныкъуэм щIигъуат. Зы мазэ закъуи фIэкIа хуэмычэму а зэманым сэ Бэгъудзэ и деж сыщылажьэрт.

Бэгъудзэ арыххэу къэгубжьырти, къызэуэу щIидзэрт. Сиубэрэжьурэ еша нэужьым, и бгъэм Iэ дилъэурэ къызбгъэдэкIыжырт. Дапщэрэ къызэуами, ар си адэм техуэ фIэщIырт, сэ хьэкъыу нэрылъагъу къысщыхъурт абы и гум жьы зэрыдихужыр. Бэгъудзэ иужьрей зэманми куэдрэ къызиIуэкI хъуащ сыкъыIуихужыныр. «Сыт ар къызыхэкIыр?!» – жысIэрэ сеупщIамэ, мырт и жэуапыр:

– ГъукIэлIхэ уэ нэхърэ нэхъ щхьэхынэ яхэту слъэгъуакъым. Пэжщ, «мыгъуэ-

ми гъуамэми», къыбжаIэр уогъэзащIэ, ауэ сэ е ди ящыщхэм языхэзым къыбжамыIауэ уэ зыри уи гум къэкIыркъым. А бжесIари зэрыбгъэзащIэр зымышхыжыным и мэкъумэш щIэкIэущ. ЦIыхум езым гукъэкI иIэн хуейщ. Пэжщ, уэ жыпIэнкIэ хъунщ «сызыбгъэдэтыр сысейкъыми, гукъэкIи сиIэкъым». СощIэ, сощIэ ар уэ уи гум зэрилъыр. Ауэ а уздэщыIэм уэ лэжьапщIэ къует, абы Алыхьым и къалэныр фIыуэ егъэзащIэ. Алыхьым мылъкур къуитынумэ, уэри укъилъагъурт. Иджы зыкъом къэхъуащи, анэс...

Абы хэту Бэгъудзэ и дзэхэр быдэу зэригъэшхырт, Iей дыдэу къызэплъырти, жиIам хущIегъуэжа хуэдэу, дыщIигъужырт:

– ... Аращ, Хьисэ, – жиIэрти, хуабжьу бауэрт, – деплъынщ ди япэкIэ узэрылажьэм. Сэ бжесIар уэ уи щхьэм и сэбэпщ. КIуэ!

## III

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, си унэ гъуэмбэрэщым сыщIыхьэжауэ зыстхьэщIыж пэт, бжэр зыгуэрым дамэдазэ къиищIри къигъэнащ. Абы къыщыфIимыгъэкIым сэ жысIащ:

– Хэт ар? КъыщIыхьэ.

Хуэмурэ зыгуэрым къыIуихри, бжэщхьэIум зы ныбжь къытеуващ. Сеплъыпэри – Хьарджэтт. Ар сэ куэду гъэщIэгъуэн къысщыхъуащ, сигури нэгъуэщI зыгуэрым деж жащ. Хьарджэт сэ зэи къызэпсэлъауэ щыттэкъым, къызэджэнуи къакIуэртэкъым. Сэ «лIыкIуэ» къысхуагъакIуэу щытыр фызыжь пщафIэ Нанут. Пэжщ, махуэ зыщыплI фIэкIа дэкIакъым Хьарджэт зы пщыхьэщхьэ гуэрым шей къарэ тIэкIу сызэрыригъафэрэ. А пщыхьэщхьэми абы сэ псалъэ мышыу куэд къызжиIат. КIуэаракъэ, абы зи фэгъу сызримыгъэува лIышхуи шышхуи къигъэнэжатэкъым. Ауэ, сыт сымыщIэми, абыхэмкIэ Хьарджэт мураду иIэр къызжиIакъым.

Сыщтауэ сызэрыщытыр зытесхури, Хьарджэт сеупщIащ:

– Сытым укъысхуихьа, мыбы дауэ укъыщIыхьэфа умышынэу?

– Хьэуэ, Хьисэ, сэ абы хуэдэу зыпщыздзейркъыми. Сытым къыхэпхыу жыпIэрэ ар?

– Iэгъу, махуэ къэс...

Абы хэту Хьарджэт къыщIидзащ:

– Зэ умыпIащIэт, Хьисэ, уи псалъэр пIэпызудынщ. А IуэхумкIэ дэ иужькIэ дызэпсэлъэнщ, иджы хуабжьу сопIащIэ. Дыщэ иджыпсту къыщIыхьэжати, уи деж сыкъигъэкIуэуэ аращ, «къеджэт» жиIэри.

Сыкъэщтащ. Зыхуэсхьынури сщIакъым. Сыт сщIэнт, джанэ фIыцIэжь тIэкIу фэ лъэпкъ зимыIэжыр зыщыздзэщ, вакъэжь тIэкIур зылъыпысIури, псынщIэу Хьарджэт и ужьым ситу сыкъыщIэкIащ.

Бэгъудзэ и нэщхъыр зэхэукIауэ пхъэ гъуэлъыпIэ ину щхьэнтэ тIуащIэ куэд зэрылъым и жьантIэм дэст. Тутын Iей дыдэу газетыжьым кIуэцIышыхьауэ ирифым и Iугъуэр унэм щIэзти, бэуапIэ ерагъкIэт зэрыбгъуэтыр.

Унэм сыщIыхьэри щIагъуэ дэмыкIыу, Бэгъудзэ и теплъэм зихъуэжащ: нэкIэ къысщыгуфIыкIыу къыспежьащ. Хьарджэти псынщIэу къэдабэ шэнтыр къысхуигъэуващ.

Бэгъудзэ и напщIэр иIэтщ, унэ кIуэцIыр зэ хъурейуэ къиплъыхьщ, Хьарджэти, сэ гу лъызмытэ фIэщIу, нащхьэ хуищIри къригъэжьащ:

– Хьисэ, сэ бжесIэнум фIыуэ едаIуэ, егупсыс, уи фIэщи щIы. Си гъащIэм сэ зэран сызыхуэхъуа щыIэкъым. ЦIыху псори дызэхуэдэщ. Псоми фIы къазэрехъулIэным яужь ситщ. Уэ ущIалэщ, нэхъыжьым къыбжиIэри уэим умыщIу фIыуэ уи щхьэм илъхьэ.

КъызжиIэнур сымыщIэу, сэри фIы дыдэу седаIуэрт. Бэгъудзэ тIэкIу дигъэкIри къыщIидзащ:

– Куэдрэ къыщIезгъэкIуэкIын щыIэкъым. Уэ, Хьисэ, нобэ къуажэр уи IэмыщIэ илъщ. Уэращ псори зыхузэфIэкIынур.

СыкъэскIащ. ЩтэIэщтаблэуи къыщIэздзащ:

– Бэгъудзэ, уи жагъуэ умыщI, зыри къызгурыIуэркъым. Сэ къуажэр си IэмыщIэ илъыну иджыри абы хуэдэу балигъ зэтет сыхъуакъым, сыхъупами, сыкъызыхэкIа лъэпкъым ар къезэгъыркъым.

Сэ жысIар Бэгъудзэ зыкIи гъэщIэгъуэн щыхъуакъым, дыхьэшха фIэкIа.

Абы хэту Хъарджэти къыхидзащ:

– Хьисэ, сэ ди жылэр фIыуэ солъагъу, сэ ди унэри, ди пщIантIэри фIыуэ солъагъу, ауэ а псоми езмылъыту фIы дыдэу слъагъуу зы щыIэщ – ар уэращ, си гугъэмкIэ, сэ уэ ар япэми бжесIащ. А псори зыхъумэфыну, къулейсызыгъэм къыпызыхыфыну зыщ щыIэр: ар уэращ.

Зыри къызгурымыIуэ зысщIри, Бэгъудзи Хъарджэти селъэIуащ Iуэхур зытетыр къызжаIэну.

– Хъарзынэщ, – жиIэри кър　игъэжьащ Бэгъудзэ, си псалъэр сыуха иужьым, – мыгувэу ди жылэм дзэ къыдыхьэнущ. Абы я унафэщ япэ дыдэ фи унэм мафIэ ирадзыну, абы кIэлъыкIуэу уи адэм дэщIыгъу Мыхьэмэт и унэм. Ахэр зэфIэкIа нэужь, къуажэм нэхъ лIы цIэрыIуэу дэсхэр ягъэтIысынущ, я лъэпсэхэми псы ирагъэжыхьыжынущ. Къуажэм акъыл зиIэхэм щыщ зыри къыдамынэн жыхуэпIэр ар сыт телъыджэ езыр...

– АтIэ, Бэгъудзэ...

– Зэ, зэ умыпIащIэ. Сэ псори бжесIэнущ. АбыкIэ Iуэхур къызэтеувыIэнукъым. Си унагъуэр уэ фIыуэ плъагъуркъэ?

Сышынэри жызмыIэу хъуакъым:

– Солъагъу.

– Арамэ, атIэ, дэращ зи лъапсэ псом япэу псы ирагъэжыхьыжынур. ЗэхэпщIыкIа, Хьисэ?

– ЗэхэсщIыкIащ, ауэ абы си Iуэху сыткIэ хэлъ? – жысIащ зызгъэтхьэмыщкIафэурэ.

– УмыпIащIэркъэ. А дзэм и Iэтащхьэм мыбы хуэдэу игъэуващ: ежьэжауэ къэзыгъэзэжхэм зыри яримыщIэну, фIыщIэшхуэ хуищIын фIэкIа, ар къыздэкIуэж къуажэми зы зэран абы къыхухэмыкIыну, сэбэпышхуэ фIэкIа.

– КъыбгурыIуа? – жиIэри гуфIэу щIидзащ Хъарджэт. – Уэрэ дэрэ Дыщэ фIыуэ тлъагъуми, ди унагъуэ псоми я насыпыр уэращ зи IэмыщIэ илъыр, къуажэ псом насып къахуэзыхьыжынури уэращ.

– Сэ сыт атIэ слъэкIынур?

ТIуми зыжьэу зэдыжаIащ:

– Уэ уи адэр къэпшэжмэ, псори зэфIэкIащ. Ари псэурэ тхъэжу къэнэнщ, жылэми и гугъу ящIынкъым.

АдэкIэ Бэгъудзэ жиIащ:

– Хьэмид къызэрысыжу, сэ жэмитI естынщ, уэри мэл зыбгъупщI уэстынщ, къывэмыхъуапсэ щымыIэу фыпсэунщ.

– Алыхь, дэ къыдэмыхъуапсэ щымыIэн, – жиIэри Хъарджэт къызэкIуэтэлIащ.

– Си адэр сэ къызэдэIуэн?

– Ар Iуэхукъым, Iуэхукъым, Дзахъэ Хьэзиз а Iуэхур зэригъэпэщыфынщ.

Бэгъудзэ, тIэкIу гупсысэри, псынщIэу кърикъэжьэжащ:

– Аращ, Хьисэ, пщэдей щыщIэдзауэ былымыр бгъэхъуркъым. Укъонэри зогъэхьэзыр. ЗыбгъэхьэзырыН фIэкIа нэгъуэщI бляжь лъэпкъ щыIэкъым.

Сыт тщIэнт? ПэздзыжIа хъунутэкъым. Iуэхум зыкIи нэхъыфIуи зызэрихъуэкIынутэкъым.

Зыри жызмыIэу сыкъыщIэкIыжащ. Си «хьэщIэщым» сыщыщIыхьэжым, Хъарджэт бжэр къридзылIэри жиIащ:

– НэхулъэфI укъикI, иужькIэ дызэпсэлъэнщ.

Жэщыр хуабжьу хэкIуэта пэтми, сэ куэдрэ зызгъэкIэрахъуэу сыхэлъащ. Iейуэ сызэгуэпыщэрти сыкъэпщIантIэрт, абы иужьым, шхыIэныр зытездзырти, сызэгупсысри сымыщIэжу, куэдрэ сыхэлът... А зэманым тIэуи, щэи сыкъыщIэкIащ. Щымыхъужым псы щIыIэ пэгун псынэм къисшри зызгъэпскIащ. Абы си бампIэр стригъэури сыхилъэфащ.

## IV

Куэдрэ къызэджами сщIэжыркъым, ауэ пщIыхьу слъэгъуащ си тхьэкIумэм зыгуэр къикIие хуэдэу, си блыпкъыр зыгуэрым зэридзэ хуэдэу... Сыкъэушмэ, Нану къызбгъэдэтт. ПсынщIэу си щхьэр къэсIэтри сеупщIащ:

– Сыт ар, къэхъуар сыт?

– Зыри къэхъуакъым, зыри жумыIэ, – Нану щэху дыдэу къызжиIэри, бжэмкIэ дэплъащ. Абы хуэм дыдэурэ къригъэжьащ:

– Хъарджэт Хьэжыхэ я деж кIуащ, Бэгъудзи ежьащ. Абы и щIалэгъуэр «къихьэжащ», и жьакIэр тхъуа пэтми, фыз лъыхъуэу ежьащ, пщыхьэщхьэщ къыщыкIуэжынур, Iэмин былымхэр игъэхъуну дихуащ. ПщIантIэм дэ къыткIэщIэдэIухьын дэскъым. А псори зэслъытри, псалъэ зытIущ бжесIэну сыкъыщIыхьащ.

Нану тIэкIу еплъыхщ, и нэпсри къызэпижыхьри, нэхъ тегушхуауэ, ауэ зэрышынэр плъагъуу, къыщIидзащ.

– Мис си фэри уолъагъу. Сэ илъэс плIыщI фIэкIа сыхъуакъым, ауэ сэ илъэс блыщI цIыхум и нэгу щIэмыкIын хьэзабышхуэр слъэгъуащ. Къару сиIэжкъым, си къупщхьэм куцI лъэпкъ илъыжкъым, си Iэпкълъэпкъ пщыкIутIри къыздэбзыжыркъым. А псори къызыхэкIар Бэгъудзэ сымэ страгъэлъа бэлыхьырщ.

Абы хэту Нану и нэпсри къыщIэткIуащ.

– Ди зэхуэдэ узщ ар, Нану. Абы щхьэкIэ къыумыгъанэу къызжеIэ, сэ схузэфIэкIыу уэ пхуэзмыщIэн щыIэкъым, – жысIэри згъэудэIуу щIэздзащ фызыр.

Нану и нэпсыр кIэIупхъуэ IулъымкIэ къыщIилъэщIыкIри къыщIидзэжащ.

– Сэ жыжьэу балигъ сымыхъуу си адэр лIащ. Абы и гъащIэ псоми зэригъэпэщауэ щытар зы шыжь закъуэрэ унэ блынджабэмрэщ. Шыжьыр къищэхури, «иджы си щхьэм сыхуэлэжьэжынщ» щыжиIэм, сымаджэ хъури къэмытэджыжу лIащ. Си адэр зэрысфIэкIуэдрэ махуитI фIэкIа дэмыкIыу, ди къуажэ довернэм зыгуэр дэщIыгъуу къакIуэри шыр дашыжащ «уи адэм шы уасэр къыдитакъым» жаIэри. Абы и ужькIэ махуиплI фIэкIа дэмыкIыу, аргуэру а мафIэм исын довернэм нэгъуэщI зыгуэри дэщIыгъуу къакIуэри къызжаIащ:

– Уи адэм подэту, нэгъуэщI кIэзонэ ахъшэу тумэнищ къытенащи къыдумыту хъунукъым.

Сэ ар дэнэ къисхынт? Сыгъыу щIэздзащ. Сыт хуэдиз нэпсу щIэзгъэкIами, си макъыр икIа, си къарум хэщIа фIэкIа, зыри къысхэхъуакъым. Уври си унэжь тIэкIу си адэм къыщIэнар тумэнищымкIэ ящащ. Сэри а махуэм сыкъыщIахуащ.

СызэкIуэлIэну сиIэхэри къулейсызхэт, сызэлъэIухэми сыкъызэхащIыкIынутэкъым.

Зы къэлътмакъ, сшхын тIэкIу къасщтэри, зы башыжь си гъусэу гъуэгуанэ сытеуващ.

Япэ дыдэ зы пщыжь гуэрым и фызым и сабийзехьэу илъэс зытIущкIэ

сыщыIащ. Махуэм сысабийгъэджэгут, жэщым сысабийгъэудэIут. Зэзэмызэ сыщхьэукъуэрэ сабий гъы макъым гуащэр къигъэушамэ, ар къакIуэрти къыскIуэцIыпкIэрт, къызэнэпауэрт, си нэкIуми къыщIэубжьытхэрти щIэкIыжырт, сэри зызгъэшу сабийм аргуэру сыкъыбгъэдэнэрт. Зы махуэ гуэрым унагъуэ Iуэху сщIэуэ, я сабий нэхъыжьыр скIэщIэкIри уэрамым кIуащ. Ар къаубэрэжьри, гъыуэ къыщыдыхьэжым, и адэм хуэзащ. Сабий гъэудэIуни хэмыту, ар къызжьэхэлъадэщ, си щхьэцыкIэр иубыдри, унэм сыкъыщIилъэфащ. Бжэм сыкъыщысым, къызэIэдэкъауэри, чы псыгъуэ зэдижыр зызмыщIэжыху си щIыфэм щызэприхулэкIащ... Зэгуэрым сыкъызэщыури сыкъэтэджыну сыщеIэм, си лъэнкIапIэ ижьырабгъур схуэмыхъей хъуащ. Си Iэр ерагъкIэ абы щынэсхьэсым, лъы пцIар си IэмыщIэм из къэхъуащ...

Нану и кIэIупхъуэмкIэ аргуэру и нэпсыр щIилъэщIыкIри, и лъэнкIапIэм телъ дыркъуэшхуэр сигъэлъэгъуащ.

– Абы иужьым щIакъуэу къэскIухьащ, зыми сагъэлэжьэни ямыдэу, гущIэгъу къысхуэзыщIым тIэкIу сигъашхэу, сигъэхьэщIэу. Уэрамым куэдри сыщыдэлъ къэхъуащ. ЕрагъкIэ си лъэнкIапIэр хъужри, лIыщIэу – унагъуэм и кIуэцIкIэ сыщылэжьэну – зы мэкъумэшыщIэ бей гуэрым и деж сыIууващ. АрщхьэкIэ абыи езы унагъуэр зейм къилэжьым нэхърэ нэхъыбэ къызигъэлэжь хъуат: къитхъи сщIыуэ, сыIуэу, шыбзэр зэпымыууэ згъэкIэрахъуэу. Бадзэуэгъуэ лэжьыгъэр зэрызэфIэкIыу, ари къысхуэмеиж хъури сыкъыIуихужащ. ЛэжьапщIэ лъэпкъи къызитакъым, зы Iэмал къом зэтрилъхьэри.

Абы иужьым лIы сыдэкIуащ. Куэду тхьэмыщкIэу дыпсэурт. ЩIымахуэм пхъэгъэсын лъэпкъ димыIэжу дриубыдылIащ. Шыи выи диIэтэкъым. Зы Iэжьэ цIыкIу, зы джыдэжь диIэти, а тIур зыщIигъури си лIыр мэз кIуащ. Псыр бгъуэт, кужуи щтат щIымахуэм. Пщэдджыжьым лIыр мылымкIэ зэпрыкIри, мэзым щIыхьащ. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ къыщызэпрыкIыжым, ар мылым кIуэцIрыхури итхьэлащ. Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкIащ. А зэманым лъандэрэ къыщIэздзэжауэ мис мы сыкъызэрыплъагъущ си псэукIэр. А псори уэ, си щIалэ, щIыбжесIэр уэри уи гъуэгур зыIутыр солъагъури арщ. Уэ, сэ, дэ тхуэдэхэм абы хуэдэ къулейсызагъ дяпэкIэ къазэрылъымысыжынум Хьэмид сымэ щIобэн...

Абы хэту сыкъэскIащ.

– Хьэмид насыпышхуэ иIэщ, ауэ уэ пхэнжу убакъуэмэ, а насыпыр уэр папщIэкIи, ХьэмидкIи, сэр щхьэкIи IэщIыб хъункIэ шынагъуэщ...

– Ар сыт щхьэкIэ, Нану? – схуэмышыIэжу сеупщIащ.

– Иджыпсту бжесIэнкъэ, уэ дыгъуэпшыхь къыбжаIахэр сэ сощIэ. Ауэ абыхэм Iэмал зэтралъхьар уэ пщIэркъым.

– Сыт ар?

– Абыхэм джэду цIыкIу, хьэ цIыкIу зэрызыкъыпхуащIхэм фIыгъуэ зыкIи къихьынукъым. Уэ уощIэ ди къуажэ дэкIауэ Хьэмид гъусэ зыбжанэ зэриIэр, абыхэм Хьэмид нэхъ лIы пашэуи яхэтщ. Абы хуэдэ нэхъ Iэтащхьэхэр псэууэ къаубыдрэ къашэжмэ, ар зи фIыщIэм ахъшэшхуэ иратынущ, а къашэжами и гъусэхэр здэщыIэхэр кърагъэIуэтэнурэ езыри щхьэпылъэ ящIынущ.

– Хэт ар къыбжезыIар, Нану?

– Щ-щ-щ, зэ умыпIащIэ. Уэ иджыри ущIалэщ, ар умыщIэнкIи хъунщ. Уэ зэхыумыха куэд сэ си нэгу щIокI, куэди зэхызох, солъагъу. Сэ Iэджэ слъэгъуащ, фIыгъуэр спэIэщIэу щытами. Куэд щIакъым Дзахъэ Хьэцицрэ Гъулэхэ Бэгъудзэрэ зэрызэпсалъэрэ. Хьэциц псалъэ быдэ къитащ Хьэмид мы къуажэм къыдыхьэжрэ псэууэ къаIэрыхьэмэ, Бэгъудзэ мылъкушхуэ къритыну, кIэзонэм къыбгъэдэкIыу. Сэ абыхэм щэхуу сакIэщIэдэIухьащ. Къыумышэжу укъэкIуэжмэ, уэри уи щхьэм Iэ далъэнукъым.

Абы хэту Iейуэ сыкъызэгуэпри сыкъыщылъэтащ. Хьэцицрэ Бэгъудзэрэ зэхэзгъэнып щкIуэ къысфIэщIу си дзэхэр зэрызгъэшхащ, зызмыщIэжуи Iейуэ сыхъуэнащ.



# Лъэпкъ пагэм нэчыхькIэ халъхуа адыгэлIт ар

*УсакIуэшхуэхэм гъащIэшхуэ ямыIэну Алыхьым иухами ярейт. Дызэрыщыгъуазэщи, Пушкинми, Лермонтовми, Есенинми, Маяковскэми илъэс плIыщI ирикъу къагъэщIакъым. Пэжщ, я псэкIэ гъащIэ кIэщIу щытами, къызэранэкIа я лэжьыгъэ тельыджэхэмкIэ уахътыншэу дунейм къытенащ ахэр. Абыхэм я цIэмрэ я щхъэмрэ игъащIэкIэ зэрымыкIуэдыжын фэеплъхэр езыхэм зыхуагъэувыжащ. Ахэр лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ усакIуэшхуэхэщ.*

*Дэри дропагэ ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ зэхаубла адыгэ усыгъэм зи макъ лъэщымкIэ ядежьуа КIуащ БетIал ди лъэпкъым къыхэкIауэ зэрыщытам. ГъащIэшхуэ къэзымыгъэщIа усакIуэшхуэхэм ящыщми, «Зэманыр екIущ, екIуныр зыхуэфащэ Лъэпкъ пагэм сэ нэчыхькIэ сыхалъхуащ», – жиIэу щитхам, БетIал и ныбжьыр илъэс 25-рэ хъууэ арат. Ауэ лъэпкъ пагэм нэчыхькIэ халъхуа адыгэ щIалэм и нэгу гузэвэгъуэ куэд щIагъэкIакIэт: и адэ Ибрэхъим псэукIэ ищIэу зэрыщытар къэрахъуэну, абы щхъэкIэ сабийр ягъэулъийуэ, хуэмыфащэ пудыныгъэхэр къэрапэсурэ, щIалэ цIыкIум, и гур ираудми, ерыщт, лIыгъэ хэльти, я Дохъушыкъуей къуажэ школми щафIоджэ, Налшыки щIэныгъэ нэхъыщхъэ щызрегъэгъуэт.*

*И псэм хъэзабхэр тельын хуей щIэхъум хигъаплъэ щIалэм и гущыщIэхэр къызэриIуэтэн пшыналъэу къыхуэгъуэтар усэбзэрагъэнти, ар щымыуауэ къыщIокI. БетIал усакIуэ къызэрыхэкIынум гу лъызыта ЩоджэнцIыкIу Алий щIалэр зрешалIэ. Гурэ гурэ зэрощIэ жыхуаIэрати, ди лъэпкъым и къуэ цIыху тельыджитIым я псэхэр зэкIэропщIэ. Зым адрейм пщIэ хуищIу зэгъусэу, зэдэлажьэу щIадзэ. АрщхъэкIэ, куэд дэмыкIыу зэман бзаджэм зэкIэречхэр.*

*И щIалэгъуэ гъащIэри, и зауэ гъуэгуанэхэри гугъуехьрэ хъэзабкIэ гъэнщIауэ щытами, ахэр лIыгъэрэ цIыхугъэрэ хэльу къезыхьэлIа КIуащ БетIал и тхыгъэхэр уахътыншэу лъэпкъым къыхуэнащ.*

*Газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым къытехуа усэхэм, поэмэхэм я гугъу умыщIмэ, езыр псэуху БетIал и тхыльитI къудейщ къыдэкIар: «Си гъащIэм и гуащIэ» (1950 гъэ), «Салам» (1955 гъэ, урысыбзэкIэ).*

*КӀуащым и творчествэм и кууагъыр и чэзум къызыгурыӀуа ди щӀэныгъэлӀхэм я фӀыщӀэкӀэ БетӀал и тхыгъэхэр зэхуэхьэсауэ зэрыт тхылъхэр нэхъ иужькӀэ къыдэкӀ хъуащ. Нобэ зыми шэч къытрихъэжыркъым ахэр адыгэ щэнхабзэм, литературэм я курыххэм зэращыщым.*

БАГЪЫ Петр

# Псынэ къибыргъукӀым ещхь КӀуащ БетӀал

*«ЩыӀэщ Ӏуэхуи цӀыхуи, гъэхэр блэкӀыурэ пэӀэщӀэ дахуэхъуу, ауэ я мыхъэнэр нэхъ гурыӀуэгъуи нэрылъагъуи хъууэ».*

***Арн. Чикобавэ.***

Москва, Ленинград, Тбилиси дэт университетхэм щрагъэджэнухэр къыхахын хьисэпкӀэ, 1947 гъэм Налшык къалэ щызэхуашэсауэ щытащ курыт школхэр къэзыуха ныбжьыщӀэхэр. Район къэс хуэзэу зыбжанэм ди цӀэ къраӀуэри, еджапӀэ нэхъыщхьэхэм я лӀыкӀуэхэр къытхагъэпсэлъыхьащ. А зэманым Къэбэрдейм щӀэныгъэ и лъэныкъуэкӀэ нэхъ къыхэжэпхъыкӀа зыкъоми зэӀущӀэм кърихьэлӀат. Ауэ а псом нэхърэ дигу нэхъ къинэжауэ щытар абы япэкӀэ зэи зи цӀэ зэхэдмыха икӀи дымылъэгъуа, дызыхурагъэджэну ӀэщӀагъэм щыгъуазэ дызыщӀахэм яхэта КӀуащ БетӀалт. ЖиӀа псори сщӀэжыркъым, ауэ и къэпсэлъэкӀэр гукъинэжт, псынэ къибыргъукӀым ещхьт, и псалъэр апхуэдизкӀэ гум хыхьэрти, укъызыхуриджэм утригъэлъадэрт, утригъэгушхуэрт. – «Ситу щӀалэ губзыгъэ, ситу урысыбзэкӀи Ӏэзэ», – арат дыщызэбгрыкӀыжым псоми зыжьэу жаӀэр.

А гъэм Тбилиси дэт университетым сыщӀэтӀысхьащ Къумахуэ Мухьэдин, Щэрдан Ӏэбу, Шагъыр Ӏэмин, нэгъуэщӀхэми срагъусэу. Езы КӀуащри а гъэ дыдэм, и ныбжьыр илъэс 27-м иту, СССР-м ЩӀэныгъэхэмкӀэ и Академием БзэщӀэныгъэхэмкӀэ и институтым и аспирант хъуащ, профессор цӀэрыӀуэ Яковлевыр и унафэщӀу.

1952 гъэм еджэныр къэзухри, ди радиокомитетым редактору лэжьэн щыщӀэздзащ, сцӀыхуи сыкъэзыщӀыхужи щымыӀэу. Щылажьэхэм я нэхъыбэр мыщӀалэж дыдэу, фызбынунэхэу, къулыкъу гуэрхэми пэрытауэ гукъыдэжышхуэ зиӀэ щӀагъуи яхэмыту, щхьэж и Ӏуэху зэрыхузэфӀэкӀкӀэ игъэзащӀэу зэхэсхэт. Зэманыр гуащӀэт, цӀыхухэр щтэӀэщтаблэт, я гур иудат, пхэнжу зы псалъэ къыбжьэдэкӀмэ е зы щыуагъэ тӀэкӀу нэтынхэм щыпӀэщӀэкӀмэ, фӀы щӀумыхыным зыри хуэӀуатэкъым.

Радиокомитетыр зыщӀэса унэр, аппаратнэри студиери хэту, пэш цӀыкӀу зыхыбл фӀэкӀа хъуртэкъым.

Зы махуэ гуэрым комитетым ныщӀыхьащ лӀы хэщӀыхьа нэжэгужэ, и нэгур зэлъыӀухарэ мащӀэу нэбгъурыплъэ и нэ пӀащитӀым губзыгъагъыр къыщӀихыу.

– Уэ, къеблагъэ, БетӀал, уо, БетӀал! – жаӀэу псори зэщӀэхъеящ.

Ар еджакӀуэ дыкӀуэн и пэкӀэ къытхэпсэлъыхьа КӀуащ БетӀалт. Дэтхэнэ зыри БетӀал и дунейм, и ӀуэхущӀафэхэм, и къекӀуэкӀыкӀам фӀыуэ щыгъуазэти, мор пщӀэжрэ, мыр пщӀэжрэ, кхъыӀэ, мор е мыр къыджепӀэжын; апхуэдэут ар зэрыщытар, БетӀал? – жаӀэурэ, гушыӀэ, ауан, гъэщӀэгъуэн гуэрхэр хэлъу БетӀал къеупщӀхэрт. Гухэхъуэу дыхьэшхыу, езыми а къызэреупщӀхэр къиӀуэтэжырт. Абы илъэгъуар, зэхихар, ищӀар, и ныбжь емылъытауэ, куэдыщэти, къиӀуатэ пэтми гъунэ ирилъэтэкъым – хигъахъуэ

зэпытт. ГъащIэм гукъыдэж ин хузиIэ, цIыхум гу щызымыхуэ, абы и пIалъэр фIыуэ зыщIэ БетIал зэригъэзахуэхэм, зи гугъу ищI Iуэхугъуэхэм, къэхъукъащIэхэм нэхъыбэр щыгъуазэтэкъым, къагурыIуэртэкъым.

Ар зэ слъэгъуауэ щытами, БетIал и мынэIуасэу радиом щылажьэр си закъуэти, Тбилиси щеджащ жаIэу сыкъыщрагъэцIыхум, куржыбзэкIэ псалъитI-щы къызжиIащ, профессор, адыгэбзэр джыным ехьэлIауэ дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлI Рогавэ Георгии яхэту зыкъомым щIэупщIэри, хуабжьу гуапэу куржыхэм, абыхэм я тхакIуэхэм, я еджагъэшхуэхэм ятепсэлъыхьурэ къэдыхьэшхри, адэкIэ къыпищащ:

– Зы щIэщхъу къытщыщIат Елбэрд Хьэсэнрэ сэрэ Тбилиси командировкэ дыкIуауэ. Рогавэ дригъэблагъэри, Iэнэ къытхуищтат, дэ ерыскъыгъуэу къэдмыгъэсэбэп удз, къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд телъу. Хьэсэн, тIэкIурэ щыса нэужь, зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьщ, си дежкIэ зыкъригъэзэкIри адыгэбзэкIэ: «Уа, мыбыхэм мэкъу фIэкIа дагъэшхынукъэ?» – щыжиIэм, сыкъыщиуд пэтащ. «Сейчас, Хасан Увжукович, все будет», – жиIащ Рогавэ. Хьэсэн и псалъэхэр зыми къыгурымыIуэн и гугъати, щыуауэ къыщIэкIат.

Рогавэ Георгий кавказоведышхуэт, илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ адыгэбзэм кууеэ елэжьат, Тбилиси университетым кавказыбзэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIт, абы и щхьэгъусэ Ломтатидзе Кетевани Грузием щIэныгъэхэмкIэ и Академием и академикт, Грузием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и директорт, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ.

Рогавэрэ Ломтатидзерэ щIэныгъэ IуэхукIэ Къэбэрдейм куэдрэ къэкIуащ – зауэм и пэкIи, зауэм и ужькIи.

1948 гъэм ди щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым зэIущIэшхуэ иригъэкIуэкIырт, адыгэ тхыдэм, адыгэбзэм теухуауэ. Абы кърихьэлIат еджагъэшхуэ куэд, Москва, Ленинград, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIауэ. А зэманым бзэщIэныгъэм и лэжьакIуэхэм яку зэгурымыIуэныгъэшхуэ дэлъащ: нэхъыбэм Марр Николай и «Новое учение о языке» жыхуиIэр узытекI мыхъун марксист теориеу ябжырт – арат унафэщI нэхъыщхьэхэм яукъуэдийр, ахэр абы и телъхьэт, ауэ ар зыфIэмыкъабылхэр, абы бзэщIэныгъэр ипэкIэ имыгъэкIуатэу зылъахъэу, зэхэзыгъэзэрыхьу, щIэныгъэм пэIэщIэ теорие нэпцIу къэзылъытэ «сампIэимыхьэ» зыгуэрхэри щыIэт. Яковлев Николай еджагъэшхуэт, кавказыбзэхэр тхыбзэм тешэным, а бзэхэр джыным къаруушхуэ ирихьэлIат, абыхэм ятеухуауэ зэфIэкIышхуэ зэриIами шэч лъэпкъ къытепхьэ хъунутэкъым, арщхьэкIэ марризмэм хуабжьу итхьэкъуат. Марр и «диныр» хьэкъыу пхыкIати, уэгъури чыхури къыгурыIуэжтэкъым. Марр и теориер къыумыщтэмэ, Яковлев Николай урибий кIэуфIыцIт, урихьэрэмт. Абы и мызакъуэу, унафэр зыIэщIэлъхэми Марр зыубхэм фIы щIрагъэхыртэкъым.

Зи гугъу тщIа сессием Яковлевыр къыщыпсэлъащ, марризмэм щIэгъэкъуэн хуэхъу гуэрхэр адыгэбзэм къыхигъэщ щIыкIэу, ар теорие нэпцIым и телъхьэ ищIу. Рогавэрэ Ломтатидзерэ абы пэрыуэу, Марр и мэсхьэбым уиту бзэхэм я хабзэр нэгъэсауэ зэIубз зэрумыщIыфынум, абыхэм (кавказыбзэхэм) я зэхущытыкIэхэмрэ зэхущытыкIахэмрэ, бзэмрэ цIыхубэм и тхыдэмрэ зэрызэпыщIамрэ зэрызэхуэныкъуэмрэ, абыхэм я зыужьыныгъэм иIэ щхьэусыгъуэхэмрэ бзэм и зэхъуэкIыныгъэмрэ къызэрумыхутэфынум тепсэлъыхьащ. Шынагъуэт а зэманым «псоми» я Iуэху еплъыкIэм хуэдэу умыгупсысэныр, дзыхьщIыгъуэджэт Рогавэрэ Ломтатидзерэ уакъыдэщIынуи, урагъунэгъунуи, ар дэнэ къэна, ахэр пцIыхуу укъащIэнуи.

Яковлев Николай и зэзыр мо тIум ятрикъутащ, сессием хэтхэм Iумпэм

зэращищIын къигъэнакъым, марксизмэм и бийуэ къыщIригъэдзыным нигъэсауэ. «Зыри къытщхьэщыжатэкъым, псори тпикIуэтауэ джэрэзу утыкум дыкъинат. АрщхьэкIэ, Яковлевым сытым дежи и гъусэу, къалэщхьэгуэжьу зыщыгугъ, гу зыщимыхуэ и аспирант КIуащ БетIал, псоми къалъагъуу къыдбгъэдыхьэри зыкъыдигъэцIыхуащ, и нэхъыщIагъэм зэрыхуэфащэкIэ ди лэжьыгъэхэм, жытIахэм фIыкIэ тепсэлъыхьащ, Яковлевым и Iуэху бгъэдыхьэкIэм арэзы зэрытемыхъуэр имыбзыщIу. Тбилиси дыкIуэжыну гъуэгу дытехьэжыху БетIал дбгъэдэкIакъым, ди жагъуэ хъуат адрейхэр апхуэдэу къэрабгъэу къызэрыщIэкIар. Ауэ БетIал ди гум хуабэу къинэжащ, лIыгъэу абы щыгъуэ зэрихьар, бзэщIэныгъэм кууuэ зэрыхищIыкIыр Грузием дыкъэкIуэжа нэужь, ди лэжьэгъу куэдым яхуэтIуэтэжащ», – ар Рогавэрэ Ломтатидзерэ мызэ-мытIэу ягу къагъэкIыжу сэри зэхэсхащ.

Абы зауэм щыхузэфIэкIари, и напэр и гъуазэрэ къэмыскIэу утыку зэрихьари, адыгагъэм зэремылъэпэуэнури, «дэхуэхам» щIэгъэкъуэн зэрызыхуищIари узыдэплъеин щапхъэ хъарзынэт. Апхуэдэхэр куэдым ялъэкIакъым; абы иужькIэ езымрэ Яковлевымрэ яку къыдэхъуахэм сыщыгъуазэкъым, сызыщыгъуазэр зыщ: Яковлевым и Iуэхухэр щыбгъунлъам, Москва щилэжьэгъуу щытахэм зыпыIуадз щыхъуам къигъуэтыжар лIыгъэмрэ напэмрэ къыхуалъхуа КIуащ БетIалт.

Куэдым куэд жаIэ, ауэ...

БетIал ди институтым зэрыщымылэжьэжрэ илъэс зытIущ дэкIауэ, и хьэ цIыкIур и гъусэу, уэрамымкIэ здрикIуэм, кърихьэлIащ щIэныгъэ сессием кърагъэблэгъа еджагъэшхуэ гуп, Тбилиси къикIауэ Грузием щIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик, еджагъэшхуэ Топуриа Варлам, зи гугъу тщIа Рогавэ сыми хэту. Хуабжьу зэщыгуфIыкIхэу сэлам зэрахри, афIэкI хэмылъу, фынеблагъэ, жиIэри БетIал хьэщIэхэм ятрикъузэу хуежьащ. ХьэщIэхэр гузавэу, «Хьэуэ, иужькIэ, дэ куэд дохъу, иджыри сессием дыщIыхьэжын хуейщ, Iуэху куэди диIэщ», – Iэджэ щхьэусыгъуэ ящIащ. Сэри: «БетIал, ар дауэ хъун? Мы къомыр... ИужькIэ ебгъэблагъэхэмэ нэхъыфIщ», – жысIащ, арщхьэкIэ зыми Iэмал хуигъуэтакъым абы и мурадыр иригъэхъуэжыну. Арати, псоми зрачри БетIалхэ я деж макIуэ. «ДыкъакъэрэдыпщIыпщIу нэхущ хъуху дыщысащ. ИгъащIэм нэжэгужэу зэ дызэхэсамэ, ар етIуанэт», – жаIэжырт. Ягури я псэри утIыпщауэ, гушыIэу, къафэу, уэрэд жаIэу, я жьэр щIэпкIэным нэсауэ БетIал гупыр игъэдыхьэшхыу, хъыбар гъэщIэгъуэнхэм щIигъэдэIуу, псалъэр щIэныгъэм хуэкIуэми, и Iыхьэ къимыгъанэу.

Мис апхуэдэ куэд лъэкIырт а адыгэлI нэгъэсам, адыгагъэр екIурэещхьу зыгъэзащIэу дунейм дахэу тетам.

– Ди къэфакIуэ-уэрэджыIакIуэ гупым я гъусэу нобэ Прибалтикэм сыкIуэну сожьэри, Хьэмгъуокъу Барэсбий деж IуэхукIэ сыкъэкIуати, сэлам фэсхыжынущ, – жиIэри дэкIыжат ар махуэ гуэрым. Гухэхъуэт абы уеплъыныр: щIалэ къуапцIэ ест, драп бэлъто фIыцIэр екIупсу, абы щыщу кепкэ къуенцIи щхьэрыгъыжу. Абдеж щегъэжьауэ сэри нэхъуеиншэу БетIал кIэрыпщIахэм ящыщ зы сыхъуащ.

Ансамблыр Прибалтикэм къикIыжа нэужь, БетIал сэрэ нэхъ кIэщIкIэщIурэ дызэхуэзэ хъуат, 1953 гъэм и гъатхэпэ мазэм, БетIал хэлIыфIыхьри, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым бзэмрэ литературэмкIэ и сектор езыр зи унафэщIу щытам лэжьакIуэу сащтащ. Секторым езымрэ Елбэрд Хьэсэнрэт щылажьэр. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж БетIал хъыбар телъыджэхэр игу къигъэкIыжырт, дыхьэшхэн гуэрхэр жиIэжырт, бзэм и IуэхукIэ Хьэсэн пкърыупщIыхьырт, абы и нэгу щIэкIахэми хуабжьу фIэгъэщIэгъуэну едаIуэрт. БетIал псалъэ ешэжьа и жагъуэт, Iуэху гуауэ-

щхьэуэхэм темыпсэлъыхьмэ нэхъ къищтэрт, зыгуэр иубыну и ажалт, игу иримыхьам зы псалъэ-псалъитI шэрыуэу иридзынти ежьэжынт.

Зы илъэс закъуэщ БетIал сыдэлэжьэну си насыпым къызэрихьар. Абы и ужькIэ езым и фIэфIыныгъи хэлъу, ар «Къэбэрдей» альманахым ягъэкIуащ.

БетIал Алыхьым усакIуэу къигъэщIат. Езым итхам хуэдэу ар щыгуфIыкIырт нэгъуэщIхэм я тхыгъэфIхэми. Езым и усыгъэр игу щрихьыжым деж, фыкъедаIуэт, жиIэрти итхам къытхуеджэрт. И пащхьэм тхылъымпIэу телъыр зэхэтхыхьат, псалъэ къигъуэтахэр, усэ ныкъуэтххэр, телефон номерхэр, нэгъуэщI Iэджи тетхауэ. Зыбгъэдэс стIолым телъ тхылъхэм, тхылъымпIэхэм, зэридзэкIа Iэрытххэм тхьэрыкъуэф хуэдиз хъу и тхьэкIумэхэр къыгуэлэлу, и нэхэр щIригъэлъафэу, япэм иIа и хьэ плъыжьышхуэр зэзэмызэ къыхэгъуэлъхьэжырти, ар БетIал и гуфIэгъуэшхуэт. Абы Хьэсэнрэ сэрэ десэжат, ауэ ар зи гум темыхуэр ди директор КIэрэф Къамболэтт. ИкъукIэ лIы тэмакъкIыхьт ар, хабзэшхуэ зыхэлът, БетIали фIыуэ илъагъут, ауэ и пIэм къизышыр хьэрат. Хьэсэнрэ сэрэ а щым я Iуэхум диукIырт, шэми дисырт, шхуми дисырт.

Институт лэжьыгъэми усэ тхынми къыдэкIуэу, БетIал тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэми я ущиякIуэт, я чэнджэщэгъут, щIэблэр Iейм щихъумэрт, фIым хуиунэтIырт. Куэд къакIуэрт абы и деж, ятхахэр яIыгъыу е письмокIэ кърагъэхьауэ щытахэм я щхьэ къyрикIуар зрагъэщIэну. Абыхэм БетIал яжриIэм уемыдэIуэну гугъут – акъылышхуэ хэлът, щIэхъуари, щIэмыхъуари, дяпэкIэ щIэн хуейри, ехьэкIи-къехьэкIи хэмылъу, ауэ ягу емыуэу яжриIэрт.

БетIал псэуху ди лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным пылъащ: бзэщIэныгъэм телэжьащ, зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэр литературэм хуэзышэ лъагъуэм тригъэуващ, усыгъэхэм хуэхей куэди къыжьэдикъуащ.

Зэгуэрым зы щIалэ щхьэпэлъагэ укIытэх гуэр, и ныбжьэгъуи и гъусэу, къакIуэри, БетIал абы кIыхьу епсэлъащ, и усэ къызэджахэр хузэпкърихащ. «Уэлэхьи, мыбы БетIал зыгуэр дилъэгъуам, игу ирихьын гуэр къыхуихьам», – жысIэрт сигукIэ. ЩIалитIыр щIэкIыжа нэужь, сеупщIащ: «Хэт сымэ ахэр?» – жысIэри. «Мис а нэхъ щхьэпэлъагэр Тхьэгъэзит Зуберщ, хыфIимыдзэжмэ, егугъумэ, ар усакIуэ хъунущ», – жиIэгъат БетIал. Куэдрэ и цIэр фIыкIэ къриIуэу, езым итхахэми къыхуеджэу, КIуащым и Iумэтым итахэм ящыщщ Нало Заур. Езы Заури БетIал зыхилъхьэ щымыIэу бгъэдэтащ, нобэр къыздэсым гукъыдэж ин хэлъу яужь итщ и ныбжьэгъу лъапIэу щытам ди щэнхабзэм, ди литературэм хуэфащэ увыпIэ зэрыщигъуэтыным.

Институтым лэжьак1уэ сыкъыщыкIуам адыгэбзэм и грамматикэ ятхыну загъэхьэзыру щIадзат, мурадышхуэ яIэт, ямыгъуэтыр ар зыгъэзэщIэнт. Мурад къудей мыхъуу, тхылъым и шыфэлIыфэу щытынур БетIал иубзыхуат, ар нэхъыбэу, нэхъ хэкъузауэ зи щхьэфэ иIэбэну Iуэхугъуэхэри къыхигъэбелджылыкIри, ди грамматикэм и гъуазэр хэзышыну зыхуигъэфащэ щIэныгъэлIхэми я цIэр къриIуат. А псомкIи БетIал дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъур, чэнджэщ къезытыр адыгэбзэм кууэ хэзыщIыкI, илъэс куэд щIауэ абы елэжь, адыгэбзэм и IэфIымрэ и дахэмрэ зыщызымыгъэнщI Елбэрд Хьэсэнт. Езы БетIали щIэныгъэлI Iэзэт: аспирантурэм щIэсу Москва щыщыIа илъэсхэм зи унафэ щIэта, адыгэбзэр щIэныгъэр и лъабжьэу къэзыхутэну псом япэу яужь ихьа профессор Яковлев Николай куэдым гу лъригъэтат. БетIали, усыгъэм къыхуалъхуауэ щымытамэ, бзэмкIэ щIэны-гъэлI IэкIуэлъакIуэ дыдэ хъунут – аспирантыху бзэр зэрыбджыну Iэмалхэм ящыщу куэдым щыгъуазэ зищIат, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ хуабжьу гурыхуэт, ахэр псынщIэу зригъэщIэфырт. Дахэу, уригъэхъуапсэу ирип-

салъэрт урысыбзэм. Нэмыцэбзэрати, Багъы Николайрэ абырэ, тIэкIуи загъэщIагъуэу пIэрэ жыпIэну, а бзэмкIэ щызэпсалъэ Iэджэрэ къэхъурт.

Бзэ лIэужьыгъуэ куэдым яIэ ухуэкIэхэм щыгъуазэт БетIал, адыгэбзэр нэгъуэщIыбзэхэм къахэзыгъэщхьэхукI щытыкIэхэр, зэхэлъыкIэхэр, къэпсэлъыкIэхэр, абыхэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуа хабзэхэр къитIэщIырт, псалъэ къуэдзэхэмрэ междометиехэмрэ езым иджыну, зэхигъэкIыну и пщэ щIыдилъхьэжауэ щытари арауэ къыщIэкIынт. Адыгэбзэм и шыфэлIыфэхэм фIыуэ зэрыщыгъуазэм и щыхьэтт абы и усыгъэхэм я ухуэкIэ телъыджэр. Псалъэхэм я зэпхыкIэм, я къэкIуэкIэм, я IэтIэлъэтIагъэм, макъхэр зэрызэщIэжьыуэм нэгъэсауэ хищIыкIырти, бзэм и Iэмал псори, хабзэу хэлъри Iэзэу къигъэIурыщIэрт. Аращ БетIал и усэхэр адрейхэм щIахэмыгъуащэр – псалъэхэм мыхьэнэрэ теплъэгъуэу яIэхэр къанэ щымыIэу зэрыхуейуэ къигъэсэбэпыфу зэрыщытарщ.

Куэд зыщIэхэр мащIэкъым, ауэ, куэд ящIэми, кууэ гупсысэфыр закъуэтIакъуэщ. БетIал япэкIи иужькIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, а IуэхугъуитIыр зэпхауэ зыбгъэдэлъ ди усакIуэхэм, тхакIуэхэм мащIэщ яхэтари яхэтри.

Литературоведхэр, критикхэр, псом хуэмыдэу КIуащым фIыуэ илъагъуу щыта Нало Заур, БетIал и усыгъэм и купщIэм, и ухуэкIэм, абы и тхыгъэм гъэщIэгъуэну, езы БетIал япэу усыгъэм къыщигъэсэбэпа Iэмалым, инверсиекIэ зэджэм, убгъуауэ мызэ-мытIэу тетхыхьащ. Абыхэм сытепсэлъыхьыну сэ си пщэ дэслъхьэжыркъым, ауэ, къызэрысфIэщIымкIэ, БетIал и усэхэр тIэкIу гугъуу тхащ. ЩыIэщ усакIуэ, и IэдакъэщIэкIым губзыгъафэ къытригъэуэн папщIэ бзэр зэхиIуантIэу, щIагъыбзэкIэ псалъэу, зэпхьэлIэ мыхъухэр зэригъапщэу, и усэхэр хэIущIыIу ищIын мурадкIэ, абыхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэм я географием гъунапкъэншэу зригъэубгъуу, ауэ щыхъукIи, зытепсэлъыхьым хищIыкIыр Истамбыл губгъуафэ изоплъ зыхужаIэм хуэдэ зыгуэру.

УсакIуэм, тхакIуэм и тхыгъэм авторым и гупсысэм и кууагъыр, и талантым и инагъыр къуегъэлъагъу, къуегъащIэ, ауэ сэ си щхьэкIэ къысщохъу авторым и лъэкIыныгъэ псори и тхыгъэм белджылы, сэтей къищIын хуэмейуэ, абы и губзыгъагъымрэ и тхыгъэм и губзыгъагъэмрэ зэлъэщIэмыхьапхъэу, тхыгъэр зэпымыууэ абы кIэлъеIэми. Арыншамэ, итх псори зыкъомкIэ зэтехуэнущ, гупсысэ и IуэхукIэ щIэщыгъуагъэ хэбгъуэтэжынукъым.

БетIал и усэхэр «Махуэр хуабэщи, дыгъэ къопс, абы и псэр ди псэм хуэдэщ» усэкIэм щIемыщхьыр, ахэр тIэкIу гурыIуэгъуей щIэхъур, япэрауэ, зытепсэлъыхьыр ауэ къызэрыгуэкI Iуэхугъуэу зэрыщымытырщ (адыгэбзэкIэ тхами, умыматематикыу математикэр къызэрыбгурымыIуэнум ещхьщ). ЕтIуанэу, гупсысэ куу хилъхьэмрэ бзэм и Iэмалхэмрэ щызэхуимыгъэхъуф, бзэр къыщыхуэмыгъэIурыщIэфхэм дежщ.

ТхакIуэр, усакIуэр зыхуэтхэхэм къахуемыплъыхыу, ахэр езым зэрызыхудригъэплъеин Iэзагъэ бгъэдэлъын хуейщ. Уэр нэхърэ мынэхъ губзыгъэм и тхыгъэ укъеджэныр хьэзабщ, ар пщызымыгъэгъупщэ «тхакIуи» ди мащIэкъым. БетIал фIыуэ щыгъуазэт, а зэманым щIэныгъэр здынэсам, искусствэм, литературэм я гугъу умыщIыхxи. Мыстым къыщыхъуати, мыст хуэдэти, жиIэу псалъэ купщIэншэ зэи къыжьэдэхуртэкъым, зытепсэлъыхьым сыт щыгъуи фIыуэ хищIыкIырт, и бзэр шэрыуэт, абы и гупсысэм, и псалъэм дэтхэнэ зыми къыхихын игъуэтырт. Арат жьыри щIэри абы щIызыIэпишэр. Гъусэ къыхуэхъухэр тригъэурт, ягу бампIэ дихырт, чэнджэщэгъу яхуэхъурт, езым цIыхум защигъэнщIыртэкъым, губзыгъагъыу, лIыгъэу, гъэщIэгъуэну, дахагъэу яхэлъыр къиулъэпхъэщырт, ахэр нэхъри игъэбагъуэрт. Сэ БетIал сригъусэрейти, ар Iейуэ къэгубжьарэ Iей къыжьэдэкIыу, зыгуэрым хуэмыфащэ ирипэсу е жриIэу, убэу, тхьэусыхэу,

нэщхъейуэ, щхьэхуещэу зэи слъэгъуакъым, ар цIыху гуапэт, гущIэгъу зыхэлът, жумартт, щIыкIафIэт, и гушыIэмрэ ауанымрэ уатхьэкъурт, абы зэ хуэзам, ар зэ зылъэгъуам щыгъупщэжынкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Налшык щыхьэщIащ тхакIуэ, усакIуэ, искусствэмрэ литературэмрэ я лэжьакIуэ куэд. Абыхэм ящыщу япэ дыдэу 1953 гъэм урыс тхакIуэшхуэ Далецкий Павел БетIал и гъусэу Къэбэрдей уэрамымкIэ ехыу слъагъугъащ. Ар КIуащым нэхърэ фIыуэ нэхъыжьт икIи нэхъ щхьэпэлъагэт. «Мыращ «На сопках Маньчжурии» романыр зытхар, ауэ уэ, узэры-Багъы Петрым нэмыщI, укърезгъэцIыхуну зыри ббгъэдэлъкъым», – жеIэри мэгушыIэ.

– Уэ сыкъызэрыпцIыхур сэркIэ куэдыщэщ, – пызодзыж сэри.

БетIалрэ Далецкэмрэ зэкъуажэгъу, зэхэкуэгъу фIэкIа пщIэнтэкъым, апхуэдизу фIыуэ хищIыкIыу КIуащыр КъуэкIыпIэ Жыжьэ щIыналъэм, а лъахэм и тхыдэм и хъыбар Далецкэм хуищIырти, БетIал жиIэхэм щыхьэт техъуэурэ, хьэщIэм псалъэмакъым гъэщIэгъуэн куэд къыпищэрт. КъызэрыщIэкIымкIэ, Далецкэр абы къыщалъхуат икIи щеджат, ауэ БетIал нэхъыбэу игу къигъэкIыжхэр а щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм ядилъэгъуа, ядилэжьа Iуэхугъуэхэрт – Совгавань жыхуаIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ щригъаджэу абы щыщыIам щыгъуэ.

БетIал илъэгъуам, и нэгу щIэкIам, зыщыгъуэзам нэхърэ мынэхъ мащIэ зыщIэ куэд щыIэт, ауэ уитхьэкъуу, гъэщIэрэщIауэ, гъэщIэгъуэну, зыгуэрхэм гу лъыуигъатэу, абы къызэриIуэтэжу щытам хуэдэу жыпIэжыфын щхьэкIэ узыхуейр зыт: апхуэдэу укъигъэщIынырт. БетIал и псалъэр цIыхум щIаIэщIэмыужагъуэр жиIэмрэ жызыIэмрэ зэбгъэдэпхынкIэ Iэмал зэримыIэрт, абы жиIэр щIимыухри яфIэщIэщыгъуэ зэпыту щIыщытри усакIуэм акъылышхуэ зэрыхэлъырт, и псалъэхэр и гущIэ къабзэм къызэрыщIэкIырт, бзэ фащэ екIукIэ къызыхуэтыншэу зэрихуапэрт. Эфес щыщ Гераклит дунейм зэрызихъуэжым, зэрыщытам хуэдэу зыри къызэрызэтемынэм, диалектикэм и хабзэр гъащIэм зэрыхэпщам теухуауэ жиIэгъащ: «Зы псыежэхым зэщ узэрыхыхьэфынур, ухыхьэхукIи къыптелъэдэнур нэгъуэщIыпсщ». БетIал Гераклит и псыежэхым ещхьт, ухуэзэху, плъагъуху, зэхэпхыху зыгуэр щIэуэ къызыкъуихырт, и гупсысэр куут, и акъылыр жанти, зэIусэм псэ хелъхьэ жыхуаIэу, зытепсэлъыхьыни къигъуэтырт, къигъуэтари кIэщIрэ екIуу, гум къинэжу зыхуей хуигъазэрт, цIыхум и псэр къигъэщIэрэщIэжырт. Апхуэдэу ар щымытамэ, и бэлыхь Iэджэр игъэвами, куэд къикIухьами, куэд къиджами, щIэныгъэм пылъми, усакIуэ цIэр зэрихьэми, апхуэдизыпсэр къыхудэхьэхынутэкъым, псоми яфIэтелъыджэнутэкъым, ар псэлъэгъу ящIыным и ныбжьэгъугъэм нэхъуеиншагъэ халъхьэнутэкъым.

«Уи Iэщ и уасэ умыщIэмэ, бэзэрым ху, уи бын и пIалъэ умыщIэмэ, гъунэгъум еупщI», – жи адыгэ псалъэжьым. Абы нэхъей, БетIал зищIысар зыкъомкIэ къыуагъащIэ абы гъунэгъуу иIахэмрэ абыхэм пщIэшхуэ къыхуащIу, егъэлеяуэ фIыуэ къалъагъуу зэрыщытамрэ – щхьэж хуэфащэ и щауэгъущ, – жи.

– Лермонтовым урещхьщ уэ, БетIал, – къыжриIэгъащ абы урыс щIэныгъэлI цIэрыIуэ, литературэхутэ Андреев-Кривич, БетIалрэ сэрэ дригъусэу «Измаил-бей» поэмэм къыхэщ ХьэтIохъущокъуэ Исмел теухуа IуэрыIуатэ зэхуэтхьэсыну Балъкъ аузым дыкIуауэ. Лермонтовым адыгэхэм я тхыдэм, я хьэл-щэнхэм, я психологием кууэ зэрыхищIыкIым теухуа щапхъэхэр къиихьурэ, БетIал зытепсэлъыхьхэм фIэгъэщIэгъуэну щIэдэIурт зи гъащIэ псор мо усакIуэшхуэм и творчествэм тетхыхьу къекIуэкIа щIэныгъэлI цIэрыIуэр.

КIуащыр нэгъэсауэ адыгэлIт, цIыху пэжт, гуапэт, ныбжьэгъу куэд иIэт,

абыхэм ящыщт Гамзатов Расул, Мурадели Вано, Липкин Семен, Гребнев Наум, Москва щылажьэ дохутырышхуэ Шахназаров Гаджи, Ростов щыщ юрист Коркмасовэ Кити, нэгъуэщI Iэджи.

1955 гъэрауэ си гугъэжщ, Елбэрд Хьэсэн сэрэ дыщIэсу, кабинетым и бжэр дамэдазэу къыIуехри: «Бетал здесь?» – жиIэу нэхъапэкIэ зэи сымылъэгъуа зы лIы нэпэпкъышхуэ къыщIоплъэ. «Нет Бетала», – щыжысIэм, бжэр къыхуищIыжри IукIыжащ. Абы хэту БетIал къыщIыхьащ. «Расул къэкIуа мыбыкIэ?» – къыдоупщI.

– Уэлэхьи, дымыщIэ Расулми, ауэ зы щIалэ накъэдыкъэ къыпщIэупщIати, узэрыщымыIэр жесIащ.

– Ар Гамзатов Расулщ, держимордэ, адыгагъэ щхьэ иумыхарэ? НакIуэ си гъусэу хьэщIэщым!

Арати, сишащ. Расул и пэшым дыщIыхьэри, моитIум зызэрадзащ.

– Институтым сынэкIуати, узгъуэтакъым, зы пащIэ фIыцIэ гуэрым сеупщIати, БетIал щыIэкъым, жиIэри къысщIэгубжьащ. Ар мырмырауэ пIэрэт?

– АрагъэнкIи хъунщ. Мис аращ ДержимодэкIэ мыбы сыщIеджэр.

Расул дыхьэшхащ. ТIэкIурэ срагъусэри, сыкъыщIэкIыжащ – сэ сылейт, асыхьэтым ахэр, езы тIум фIэкIа, зыми хуейтэкъым, нэгъуэщI Iуэху лъэпкъ имыIэу, и ныбжьэгъу лъапIэ БетIал деж Расул лъагъунлъагъу къэкIуауэ арат.

Зы зэман дэкIауэ, а гъэмахуэ дыдэрами, къыкIэлъыкIуэ гъэрами сщIэжыркъым, БетIал институтым сыщIишащ: «НакIуэ си гъусэу, Мурадели Вано къэкIуащ», – жиIэри. Сэ си нэ къикIт ар слъагъуну, а зэманхэм щыгъуэ абы и цIэр IейкIи фIыкIи куэдрэ Iуат, ауэ, дауэ щымытми, ди къэралым и композитор нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыт, и оперэ «Великая дружба» жыхуиIэр Жданов Андрей игу иримыхьами.

ХьэщIэщ люксым и бжэм щеуIум, урыс цIыхубз нэхутхьэхушхуэр бжэщхьэIум къытоувэ.

– Мы сэ слъагъурелъ! Вано, БетIал къэкIуащ! – мэгуфIэ ар.

Абдеж адрей пэшым къыщIокI зи IитIыр шия лIы домбеишхуэ:

– БетIал-джан, БетIал-джан! – жиIэу гуфIэу.

Зыкъомрэ щысахэщ, Iэджи ягу къагъэкIыжу, ахэр щызэрыцIыхуам сыщыгъуазэкъым, ауэ зэрызэныбжьэгъуфIым шэч къытепхьэ хъунутэкъым. БетIал ещхьу, хьэщIэми гушыIэшхуэ хэлът. Псалъэу, зригъэщIеикIауэ шэнтжьейм здисым, гурымыжу и куэщIым илъ джэду къуацэ зэрамыщIэжым Iэ дилъэрт, и Iэхъуамбэ пIащэшхуэ зэгуэзахэмкIэ джэдууц кIырыр ипхыу. И адэцIэр сщIэжыркъым, ауэ Вано и щхьэгъусэм и цIэр Наташэт, мыарэзыуэ мэгъумэтIымэ ар:

– Мы джэдур дэнэ кIуэми къыздрешэкI, зэпымычу и куэщIым иригъэсщ.

– Сэ си куэщI зыгуэр изгъэсын хуейкъэ? Уэ си лъакъуэхэм уахуэIыгъыжыфынукъым, си Наташэ дахэшхуэ.

Зыгуэрхэм тепсэлъыхьурэ, музыкэ Iуэхуми нэсахэщ. Вано формалистхэм хабжэу зэрыракъухьам и хъыбар ищIыжурэ, «джэдылIэм здихьа бабыщ» жыхуаIэм хуэдэу, Дагъыстэным къыщыхъуауэ щыта гуэри ягу къагъэкIыжри, куэдрэ иридыхьэшхащ. Мырат ар зытеухуар.

Мурадели и гупыр яудыныщIа нэужь, Москва щызэхуэса лIыкIуэхэр зэбгрокIыж. Щхьэж и лъахэ щызэхуашэсащ композитору, музыкэр зи IэщIагъэу, фольклористу, тхылъ ямыщIэми лIыжь-фызыжь уэрэдусу, уэрэджыIакIуэу щIыпIэм щыпсэухэр. Къулыкъушхуэ зыбгъэдэлъхэм ящыщу Батырмурзаев гуэр пэцыр иричу Дагъыстэным къыщыпсэлъащ «Фыформалистщ, фыадрейщ-фымыдрейщ», – жиIэурэ. ЩIэсхэр шына-

уэ, щыму едаІуэрт. ЩІагъэкъуаншэри къагурымыІуэу къызэхуэсахэм зыкъомрэ ятецІыбыхьа нэужь: «Хэт сыт щІэупщІэну?» – зэпигъэуащ и хъущІэныр Батырмурзаевым. Вы цІыкІу бжьакъуэшхуэ жыхуаІэм хуэдэу, бухъар пыІэ лъагэшхуэ щхьэрыгъыу зы лІыжь цІыкІу, тІэкІу и гур къызэрыгъуэтыжри, зыкъиІэтащ:

– Товарищ Батырмурзаев, ми дажи нотІ ни знайм, какой ми пармалист? – жиІэри.

Ванорэ БетІалрэ я гур хэхъуэу зридыхьэшхыжыр арат.

А зэманхэм цІыхухэр нэхъыбэу щІагъэкъуаншэр къемызэгъ гуэр ящІауэ, е ящІэу аратэкъым, а лІыжь цІыкІум и псалъэхэми ар наІуэу къыхэщат, формалистыр хэтми къуагъащІэу.

БетІали дунейм зэрехыжрэ куэд дэмыкІауэ Мураделй махуэшхуэ хуэІухуэщІэхэм ящыщ гуэрым теухуауэ ди республикэм кърагъэблэгъат. Шокъущ жоуэ абы уэрамым сыщыхуэзащ. БетІал и фэ есплъырти, сыблэкІынкІэ Іэмал иІэтэкъым – сыкъоувыІэ. Езыри къонэщхъей: «Ди деж сыщыщыІэми, псом хуэмыдэу мыбы сыкъэкІуа нэужь, БетІал-джан зы дакъикъэ си гум схуигъэхуркъым. ИкъукІэ сыхуэныкъуэщ сэ абы и напэлъагъум... Си Іуэхухэр псынщІэу зэфІэзгъэкІынурэ, сыкІуэжынущ.

ИкІи кІуэжащ, афІэкІаи къигъэзэжакъым – куэд мыщІэу кІэлъыкІуэжащ фІыуэ илъагъу и БетІал-джан.

Нэхъыжьхэм ноби-ныжэби ящымыгъупщэжауэ фІыкІэ ягу къинащ КПСС-м и обкомым и япэ секретару ди республикэм илъэс зыбжанэкІэ щылэжьа Бабич Василий. ЛІы бжьыфІэт, цІыхум защимыгъэпщкІуу, я Іуэху дигъэкІыу, я гуауи, я гуапи ирахьэлІэу. И къулыкъум хуэфэщэн акъыл зыбгъэдэлъ унафэщІт, литературэм, искусствэм, щІэныгъэм я лэжьакІуэхэм и нэІэ ятет зэпытт, хэхауэ БетІал фІыуэ къилъагъурт.

А зэманым хабзэу щытащ Май махуэшхуэм къыкІэлъыкІуэ етІуанэ махуэм нэжэгужагъэ ин яхэлъу къалэдэсхэм ди парк хьэлэмэтым зыщагъэпсэхуу, жыг щІагъхэм щІэзу щІэсу, щешхэ-щефэу, джэгуу, уэрэд жаІэу.

Къэбэрдей псом къыщацІыху пшынауэ Іэзэ Къашыргъэ КІурацэ, БетІал и щхьэгъусэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Верэ, къуажэм къикІа сымыцІыху зы нэхъыжь, сэри сракІэрыдзэну, «Эльбрус» рестораныр здэщытым пэмыжыжьэу удзыпцІэм дыхэст, тхьэрыкъуэф Іэнэ зэгъэпэща дыбгъэдэсу. Дыпсалъэ-дыгушыІэу дыздэщысым, «Бабич къокІуэ», – жиІащ зыгуэрым. Дыплъэмэ, лъэс лъагъуэ цІыкІум тету, Бабичрэ и щхьэгъусэмрэ къакІуэрт. Къоблэгъапэхэри: «Сынывохъуэхъу, БетІал, МахуэшхуэмкІэ», – жи. «Апхуэдэу хъурэ, къеблагъэ! КъэтІыс!» – пожьэ абы КІуащыр. «Арауэ къыщІэкІынщ нэхъыфІри», – жеІэри Василий Иванович къыбгъэдохьэ. Сэлам кърихыну и Іэр къыщишийм, стэканым къепкІэу ирагъэхъуа бжьэр БетІал хьэщІэм ІэщІигъэуващ.

– Япэ щІыкІэ гуп махуэбжьэм уефэн хуейщ, Василий Иванович. Аращ ди адыгэ Іэнэм деж щыхабзэр.

– Мыр хъункъым, БетІал, – къоуІэбжь Бабич.

– Мыхъунур уемыфэмэщ, – жи БетІал.

Сыт ищІэнт? ИгъэщІейри ткІуэпс кърин акъым. ИтІанэ, сэлам-чэламыр зэфІэкІа нэужь, аргуэру бжьэр ирагъахъуэри, БетІал хуэгъэзауэ КІурацэ псалъэ гуапэ жиІащ.

– НтІэ, КІурацэ, дефауэ дыкъэмыфэу дауэ хъун? – жи хьэщІэм. Пшынэр зэрылъэлърэ лъэр щІэзыгъэкІ къафэм къыщеуэм, Бабич Верэ къыдеш. Фэеплъу къратарэ зэзэмызэ фІэкІа зыщхьэримытІагъэу БетІал бухъар пыІэшхуэ иІэт. Ар зыщхьэрехри хьэщІэм щхьэрекъуэ – лІыр щхьэпцІэу къафэ хабзэкъым.

– Уэри ущымыту, мор къэгъафэ, – жери, Бабич и щхьэгъусэр КIуащым ирегъэлъагъу.

– Сэ сыкъэфэфыркъым! – жиIэурэ фызыр Iуож. БетIал ещIэкъуауэу абы кIэлъожэ. КIурацэ и пшынэр мэбзэрабзэ, къэфэкIэ имыщIэми, пшынэм зыдригъэкIу щIыкIэу, Бабич зеIуантIэ-зешантIэри утыкум итщ, а Iэшэлъашэм щысхэм БетIал и хьэщIэм Iэгур тракъутэ, ихъуреягъыр къагъэпсалъэу.

– Хъунщ ар, БетIал. Ди нэгу зевгъэужьащ, фIыщIэшхуэ фхузощI, зывгъэпсэху, фыщыс, фыджэгу, уэ къэблэжьауэ пхуэфащэщ мыпхуэдэ нэгузыужьхэр, уи гуащIэ хэлъщ ди цIыхухэм я гуфIэгъуэм, – жиIэщ, БетIал IэплIэ къришэкIщ, ба къыхуищIыжри IукIыжат обкомым и япэ секретарыр.

Куэдым къалъымысу щыта апхуэдэпщIэр КIуащ БетIал къилэжьырт и дуней тетыкIэхэмкIи и творчествэ лъэщымкIи. А фIыгъуэхэм дэри дыхэныртэкъым.

Лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва командировкэ сыкIуэн хуей хъуауэ, БетIал сыхуозэри жызоIэ. «УздыщIэтIысхьэн хьэщIэщ умыгъуэту къалэм укъыдэнэмэ, Горькэм и уэрамым тетщ ЩIэныгъэхэмкIэ Академием и хьэщIэщ. Абы екIуалIэ. УщIамыгъэтIысхьэмэ, директор Кларэ Генриховнэ деж щIыхьи, сэ узэрызгъэкIуар жеIэ. Сэлами схуехыж», – къызжеIэ БетIал.

Арати, сынэса нэужь, нэгъуэщI сыхэмыту, унэр къэзгъуэтащ. СыздыщIыхьа хьэщIэщым, бгъэдыхьэпIэ имыIэу, администраторым и пэшыр цIыхухэм къаувыхьат, директорым и бжэми зыкъом Iутт.

А псор щыслъагъум, сызэрыгугъэшхуэ щымыIэу, Кларэ Генриховнэ деж зыщIэзгъэхуащ. Ауэ жыжьэрэ гъунэгъуу сызытригъэхьакъым.

– Сэ БетIал сыкъигъэкIуат, сэлами къыуихыжащ абы, – щыжесIэм, бысымым и нэгум зызэкIэщIехуж. БетIал къыщIоупщIэ. Сэри абы жагъуэу сыкъызэримылъагъум нэхъри тызокъузэ. Езыми БетIал и хьэлхэм, и щэнхэм теухуауэ зыкъом къызжеIэ. «Ох, этот Бетал, ох, этот Бетал», – жиIэурэ и щхьэр егъэкIэрахъуэ. Абы щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым, и лIыгъэм, ауэ сабийм хуэдэу зэрыеIуящIэм топсэлъыхь.

Дауи, хьэщIэщым сыщIигъэтIысхьащ. Зы махуэ гуэрым абы сыхуэзауэ, БетIал и хъыбар къригъэжьащ: «Мы унэр дыдейщ: ЩIэныгъэмкIэ Академием и аспирантхэм я общежитщ. БетIал мыбы зыкъомрэ щIэсати, лъэбакъуэкIэ зэ къехакъым, еплIанэ этажым къыщегъэжьауэ дэкIуеипIэ Iэдийм тесу къежэхыу фIэкIа, мы Iэдийхэр зэщIэскъыскъэу къэзыгъэнар БетIалщ», – жиIэурэ зыкъом игу къигъэкIыжащ. Ар езыр куэд зи нэгу щIэкIа, Шуудзэ армэм парт къулыкъухэр щызезыхьа нэмыцэ фыз хахуэт...

«Зэман къыпхудэхуэмэ, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ университетым дохутыру щылажьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, дагъыстэн щIалэ бэлыхь Шахназаров Гаджи зыхуэгъази схущIэупщIэж», – жиIэри си пщэ кърилъхьат БетIал. Я деж сыкIуэри щымыIэу къыщIэкIащ, и щхьэгъусэ урыс цIыхубз зэкIэлъыкIуэмрэ абы и адэ лIы угъурлымрэ пщIэшхуэ къысхуащIу срагъэблэгъащ. Гаджи къэгувэрти, тIэкIу сежьэну къызэлъэIуахэщ. Ауэ сыхуэмызэу сыкъыщIэкIыжащ. Нэху дыкъекIри, пщэдджыжьым жьыуэ тезгъэзэжащ. Гаджи къыщIэкIащ, и щхьэр зыфIиудыжу: «Си напэр текIащ, сыт иджы БетIал жиIэнур, сыт сщIэнур? Алыхьым и хьэтыркIэ, мы дунейм зы Iэмал иIэмэ, утхуэмыхьэщIауэ уемыжьэж. Справкэ уэстынщ усымэджауэ», – жиIэрт.

И псалъитIым я зыр БетIалт, кIыхьу тепсэлъыхьыну зэман щыIэтэкъым, мафIэгур къыIукIыным къэнар мащIэт. ДыщызэбгъэдэкIыжым:

«Сэ мыгувэу сынэкIуэнущ езы БетIал и деж, куэд щIауэ слъэгъуакъыми, сигу къэкIащ. Сыхуэзэшащ», – жи.

Абы и псалъэр игъэпэжащ: а гъэмахуэ дыдэм БетIал деж къэкIуауэ Гаджи сыхуэзэгъащ.

А лъэхъэнэ дыдэхэм щыгъуэ Москва сыкъыщыхутауэ, сагъэцIыхуащ БетIал и аспирантэгъуу щыта дагъыстэн цIыхубз дахэкIей Коркмасовэ Кити, юридическэ щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Ростов юридическэ институтым илъэс куэд щIауэ щезыгъаджэр: «БетIал мы общежитым зэрыщIэкIыжу ди гъащIэм сабафэ къытеуат, дигури ди псэри къыщIэмыхьэж хъуат, абы гушыIэ куэд зэхыдигъэхащ, нэгузыужьыгъуэ дыщигъэщIакъым, сыт хуэдэ чэнджэщ дыхуейми, дызэжалIэр БетIалт. Сыту насыпышхуэ фиIэ ар зыхэт, ар зылъагъу фэ. Мы театрым БетIал къэкIуэрейт. Мы букинистыр абы и ныбжьэгъут. Мыбдежхэр БетIал и зекIуапIэт», – жиIэурэ зыкъомрэ сыкъришэкIащ Кити, БетIал и хъыбархэр хуэмыухыу. Ауэрэ Театрышхуэм дынос. Афишэм йоплъри, Гуно и оперэ «Фауст» зэрилъагъуу: «Мефистофель и куплетхэр БетIал жиIэу зэхэсхыну фIэкIа нэгъуэщI сыхуейтэкъым. Дунейр къэкъутэжу къыпфIигъэщIт абы ахэр щигъэзащIэкIэ. Оперэм и музыкэри псалъэхэри БетIал и дуней тетыкIэм, и хьэлым, и гупсысэкIэм ещхьт, псынэ къибыргъукIыу, укъызэщIиIэтэу, уигъэпIейтейуэ».

БетIал зэрыадыгэм егъэлеяуэ ирипагэми, иригушхуэми, абы лъэпкъ зэхэгъэж зэи ищIыртэкъым, зытепсэлъыхьыр абыхэм ядилъагъу я фIыпIэхэрат. Езым и ныбжьэгъу пэж Iэджэ лъэпкъ куэдым яхэтт: Бычков Дмитрий, Зацепилин Георгий, Лобжанидзе Ираклий, Израилов Алексей, композитор гъуэзэджэ Шейблер Трувор сымэ.

КIуащ БетIал ехьэлIауэ фIыкIэ сигу къэкIыжхэм ящыщщ мыри.

Балъкъэрхэр ирашат, я щхьэ къэрикIуами зыри щыгъуазэтэкъым, я хъыбар дунейм къытехьэртэкъым, щIыр зэгуэхуу я кум дэхуа хуэдэ, ягъэбзэхат. ХэIущIыIуу уатепсэлъыхьыныр дзыхьщIыгъуэджэу щытми, еми фIыми зэрыгъуэту, ягукIэ, я псэкIэ зэгурыIуэу зыдэпсэуа балъкъэрхэм къатепсыха тхьэмыщкIагъэм, къатехьа лейм иринэщхъейт ди лъэпкъыр.

1955 гъэм и гъэмахуэрт, балъкъэрхэр хуит къащIыжатэкъым. Налшык паркым иту БетIал плъэри, и нэр зыгуэрым техуащ. ТIэкIуи къэуIэбжьащ. Ауэ псынщIэу зречри, зи лъакъуэ лъэныкъуэр пымытыжрэ блэгущIэ баш иIыгъыу къэблагъэ лIы лъагъугъуафIэм жьэхолъадэ. «БетIал – Керим! Керим – БетIал!» – жаIэу зызэрадз. «Мыр дауэ? Хэт и гугъэнт?» ЗэбгъэдокIуэт, зызэпаплъыхь. Аргуэру IэплIэ зэхуащIыж, мэгуфIэхэр. Я нэпсхэр IэщIыбкIэ щIалъэщIыкI. БетIал зыхуэзар хэтми дэ тцIыхуртэкъыми, щтэIэщтаблэу, тщIэнури жытIэнури дымыщIэу Iэнкуну дызэхэтт. ИужькIэ БетIал и гур къызэрогъуэтыж: «ПсынщIэу мыдэ фыкъакIуэ! Мыр си ныбжьэгъу, си къуэш Отаров Керимщ. Балъкъэр усакIуэшхуэщ...» Псори абы дыщыгуфIыкIащ. Гуапэу сэлам етхащ.

Куэд щIауэ зэрымылъэгъуа зэныбжьэгъуитIыр щызэхуэзам деж ресторан хьэлэмэт цIыкIу щытти, БетIал псори абы дыщIешэ. Iэнэм дегъэтIыс. Рестораным щIэсхэр дэ гупышхуэм къыдоплъ. БетIалрэ Керимрэ Iэджэм я цIи къраIуащ, я нэгу щIэкIахэр зэхуаIуэтэжащ, зыкъом ягу къагъэкIыжащ я щхьэ къэрикIуахэм теухуауэ.

Куэдрэ сигу къокIыж а махуэр, сыту насыпышхуэ апхуэдиз гу къабзагъэ уиIэну, апхуэдэу къуэшагъ, пэжагъ хэлъу уи мыIыхьлы, уи мылъэпкъэгъу убгъэдэтыну! Арат псоми, я псэм хэлъми, БетIал щIыхамыхынур, лъэпкъхэм я хъуэпсапIэр, я дахагъыр сэтей къищIу, я кум ныбжьэгъуагъ зэрыдилъхьэрт. Нобэ зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр лъэпкъхэм яку къыдэ-

хъуэмэ, зыкъомкIэ ар зи зэрану къэплъытэ хъунур БетIал хуэдэхэр цIыху цIыкIум къазэремэщIэкIырщ.

Сыт и лъэныкъуэкIи лъэужь дахэ къигъэнащ БетIал.

Зыхуэбгъажэм блэужи, зыблэбгъэжым теухуэ жыхуаIэу хъуат БетIал и Iуэхур. Ар Тхьэм бэлыхьу хъуам щихъумэну ди гугъэурэ...

Рогавэ Георгий лекцэ къытхуеджэу аспирантхэр дыщIэст. Ломтатидзе Кетовани и секретарь-машинисткэм бжэр къыIуихыурэ тIэурэ-щэрэ къыщIэплъащ, аргуэру къытригъазэри: «Си дежкIэ ныщIыхьэт», – жиIэри IукIыжащ. СыщIыхьэмэ, нэщхъейуэ къызэфIоувэ щхьэфIэпхыкI фIыцIэ зытелъ цIыхубзыр. «Си гум щIыхьащ мы хъыбар гуауэр... СыпхуогуIэ»... – жиIэу телеграммэ къысIэщIелъхьэ. Сеплъмэ... КIуащ БетIал зэрыщымыIэжымкIэ къызэщхьэкIуэрт ар. Сыкъэумэзэхащ, сыкъызэфIэлIащ, сыдыкъащ. Си пIэм сижыхьащ. Си жьэр зэщIэнащ. Телеграммэр сIыгъыу щызгъэзэжам, псори къызэщIэтэджащ. Я щхьэр къыфIэхуауэ зэхэтщ. Институтым щIэсу хъуар ду жоуэ къызэхуэсащ. Псори сэ къысхуогузавэ, къысхуогуIэ. Си Iэр къаубыд, БетIал зыцIыхухэми и хъыбар зэхэзыхахэми гуауэшхуэр ягу зэрыщIыхьам, Кавказ псом и литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэщIыныгъэшхуэ зэрагъуэтам тепсэлъыхьахэщ...

БетIал и щIалэгъуэм насып иIакъым. Къуажэ школым щыщIэсам къыщыщIэдзауэ кулакыкъуэ цIэр теIукIри, и гур иудауэ, зыхэтхэми зыкъыпыIуадзу, и ныбэкIи, и фащэкIи шэджэладжэу къекIуэкIащ. Институтым щIэтIысхьэри – аргуэрыжьт. ЩIэныгъэм зэрыхуэпабгъэмрэ и акъыл жанымрэ, нэхущ бзууэ ушэным къыхуигъэщIауэ къызэрытIэпIым зи ахърэтыр нэху хъун ЩоджэнцIыкIу Алий гу лъимытамэ, зэреджэну илъэсиплIым къриубыдэ щIалэгъуэри гуфIэгъуэншэу екIуэкIыну къыщIэкIынт.

Еджэныр къеухри, зи гъащIэр лъапэдэгъэзеигъуэу езыхьэкI БетIал и щхьэр лъахэм ирех: щIым и гъунэ КъуэкIыпIэ Жыжьэм лэжьакIуэу къыщохутэ, нэса-нэмысауэ Хэку зауэшхуэр къохъей. ЗэрыпхъуакIуэхэм япэщIэува дзэ пэрытхэм яхэту ар зауэм Iуохьэ. Офицеру лIыхъужьыгъэу зэрихьам и щыхьэту орден зыщыплIрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу абы щалъхуа щIыпIэм къегъэзэж, и щIалэгъуэ къэнэжари зауэм ихьауэ. И щхьэ Iуэху зэрыдэкIын яужь имытыщэу, и пщэ къыдалъхьэр и хьэлъэу, ар аргуэру IэнатIэ пэроувэжри, гъащIэми цIыхуми защимыгъэнщIу, си щIалэгъуэм сымылъэгъуар иджы иризгъэкъужынщ, си творчествэми иджы нэхъ хуиту пысщэнщ жиIэу и псэм пищI и лъэпкъэгъухэм яхоувэж. АрщхьэкIэ, зыщIэхъуэпсахэм я гъунэ ирилъа къудейуэ, цIыху цIыкIум яфIэгуузрэ дыщIыхьэным хуэдэу ар лъэпкъым IэщIэкIащ. Ауэ щытхэкIар нобэ хуэдэу, ди гум илъщ, и IуэхущIафэ гъуэзэджэхэм дропагэ, дрогушхуэ, и лIыгъэр, и адыгагъэр ди гъуазэщ.

Сэ сыкърихьэлIэжакъым БетIал и хьэдэщIэлъхьэм. А нэщхъеягъуэм хэтахэм къызэраIуэтэжымкIэ, абы и хьэдащхьэр ягъэлъэпIащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм пщIэшхуэ хуэзыщI цIыху мин бжыгъэм. А зэманым КПСС-м и ЦК-м Общественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием щеджэу Москва щыIэ КIыщокъуэ Алим, къэхъуа гуауэр къызэрищIэу, къэкIуэжри, щыгъуэ пэкIур къызэIуихащ: «ЦIыху псоми хэхауэ махуэу тIу яIэщ, – жиIащ абы, – дунейм къыщытехьэмрэ абы щехыжымрэ. БетIал иIэр зыщ – къыщалъхуарщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и фэгъу усакIуэ нэсхэр уахътыншэщ».

*1995 гъэ.*

## КIУАЩ БетIал

### СИ ХЭКУ

**Си хэкууэ дыщэ губгъуэ,**
**Къэхъугъэм и епэр,**
**Кавказым щынэхъ фIыгъуэ,**
**Дохьэхыр птеплъэ нэр!**

**Лэгъупуэ из мазэгъуэр**
**Къыщоблэр уи щхьэщыгу,**
**Нартсанэ – хущхъуэ дэгъуэр**
**КъыщIож уи ЕсэнтIыгу.**

**Акъужьыр алъп сэхъуауэ**
**Уи ныджэм щопIейтей,**
**Псы Iэлхэр Iэсэ пщIауэ,**
**Турбинхэр пхуагъэхъей.**

**Пшэ уанэу Iуащхьэмахуэ**
**Плъыр сакъыу къыпщхьэщытщ,**
**Аузхэм щызэрахуэ**
**Iэщ бжыгъэр вагъуэ лъытщ.**

**ТеплъафIэу мывэ гъуэгухэм**
**Уи губгъуэр зэрахъащ,**
**КIыфIыгъэр щIыпIэ дэгухэм**
**ДыгъэщIэм щхьэщитхъащ.**

**ЖьакIацэу щхьэмыж уэрхэр**
**Хы щхьэфэу мэбырыб,**
**Толъкъунхэр, къыр къэзэрхэр**
**Убзэншэу уощI Iэрыпl.**

**Къунанхэм пшагъуэ гуартэу**
**Бгы щхъуантIэхэр яхъуэкIу,**
**АкъылкIэ щIыр бгъэбатэу**
**Жэщ-махуэми уопэкIу.**

**БэвыгъэкIэ си хэкум**
**Зыгуэр зытебгъэкIуэн!**
**Имызуэ зэи бжьыхьэкум**
**Къинакъым уи щIым гуэн!**

**Къыр таж утеуIуамэ,**
**Зэхохыр дыщэ макъ,**
**Аузхэм щыбэщ мрамор,**
**Щогъуэтыр домбеякъ.**

**Зэтетурэ унэ инхэм**
**Дэндежи зыщаIэт,**
**ЩолъапIэр гуфIэ блынхэм**
**УхуакIуэм и сурэт.**

**Хуэдэншэу уи шу жэрхэм**
**Зрачмэ, пшэм йопыдж,**
**Нарт лъэпкъыу уилI жыджэрхэм**
**ТхьэIухудхэр къагъэудж.**

**Уи цIыхухэр фIыщIэ хэлъуэ**
**Лэжьыгъэм гугъу дохьыф,**
**УэрэдкIэ зэрылъэлъуэ**
**ГуфIэгъуэм зэхотыф.**

**СщIэ псохэри щIэщыгъуэ**
**Щысщохъур сэ уи дей,**
**УзиIэщ, сымыфыгъуэ,**
**Уи фIэщ щIы, Къэбэрдей!**

**УзиIэу уэ си хэкур,**
**Къэслъыхъуэркъым жэнэт.**
**IуащхьитIым я зэхуакур**
**Бгъуэтынкъым къызыхуэт.**

**Си хэкууэ дыщэ губгъуэ,**
**Къэхъугъэм и епэр!**
**Кавказым щынэхъ фIыгъуэ,**
**Уи теплъэм IэфI ещI псэр!**

*Москва.*
*28–30 июль, 1947*

## СИ ГЪУСЭЩ

Си гущэм гуфIэу ар къиплъащ,
Сэ «нанэ» щыжысIам;
Сэ лъапэ махуэ къыздичащ,
А гущэм сыщехам.

Школ кIуэгъуэм жьыуэ къыспежьащ,
Партэгъуи къысхуэхъуащ;
Щыгугъум дахэ къызжиIащ,
Щыуагъэм сыблишащ.

Къэралым «тэдж» къыщызжиIам,
Збгъурытуэ ныздежьащ;
УIэгъэм пIэм сыщыхилъхьам,
ЩIэпщакIуэ къысхуэхъуащ.

ГушхуагъкIэ си пкъыр жан ищIат,
Езэшыр зыхэсщIакъым,
Хахуагъэр гъуэгу сэ къысхуищIат,
Сыдзыхэу сыдэхакъым.

Блиндажыр гуауэм кIыфI щищIам,
ДыгъэщIэу къыщIэпсащ:
«УокIуэд, зыкъэт», — бийм щыжиIам,
— ПцIыщ, текIуэ! — къызжиIащ.

Бий бзаджэм дэ дыщытекIуам,
Бзэ пэжкIэ къытщытхъуащ:
Щыгъуазэт лIыгъэу дэ зетхьам,
Лъэпкъ псоми хуиIуэтащ.

Бгы инхэм фIыгъуэу щыгъэпщкIуам
И кIуапIэр къыджиIащ,
Ажал пIалъэншэу куэд зыхьам
И тIасхъэр дигъэщIащ.

УнэщIэ лъабжьэр щыхэслъхьам
Схуэхъуащ ар чэнджэщэгъу,
Згъуэтынкъым гъищэ сылъыхъуам
Тхылъ хуэдэу сэ ныбжьэгъу!

*1947*

* * *

Зэманыр Iуэхукlэ зыгъэнщIыфыр,
Аращ езыр зэманыр зейр, —
Iуэху щIакIэ махуэм пэувыфыр
Аращ къэкIуэнур зи дунейр.

ӀэнатӀэр фронтуэ къэзылъытэм
БыдапӀэ щыӀэн къимыщтэн?
И Ӏит Ӏ къамыхьым щыукӀытэм
Къэвгъуэтыт Ӏуэху гугъу пэпщытэн?

НэхулъэфӀ узыншэу укъекӀамэ,
Сэбэп ухъупхъэр уигу игъэлъ;
ПлъэкӀ псор уи лъахэм хуумыщӀамэ,
УкӀытэ; жэщ хъуам умыгъуэлъ.

УкӀытэ, плъэкӀыр умыщӀамэ —
И фӀыгъуэм гъащӀэм ухэнащ,
Куэдыщэ пщӀауэ къыпфӀэщӀамэ,
УимыкӀыу уи пӀэм укъинащ.

Упсэу цӀыхугъэм и фэеплъуэ
Лӏэужь зыухуэр гъащӀэ ин,
ЩӀыренэ махуэр мыужьых пшэплъуэ,
Дыинщ, мурадри иреин.

*Мэзкуу, февраль, 1948*

## СЫТ СЫЗЫЩЫШЫНЭР?

ДыгъэфӀ махуи жэщ мазагъуи
Сызыщышынэр зыщ:
«ИщӀэгъа щыӀэкъым щӀагъуи,
ЛӀащ, дыхуэарэзыщ», —
СхужыпӀэнырщ, си лъэпкъ мащӀэ:
Ар си лӀэн тӀэунейщ.
Уэ умыщӀ Ӏумпэм си гуащӀэр,
Сэ уэ сырыуейщ.

*1955*

* * *

Уэр мыхъуамэ, сыбгъэ дамэншэт,
Шыуанишэ лъахъшт,
Жыг къута щӀэгъэкъуэныншэт,
Шэншэу жэм шхуэл къашт,
Ауэ сэ узиӀэщ. ГъащӀэр
Уэрщ къызэзытар,
ПхуэсщӀыжыну пщӀэ сопӀащӀэр,
НэгъуэщӀхэр хъымпӀарщ.

Зэрыжаӏэу, «жэм и лъакъуэ
И шкӏэ имыукӏ»,
Ауэ, лъахэ, узгъэплъакъуэм
Сыщӏ хьэрэм, сыукӏ.

*1955*

## КЪЫТЕХЬЭ БГЫПЭМ

Ешауэ дыгъэ-мафӏэ шэрхъым
Къурш тажхэр пшэплъкӏэ щихуапэу,
Шхупс щӏыӏэу гуакӏуэу ахъшэм нэщхъым
Къуэкӏыпӏэр жыжьэу хуэпшапэу,

Къыдэкӏ Шэрэдж и бгыпэм, дахэм,
Жэнэт и теплъэр уэ нэгу щӏэкӏ
Пхуэхъунщ, а бжьэпэм темытахэм
«Умыкӏуэ» жаӏэми, къыдэкӏ.

Плъагъунщ: ди ныджэм щынэ гуартэм
Бухъар пыӏэгъуэр натӏэ тес
Хуищӏауэ, тесуэ къунан уардэм,
Шэрэджуэ гъащӏэм щӏэр зэрес.

Псыщӏагъ щӏэлъ мывэм къищӏ толъкъунуэ
Зэпыу имыӏэу зэрыщыт:
Хэхъуэным, пӏалъэм хурикъунуэ
Ди гъащӏэр мыхъумэ, щыӏэр сыт!

По натӏэр зи бгъэу ӏэмыщӏэбгхэм
Нарт лӏыгъэр ныджэм щыхагъэпщ,
Пщӏэгъуалэ ӏэлхэу щӏыфэ жэпхэм
Щауэфӏ и уанэм зыхуагъэпс.

Къыхэплъуэ пшэплъым Бещтокъуэжьым
«Нэхулъэфӏ фыкъикӏ» жиӏэфэу щытщ,
Я сокур щӏихуэу и акъужьым
Шагъдийхэр щыщхэу фэхум итщ.

Гува чыракӏуэ махъшэ сыджхэу
Чэзу къухьэпӏэм зыхуащӏащ,
Кавказ къыр дзэхухэм, пшэм епыджхэу
Пӏэ хуэплъэ пщащэу затӏэщӏащ.

**Яжьафэ къырхэм пшэплъ сырымэр**
**Ужьыхмэ, дыгъэр тегъуэлъхьэнщ,**
**КъыдэкI, дахагъэм и махъсымэр**
**Чэф IэфIуэ жануэ щхьэм къихьэнщ.**

**Къэхъугъэр пащхьэм алэрыбгъууэ**
**Фэ куэдкIэ лыдуэ къигъуэлъхьэнщ,**
**ДаущкIэ псыхъуэм зыщиубгъууэ**
**Дунейм пщыхьэщхьэр къытехьэнщ.**

**Плъагъунщ а псори, щIэ уэрэдуэ,**
**И макъыр гъащIэм зэхэпхынщ,**
**Дияуэ си нэр, гъэпщкIуа плъыруэ**
**Абы уеплъыху, уэ сыноплъынщ.**

*«М. Калинин» кхъухь,*
*Волгэ, 13/VII—1948*

## ИНДЫЛ

Индылыжьым и нэр къыщопкI!
*(Къэбэрдей уэрэдыжь)*

**Щхьэм къитIэсуэ щытыгъакъым**
**Нобэ фIэкI, Индыл,**
**Уи инагъыр, си гугъакъым**
**Ухъууэ псым я пыл!**

**СфIехь уи теплъэм си ни си пи,**
**Псыуэ хэт уещхьын!**
**ПсыIэрышэщ Миссисипи**
**УэркIэ, хуитщ кIыхьын.**

**Нил фIыцIагъэр зи ухыгъэ.**
**Хьэрып гъэр псыбгъуэжьщ,**
**Уэщхьуэ зыкIи умыгугъэ,**
**Ар лъынэпскIэ гъуэжьщ.**

**ЛIэщIыгъуищэхэр зи тхыдэ,**
**Лъы нэпсхэм я шланг,**
**Индус нэщIхэр зыгъэшхыдэ,**
**Псы жагъуэщ ин Ганг.**

**Рейн и Iуфэр ажал Iэщэ**
**ЩауIу кIыщ ящIау,**

**Зауэ щӀэкъухэр щопэщащэ,**
**Лъымэм гу хуащӀау.**

**Тхыдэ щӀэщхъукӀэ кууэ, фаджэу**
**Хым псы куэд ират,**
**УеплъкӀэ пщӀэнкъым мысымаджэу**
**Тигр е Евфрат.**

**Ахэр пхуэдэу зэи сэлэтуэ**
**Хэувакъым строй,**
**Гурыщхъуэншэу лъэпкъым къуэтуэ**
**Дашэчакъым уей.**

**Уи толъкъуным тезэгъэнуэ**
**Бийм хуэщӀакъым кхъухь,**
**Уэ пфӀэмыфӀмэ, къеблэгъэнуэ**
**ХулъэкӀын езы Нухь!**

**Хьэуэ, теткъым дуней иным**
**Уэзгъэщхьынуэ зыпс;**
**Зэи уикӀынкъым ди пэгуным,**
**Уардэу Индылыпс!**

**Сыт и уасэ ахъшэм хуэкӀуэу,**
**Псыхэм я уэлий,**
**Утетыныр нэр ныбдэкӀуэу**
**Бгыхэу Жигули.**

**ЩэныфӀэбэ гуащэ кӀуэкӀэу**
**ЩӀэншэу псыр йохьэх,**
**Жигулир и дакъэ хэкӀэу**
**Дыгъэр пӀэм хуощхьэх.**

**Дыгъэ нэпсым, дыжьын бынжэу,**
**Уи сэтейр ешыхь.**
**ГъуагъуиплӀ пшынэм Ӏэдэбыншэу**
**Ӏуфэм къыщекӀухь.**

**Дыжьын щхьэфэр пэкӀэ ябзэу,**
**Кхъухьхэм дыратхъуей,**
**Толъкъун-дыпӀэр Ӏуфэм хуадзуэ**
**Винтхэр щӀэм щохъей.**

**Домбей пщэцуэ Iуфэ мэзыр**
**Хьэвэ щхъуантIэу пIутщ;**
**Дыгъэр щехым, бзапцIэ гъуэзыр**
**Жигулим щхьэщытщ.**

**Уи Iуфэм гъэтIылъыгъэ**
**ЦIыхум щыхуэхъуар,**
**Уи псэм хуэдэщ; зэи ухыгъэ**
**Зыхэзмыщ Iэщ ар.**

**Гъунапкъэншэу текIуа гуащIэм**
**И дауш пщхьэщытщ,**
**Уэркъэ ещхьыр езыр гъащIэм,**
**Унасып пэлъытэщ.**

**Хэт уи теплъэм гу лъитауэ**
**ГъэщIэгъуэн иуха?!**
**Уи псы губгъуэм зэ тетауэ**
**Гухэлъыфl пфIиха?!**

**Пэж жысIэнщи, семылеймэ,**
**Сэ усщIынт слъэкIам,**
**Ди къэралым и эмблемэ —**
**Хэт ещхь ар пфIэкIам!**

*13–15 /VII–1948 «М. Калинин» кхъухь,*
*Горький-Астрахань.*

* * *

**СфIэфIкъым, хуейми ирепсэу,**
**Зэрыз зигу фIамыщIхэр,**
**Щэхууэ куэд идзыгъукIэ тхъэр,**
**Пагэр, къинэмыщIхэр.**

**Мылъкум я нэхэр щипхъуау,**
**Зы къызыфIэмыщIхэр,**
**Теплъэ IэфIым щIигъэпхъуау,**
**ЩыкIыр, къинэмыщIхэр.**

**УекIуэлIэнкIэ IуэхукIэ хъуам,**
**Зи гур къыпхуэгъущIэхэр,**
**Зэ нэхъыщхьэ къехъуэхъуам,**
**Плъакъуэр, къинэмыщIхэр.**

**ЩигуащIэгъуэм дэзыдзых,**
**Гъуэгу пхыдзар зыбзыщIхэр,**
**Щхьэхуещэнкlэ зыкъизых,**
**Дзыбэр, къинэмыщIхэр.**

**Бэм я гущIэм щамыгъуэт,**
**Къащэхун зызыщIхэр,**
**Гугъум зи лъэр тезыпхъуэт,**
**Фыгъуэр, къинэмыщIхэр.**

**Ауэ си псэщ зы шыбз жьейр**
**Гуартэ уардэ зыщIхэр,**
**Бэм гугъу дехькIэ мыгужьейр,**
**Къабзэр, къинэмыщIхэр.**

**Бэ IэнатIэм Iуувам,**
**ЕрыщагъкIэ гъущIхэр,**
**ФIыкIэ и цIэ къраIуам,**
**ФIыщIэф, къинэмыщIхэр.**

*Невинномысская, 26/VIII—1948.*

## УЭРЭДЫР ФАДЭМ КЪЫХЭКIКЪЫМ

Уэрэдыр фадэм къыхокI
*(Къэбэрдей псалъэжь)*

**ГъащIэ Iейр щатхьэлэу фадэм,**
**ЖаIэт япэхэм уэрэд,**
**Уэрэд куэд ищIыфуэ фадэм**
**ЖызыIэф къахэкIырт куэд.**

**Хьэлъэт, жагъуэт Iуэху яIуатэу**
**А уэрэдхэр, гур хагъэщIт,**
**Махъсымэбжьэм къимытIатэу**
**Бзэр мыпсалъэу къыпфIагъэщIт.**

**Пэжщ, уэрэд къыхокIыр фадэм,**
**Ауэ сощIэ сэ уэрэд,**
**Зэхэсхауэ ситуэ хадэм,**
**УедэIуэху пщымыхъууэ куэд…**

**Пшэплъ жьэражьэм есуэ дыгъэр**
**Нэжэгужэу къыдокIуей,**

Зыхищlауэ махуэ бзыгъэр,
Къуршым щхьэр къиlэт къудейщ.

Жэщ ву макъыр псы салъкъыным
Егъэкlащхъэр, дыгъэр плъыху,
Цlыху лъэщ лъащэм и макъ иным
Хохъуэр махуэм зиужьыху.

Псы ехуэххэм я макъ куэдыр
Къэхъеящ, нэху щау дунейм,
Псэр дихьэхыу lу уэрэдыр
Къыхидзащ бжьыфlа дунейм.

Цlыхухэм, губгъуэм, къуалэбзухэм,
Мэзым, пагэу къурш lэтам,
Гъущl пхъэlэщэу вабдзэ цlухэм,
Щlыгухэм, лъагэу кхъухь лъэтам

Я макъ псоми зы даущуэ,
Щlым махуэщlэм щыпежьащ.
Махуэр кlуэуэ щlым дэушуэ,
Фlыкlэ дунейм зиужьащ.

Месыр, хадэм пэгъунэгъууэ
Щытщ, lухауэ и бжэр, кlыщ;
Уэху дэхъейуэ щlыр уэндэгъууэ,
Уадэм гъущlыр егъэщыщ.

Уадэр гъукlэм ишэщlыхукlэ,
Гъущl жьэражьэм зеудыгъу,
lэщэу кlыщым къыщlэкlыхукlэ
Гъукlэм гъущlми игу щlэмыгъу!

Чэзууфlэу а уадауэр
Махуэм ежьу къиlэтам,
Бэрэбан къыхэщуэ мауэр,
Гур хигъахъуэу макъ къиштам...
Гуфl уэрэдыр хуейкъым фадэ, —
Гъащlэр дахэу мэусэф,
Даlуэ, лъэщуэ мауэр уадэ,
Уэ макъамэр тегъэпсэф.

*Мэзкуу. 6–7/11–1949*

## СИ ПСЫХЪУЭГУАЩЭР

Сыщыцӏыкӏум, псыхъуэр спаубыдынуэ,
Псыхъуэгуащэ щыӏэ къысфӏагъэщӏт,
Сыхущӏэкъуу сэ абы сеплъынуэ,
Псыхъуэ псор нэ тенэкӏэ къэстӏэщӏт.

Жэщ мазэгъуэм бгыпэм сыкъытехьэм,
Сызыщӏишэу зы макъ гуэр зэхэсхт,
Зэныбжьэгъухэр баз дыщызэпихьэм,
Псыхъуэгуащэм кӏэлъыкӏуэн къыхэсхт.

Сэ а макъым сыщӏыхьэн си фӏэщуэ,
Вакъэр слъыгъыу псым сызэпырыжт,
Анэр гуӏэу псыхъуэм нэху щызгъэщуэ,
Пщэдджыжьым бампӏэу сыгъуэлъыжт.

«Уд» сыхъу фӏэщӏуэ шынэщ ди нанэжьри,
Ефэнды дыуэтхыр къысхуишат,
Си адэм къищӏэщ, фӏыуэ сиубэрэжьри,
Псыхъуэ кӏуэн дыуэншэу щызгъэтат.

А лъэхъэнэр сигу иджы къэкӏыжым,
Згъэхъэгъахэр сщохъур дыхьэшхэн,
Ауэ сэ иджыри сызэплъыжым
Жэщ къэтын слъэкӏакъым сыбгынэн.

Нэрылъагъум шыпсэр гуэзгъэкӏыфми,
Пасэрейуэ макъ сэ зэхызох,
Зэзэмызэ пӏэм сыгъуэлъыжыфми,
Щхьэгъубжэр, си анэр шхыдэу, фӏыӏузох.

Жэщыбг кӏыфӏым напӏэр сфӏызэхуишэм,
Сыжейбащхъуэу соӏуэщхъур, сокӏий,
Гу мызагъэм щхьэгъубжэм сыхуишэм,
Къысфӏэщӏ теплъэм си ӏэр хузоший.

Бжэр спаубыдым, гъуэгу щхьэгъубжэр сощӏыр.
Гъунэгъу хадэр хьэмуэ сыубащ,
Жэщ сымыкӏуэм пӏалъэ мыбж къысфӏощӏыр,
Вагъуэхэми гу сэ къыслъатащ.

«Сыт гухэщI, си щIалэ, уигъэIуэщхъуурэ
КъоуэлIа, — си анэм нэпс щIегъэж, —
Сыт емынэ дэ унагъуэм щIэщхъуурэ
КъытхуэкIуа, дэ сытыр ди гъащIэж».

Жин си пыхъуэпышэурэ цIыхубзхэм
ЯIуэтэху, си анэр мэгужьей, —
СыткIэ пэж ящIэну зи гур изхэм, —
Мэгъуэлъыфхэр, быдэурэ мэжей.

Хущхъуэ IуэхукIэ унэр зэрызохьэ,
Iэзэ гуэр районым къэрашащ,
Сэ севгъэплъыт, — си адэр къызбгъэдохьэ.
Пшагъуэ махуэу напщIэр зэхуишащ:

— Псыхъуэ кIуэныр, — къэпсэлъащ си адэр, —
Си IизынкIэ думпу пыпчыгъат,
Умыубэну жэщкIэ гъунэгъу хадэр,
Иджыгуэр сэ соплъым нэхъыфIат!

— Уи бгырыпхыр хущхъуэ сэ щысхуэхъум
Игъуэр, си адэ, куэд щIауэ блэкIащ,
Ди гъунэгъум я пхъур нысэ пхуэхъум,
Сыхъужынщи, псори зэфIэкIащ.

*1949*

## СИ ЛЪАХЭР

Сыт къэхъугъэм ищIа псом нэхъ дахэр,
ЖиIэу хэти сэ къызэупщIам,
Стынщ жэуап, хэдэншэу зыми: — Лъахэрщ!
Хьэкъ щырехъу ар япэм зымыщIам.

Сэ слъэгъуащ зыщытхъухэу щIы пхыдзахэр, —
Дыщэ щIэкъухэм яхуэхъуар жэнэт,
Ауэ, сэ узиIэщи си Лъахэр
Зым жесIэнкъым зэи: — НэхъыфI къызэт.

Сэ слъэгъуахэщ дыгъэм удз гъэгъахэр
ЩихулIауэ, щыгъуэу хамэщI куэд,
Яхуэхъуауэ лъэхъуэщ щалъхуа лъахэр,
Лъахэр кхъэ къащыхъуурэ цIыху псэкIуэд.

**Псэм и щIасэщ дэ ди удз гъэгъахэр,**
**Дыгъэ бзийри ди деж щынэхъ уэрщ,**
**Дуней псом хуэдэншэщ сэ си Лъахэр,**
**ДищIри щIыуэ щыIэм я нэхъ пшэрщ.**

**ЩIым и тахътэу щытхэщ дибг Iэтахэр,**
**Пшэплъри ди деж щынэхъ дыхьэрэнщ,**
**Махуэ къэскIэ зызыузэщIщ си Лъахэр,**
**Вагъуэхэр ди деж щынэхъ гуэрэнщ.**

**Мазэм зэрекъугъым ещхьуэ хьэ бэмпIахэр,**
**Уэ къокъугъыр ди бий кIуэдын хуейр,**
**Ауэ абэрагъуэу щытщ си Лъахэр,**
**И быдагъэм щогуфIыкI дунейр.**

*1950*

## ЗАУЭР ЕУХ

**Солъагъу — хэку псоми удзхэр къыщогъагъэр.**
**Си гуапэщ, гъащIэм хуэблэр къыщыхъейр.**
**Сэ сфIэфIщ бэ псом я гуауэхэр зи ягъэр**
**Зыс нур уи гъащIэр лъэщу къыщыхъейр.**
**ЩIалэгъуэм гуфIкIэ — щапхъэм сыдихьэхыу —**
**Уи пхэнжым, гъащIэ, гу сэ лъызмытам**
**Схуэгъэгъу — щIалэгъуэм, щтагъэм сыныблихыу**
**Уи гъуэгу нэхъ ифI си Iэпщэм къимыщтам.**
**Зэманыр екIущ, екIуныр зыхуэфащэ**
**Лъэпкъ пагэм сэ нэчыхькIэ сыхалъхуащ,**
**ХабзэфI и хейм си Iэгу кърилъхьа Iэщэ**
**Згъэзэшмэ, сэ зинэкIэ сыкъалъхуащ.**
**УцIыкIущ, упагэщ инхэм зайппщытыфуэ,**
**Хэку хей, мыгъуагъэм лейкIэ ихуэпа,**
**Уи бын и нэпсыр ухъумэ зыхэпщIэфуэ,**
**Си хэку, дапщэщ ар щызимыгуэпар?!**
**Iуэху ин си мардэу псыпцIэм сыщыблами,**
**Уигу пэж хьэлэлыр уи къуэм си хьэлащ,**
**Ажал и шабзэ куэдрэ сыкъелами,**
**Си хэку, уи нэпсым куэдрэ ситхьэлащ.**
**Мыбы — щIыщIагъым — мафIэр къыIурихыу**
**ЩызокIуэ дахэу метрополитен —**
**Шагъдийм гуакIуащэу уардэу зыкърихыу,**
**Си хэку, уи щыгуми ар сэ пэслъытэн!**

*Берлин, 1945*

## КЪЭБЭРДЕЙ

Зэман блэкIахэм я бэлыхьым
Уи тхыдэр пасэу къыдохъей,
ГъащIэфI щIэблахэм я гъуэгу кIыхьым
Уи бын текIакъым, Къэбэрдей!

Еру щIасэгъуууэ пщы бейгуэлхэм
ЯфIэIуэхуакъым уи пщэдей,
Нэпсей кIыфI щIэблэу уи уэркъ Iэлхэм
ЗуагъэузэщIакъым, Къэбэрдей!

Хъаныжь уилъ уэру зыгъэжахэр,
Куэд щIау уищI бэвым хуэнэпсейрт;
Мылъку хей пщIэнтIэпскIэ къэблэжьахэр
ПIэщIатхъырт бийхэм, Къэбэрдей!

Шы фIалъэм щIыгур игъэгызу
Уи хэку бий гуартэ къихьэрейт,
Ажал пшыналъэм бгыр дэзгызгыу
ПлIырт зэмыджахэр, Къэбэрдей!

Мыгъуагъэр ныбжьуэ пщхьэщытами,
Уигъэдзыхакъым плъыса лейм,
КуэдагъкIэ бийхэм уафыщIами,
УфIащ хахуагъкIэ, Къэбэрдей!

Къуэш пэж и къамэу, щышынагъуэм,
Пхуэхъуащ уэ телъхьэ Урысейр,
ГъуэгуитI ппэщытым я хэдэгъуэм
Хэпхащ нэхъ захуэр, Къэбэрдей!

Лъэпкъ псом я вождыр уи уэчылуэ
Бэм дэпкъутащ уэ хабзэ Iейр,
ГъащIэфI бухуэныр уи акъылуэ
ЩIэбдзащ щхьэхуиту, Къэбэрдей!

ЛIэщIыгъуэ плIанэм гъэ мин куэдхэм
ПщIыхьар Iэрылъ щыхъуащ уи дей,
ТекIуауэ щыIэ ди зауэлIхэм
Хэтащ уи быныр, Къэбэрдей!

Уи хэхъуэныгъэм сегъэгуфIэ,
КъэкIуэн и фIыгъуэщ уи пщэдейр,

Совет щIы иным и хэку бжьыфIэ,
Зыузэщl, гъуэгу махуэ, Къэбэрдей!

*1947*

## ГУМ ГУМ ЛЪАГЪУЭ ХУИIЭЩ

Бэм уахэт, си щIыб удэт, —
Узмылъагъууэ укъызощIэ;
Сыт къэхъуар? Жэуап къызэт:
ГуитIыр сыт щыгъуи зэрощIэ.
Къуршым уит, е дзэм уахэт, —
Уи хъыбар лIыкIуэншэу сиIэщ,
Сыт къэхъуар? Жэуап къызэт:
ГуфI гу къабзэм лъагъуэ хуиIэщ.
Губгъуэм уит, е уэм ухэт, —
СымыупщIэу гум сыпхуешэ;
Сыт къэхъуар? Жэуап къызэт:
Гум игу щIасэм зызбгъэдешэ.
Дызэплъэм жэуап догъуэт,
Зэхэдмыхми ди жьэм жаIэр,
Сыт къэхъуар? Жэуап къызэт:
ЗэгуэкIуа гуитI зы бзэщ яIэр.

*Москва, 9/I —1950*

## РОЗЭ

Сэ солъагъу гу тхьэкъуууэ розэ,
Дыгъэ пежьэу сытэджыху;
Банэр штык ищIау къысхуозэ,
Зыкъызиткъым сеIэбыху.
Ауэ банэр темытамэ,
Розэр хэти пичыфынт;
Розэм зэуэ зыкъитамэ,
Гу лъызмытэу сеплъыфынт.
Хьэуэ, банэр зэрытетым
ЕщIыр удзхэм я тхьэ ар.

*Къулъкъужын, 24/VIII—1949*

## ЕПЭР УДЗЩ СЭТЭНЕЙ

Иджыри уафэр зэи гъуэгъуакъым,
ЩIымахуэр щIэкIыжа къудейщ,
Псы шэдхэм дыгъэпс ялъэгъуакъым,
ТIэпIакъым жыгхэр, щIыр фейцейщ.

**Яжьафэщ дунейр, ауэ тафэм**
**Гу гъафIэу къыщокI сэтэнейр,**
**А дахэр хуоплъэр гуфIэу уафэм,**
**ЕгъэщIэращIэ щхъуэ сэтейр.**

**Упсэу, уэ уощIыр си гур гуапэ;**
**Зы дагъуэ пхузощI, зэгъэщIэж,**
**БгъэгуфIэу щытми гур псом япэ —**
**Уэ уи къэхъукIэу щIэх уолIэж.**

*Прохладнэ, 18/V—1952*

* * *

**Нэху щыхункIэ пIэр сфыщIауэ,**
**Сэ сшэчащ бэлыхь,**
**Си Iэрылъ укъысфIэщIауэ**
**Сыхэтащ уи пщIыхь.**

**Хьэл къиинкIэ уи щхьэр бгъафIэу**
**Куэдым бзэгу къысхуахь,**
**Ущымытми уэ «IумпIафIэу»,**
**ПщIыхьхэм си гур пхуахь.**

**Услъагъухук1э, пщIыхьуэ, дахэ,**
**Еншэу уцIыхуфIщ,**
**Ауэ пщIыхьыр иредахэ,**
**Ущыпсэур нэхъыфIщ.**

*1955*

* * *

**Сэ сщIэркъым нобэми пщэдейми,**
**КъэкIуэнущ си гум фIэфI зэман,**
**Ныбжьэгъу схуэхъуфым, зы къудейми,**
**ХуэсщIынущ си гухэлъхэр къан.**
**Си гъащIэ гъуэгур мыармырауэ**
**Щытыну махуэ сыхуэмей!**
**Хуэздэнкъым си гум зэи сабыруэ**
**Гухэлъыр фIым хуренэпсей!**

* * *

**Къалэмыр стIолым сфIытохущхьэ,**
**Гукъеуэр пхъэрыгъажэщ,**
**КIэлъокIуэ блыщхьэм нэгъуэщI блыщхьэ,**
**Шэчыбэхэр си къуажэщ.**

Жырег1э убэм укъэхьпауэ,
Пэжынк1и хъунщ, си 1уэхукъым,
Иджы сигу зыри къыумыгъэауэ,
Къэхъунур — хэтк1и нэхукъым.

Плъагъункъым жа1эм сигъэбамп1эу,
Уи хьэлк1э ф1эщ сщамыщ1ым,
Ди гъащ1эр псынщ1энщ джэдык1амп1эу,
Пэжагък1э си гур пхуэщ1ым.

Аракъым 1уэхур, псом нэхъыщхьэр
Гу къабзэ къысхуи1энырщ,
1эщ1агъэм гук1э есту си щхьэр
Гухэлъыр згъэзэщ1энырщ.

Къэув абык1э щ1эгъэкъуэгъуу,
Уи ижьхэр кхъэм схьыфынущ,
Къэувым «Л1иплъ1ри» си дауэгъуу
Жэуап сэ ястыфынущ.

Шэмэджым ищ1ыркъым удз хэдэ.
Мэкъуауэм и жы1эщ1эщ,
Аргъынэм хуэзэмэ сэ схуэдэ,
Удз гъагъэм л1эн пэ1эщ1эщ.

Щыщ1эпщхьи къохъур шэрэз пц1анэу
Блащхъуэжь аргъынэ гупэм,
Удзыф1эр хул1эу щылъу къанэу
Шэрэзыр носыр 1упэм.

Зэ1ух аргъынэу уи бгъэгущхъуэр,
Сегъэплъ зыгуэр щ1эбуфэм,
Къабзэнырщ гущхьэр сэ си хущхъуэр,
Езэгъкъым гуит1ыр зы фэм.

Нэгъуэщ1ым, дауэ зимышыхьми,
Зэгуэр блэм зишэщ1ынущ,
Зыгъаф1эр блэр, гум ф1эгуэныхьми,
Блэм хуэщ ирищ1эфынущ.

Ирехь мэкъуауэм и аргъынэр
Зэхибзэу удзри блэри,
Насып зи къанщ блэм щымышынэр,
Къэзыхь а къаныр сэри.



# Усэхэри уэрэдхэри зи Iэпэгъу

ТхущI гъэхэм адыгэ литературэм усакIуэ щIалэ гупыфI къыхыхьауэ щытащ. Абыхэм ящыщт Мысачэ Петр, Тхьэгъэзит Зубер, Елгъэр Кашиф, Къагъырмэс Борис, Къэжэр Петр, Гъубжокъуэ Лиуан сымэ, нэгъуэщIхэри. Ди тхакIуэ, усакIуэ нэхъыжьыфIхэм ирашэжьа гъуэгу узыншэм езыхэм я лъагъуэкIэ къытехьат а щIалэгъуалэ гупышхуэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хущIэкъурт езым и темэщIэ, и хъэтI, и гупсысэ иIэжу ди литературэм зэрыхуэлэжьэным. Пэжщ, а мурадыр псоми зэхуэдэу къаймыхъулIагъэнкIэ мэхъу. Ауэ шэч зыхэмылъыжыр зыщ: ахэр гу къабзэрэ псэ къабзэкIэ бгъэдэтащ адыгэ литературэм зегъэужьыным. Нобэ лIыпIэ иува а усакIуэ гупым ящыщщ зи ныбжьыр илъэс 75-рэ хъуа Къэжэр Петри.

И усэ телъыджэхэмкIэ, уэрэд цIэрыIуэхэмкIэ, сабийхэм яхузэхилъхьахэмкIэ Петр къэзымыцIыху яхэту къыщIэкIынкъым литературэр, усыгъэр фIыуэ зылъагъу ди тхылъеджэхэм.

Къэжэр Петр 1935 гъэм и ноябрым Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр зауэ лъэхъэнэмрэ абы и ужь зэман хьэлъэмрэ хиубыда Петр къуажэм ебланэ классыр къыщеух. ИтIанэ и щIэныгъэм щыпещэ республиканскэ школ-интернатым. Абы и ужькIэ (1954 гъэм) Къэжэрыр щIэтIысхьащ Налшык дэт Къэрал пединститутым тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щIалэр япэ щIыкIэ редактору щолажьэ Налшык телевиденэм. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ кууэ зыджа Къэжэрым зэфIэкIыфI зэриIэр къалъытэри, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къашэ. Абы илъэс тIощIым щIигъукIэ щылэжьащ художественнэ литературэмрэ сабий литературэмкIэ редактору. 1981 гъэм ар ягъэув «Нур» журналым и тхьэмадэу. Iуэхур дахэу зэхиублэри, а къулыкъур Къэжэр Петр зэрихьащ илъэс пщыкIутхум щIигъукIэ. ИужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и секретару лэжьащ. Зигъэпсэхуну тIысыжа нэужьи, творческэ лэжьыгъэр зэи IэщIыб ищIакъым тхылъ тIощIым нэблагъэ адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа усакIуэ Iэзэ Къэжэр Петр. Абы и тхэкIэр, и гупсысэ къэIуэтэкIэр нэгъуэщIхэм яйхэм яхэбгъэгъуэщэнукъым: усэ сатырхэм я къэхьыкIэхэмкIи, рифмэ щIэщыгъуэхэмкIи, макъамэу ящIэлъымкIи… Псом ящхьэращи, гупсысэщIэхэр къызэриIуатэ щIыкIэмкIи. Абы и усыгъэхэм, лъэпкъ дамыгъэм хуэдэу, ятелъщ езы Петр и нэпкъыжьэ.

Къэжэр Петр и творчествэ купщIафIэмкIэ къилэжьащ ар илъэс куэд щIауэ къэралым и ТхакIуэхэм я союзым зэрыхэтри, «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри, нэгъуэщI гульытэшхуэхэри.

Зи тхыгъэхэр фи пащхьэм итлъхьэ Къэжэр Петр дохъуэхъу ди журналым еджэхэри усыгъэр фIыуэ зылъагъу псори дяпэкIи куэдрэ игъэгуфIэну, узыншагъэрэ гукъыдэжрэ щымыщIэу зэрыхуеймрэ хуэдизрэ псэуну.

## КЪЭЖЭР Петр

### СЫЩАЛЪХУА ЛЪАХЭ

**Сыщалъхуа къуажэр**
**Къуажэ нэсщ:**
**Дэсщ лIыжь,**
**Фызыжь,**
**Сабий къыщалъху.**
**Еджа,**
**IэщIагъэ зиIэ**
**Дэзщ.**
**Дэсщ**
**Къызэлыжи зи Iущагъ…**
**ИремыфIэкI ар къуажэ куэд,**
**Къыздэсми нобэм**
**И уэрэд**
**Щрырети зым зэхимыхауэ!**
**Ауэ**
**Ар сэ си дежкIэ**
**Къуажэ нэсщ,**
**Сыкъыщалъхуащ,**
**Сыкъыщыхъуащи!**
**Псы сыхуэлIауэ**
**И псынэпс**
**Зэгуэр**
**быдзышэу къысщыхъуащи!**
**Ара къудейкъым,**
**Армыра**
**Си къуажэр зыщIыр**
**Къуажэ нэс —**
**Ди сабиигъуэм и «Урар!»**
**Зэхызохыжыр нобэм къэс.**
**Чапаев дыдэр**
**ТфIэщIт къыдэщхь,**
**Дэ зедгъэщхьыныр къэгъэнауэ!**
**ЗэхэдукIапэрти ди нэщхъ,**
**ДыкъимыкIуэтт**
**«ДыкъамыукIауэ»…**
**Ей, сабиигъуэу**
**Зи чыш хъыжьэ,**

**ПщIыхьхэм я дахэр зи Iэпэгъу,**
**УиIакъым уэ**
**Пщэдейм нэхъ жыжьэ,**
**Уи нобэм нэхърэ**
**Нэхъ гъунэгъу!..**
**ЦIыху тету пщIакъым**
**ЩIым**
**Хьэрэму,**
**Уи дыгъи щыIэу зыубыдын,**
**Уи пщэдджыжь пшэплъу**
**Дыхьэрэныр**
**Къэхъуну къыппэзыубыдын!**
**Уи уэгур къащхъуэт,**
**ЩхъуантIэт щIылъэр,**
**Ууейт** ДУНЕЙРИ **–**
**Уи дунейт!**
**Ууейт,**
**Ууейт уэ уи нэр щыплъэр,**
**Абы нэхъ плъапIи ухуэмейт!**
**Пхуэхъут пIэку**
**Удз кIыр ущыукIуриймэ –**
**Зы къыпщымыщIу**
**Утэджыжт...**
**Жьы лъапэрисэ**
**Хьэжкуриймэ**
**ХэбдзакIэ сэ –**
**Лъы къыпымыжт!**
**Ауэ**
**Уэ пщIакъым,**
**СщIакъым,**
**ТщIакъым**
**Зэгуэр тлъагъуну**
**Зауэ нэс!**
**Гуауэм и гуауэр**
**И гуащIагъыу**
**ЩIэплъэщIыкIыну гуIэ нэпс!**
**СощIэж си сабиигъуэ мащIэр,**
**Гын Iугъуэ фIыцIэм итхьэлар!**
**Мыгъуагъэу диIэм нэхъ гумащIэ**
**Дэ димыщIам,**
**Дыкъемылат.**
**Упсэу**
**ГъунэгъукIэ зи псэ дзыхэр**
**Щыгугъум деж,**
**Ухуей щыхъуам!**
**Гудзакъэ зиIэхэм я дзыхьырщ**
**Ди сабиигъуэр къыщIэхъуар!**
**Апхуэдэрщ дэ ди нэху щIэщари:**
**Нартыху Iэбжьыбри –**

**Шхын тхуэхъуащ.**
**И Iыхьэ мащIэр**
**ТIу щIищIари, —**
**Си Хэку,**
**УщыIэти аращ!..**
**СощIэжыр**
**Вагъуэу щхьэщытар**
**Зауэ нэужьым**
**Губгъуэ пщыIэм**
**Жэмыш дыщыкIуэу щыщытам,**
**ЛъапэкIэ ттхъуэ**
**Уэсэпс щIыIэр...**
**Дакъыдэушрэ къуалэбзухэм,**
**Жейбащхъуэм дыIэщIэмыкIау,**
**Итшакъым**
**МащIэ**
**Вагъэбдзумэу,**
**Дегугъэу**
**гъавэ**
**къэмыкIам.**
**ХузощI ди губгъуэм**
**Сэ пщIэ лей.**
**Хэт къуаншэр,**
**ЕтщIэр къытщIэмыкIуэм!**
**Дыкъулейсызми —**
**Дыкъулейт,**
**Къыдитти бэву**
**И щIэрыкIуэр!**
**Дыкъулейсызми —**
**Дыкъулейт,**
**КъытхуэбзэIэфIти ди нэхъыжьхэр...**
**Си жьэгу зыщыблэу**
**Си Борыкъуей,**
**Си нитI зыщыплъэу**
**БлэкIа жыжьэ!**
**Нобэ**
**Сигу пцIанэр**
**КъогуфIыкI,**
**МэгуфIэр —**
**СиIэщ щIэгуфIэни!**
**КъызыфIэвгъэщI —**
**Зы уэрамдэкI**
**Илъэсым**
**Жылэм къыхэхъуэну!**
**ГуфIэгъуэу щыIэм**
**Мэхъу я щхьэж**
**Си ныбжьэгъужьхэр**
**КъысIущIащи,**
**Я гумащIагъи**

**Хэлъыжщ щхьэж,**
**Я IэплIэм**
**Сэ «срагъэщащэ».**
**КъоIэбэр IитIкIэ**
**ЩIалэ ес,**
**Сыкъегъэсысыр**
**Iэр пичыну...**
**УмыщIэ псомкIи –**
**ГъащIэр дерсщ!**
**Сегъэджэрэз гъунэгъум**
**Чыну.**
**Хэт и гугъэнт,**
**Хэт и гугъэнт!**
**Зи гущэхэпхэ**
**Сыхэтам**
**Мыпхуэдэ щIалэ къихъукIауэ!**
**Зы бетэмалкIэ**
**И губгъэн**
**Къэзлэжь пэтащ,**
**КъыфIэзгъэкIамэ!..**
**ИщIа унэщIэр сагъэлъагъу,**
**Щотхъу унэгъащIэм и зэфIэкIым,**
**СыкъэкIуэжыхукIэ лъагъунлъагъу**
**Зи ныбжьэгъугъэр къызэбэкIхэр.**
**Дэтхэнэ зыри зэкIуэгъужэгъущ,**
**Абы нэхъыфIи сыт щыIэну!**
**Сыхуеблэгъащи**
**Зы къуажэгъу,**
**И деж**
**Ныжэбэ сыщыIэнущ.**
**Фыкъытхуеблагъэ,**
**ГъуэгурыкIуэ,**
**ЩIыхуфIкIэ**
**Зэи дыкъимыкIуэт.**
**УкъытхуащIамэ**
**IуэхукIэ лIыкIуэ,**
**Iуэху зылэжьыфхэри –**
**Ди куэдщ!..**
**Къывэхъуэхъунщ**
**Нэхъыжьхэр**
**гуапэу,**
**НэхъыщIэм**
**КъыфхуащIынщ**
**пщIэ лей.**

Къыздэсым нобэм
ДыщIыху кIуапIэщ,
Зы жэщырыпщ
Къыщифх ди дей!

## ЩIАЛЭГЪУЭ ЖЫЖЬЭ

Хэтхъук Iащ си щхьэц налъэ,
Телъщ си нэкIуми лэдэх.
ЙокI лъэхъэнэурэ пIалъэр,
Мыхъуххэну удэх.
Хабзэу иIэр –
Уи хабзэу,
Зэрыхуейуэ «макIуэр»:
Сабиигъуэм и шабзэм
ХузиIэжкъым бзэ гуэр.
Си щIалэгъуэ
Лъэщыгъуэу
ИмыкIын си гугъам
Дунеишхуэ щIэщыгъуэр
ПкIэгъуэ сфIощI хуэмыхъуа.
СхулъэмыкIыу
СлъэкIахэр
Щыдэзгуэшым си къуэш,
Ди насып блэмыкIахэр
ЗэIыхьэгъуу здэдгуэшт.
Щыдгъэшащ батэ Iэджи
Къэзахъстаным и щIыгу.
Нобэм къэсым къызэджэу
Си щIалэгъуэр итщ щыгу.
Ар и щыгущ
Си гугъапIэм,
Абы сишэ зэпытщ,
Зэман лей сымыгъакIуэу
Сынэсыну сыпытщ.
Ей, щIалэгъуэ, щIалэгъуэ,
Зи щIалэгъуэр имыкI,
Согъэлъэхъур
Щолэхъур,
Мурад сщIам сытемыкI.
Лъахэ гъуэгу сызэрыкIуэм
ФIыгъуэр и нэм къыщопкI.
Мурад сщIам Iуэху кърикIуэм
И дыгъэщIи къыщIокI.
Дэгъуэщ!
Ари зы гъащIэщ!
СхулъэкIам сыхуэпэжщ.
Илъщ си гуащIэ,

Зэвгъащ1э!
Схулъэк1ынщ нэхъыбэж.
П1алъэм и1эщи п1алъэ,
Къыздехьыж и нэмыс.
Согупсысри —
Сопсалъэ,
Зызоплъыхьри —
Сот1ыс.

## ГУЛЪЫТЭ

Гулъытэр
гущэм
къыщыдощтэ.
Гулъытэр гущэм
щыдогъэф1.
Гулъытэр
си гум
телъу
тощу,
Гъэ к1уам
к1элъызогъэщ1
нэхъ гъэф1.
Гулъытэрщ
Си къэрэгъул бжыхьыр.
Ар,
чыну,
сэ къыздоджэрэз.
Абы къигъащ1эрщ
Си гъэ бжыгъэр,
Си гъащ1эм хуэхъури арщ
джэлэс.
Гулъытэр —
Езыр
насып пщалъэщ.
Зэф1эк1ыу и1эр
1эджэм нос,
Сызэрыпсалъэри
И псалъэщ,
Ар нэхъыжьыгъэк1э къыслъос.
Гулъытэр
Гущ1э пшынэ 1эпэщ.
Гулъытэр —
Гущ1эм и пэрмэнщ.
Гурыщ1э къабзэм
Ар и 1эмп1эщ,
Щ1ыхугъэ нэсым
и тэрмэшщ.
Хуейщ ди гулъытэ —

Уэрми
Сэрми –
Гъатхэм
накъыгъэуэ
къэгъагъэр,
Сабий
гъэфIэнуи
къалъытэр,
И анэ дыдэми
Щигъагъым.
Лъэдакъэ махуэр къыщинауэ
Лэгъунэм
лъапэ махуэ
зыхьыр
Дэ ди гулъытэ щымыщIамэщ
Дащыхуэхъунур щхьэузыхь дэ.
Хуейщ ди гулъытэ:
Гъатхэ пщIанэу
Бэв натIэу
губгъуэм щыщхьэлъэнур,
ЛIы ныбжь
гупсэхуу
зыгъэщIами
И напIэр щызэтрилъхьэнум…
Хуейщ цIыху гулъытэ
Жейм хэт хьэблэр…
Жэщ гъуэгу техьари
чэнджэщакIуэ.
Пагагъ яхэлъыр
щIым техьэлъэу
Бгыжь
ЩIэжеикIхэри жэщ щIакIуэм.
Мы щIыр,
Мо уафэр,
Зэмыижу,
Щогугъ гулъытэ
Махуэ къэскIэ.
Дэ къыдогугъэ
вагъуэ ижри
Къыхуедгъэлыну
зы дэп хъуаскIэ.
ЩыхупIэм
щхьэщылъ
мывэ джейми

**КӀэ иӀэщ**
**къырым**
**къыгуэлъэтми,**
**Мывэбзэ ехькӀэ**
**ар къэкӀийми**
**ТщӀэркъым,**
**Щыгугъыу**
**ди гулъытэ!**
**Гулъытэр —**
**Ар мыкъулыкъу фащэ,**
**Адэжь щӀэину ар къокӀуэкӀыр!**
**ЦӀыхущӀыжу**
**ЦӀыхур цӀыху хуэфащэм,**
**Й Ӏэр гулъытэм къыпокӀуэкӀыр.**
**Дэ зи жьэ уаз дыщӀэт нэхъыжьхэр**
**ЗэрыфӀхэр**
**Ди гулъытэрщ щӀэблэм.**
**ЗыгуэркӀэ Ӏуэхум дигъэхъыжьэм,**
**Ахэр**
**Дэращ къэкӀуэнум щӀэплъэр.**
**Гулъытэм**
**щӀэтмэ**
**МафӀэ жьычыр,**
**Зэи къыдихкъым жьэгум псымэ...**
**Япэ лъэбакъуэ**
**ЩӀым щызычми**
**Хуейщ и гулъытэ**
**Бгыщхьэ псыпэр!**
**Гулъытэр**
**лӀыгъэм и нэщэнэщ.**
**Гулъытэм**
**цӀыхур цӀыху ещӀыжыр.**
**Ӏуэху гуэр**
**мы щӀылъэм**
**сэ щысщӀэнум,**
**Абы,**
**псом япэу,**
**соупщӀыжыр.**
**ЦӀыхуагъкӀэ**
**цӀыхум,**
**цӀыху,**
**гу лъытэ,**
**Аращ цӀыху гъащӀэми и псыпэр.**
**Сэ сыщымыщӀэм**
**цӀыху гулъытэ,**
**СиӀэщ насыпым я насыпыр.**



# Зэчиигъэм и къудамэбэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэм и щIыпIэ куэдми фIыуэ щацIыху Вэрыкъуэ Владимир. Апхуэдэ цIэрыIуагъыр абы къиихьащ и лэжьыгъэ хьэлэмэтхэмкIэ. Щэнхабзэм и дэтхэнэ къудамэми абы щызэфIигъэкIащ зылI и гуащIэ дэкIын лэжьыгъэ. Кинорежиссер, журналист, тхакIуэ, общественнэ лэжьакIуэ – а псалъэхэм я щIыб къыдэтщ творческэ гуащIэдэкI инхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Союз псом, Урысейм, хамэ къэрал куэдым нэхъыфIу къыщацIыхуным, ди республикэм и пщIэр а щIыпIэхэм лъагэу щыIэтыным хуабжьу сэбэп хуэхъуащ япэ адыгэ кинематографист Вэрыкъуэ Владимир и фильм телъыджэхэр.

Нобэ куэд ятх, тражыIыхь адыгэшым, ар хъумэным. Ауэ а Iуэхур япэу Вэрыкъуэм къызэрырихьэжьар зыщIэжыр мащIэ дыдэщ. Владимир фильм куэд трихакъым шы къыхэмыщу. Апхуэдэу щытми, «Шагъдийм» къыпэхъун трахауэ сэ сщIэркъым. Илъэс дапщэ и ныбжь абы? ИтIани яфIэгъэщIэгъуэну йоплъ нэхъ пасэу зылъэгъуа нэхъыжьхэри щIэблэ къэхъури. Ар Iэзагъэм и нэщэнэщ.

Сыт хуэдэ фильм Владимир трихами, зи гугъу тщIы Iэзагъэм и нэпкъыжьэ, дамыгъэ ятелъщ. Адыгэ хабзэ дахэр, зэхэтыкIэ екIур, зымыщIэм игъэщIагъуэрэ щыгъуазэр иригушхуэу къыщыгъэлъэгъуащ «Свадьба на Тереке» фильмым. Ауэ псом хуэмыдэжу гум дохьэ, псэр ягъэхуабэ, гушхуэныгъэ къыпхалъхьэ ди цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуауэ Вэрыкъуэ Владимир трихахэм. Абыхэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля, Темыркъан Юрэ, нэгъуэщIхэми тепсэлъыхь фильмхэр.

Владимир и сыт хуэдэ фильмри къащтэ (ахэр щэрэ хыщIым щIегъу!) дэтхэнэри щытхъу зыхуэфащэщ. Абы и щыхьэтщ зэпеуэ Iэджэм хэтурэ саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэхэр къызэрахьар, Союзпсо, иужькIэ Урысейпсо телевизионнэ каналхэми зэрыщагъэлъагъуэр. Нэхъыщхьэращи, телевизореплъхэм ягу дыхьащ – къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIыу Владимир къыIэрыхьэ письмохэр саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэщ абы и дежкIэ.

Еш имыщIэу Вэрыкъуэ Владимир хуолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм. Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и фондымрэ «НОТР-Нальчик» телевиденэмрэ зэфIагъэкI Iуэху инхэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэу къыщIэкIынщ. Ауэ аргуэру зэ дигу къэдгъэкIыжынщ Вэрыкъуэр зи тет фондым зэпымыууэ, шэщIауэ щекIуэкI лэжьыгъэшхуэр. Махуэ щIагъуэ дэкIыркъым абы зэIущIэ, сурэт гъэлъэгъуэныгъэ, нэгъуэщI зыгуэрхэр щемыкIуэкIыу, тхакIуэ, усакIуэ, джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм щаIумыщIэу.





А псор зытеухуар ди щэнхабзэм зегъэузэщIыныр щ, абы и ехъулIэныгъэхэм цIыхухэр щыгъуазэ щIыныр щ. Ауэ абы и закъуэкъым. «СтIол хъурей» зи фIэщыгъэ зэхыхьэхэри, творческэ пшыхьхэри толажьэ ди лъахэм мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ илъыным, лъэпкъ зырыз къыхэкIа цIыху псори зэкъуэшу зэдэпсэуным. Абы ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм и Центрхэр мыбы зэрыщылажьэм. Ахэр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмри я Iуэху зыунэтIри езы Вэрыкъуэрщ.





Хьэмэрэ сыт хуэдиз мыхьэнэ иIэ «Налшык общественнэ телерадиокомпанием»?! Апхуэдэ зиIэр, Кавказ Ищхъэрэм дэнэ къэна, Урысей Федерацэ псом щымащIэщ. Общественно-политикэ Iуэхухэм къадэкIуэу, ар куэду топсэлъыхь, ари кууэ Iуэхум хэIэбэу, ди республикэм и щэнхабзэм икIи ди хъыбарегъащIэ Iэмалхэр нобэ нэгу къыщIэгъэхьэгъуейщ мы телевиденэр хэмыту. Апхуэдэ ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэри наIуэщ: Владимир къехъулIащ зэфIэкI зиIэ, зи Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ журналист гупыфI къызэригъэпэщын, я жэрдэмхэр ядиIыгъыурэ, абыхэм я лэжьыгъэр Iуэхушхуэхэм, лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэхэм Iэзэу хуиунэтIын.

Ар Вэрыкъуэм и зэчиигъэм и зы къудамэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и телевизионнэ журналистикэр зэфIэгъэувэным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, а IэнатIэ мытыншым унэтIыныгъэщIэхэр къыщызэIузыха Вэрыкъуэ Владимир иужь илъэсхэм зыкъигъэлъэгъуащ тхакIуэ IэкIуэлъакIуэуи тхыдэм и къэхъукъащIэхэр куууэ къэзытIэщIыжыф къэхутакIуэ Iэзэуи. «ПщIыхьэпIэ плъыфабэ», «Пасэрей шыкIэпшынэм и макъамэ», «Уи унафэр гущIэгъулыуэ къыщIрекI», «Кавказ нэгу зиIэ цIыхухэр» – мы тхылъхэм еджауэ ар зигу дэмыхьа щыIэу къыщIэкIынкъым. Сыту жыпIэмэ дэтхэнэ тхыгъэми авторым и гум къыбгъэдэкI хуабагъэ берычэту хэлъщ, гурыщIэ куукIэ гъэнщIащ, уеблэмэ языныкъуэхэр усэм, поэмэм хуэдэу зыхыбощIэ:

«Къэрабэр, къауц мину къызэрылъэлъри, дыгъэ бзийм хэткIухьащ».

«Зу-у-у, – шыкIэпшынэр зури, псысэм къыхэтэджыкIа нэхъей, пшэпс пIащIэр зэшэкIа къуршхэр нэхущым къыхэщащ».

«Ей-ей-ей! – къуршхэм ящхьэщытщ пщэдджыжь уэрэдым и макъамэр». «Уэсэпс ткIуэпсыр къопкIэ гъэгъами: «ТIопI!» – жиIэу щIым тохуэ.

«Iуащхьэмахуэ и щыгу нэхъ лъагэр Iупэплъ мэхъу».





ТхакIуэ Вэрыкъуэм и зэфIэкIыр здынэсыр псом хуэмыдэу белджылы щыхъуащ и тхыгъэ нэхъ пIащэхэм. Зи гугъу сщIыр «Яхуэзыгъэгъум къахурегъэгъу. Амыщей къуажэ», «Лей зыгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу» романхэрщ. Япэр илъэс зыбжанэ щIащ урысыбзэкIи, инджылыбзэкIи, адыгэбзэкIи (сэ зэздзэкIауэ) дунейм къызэрытехьэрэ икIи тхылъеджэхэр щыгъуазэщ. ЕтIуанэр нэгъабэ къыдэкIауэ аращ, Вэрыкъуэ Владимир и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса тхылъищым хэту (Волгоград, «Панорама» тхылъ тедзапIэ, 2009 гъэ). Ар куэдым ялъэмыIэсагъэнкIи хъунщ. Ауэ романитIри зэпыщIащ, япэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм етIуанэр пэджэжу. ТхакIуэхэм, тхыдэтххэм, щIэджыкIакIуэхэм ящыщу романым еджа гуэри гудзакъэншэу къигъэнакъым. Арыншауи хъуну къыщIэкIынкъым: романыр зытеухуа Iуэхум, – ар, зэрыувыIэ лъандэрэ лIэщIыгъуэрэ ныкъуэм нэблагъэ блэкIа пэтми, – лъэпкъыр лъэрыщIыкI зыщIа Урыс-Кавказ зауэм и уIэгъэр, нобэми мыгъуащауэ, адыгэгум телъщ. УIэгъэ къешынэуэжым и узыр зыхащIэ я насып кърихьэкIыу хэкум къинахэми, хамэ щIыпIэхэм зи гъащIэр щызыхьхэми.

«Яхуэзыгъэгъум къахурегъэгъу. Амыщей къуажэ» романым и лIыхъужь нэхъыщхьэр Амыщ пщы лъэпкъырщ. Амыщ и къуэхэр, къуэрылъхухэр, и нысэхэр, ныбжьэгъу-жэрэгъу куэду Кавказ бгы жьэгъум щыпсэухэр – зы лъэныкъуэщ. ЕтIуанэ лъэныкъуэм къыщытщ урыс генералхэр, офицерхэр, къэзакъхэр. Тхыгъэм куэду хэтщ адыгэ, урыс цIыхубзхэри.

Тхылъыр кинематографистым и Iэдакъэ къыщIэкIауэ зэрыщытыр къыбжеIэ романым и бзэм. Ари ди тхылъеджэм дежкIэ щIэщыгъуэщ: псалъэухахэр пыгъэщхъауэ кIэщIщ, зэгъэпщэныгъэхэмкIэ къулейщ. ЗэрыжытIащи, Вэрыкъуэм и бзэр усэбзэ екIум хуэдэщ, и жыIэгъуэхэр шэрыуэщ. А псори зыхуэлажьэр адыгэхэм я зэхэтыкIэр, я хабзэ дахэр, яхэлъ щыпкъагъэр, хэкум и хуитыныгъэр, езыхэм я щIыхь, я нэмыс яхъумэжынырщ.

Авторым ди нэгу щIегъэкI зи хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэзэу адыгэхэмрэ а хэкур язэуну урыс пащтыхьым къигъэкIуа зауэлIхэмрэ яку дэлъ бэнэныгъэ гуащIэр. Амыщыпщым и къуэхэмрэ къуэрылъхухэмрэ – Пагуэ, Арыкъшу, Дэбэч, Дахэуэс, пащтыхьыдзэм и офицер Максимов, Обленский, Назаров - дэтхэнэми и къалэныр езыр зыщIапIыкIа идеологием тету къыгуроIуэ икIи егъэзащIэ. Зэ еплъыгъуэкIэ, ахэр зэбий дыдэ хуэмыдэу къыпфIэщIынкIэ мэхъу – зэкIэлъокIуэ, зыр адрейм деж щохьэщIэ, хьэпшып лъапIэхэмкIэ, шы телъыджэхэмкIэ зохъуажэ. Ауэ Iуэхур къалэным хуэкIуа нэужь, лIэнкъэнэну зэпэщIоувэ.

Романым хэт образ нэхъ щIэщыгъуэхэм, гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI Iущыгъэр зыдэплъагъу Амыщ. Езыр дунейм ехыжа нэужьи, абы и псалъэ пэжхэр, чэнджэщ щхьэпэхэр я гъуазэу мэпсэу и къуажэгъухэр. Арыкъшу хуэдэхэрщ шыщхьэмыгъазэ щIыжаIэр – шынэ ищIэркъым. Пэжу къилъытэ Iуэхум и псэр щIитынущ. «Зэгуэр къалъхуар зэгуэр мэлIэж, нэхъыщхьэр лIыгъэ хэлъу псэр тынырщ», – аращ абы и гъащIэ хабзэр.





Вэрыкъуэм и романым хуабжьу цIыху куэд хэтщ. Ауэ зыр адрейм хэгъуащэркъым. ДащрохьэлIэ адыгэ IуэрыIуатэм къыхэбэкъукIа лIыхъужьхэми, езы тхакIуэм и акъылкIэ къигъэщIа образхэми. Мыбдежым урыс офицерхэм, къэзакъ дзэзешэхэм я гугъу дымыщIыныр тэмэм хъунтэкъым. Ахэр зи цIэр жамыIэжын, адыгэхэм ШейтIан зыфIаща генерал Зассщ, штабс-капитан Максимовырщ, быдапIэм и тет Назаровырщ, щIакIуэкIапэ зэрытеувам и тезыру зауэм къагъэкIуа Обленскэрщ. Ахэр пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкI политикэ гущIэгъуншэр гурэ псэкIэ дэзыIыгъ, мыжурэпэкIэ пхызыгъэкIхэщ.

Урыс офицерхэм я образхэр щызэхуэхьэсащ штабс-капитан Максимовым и деж. Абы ещIэ адыгэм я хабзэр, щыгъуазэщ адыгэ гъащIэм, къыгуроIуэ зауэ екIуэкIыр зищIысыр, зи щхьэхуитыныгъэр зыхъумэ лъэпкъхэр имыгъэзахуэми, игъэкъуаншэркъым, ар хуейщ Iэщэ къихакIэ зэпэщIэтхэр зэгуригъэIуэну, абы папщIэ зыгуэрхэри елэжь. АрщхьэкIэ ари щыпсэу лъэхъэнэм и цIыхущ, абы дежкIэ нэхъапэр пащтыхьым ирита тхьэрыIуэращ, адыгэхэми адрей лъэпкъхэми лъапсэрыкIуэдыр

къахуэкIуауэ щытми, и тхьэрыIуэм епцIыжынукъым. Мис аращ мызэмытIэу щыхьэщIа, ныбжьэгъу щикуэд Амыщей къуажэм урысыдзэр теуэн щыхъукIэ, жылэм топ епшалIэ зэрыхъуну лъагъуэ щэхур щIигъэлъагъуэри, зымащIэкIэ къыхэмыщтыкIыу дзэр зауэм щIыIуишэри.

«Яхуэзыгъэгъум къахурегъэгъу. Амыщей къуажэ» романым и кIэух напэкIуэцIхэм дэ щыдолъагъу лIыхъужь нэхъыщхьэхэу Арыкъшу, Дахэуэс сымэ къащIэна щIалэ цIыкIухэр: Уэзырмэс, Адыгэ сымэ япIыну, ягъэсэну Урысейм зэрашэр, Засс генералым и пхъур уэндэгъу хъуа пэтми, нэмыцэ барон Крюге дэкIуауэ къэралым зэрикIыжыр. Авторым дыкъигъэгугъауэ щытат абыхэм я гъащIэр адэкIэ зэрыхъунум щыгъуазэ дищIыну. И псалъэр игъэпэжащ. Мис аращ нэхъыбэу зытеухуар «Лей зыгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу» романыр. Мыбы Iуэхухэр щокIуэкI Бытырбыху, Восток Жыжьэм, Африкэм, Къэбэрдейм, нэгъуэщI щIыпIэ Iэджэм. Амыщей къуажэм и бынхэр хэхуащ Урыс-Япон зауэм, Япэ дунейпсо зауэм, 1917 гъэм екIуэкIа революцэм, граждан зауэм я мафIэ лыгъэм. Абы щыщ пычыгъуэхэр, Амыщ Уэзырмэс, Амыщ Адыгэ, Амыщ Дэбэч и къуэ Дэбэч сымэ ятеухуахэр, журналым и щIэджыкIакIуэхэм папщIэ къыхэтхахэр, фи пащхьэ идолъхьэ.

Мы романхэр зэрыщыту ди тхыдэ блэкIам теухуауэ щытми, ар нобэ къэралым, Кавказ Ищхъэрэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI Iуэхугъуэ гугъухэм поджэж. ИкIи абы а тхыгъэхэм я мыхьэнэр нэхъ лъагэ ещI.

ИлъэсыщIэм и япэ махуэм и ныбжьыр илъэс блыщIрэ тхурэ ирокъу 1936 гъэм Шэджэм къыщалъхуа кинорежиссер, журналист, тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэща, академик Вэрыкъуэ Владимир. Ди гуапэщ ди ныбжьэгъум узыншагъэ быдэ иIэу дяпэкIи гуащIафIэу лъэпкъ щэнхабзэм илъэс куэдкIэ хуэлэжьэну.

***МЭЗЫХЬЭ Борис.***

ВЭРЫКЪУЭ Владимир

# Лей зыгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу

***Романым щыщ пычыгъуэхэр***

ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэр щIэпхъуэну йолъэхъущыкI. МафIэгум ещхьу зегъэпщ, мэпапщэ, мэщатэ, зыIэзыбжьэу зричыну йокъу. Ауэ апхуэдэ къэхъукъым. Япэ щIыкIэ зызэщIэкъуэн, къарухэр зэщIэгъэуIуэн хуейщ. Дэнэ ар здэпIащIэр? ЩIэпIащIэнури сыт?

IуэхущIафэ дахэ къызэринэкIкъым Урысейм. Ходынь губгъуэ. Лъыгъажэ Тхьэмахуэ. Напэтехыу, хьэдэгъуэдахэу иригъэхьа Урыс-Япон зауэ...

Гъунэгъу къохъу накъыраджэхэм я макъамэхэм лъыкIпсыкIыу къыщIэкIыну Iуэхугъуэхэм хуэзышэ гъуэгум Урысейр щытрашэну уахътыр. Революцэм и уэщыщхьэр лажьэншэ куэдым ятехуэнущ.

ЛIэщIыгъуэщIэр и гъуэгу тохьэ, здэкIуэр имыщIэ пэтми.

Япэ илъэсипщIыр къызэринэкIащ.

Мис а лъэхъэнэм, 1910 гъэм и бжьыхьэ махуэхэм ящыщ зым, джыназ Чегемскэр, Владимир Александровичыр хьэщIэ пэплъэрт.

Пщыжьым и лэжьапIэ пэшыр хужь зэфэзэщщ. Унащхьэри блынхэри. Лъэгум илъ алэрыбгъу инри. Зытетхыхь стIолри щхьэгъубжэ блыпкъхэри. Хужьыпсщ сырэ щхьэгуэр. Хужьщ блыным фIэлъ сурэт лъапIэхэр зэрылъ рамэхэр, езы сурэтхэрщи, нэхутхьэхуу щIащ. Дыжьын къабзэм къыхэщIыкIауэ пэш абрагъуэм щIэлъ хьэпшып псори укъищу мэлыд.

Нобэрей махуэм и щIыхькIэ езы Владимир Александровичи махуэшхуэ фащэ хужьыр щитIэгъащ. И бгъэр орденкIэ зэщIэблащ – я мыхьэнэм, уасэм ткIийуэ тещIыхьауэ зэкIэлъыхьауэ. И нэ къикIми, пщыжьым ордену иIэр хузыхэлъхьэнукъым, апхуэдизкIэ куэд мэхъури.

Зыхибжэ щымыIэу пщыжьым фIыуэ елъагъу Апостол пэлъытэ Владимир Щихъым и орденыр. Жорымрэ орденымрэ зэрызыхалъхьэр мыпхуэдэущ: жорыр зыпыщIа лентI бгъуфIэр дамэ ижьымкIэ зыпщIэхадзэ, лэдэхиплI дыщэу, плIы дыжьыну зиIэ орденыр бгъэ сэмэгум халъхьэ. Владимир Александрович щIэх-щIэхыурэ зыхелъхьэ мы орденыр. Ауэ нобэрей махуэр махуэ хэхащи, и махуэшхуэ фащэм къытощ Александр Невскэ Щихъым и орденри. Апхуэдэ нагъыщэ дзэм хэмыт цIыхум хуагъэфэщэн жыхуэпIэр уи щхьэм къыпхуимыгъэтIэсэным хуэдизщ. Ауэ пщым Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм, псом хуэмыдэу Польшэ Пащтыхьыгъуэр зэгъэпэщыным, Болгариер тырку гъэрыпIэм къишауэ щхьэхуит къэщIыжыным хилэжьыхьа Iуэху инхэр а саугъэтым иращIэкI табум текIуащ. Жорыр плъыжьщ, щхьитI зыфIэт бгъэри тету, и курыкупсэм Александр Щихъыр шым тесу къищу. Абыхэм нэмыщIу, абы хэлъщ Аннэ Щихъым и орденым и япэ нагъыщэр, и дамэ сэмэгумкIэ лентIыр ешэкIауэ; Бгъэ Хужь польшэ орденыр, Станислав Щихъым и вагъуэмрэ бгъэхэIумрэ.

Пщы дотэр и лэжьапIэ пэшым щIыхьэмэ, къригъэблэгъа хьэщIэхэр къекIуэлIауэ къыпоплъэ. ЩIохьэри, лIакъуэлIэш хабзэу, псоми фIэхъус къаIех, ткIийуэ дэтхэнэми и нэм щIоплъэ. Къызэхуэсахэм ящIэ, фIэхъус щепхкIэ, уи нэм щIумыгъаплъэу адэ-мыдэкIэ уи нэхэм къыщажыхьыныр пщыжьым зэрижагъуэр. «ЦIыху пэжкъым е емыкIу къуэлъщи ироукIытэ», – жеIэ апхуэдэхэм деж.

Чегемскэр и стIолым блокIри, фэкIэ къищIыкIа шэнтиуэ щабэм тыншу йотIысхьэ икIи пэшым щIэтхэм захуегъазэ: «Ди адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ, сэ лIыжьым си пащхьэ фэ фыкъитIысхьэ хъунукъым. Ауэ дэ Кавказым дыщыIэкъым, абы нэмыщIауи, дызэIыхьлы гъунэгъущ. Абы къыхэкIыу моуэ тыншу фетIысэх. Ди псалъэмакъыр кIыхь хъунущ».

Махуэшхуэ фащэкIэ хуэпа, орденхэм зи бгъэр ирашэх генерал Крюге пщым жиIар къызэримыщтэр къигъэлъагъуэу: «НэхъыщIэхэр нэхъыжьхэм я пащхьэ итIысхьэну адыгэ хабзэм хуит зэримыщIым си анэм сыхуигъэIущащ», – жиIат, арщхьэкIэ пщым: «Куэд хещIыкI Берлин дэс уи анэм адыгэ хабзэм. ТIыс, жаIамэ, тIыс».

Псори тIыса нэужь, Владимир Александрович и псалъэм къыщIедзэ. Нэхъ пасэу егупсысагъэнт жиIэнум: «Мис, си жыгым къыпыкIа пхъэщхьэмыщхьэхэм я хъугъуэр къэсащ, – жеIэ абы. – КъыпыкIар къыщыпачыжакIэ, къапэщылъ гъуэгум зыхуагъэхьэзыр. Сыт гъуэгу щытехьэкIэ къыздащтэр? КъагъэщIа илъэсхэмрэ гукъэкIыж фэеплъхэмрэщ. НэгъуэщI къыпхуздэщтэнукъым. Ар дыгъэ къухьэм къищI пшэплъым хуэдэщ. Куэдрэ щыблэну пшэплъыр дыгъэм зыщигъэпщкIуа щIыпIэм деж? Ар зэлъытар къэбгъэщIа гъащIэрщ. ЯзыныкъуэкIэ пщэдджыжь пшэплъыр сыкъэкIуащ жиIэу къокIий, ауэ пщыхьэщхьэ пшэплъыр ункIыфIыну хуейкъым, зегъэкIыхьлIыхь».

«Мы къригъэкIуэкIхэра махуэшхуэ фащэр щитIагъэу дыкъыщIызэхуишэсар?» – йогупсыс Дмитрий Оттэ. Адрейхэми къагурыIуэркъым пщыжьым и псалъэр зыхуишэр.

Пэш абрагъуэм щигъэувыкIа шэнтиуэ щабэхэм зыщрагъэщIеикIри щысхэщ: Зи ЩIыхьыр Лъагэ Пащтыхьым и Канцелярием и статс-чэнджэщэгъу Оттэ Дмитрий Васильевич, генерал Крюге Альфред Оттович, пщыжьым и быфыкъуэ Чегемский Александр Васильевич.

– Фэ фызэроцIыху икIи дэгъуэу фощIэ лъыкIэ фызэрызэкъуэшыр, Амыщ лъэпкъым къыхэкIа къэбэрдеипщу фызэрыщытыр. ГъащIэм фи натIэ къритхати, адэ-анэм фабгъэдэмысу ди нэ, ди псэ Хэкум фыпэIэщIэу фыкъэхъуащ. Тхьэм фIэкIа зыщIэ щыIэкъым фIыщэу тлъагъу, ауэ икъукIэ тпэIэщIэ Къэбэрдейм фыщыпсэуамэ, фэ фи Iуэху зэрыхъуну щытар: абрэджт, зауэлIт хьэмэрэ динырылажьэт? Ауэ ди Щхьэщыгум итым и IэмыркIэ фызэрыхъун хуеям хуэдэ фыхъуащ.

– Оттэ!

Дмитрий Васильевич къызэфIоувэ икIи, япэ классым кIуа гимназистым ещхьу, и щхьэр ехьэхауэ лIакъуэлIэш лIыжьым и пащхьэ йоувэ.

– Уэ уи адэ Амыщ Арыкъшу зауэлI щэджащэу щытащ. Абы теухуа уэрэдхэр ноби Кавказым щыжаIэ. Уэ уи цIэр Уэзырмэсщ.

– Крюге!

Иджы и щхьэр игъэщхъыну къылъос генерал къетхъухам.

– Дэбэч хъыжьэм и къуэ! Щомыщ къэмыскIэр псэу иджыри?

– Хьэуэ, – къет жэуап генералым. – Иджыблагъэ Амыщхэ я кхъэлэгъунэ Iуащхьэм щыщIалъхьэжащ.

Генералым и бгъэ щIыIухэр етIатэ, и пщэм пщIэхэлъ чысэр къыдех, зыпщIэхех:

– Мыбы илъщ а Iуащхьэм щыщ щIыгулъ Iэбжьыб.

Джыназ Чегемскэр стIолым къыпэрокI, чысэр Iехри, ба хуещI. ИтIанэ пэшым щIэтхэм яретри, зэIэпахыу ба хуащI.

Владимир Александрович чысэр зейм иретыж:

– Ар ууейщ. Хъумэ, уигу игъэлъ. Зыщумыгъэгъупщэ: уэ уи цIэр Дэбэчщ. Уи адэм урицIэджэгъущ.

Пщыжьым Чегемский Александр зыхуегъазэ:

– Чегемский Александр Владимирович! Зи ЩIыхьыр Лъагэ Императорым и дзэм и полковник...

Сашэ лIы щэджащэм и пащхьэ йоувэ.

Петр Щэджащэм и дэIэпыкъуэгъу гъунэгъуу щыта Михаил Черкасскэм и лIакъуэ благъэ, урыс мэкъумэшыщIэ пщылIхэм щIы етыным и телъхьэ, пщылIхэр IугъэкIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIахэм я унафэщI, Польшэ Пащтыхьыгъуэм и къэрал кIуэцI, духовнэ къэрал комиссэм и председатель, Болгариер Тыркум и бжьым къыщIэшыным телэжьэну граждан управленэм и къызэгъэпэщакIуэ Чегемский Владимир Александрович. Аращ Александр и адэр. НэгъуэщI адэ иIауэ абы ищIэркъым. Владимир Александровичщ и гъэсакIуэри, адэри.

Сашэ и гурылъхэр зыхищIэм ещхьу, Чегемскэ лIыжьым жеIэ:

– Сашэ си къуэщ. Сэращ ар зыпIари зыгъэсари. Мы дунейм теткъым абы нэхърэ сэркIэ нэхъ лъапIэ. Ауэ пэжыр нэхъ лъапIэжщ. Уэ уи цIэ дыдэр Адыгэщ, Уи адэми АдыгэкIэ еджэу щытащ. Ар лъэпкъ лъагэм ящыщт. Уи анэр Дахэуэсщ. ЛъыкIпсыкI АузкIэ еджэу Къэбэрдейм щыIэм щекIуэкIа зауэ гущIэгъуншэм лIыхъужьу хэкIуэдащ. Уэ уи къэхъукIэм нэгъуэщI зы щэхуи хэлъщ. Уи анэ дэлъху Дэбэч уи анэ Дахэуэс Адыгэ щритым ткIийуэ

хуигъэуваӯэ щытащ: япэ къалъху щӀалэ цӀыкӀум Амыщхэ я унэцӀэр къищтэну. Адыгэ и лъэпкъыр абы арэзы техъуащ. Аращи, уэри у-Амыщщ.

ЦӀэрыӀуагъкӀэ, къызыхэкӀа лъэпкъ и лъагагъкӀэ фэ фызэхуэдэщ, зыр адрейм елъэгэкӀкъым. Уэзырмэс къэбэрдей джыназщ, зыгъэсакӀэ генералыкъуэщ. Дэбэч къэбэрдей джыназщ икӀи нэмыцэ баронщ. Си Сашэ и адэмкӀи и анэмкӀи къэбэрдей джыназщ, и гъэсакӀуэм и лъэныкъуэкӀэ тепщӀыхьмэ, Урысей къэралыгъуэм и джыназ цӀэ лъапӀэу ӀуэхущӀафэ ин куэдым папщӀэ ди лъэпкъым Пащтыхь Дотэм къыхуигъэфэщар абы зэрихьэну и борщщ.

– Зейтун дагъэ зэрыт джырафинэм хьэцыбанэ дагъэ ткӀуэпситӀ хэбгъаткӀуэмэ, тхьэмбылыфэ мэхъу, – пещэ Владимир Александрович и псалъэм. – Абы щыгъуэм а дагъэм дагъэ тхьэмбылыфэкӀэ йоджэ. Мы ди Ӏуэхур абы зыкъомкӀэ ещхьщ. Ди гъэсэныгъэм и джырафинэм ткӀуэпсищ хэткӀуащ. ТкӀуэпсищ къудей... Уэзырмэс, Дэбэч, Адыгэ. ЗанщӀэуи и мэр нэгъуэщӀ хъуащ: амыщымэ.

– Хьэуэ, си адэ! – плъыржьэру къыщолъэт Сашэ. – Дэ нобэм къэс дахуэпэжащ дызыпӀа цӀыхухэм я унагъуэцӀэм, дяпэкӀи депцӀыжынукъым.

– Сэ а унэцӀэхэм, лъэпкъхэм фепцӀыж жысӀэрэ? ФыкъыздикӀамрэ фызыщыщымрэ щыгъуазэ фысщӀу аркъудейщ.

Сашэ и псэм жеӀэ: «Дэ апхуэдэуи дыгупсысэфыххэнукъым, тхузэфӀэкӀынукъыми».

Пщыжьым и  псалъэм адэкӀэ пещэ:

– Шылэ хьэпӀацӀэр, шылащхьэ ищӀа нэужь, хьэндырабгъуэ цӀыкӀу мэхъуж. Фэ фщыщ дэтхэнэми и гъащӀэм и шылащхьэр зэӀуищащ. Пэжщ, дэ фыдгъэсащ, дигуи ди пси ныфхэтлъхьащ дыщымысхьу. Фэ гъэсакӀуэ телъыджэ фиӀахэщ. Ауэ кхъуэщыныр щыфӀыр абы ирагъэхъуа санэпсыр шагъыр, макъамэр е ежьур псэр дэзыхьэх уэрэд хъу нэужькӀэщ. ЩӀыгулъ пшэрым Амыщхэ жылапхъэ телъыджэ щытрасащ. Мис абы къикӀыкӀа фӀыгъуэр, – лӀыжьым и Ӏэр и псэлъэгъухэм ятрешие, – фэ Урысейм и цӀыху щхьэпэ фыхъуащ. Иджы фэ Къэбэрдейр къыфхуэныкъуэщ, фэри фызэхуэныкъуэжщ. ГукъэкӀыжым гъуэгу кӀыхькӀэ сыкъришэкӀри, сэ мыбдежым сыкъришэлӀэжащ. Илъэс тӀощӀитӀрэ илъэситхурэ блэкӀащ ЛъыкӀпсыкӀ Ауз зауэм лъандэрэ. БлэкӀам къэгъазэ иӀэкъым. Фэ зы зэманым фыбгынакъым фыкъыщалъхуа абгъуэр. Фи язэхэз къамылъхуакӀэу, Оттэ Василий Александрович Уэзырмэс Урысейм къишащ. ИтӀанэ банкир Крюге Засс Екатеринэ Григорьевнэр, Дэбэч нэхъыщӀэр, нобэм къэскӀэ Альфред Оттовичу дэ тцӀыху Дэбэч нэхъыщӀэр, къыщалъхуну Тхьэм иуха Берлин ишащ. Псом яужьу мыбы къэкӀуар Адыгэщ. Амыщей къуажэмрэ абы щыпсэухэмрэ кърах лейр зэрыт Дахэуэс и письмор Пащтыхьым хуэзыхь балъкъэр Чегембай и гъусэу ар мыбы къэкӀуащ. А письмом пщыпхъур Пащтыхьым щелъэӀурт и къуэм гущӀэгъу къыхуищӀыну, икӀи ар абы анэмэт хуищӀырт.

– Дапщэщ ди адэ шыпхъум а письмор щитхар? – щӀоупщӀэ Уэзырмэс.

– ЛъыкӀпсыкӀ зауэм и пэ къихуэу.

– ГурыӀуэгъуэкъым, – жеӀэ ар щызэхихкӀэ Дэбэч. – Лъэпкъым и бий нэхъ еру дыдэм гущӀэгъукӀэ уелъэӀуу, абы щыгъуэми урыс сэлэтхэм я хьэдэмкӀэ зэуапӀэ губгъуэр убгъэу...

– А зауэмкӀэ къэбэрдейхэм къуаншагъэ лъэпкъ ябгъэдэлъакъым.

– Абы щыгъуэм къуаншэр Обленскэ джыназыращ.

– Хьэуэ, – идэркъым Владимир Александрович. – Аракъым. Капитан Максимовми, полковник Назаровми я жэрдэм хэлъакъым абы. Къуанша-

гъэр псори зыдэслъагъур генерал Убецокщ. Аращ амыщейдэсхэр къыщалъхуа, щыпсэу жылэм къыдахуну унафэ зыщIар. Аращ къуаншэр. Ауэ цIыху Iущхэм лIар ягъэмысэркъым. Къэбэрдейхэм я псэлъафэщ «НэгъуэщIым и гуауэр ууейм нэхърэ нэхъ гъэвыгъуафIэщ» жиIэу. Мис аращ нобэ ди Iуэхур гугъу къэзыщIыр. ГуIэгъуэр псоми ди зэхуэдэщ.

Iуэху и пIалъэ зыщIэ лIыжьым адэкIэ пещэ:

– Жьыри щIэри я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэщ. ЩIалэгъуалэм жьыгъэр къапоплъэ. Жьы хъуам – гъащIэщIэ. НэгъуэщIуи щрет, ауэ гъащIэ, – жеIэ абы.

– Зи пщIэр лъагэ! – жеIэ Дэбэч и къуэ Дэбэч. – Дэрмырауэ пIэрэ уэ щIалэгъуалэ зыфIэпщыр?

Абы и псалъэм зэкъуэшхэр пегъэгуфIыкI – я щхьэ къетхъухам, я къулыкъу лъагэм, къакIуа гъащIэ гъуэгуанэм ахэр игъэщIалэркъым.

ЛIыжьми и Iупэр зэтож:

– Зи щIыхьыр лъагэ – жи, – и Iэхэр ещI абы: – ДадэкIэ фыкъызэджэ е, Къэбэрдейм зэрыщыхабзэм ещхьу, «зиусхьэн» жыфIэ. Ауэ сэ си жэуапыр мыращ: мыIэрысэр хъуIуамэ, къудамэм къыпоху, хьэпцIийр и чэзум Iуумыхыжмэ, йолъэлъэж. Сыт ищIысми езым и зэман иIэжщ. Фи щIалэгъуэ-хъыжьэгъуэр блэкIащ. Сэ сэлъытауэ, фэ иджыри фысабийщ. Ауэ Александр теухуа си псалъэр нэзбгъэгъэсакъым. Пащтыхьым зэгуэр сригъэблэгъауэ Сашенькэ и Iуэхур си IэмыщIэ кърилъхьауэ щытащ. «Къыщалъхуа щIыналъэм хуэфэщэн цIыху ирехъу», – жиIат абы. Сэ сщIэркъым абы зи гугъу ищIар: Къэбэрдейр, Кавказыр, Урысейр ара? Пащтыхьым и псалъэм теупщIыхьыжыркъым. Ар хабзэм къезэгъыркъым. Сэ къызэрызгурыIуэм ещхьу Сашэ згъэсащ. Мис иджыпсту япэ дыдэу бжызоIэри: сэ уэркIэ согушхуэ.

Александр хьэзырт и гъэсакIуэм и IэплIэм зридзэну, хьэзырт, къыпкърыхьа гурыщIэхэм къызэгуачти, зэщыджэу гъыну. Ауэ абы мопхуэдэуи мыдрейм хуэдэуи ищIакъым. КъызэфIэувa къудейщ, и щхьэр лъахъшэу щIэгуауэ.

– ТIыс, ущымыту, – жеIэ пщыжьым, – мы унэ блынхэм Iэджэ ялъэгъуащ, – и Iэпэр блынхэмкIэ кърегъэкIуэкI. – Чэщанэм и блынхэм куэд ящIэж. Ущысабийм гукъанэ гуэрхэр щыIами, нэхъыбэр гуфIэгъуэу, гукъыдэжу, махуэшхуэу щытащ...

Амыщхэ я цIыхубзхэм я натIэ хъуар псоми ящIэ: цIыхубз зи щIалэгъуэхэр лIы дэкIуауэ хуэщIауэ, насыпыфIэу мэпсэу. Ныбжь зиIэхэр... – мыбдежым пщым и псалъэр зэпоу. – Жьы хъуахэр... Мэлычыпхъу... абы и гъащIэм тхьэм къыпищэ, Донской къулъшырыфым щыIэщ. Къэбэрдейхэм яухуа къулъшырыфыр езым къыхихащ, абы мылъкушхуэ хухихыну гукъыдэж ищIати, псалъэ къыхэмыкIыу згъэзэщIащ. Фи анэшхуэр хуейкъым зыми хуэзэну. «Хуей хъумэ, сэ дэтхэнэри къэзгъуэтынщ», – жиIащ. Абы псалъэ пэзыдзыжын иджыри къалъхуакъым.

– ... Иджы нэхъыщхьэу фыщIызэхуэсшэсам теухуауэ. Фэ Амыщ зэкъуэшищыр егъэлеяуэ фыкъулейщ. Амыщхэ я хъугъуэфIыгъуэм цIыхуIэ хэмыIэбауэ жыпIэ хъунущ, цIыхубзхэм дыщырыкIыу ялъысамрэ Мэлычыпхъу Донской къулъшырыфым мылъку тын хуищIамрэ фIэкIа, хэщIакъым. Аркъудейщ. Ауэ ар мащIэ дыдэщ, хугу хьэдзэ цIыкIу хуэдизщ, езы хъугъуэфIыгъуэм и куэдагъым еплъытмэ. Мис а мылъку абрагъуэр тхылъ щIауэ къишэри сэ къызитащ Пагуэ и ныбжьэгъу балъкъэр таубий Чегембай икIи мис мы лъахэм щызохъумэ. Сэ хъугъуэфIыгъуэм зэи хъуэпсэнэкIэ сеплъакъым. Нобэ ар фэ фэстыжынущ.

– Дэ ахъшэ дыхуэныкъуэкъым!

– Уи деж щреӀэ хъугъуэфӀыгъуэ псори!

– Узэрыхуей дыдэм хуэдэу унафэ тещӀыхь, – зым и псалъэр адрейм Ӏэпихыу жаӀэ зэкъуэшхэм.

– Ахъшэ хуэмей щыӀэкъым, – ярет Чегемскэ лӀыжьым жэуап. – Пэжу, налкъутым насып къызыхуихьа щыӀэу сэ сщӀэркъым. Ауэ, ар щывиӀэкӀэ, фыщӀелъэпэуэни слъагъуркъым. Дэ зэманыфӀ дыщыпсэуркъым, – пещэ абы и псалъэм, – къытпэплъэр тщӀэркъым – цӀыхухэр зэрогъэтут, зэрогъэбунт, Тхьэуэ лъапӀэм револющэ къимыгъэхъукӀэ. Мылъкум щыщ Ӏыхьэ гуэр къыхэфхи зэхуэдищ ифщӀыкӀ, нэхъыбэр инджылыз е швейцар банкым хэфлъхьэ, щхьэж къылъысыр къыщыгъэлъэгъуа тхылъ фщӀыи. Банкым евгъэхь лъэпкъ дамыгъэу Амыщхэ къадекӀуэкӀ, налкъутналмэсхэмкӀэ гъэщӀэрэщӀа мы Ӏэлъынымрэ жорымри.

Апхуэдэурэ здыжиӀэм, Владимир Александрович стӀолым иӀэ дэлъхьэпӀэ щэхум къыдех фэмрэ дыжьынымрэ къыхэщӀыкӀа пхъуантэ пӀащӀэр икӀи Амыщ зэкъуэшхэм ярегъэлъагъу я лъэпкъым нагъыщэу къыдекӀуэкӀ хьэпшып лъапӀэхэр.

– Мы Ӏэлъыныр е мы жорыр пщэи, птыи, фэ фщыщ зыгуэрым и уней мылъкуу къищти хъунукъым. Мыхэр лъэпкъыр зыхъумэ хьэпшыпщ, псоми фи зэхуэдэщ. НыбжькӀэ фи нэхъыжьыр Уэзырмэсщи, сыхуейщ щӀыгъупхъэ тхылъымпӀэхэр зэригъэпэщу, Лондон щыӀэ банкхэм ящыщ зым мыхэр щӀилъхьэну. А псор зэхуэпхьэсыныр къупынщыпынщ, ауэ Ӏуэху жыгъейхэм  Ӏуэху щэджащэр хэбгъэкӀуэдэж хъунукъым.

Абы и ужькӀэ Владимир Александрович нотариусхэм къоджэ. «Иджы мо пэш къыпытым фыкӀуи нотариальнэ тхылъымпӀэхэр и кӀэм нэвгъэс. Пэжыр жыӀэн хуейщ: абы ехьэлӀауэ лэжьыгъэшхуэ зэфӀэгъэкӀа хъуащ. Фи фӀэщ фщӀы мыри: мы тхылъхэм фэ фщыщ дэтхэнэми и сэбэп зыхэлъ Ӏуэхугъуэ псори щызэфӀэхащ. А псом нэмыщӀу, Чегемский Александр Васильевич – Амыщ Адыгэ – нобэ щыщӀэдза и ӀэмыщӀэ йохьэ щӀыуэ, унэу, банкым хэлъ ахъшэу, нэгъуэщӀ мылъкуу сиӀэ псори. ЩӀэинэгъу имыӀэу».

Сашэ, зыгуэр жиӀэн и хьисэпу, и гъэсакӀуэм дежкӀэ лъэбакъуэ еч, арщхьэкӀэ пщыжьым къыхуидэкъым: «Къэгъанэ! Мыбдежым псалъэри гурыщӀэри щылейщ. Мыдрейуэ, къэзгъэщӀа гъащӀэм теухуауэ жысӀэнур мыращ: жьыгъэр ар узыфэщ. Языныкъуэхэм я гугъэщ цӀыху тӀорысэр гъэсэнхэр, лэжьэгъухэр, фӀыуэ илъэгъуа е къэзылъагъуу щыта цӀыхубзхэр къызыкӀэлъымыкӀуэж сымаджэу. Е жьы хъуам кӀэлъыплъыныр зи пщэ дэхуа бынхэм ар къайхьэлъэкӀ хъуауэ».

Амыщ зэкъуэшхэр къыщылъэтат, пщыжьым къригъэкӀуэкӀ псалъэмакъ ягу иримыхьыр зэпагъэун я гугъэу. АрщхьэкӀэ модрейм и ткӀиягъ къигъэлъэгъуащ: - Абы теухуауэ нэгъуэщӀ жыдвмыгъэӀэ. ГъащӀэр щыхьэт техъуащ а жысӀа псор зэрыпэжым. А пэжыныгъэм илъэсищэ, хэбгъэзыхьмэ, илъэс мин и ныбжьынкӀэ мэхъу. Мыдэ абы ехьэлӀа зы псысэ фезгъэдэӀуэнщ.

... Адэ пасэ лъэхъэнэм, Нэсрэн ЖьакӀэ Ӏуащхьэмахуэ и джабэм еӀулӀарэ и тхьэмщӀыгъур бгъэм иуӀуу щыкӀэрылъа зэманым, Кавказым щыпсэуащ нарт лъэпкъыр. Абыхэм я хабзэт кхъахэ хъуа, зи лӀэгъуэ къэса цӀыхухъур бгым щадзыжу. Апхуэдэу екӀуэкӀащ, нарт Бэдын жьы хъуху. «Жьыгъэибг схьынщи, бгым щыздзынщ», – жиӀэри, Бэдынокъуэ и адэр и дамэм трилъхьащ. Жьыгъэибг дэкӀри, тажьджэ ищӀащ, и адэр абы иригъэтӀысхьэщ, еӀунщӀри иридзыхащ.

Бгым щежэхым, жыг лъэдакъэ гуэрым фӀэнэри, тажьджэр къызэтеувыӀащ. «И ажал къэсакъым, щыздзынкъым», жиӀэри къыфӀихыжащ, унэм ихьыжын и мураду. «Унэм сыпхьыжмэ, нартхэм къыпхуадэнкъым.

БгъуэнщIагъ гуэр сыхь», – къыжриIащ абы адэм. Бэдынокъуэ апхуэдэу ищIащ.

Адэр бгъуэнщIагъым щIэсу, къуэм гъуэмылэ хуихьу игъашхэу зыкъомрэ екIуэкIауэ, нарт хэкум уэгъу ин къыщыхъуащ. Къэхъури, я мэшыр ихьащ, жылапхъэ къудей къахуэнэжакъым. Нартхэм къащыщIар щызэхихым, адэм и къуэм къыжриIащ: «Тхьэгъэлэдж и мэшыпкъэжьыр ирыравэ нартхэм». Явэри, абы къытекIа мэшыр жылапхъи яшхыни яхуэхъужащ.

Абы и ужькIэ зэман гуэр дэкIауэ, уз къахыхьэри, нартхэ я мэл хъушэр зэтелIэ хъуащ, тIы хэмытыжу, лъхуэнпIэну тIущ фIэкIа къэмынауэ. Къэхъуар щызэхихым, «Псэууэ къэна мэлыбгъэр Амыщ и тIы хъупIэжьым фху», – къыжриIащ лIыжьым. Амыщ и тIы хъупIэм зы гъэкIэ щагъашхэри, мэлыбгъэм щIэжьей къащIэхъуащ.

Арати, нартхэр Бэдынокъуэ деж кIуащ:

«Мэш къытхуэкIыжами мэл къытщIэхъуэжами зи фIыщIэр уэращ, – жраIащ Бэдынокъуэ. – Сыт пхуэтщIэн?»

– ФIыщIэр зейр сэракъым, – къажриIащ Бэдынокъуэ. – Зи фIыщIэр си адэращ. Жьы щыхъум, си адэр бгым щыздзыжакъым: хабзэм себакъуэри, бгъуэнщIагъым схьауэ щIэсщ.

Нартхэр кIуэри, Бэдын бгъуэнщIагъым къыщIашыжащ, абы и ужькIэ кхъахэ хъуа бгым щадзыжакъым.

Мис апхуэдэ хъыбар Къэбэрдейм къыщывжаIэфынущ. Фыхуеймэ, псысэу жыфIэ, хъыбар пэжу зылъытэнури хуитщ.

Ди лъахэм жьым пщIэ щыхуащI, зыхуей щыхуагъазэ, и чэнджэщ йодаIуэ. Абы къыдэкIуэу жаIэ: «Уи адэм иупэсыр уи къуэм деж къыщыплъекIуэкIыжынущ».

Иджы фыкIуэ. Сэ хьэщIэщым сыщыфпэплъэнщ.

Зэшхэр Iуэхум тепсэлъыхьын, щIэиныр зэрагуэшыным унафэ тращIыхьын, тхылъымпIэхэм Iэ традзэн папщIэ а Iуэхум хухаха пэшым кIуащ.

Чегемскэ лIыжьыр и зыгъэпсэхупIэмкIэ екIуэкIыжащ, удз хущхъуэ ефэн, и щыгъыныр зэрихъуэкIын папщIэ – махуэшхуэ фащэр махуэ къэс зэрихьэн фIэфIкъым.

Владимир Александрович хьэщIэщ зыфIищар адыгэ унэм ещхьу иригъэщIа, зи курыкупсэм жьэгу ин ит пэш абрагъуэт. Адыгэ хьэщIэщым къызэрыщхьэщыкIыр зыщ: тху-хыкIэ зэрынэхъ инырщ.

ХьэщIэщым, адыгэ къуажэхэм щащIхэми ещхьу, жьэгум и мызакъуэу, Iэнэ, шэнт лъакъуиищхэри, я инагъкIэ зэхуэмыдэу шыгун, тебэ, шыуан хуэдэхэр щIэтщ, жьэгум пэрыIэбэ, хьэнцэ цIыкIу дэлъщ.

Амыщ зэкъуэшхэм хьэщIэщым къыщагъэзэжам мыбы щызэблэур щыгъын идыкIахэр зыщыгъ унагъуэ Iуэхутхьэбзащlэхэртэкъым, атIэ, я теплъэ къудеймкIэ Кавказым зэрыщыщыр къыбжезыIэ щIалэгъуалэ лъэ псынщIэхэрт, я адыгэ цейр бащлъыкъкIэ щIэпхарэ лъахъстэн вакъэ щабэ плъыжьхэр къащылыдыкIыу.

Зэкъуэшхэм дэтхэнэми фэм къыхэщIыкIа дэфтэрылъэ пIащэ и блэгу щIэлът. Уэзырмэс иIыгъ етIуанэ дэфтэрылъэр Владимир Александрович папщIэ ягъэхьэзырат.

Зэхахамрэ ялъэгъуамрэ щIалэхэм я щхьэр ягъэунэзауэ, зэфIагъэкIа Iуэху мытыншым иригъэшауэ ахэр щыст, зыубыдауэ къэзымыутIыпщ гупсысэр зэрызыщхьэщахун псалъэмакъ къаулъэпхъэщу.

– ТщIэнур фщIэрэ? – жиIащ Уэзырмэс. – Щыму мафIэм девгъэплъи нэхъыфIщ.

Апхуэдэуи ящIащ.

Абдежым къахыхьа Владимир Александрович пыгуфIыкIащ:

– Фи пIейтеигъэр мафIэм евгъэсрэ? – къищIащ абы щIалэхэм я Iуэху зыIутыр. – Фи деж сыкъыщыкIуэм сегупсысат: «Жыгыр къэкIа нэужь зыухъуэнщIын куэд къыкъуокI. Нобэ зэгъусэу бжей абрагъуэр къэдгъэуащ. И чэзу хъуати. Дэ дыхуейкъым ар къыддэзыухъуэнщIын. Ди бжейм зыри къыбгъэдэвмыгъэхьэ».

«Сыт мы дадэ жиIэхэр?» – зэупщIыжырт зэкъуэшхэр.

Ауэ пщым и псалъэм зригъэукъуэдиякъым.

– Мы хьэщIэщым къэбэрдей шхыныгъуэ фIэкIа щапщэфIыркъым. Сэ сощIэ пщафIэр щыкуэдым деж шыгъу хэзыдзэн къудей зэрумыгъуэтыр. Абы къыхэкIыу пщафIэ нэхъыжьу сыщытынщ нобэ.

Япэ щIыкIэ пIастэ ящIащ. Ар зи пщэ къыдэхуа IуэхутхьэбзащIэхэм хугу лъэса зыхакIута пIастэпсыр фIыуэ къытекъуэлъа нэужь, хьэнтхъупс къыщхьэщахри, пхъэ фалъэшхуэм иракIащ, хывышэ щIэгъэпщтхьа хакIэжри, кхъуей плъыжь щIыгъуу пщыжьым хутрагъэуващ. НэгъуэщI зыгуэрхэм емыджэу абы шхэн щIидзащ. Адыгэ и къуэшхэм йоIущащэ: «А шхыныгъуэр зыпищI щыIэкъым. Зышхыр абы и закъуэщ, ауэ, ишх пэтми иужэгъуркъым. Ди адэм ещIэ адрейхэм хьэнтхъупс зэрафIэмыфIри, зыри хигъэзыхьыркъым.

Аращи, мэпщафIэхэр: зым пIастэ ещI, адрейм шыгун тебэкIэ хьэтыкъ егъажьэ, ещанэр, лы гъэгъуар дзасэм пиIуауэ, Владимир Александрович дежкIэ йоплъэкI. Модрейм и щхьэр щищIкIэ, шэпсыранэ Iугъуэ зыщIагъэуа лыр гъэжьэн щIедзэ. Куэд дэмыкIыу мэ гурыхьыр пэшым щIэз мэхъу. ПIастэр хьэзыр хъуащи, Iэнэ лъакъуищым бэлагъыщхьэурэ тралъхьэри, лы зыгъэжьэм дежкIэ ягъэкIуатэ, дагъэр тригъэуэн папщIэ.

– Хэт фызыпэплъэр, щIалэфIхэ? – щIоупщIэ пщыр, лыр хьэзыр щыхъукIэ. – ФыкъетIысылIэ Iэнэм. Гуахъуэ, сэ щхьэкIэ зывмыплъыхь, мы шхыныгъуэр IэкIэщ зэрашхыр.

Я Iэпэм епщэу зэкъуэшхэм пIастэ хуабэмрэ лы гъур гъэжьамрэ ирагъэмэрэкIуэх, ауэ, зэрахабзэу, мыпIащIэу, Iэдэбу Iэнэм бгъэдэсыфхэркъым, атIэ зым и Iыхьэр адрейм къипхъуатэу ерыскъы IэфIыр ягъэкIуэщI. Абыхэм здеплъым, пщыжьыр ткIыбжьу погуфIыкI: «Я адэжь хабзэр я лъым къыщыушыжащ. Лъым щыгъупщакъым пIастэри лыгъурри. Фи хьэлэлщ, фышхэ, си тIасэхэ...»

– КIапэ гъэгъуа схуэгъажьэт, – лэгъупэжьым унафэ хуещI Владимир Александрович. Зэкъуэшхэм захуигъазэу и псалъэм пещэ: – Дохутырхэм гъэжьа умышх, къызжаIэ. Абыхэм Iуэхум сыт хащIыкIрэ? КIапэ гъэгъуар щэкъым, хущхъуэщ армыхъумэ.

Сашэ гу лъетэ хьэщIэщым зы псалъэмакъ хэха зэтеубла зэрыщымыхъум. «Ауз зэвым щежэх псым ещхьщ, – йогупсыс ар. – Джей абрагъуэхэм, къурш дзакIэ папцIэхэм езауэу псыр йох, арщхьэкIэ псым и макъым фIэкIа, и инагъыр плъагъуркъым».

– Дэ тщIэн хуейр зэфIэдгъэкIакIэщ, – жеIэ лIыжьым, кIапэ гъэгъуар здишхым, – нэхъ паси нэхъ кIаси мыхъуу, и чэзу дыдэм зэфIэдгъэкIащ. ФиIэ мылъкури зэвгъэзахуэмэ, бэгъуэнщ, адэжкIэ здэбэгъуэн щымыIэ хуэдэми. Адыгэм жаIэ: «ЩэныфIагъ и лъабжьэ дыщэ щIэлъщ». ЩэныфIэу дунейм фытет, зыкъыффIэмыщIыжу. Мыр зыщывмыгъэгъупщэ: фалъэм имыт икIутыркъым. Нэм имылъэгъуа бжьо къаукIыркъым.

Зэшхэр гупсэхуу, псалъэ дамыгъэхуу йодаIуэ лIыжьым и ущием. Абыхэм ящIэ: адыгэ хабзэм нэмыщIу, лIыжьым кууэ иджащ дунейпсо дипломатие, политикэ абрагъуэм я Iущыгъэхэри.

ХьэщIэхэм ящхьэщыт бгъуэщIэсхэр щыму, заудыгъуауэ плIанэпэм

дэтщ. Джыназ Чегемскэм зыгуэр щыжиIэкIэ, и псалъэ къызэпызыуд щыIэ хъунукъым.

– Бабыщ шырым джэдыкIэм щисми есыкIэ ещIэ, – пещэ Владимир Александрович. – Фэри фыапхуэдэщ, фыкъалъхури, анэдэлъхубзэм щIыгъуу къыфпкърыхьащ адыгэ дуней тетыкIэр, ди хабзэр, лIыгъэр, нэмысыр, щэныфIагъыр. Ахэр пщыгъупщэ хъунукъым. Ауэ лъы къабзэ зиIэм укъилъхуныр мащIэщ. Зы жыгым и пхъэм вэнвей зэратхъу хьэнцэ е мэ гуакIуэ къызыхих фо зэрашхын бжэмыш къыхащIыкI.

– НэгъуэщI си зы чэнджэщи фыкъедаIуэ, – жеIэ адэкIэ зыкъомрэ хэгупсысыхьа нэужь. – Фэ нэхъ бей Урысейм цIыху ису къыщIэкIынкъым. Хэт ищIэн, Юсуповхэ къыфпэхъункIэ шэч сощI, ар си фIэщ мыхъу пэтми. НтIэ, фи къулеягъыр къащIа нэужь, фом бадзэр зэрепщIым ещхьыркъэпсу, фэри цIыхухэр къывэжэнущ. Фысакъ. Фхуэмыфащэ цIыху фи гур хузэIувмых.

Абы ехьэлIа зы хъыбари фезгъэдэIуэнщ.

СыщищIалэгъуэм, щIыпIэ нэхъ пхыдза щыIэ си лъапсэм зэман куэд щызгъакIуэу щытащ. Сыту жыпIэмэ, сыкъэзыухъуреихь псори си нэт, си псэт: мэз лъэщIэхухэри, псыIэрышэ хуэм цIыкIухэри, адыгэш куэд щысIыгъ шэщхэри...

Апхуэдэу къекIэрэхъуэкIри, зы махуэм техуэу мэлыхъуэхьэ хьэв шыррэ дыгъужь шыррэ зыгуэрым къызитыгъащ. Зэгъусэу япIыну, ягъэсэну унафэ сщIат, арщхьэкIэ хьэзешэ лIыжьым къысхуидэркъым: «Хьэрэ дыгъужьрэ къуэш зэхуэзыщIа щыIэкъым, – жи, – нтIэми, ди мэлыхъуэхьэр Кавказ щылъхущ – абыхэм дыгъужь ялъагъу зэрымыхъур я лъым хэлъщ». Сэри сикIуэтыркъым: «НэгъуэщIуи къыщыщIидз Iэджэрэщ» жызоIэ.

Сытми, си хьэзешэр, Митрофант абы и цIэр, Iуэхум и ужь ихьащ. Ауэ сэ сызахуэу къыщIэкIащ: хьэвшыритIыр дэгъуэу зэсауэ зэдэджэгуу, зэрыфыщIу къэхъурт. Щхъуэрэ (арат дыгъужь шырым фIэтщар) Эльбрусрэ пхузэкIэрымычыну сыт щыгъуи зэкIэрыIуат. Пэжу, я зыужьыкIэкIэ зэхуэдэтэкъым: Эльбрус нэхъ псынщIэу хэхъуэрт, Iэпкълъэпкъ, лы ищIырт, тIэкIу-тIэкIуурэ пIащэжь, къуабэбжьабэжь хъурт, Щхъуэ абы лъэщIыхьэртэкъым, моуэ нэхъ къуэгъуу, зэщIэкъуауэ, нэхъ хьилэшыуэ къэхъурт.

Мэлыхъуэхьэр жумартт, нэпсейтэкъым, хьэIус ефапIэр пимыубыду зигъэнщIыху Щхъуэ шхэху пэплъэрт, къупщхьэ щыхуигъэкIуатэ щыIэу. Ауэ дыгъужьыр къупщхьэ егъуркъым.

Зэгуэр, щIымахуэу, Митрофан гъуэгу тезгъэхьэрт Iуэху и пщэ дэлъу. Шы Iэжьэр зэщIищIа нэужь, хьэзешэм жеIэ:

– Уа, дотэ, Щхъуэрэ Эльбрусрэ здэсшэну хуит сыщI. Ахэм жьы къащIихунщ, сэри сыкъахъумэнщ.

– Здешажьэ Тхьэм щхьэкIэ, – жызоIэ.

Митрофан Щхъуэр щIымыгъужу, Эльбрус зэхашхыхьауэ къигъэзэжащ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, Митрофан гувауэ гъуэгу къытехьэжащ. «Мэзым дыгъужь щыбийщ», – къыжраIат, арщхьэкIэ: «Мы си хъумакIуэхэр зыхуэдэр флъагъуркъэ, си пыIэр яхуэлъэныкъуабэщ», жиIэри къежьэжащ. ЯдэIуэн хуеят. Куэд къимыкIуауэ, дыгъужь гуп къытеуащ. «Сыплъэмэ, – жиIэжт хьэзешэм, – сибгъукIэ дэп къыщолыд. Сеплъыпэмэ, дыгъужьынэщ. Щхъуэ и нитIырщ. Эльбрус и пщэфэцхэм зыкъратIащ, езыр шынагъуэу мэгурым. Щхъуэуэ плъагъум зеIэтри, макIуэ-мэлъей! СеджэкIи, къысхуигъазэркъым.

Куэд мыщIэу дыгъужь кIапсэрышэр къытщIэрыхьащ. Iэжьэм и пэм

къилъадэу, шыхэм зыкърадзу щIадзэ. Ар щилъагъукIэ, Эльбрус Iэжьэм йолъэ, дыгъужьхэм яхолъадэри, и плIэ лъакъуэ хьэлъэхэмкIэ яхоуэ, зытехуар дыжь топу лъэныкъуэкIэ лъейрэ афIэкIа къэмытэджыжу. Зыи, тIуи, щыи... МащIэ IэщIэкIуэдакъым. Ауэ езыри Iыхьэншэ хъуркъым. Псом хуэмыдэу къытегуплIэр Щхъуэщ.

Абдежым фоч зэрысIыгъыр сигу къокIыжри, сахэуэу щIызодзэ. Тхуэ гъэуэгъуэ сщIати, дыгъужьитху уэс лъэгум щизгъэгъуэлъыкIащ. Эльбруси яхолъэщыхь. Сытми, я кIапсэрышэр цIырхъ хъуауэ, дыгъужьхэр Iужыжащ, я кIэр я бэкъу даупщIэжауэ. Сэри батэр зыгъэша мэлыхъуэхьэр Iэжьэм къислъхьэжщ, джэдыгу теспIэжри сыкъежьэжащ. Щхъуэр дыгъужьым я гъусэу ежьэжащ».

... Ауэрэ зэман зыкъом кIуащ, – и псалъэм пещэ пщыжьым, – Митрофан еIэзэурэ Эльбрус зыкъиужьыжащ. Псори тэмэм хуэдэт. ГъащIэр макIуэ, къэхъуар тщыгъупщэж хуэди мэхъу. Ауэ мэлыхъуэхьэм нэгу иIэжкъым, хэпщIыкIыу нэщхъейт. Тхьэм ещIэ, и щхьэусыгъуэр: гукъеуэ иIэ хьэмэрэ и ныбжьэгъум хуэзэшрэ? Гъатхэм Щхъуэ хьэщым къэкIуэжащ. МэжэщIалIагъэм къихужагъэнт. Фаджэт, жаIэж, якъуа фIэкIа зэрыпщIэн щымыIэу. ПлIанэпэ гуэр деж къугъыу дэтIысхьат, нэщхъейуэ къыдэплъу.

ГущыкI хэлъу, Эльбрус абы дежкIэ еплъэкIащ. ИтIанэ къэтэджщ, бгъэдыхьэри, и пIэм къримыгъэкIыу итхьэлащ.

Мис аращ иужькIэ къэхъуар.

Аращи, зэи фигу къэвмыгъэкI дыгъужь IэрыпI фщIыну хьэмэрэ ныбжьэгъу фщIыну.

– АдэкIэ-щэ? Эльбрус дауэ хъуа? – щIоупщIэ Уэзырмэс.

– Мэлыхъуэхьэхэр уэркъым хуэдэу пагэщ. Щхъуэр щитхьэла махуэм щегъэжьауэ дзэкъэгъуэ зыIуилъхьакъым. Зы цIыхуи зыбгъэдигъэхьакъым. ЗигъэлIэжащ. Ныбжьэгъугъэм зэрыхуэпэжам папщIэ, сэри щIэслъхьэжри сын хухэстIэжащ.

Владимир Александрович и хъыбарым и ужькIэ гупсысэ хьэлъэм иубыдауэ псори тещымащ. Дэтхэнэри езым и гупсысэм иIыгът, псори зэгупсысыр зы пэтми.

Даущыгъэр пщыжьым икъутащ: «Донской къулъшырыфым дэ псори дыщызэхуэзэжынущ, – жиIэрт абы. – ДыщызэIущIэнур зыщIэр Ди Щхьэщыгу итым и закъуэщ. Сэ си уэсятщ къулъшырыф пщIантIэм, ди лъэпкъ кхъэлэгъунэм, члисащхьэ папцIэхэм я лъабжьэм, сыщыщIалъхьэжыну».

ЛIэныгъэм зэрытепсэлъыхьыр имыдэу, зыгуэр жиIэну Сашэ кърígъэжьат, арщхьэкIэ лIыжьым ар игъэпсэлъакъым: «Уэр дыдэми уахътыншэ сыпхуэщIынукъым. Абы къыхэкIыу, щIэин папщIэу мы псалъэхэр къыфхузогъанэ. Кавказ Ищхъэрэм и бгырысхэм жаIэ: «Мэзым пхъэ яшэркъым». Фигу ивгъэлъ ар. «Къуажэ къэс езым и мэл бжыкIэ иIэщ». Ар зыщывмыгъэгъупщэ.

ФыкIуэ иджы. Сэ сешащ. ГъуэгуанэфыщытехьэкIэ, гъусэр тэмэму къыхэфх. Мыри фигу ивубыдэ: цIыхум и къулеягъ нэхъ лъапIэ дыдэр гугъэрщ, армыхъумэ мылъкуракъым...»

Дэтхэнэми пщыжьым и унэр ибгынэрт, кхъуэщын из Iущыгъэ здихьым ещхьу. Дэтхэнэри егупсысырт и блэкIам. УтеIэбэным хуэдэу гъунэгъуу къащыхъу, ауэ унэмыплъысу япэIэщIэ дыдэм.

## IУЭХУМ И ПЭР УМЫЩIЭМЭ, И КIЭР ПЩIЭРКЪЫМ

Зиусхьэн Александр Александрович жраIащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ балъкъэр таубий гуп къэкIуауэ къызэрыпэплъэр.

– Ар сыт щхьэкIэ? А лъахэм ис лъэпкъ псори къэдзэуакъэ дэ? – игъэщIагъуэу йоупщI пащтыхьыр и дэфтэр IуэхущIапIэм и унафэщIым.

– Дауэ къэдмыгъэIурыщIэу? Къэдзэуащ. Илъэс Iэджэ ипэжкIэ. ЛIыкIуэхэм зауэ хуэIухуэщIэ зэрахуэркъым, лъаIуэу аращ балъкъэр таубийхэр.

– НтIэ, уэ егъэблагъи епсалъэ. Сэ си Iуэху яхэлъ? Таубий...

– Таубий, жиIэмэ, Зи ЩIыхьыр Лъагэ, ди бзэмкIэ джыназ къокI.

– Таубиймэ, иретаубий. Сыт зыхуейуэ жыхуаIэр?

– Iуэху гъэщIэгъуэнщ зэрахуэр, – жеIэ дэфтэрзехьэ нэхъыщхьэм. – Адэ, генерал Засс и зэманым, урыс батальонхэм Къэбэрдейм щыщ Амыщей къуажэр ягъэсауэ щыташ, и пIэм ирахун щхьэкIэ.

– Сытыт щIрахунур?

– Абы и пэжыпIэр иджы хэт къыбжиIэжыфын? – жэуап тэмэм итыну хуейкъым модрейр. – Ауэ къуажэр чыристэн жылэт. ЧыристэныгъэхэмылъуIуэхум бгъэдыхьахэт...

– Пэжщ, – занщIэу арэзы хъуащ императорыр. – Уи псалъэм тепщIыхьмэ, а къуажэм дэсар къэбэрдейхэщ, си деж къэкIуахэр балъкъэрщ. Ар дауэ?

– Аракъэ езыр Iуэхур здэщыIэр. Къэбэрдей зауэлIхэм я шупашэ джыназыпхъу Дахэуэс и письмор къэзыхьар, пэж дыдэу, балъкъэрхэрщ. Зыхьыну зауэм хыхьэн и пэ къыхуэу абы и къуэр уэ Зи ЩIыхьыр Лъагэм уи деж къегъакIуэ икIи къолъэIу уи гущIэгъум хыумынину – чыристэн къабзэрэ Урысейм хуэпэжу бгъэсэну.

– ГъэщIэгъуэнщ, – жеIэ пащтыхьым, хъыбарым дихьэхауэ, – джыназыпхъум ищIэрэт ди сэлэтхэм иращIэкI зауэм зэрыхэкIуэдэнур?

– ИщIэрт. Дауэ имыщIэнрэт? И къуажэр армэ псом къыпэщIигъэуват.

– И къуэм и гъэсэныр сэ дзыхь къысхуищIауи?

Дэфтэрзехьэ IуэхущIапIэм я нэхъыжьым щыму и щхьэр ещI.

– Апхуэдэ Iуэхур хуумыщIэу хъункъым. ЩIалэр си хъумакIуэхэм яхэдгъэхьэнщ. ХъумакIуэхэм я унафэщIыр пщэдей къысхуеджэ...

Дэфтэрзехьэм пащтыхьым и псалъэр Iэпихащ:

– Дзэм хэбгъэхьэну сабииIуэщ ар. Илъэс цIыкIуитху ирикъуа къудейщ...

– Ар нэгъуэщI Iуэхущ, абы щыгъуэм. Шэджагъуэ зэIурыум и ужькIэ щIалэжь цIыкIур я гъусэу булгарыпщхэр къысхуеджэ.

КъулыкъущIэм къытригъэзэжу пащтыхьым гуригъэIуакъым булгарымрэ балъкъэрымрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Абы дежкIэ нэхъыщхьэр Черкасскэхэр къыщIелъэIуа Iуэхум, Кавказым нэс къраша щIалэ цIыкIум и Iуэхум, пащтыхьым унафэ тэмэм трищIыхьыныр арат. А лъэпкъ цIэрыIуэм IуэхутхьэбзэгуэрIуэр яхуищIэну абы езым и нэ къикIыртт. Абы и мызакъуэу, Тхьэм къабыл ищIын Iуэхущ. Зеиншэм удэмыIэпыкъуу дауэ къэбгъэнэн?

– ЗэIурыугъуэ нэужьым, – къытригъэзэжащ пащтыхьым. ИтIанэ Чегемскэ лIыжьыр игу къэкIыжащ. – Дэнэ щыIэ а бажэжьыр? Владимир Александровичщ жыхуэсIэр. Узыншэ?

И пащтыхьым и щхьэм къихьа гупсысэм дэфтэрзехьэр щогуфIыкI.

Абы езыми игу къэкIат пщIэшхуэ, хыхьэхэкI зиIэ Чегемскэхэ ептамэ, щIалэ цIыкIум дежкIэ зэрынэхъыфIыр.

– Тхьэм и шыкуркIэ, псэущ икIи узыншэщ, – абы игу къэкIыжащ къэрал политикэм теухуауэ къыхилъхьа Iуэху еплъыкIэхэр пащтыхь Александр «Аракъым иджыпсту ди Iуэхур» жиIэу къыщимыщтэм, джыназым зигъэгусэу лэжьыгъэ IэнатIэхэм зэрызыпыIуидзар, иужькIэ зэрытIысыжыпар.

Сыт Iуэхут джыназым кърихьэжьар? Императорым и цIэкIэ игъэхьа письмоушхуэм хьэкъ пщищIу щитхырт дунейпсо хъугъуэфIыгъуэу щIым щIэлъхэр зыIэщIэубыдэным хущIэкъу къарухэм Урысейр хэт нэхъри нэхъ лъэщу зэрапэщIэтыр. Абы къыхэкIыу, Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ зэрыбей хъугъуэфIыгъуэхэм я тепщэ хъун папщIэ, Урысейм и бийуэ лажьэ къару псори зэрызэкъуэувэнур.

Черкасскэ лъэпкъ щэджащэм я къуэпскъуэж Чегемскэ лIыжьым къиIэта Iуэхум и жэуапыр пащтыхьым икъукIэ кIыхьлIыхь ищIащ. Императорым мурад быдэ иIэт къэралым мамырыгъэ, хабзэ ткIий щигъэувыну. Абы теухуауэ илэжьынухэр иубзыхури, щIыпIэ самоуправленэм и хуитыныгъэхэр игъэмэщIат, суд, финанс Iуэхухэм хабзэ ткIий щигъэуву щIидзакIэт. Абы къыхэкIыуи, гъунэгъуу щыс къэралхэми нэхъ пэIэщIэхэми ныбжьэгъугъэ яхуиIэмэ, ядэлажьэмэ, нэхъ фIэтэмэмт.

Императорым пащтыхь бжаблэм ит, и адэми анэшхуэми пщIэшхуэ зыхуащIу, фIыуэ ялъагъуу щыта джыназыр къриджэри еупщIащ:

– Мы къэпIэтар пIэщIэгъуэ?

– ТIэкIуи дыкъыкIэрыхуащ, – апхуэдэт Чегемскэм и жэуапыр.

– Уэ уолъагъу: Владимир Александрович, ихъуреягъкIэ щызэтрихьа пхъэнкIийр зэтетхъун хуейщ. ИужькIэ...

– ИужькIэ кIасэ хъунущ, Зи ЩIыхьыр Лъагэ, – ирет жэуап абы политик Iущым. – «ИужькIэ» жыхуэпIэ зэманыр къэмыкIуэххэнкIи мэхъу...

– Ди бийхэм дыкъатIысыхьауэ дыпсэууэ ара-тIэ?

– Аращ. Сыт щыгъуи апхуэдэу щытащ.

Императорым Чегемскэм и письмор лъэныкъуэ иригъэзащ, «Чегемскэ джыназым къиIэта Iуэхум хэплъэныр зэман пыухыкIа гуэрым темыщIыхьауэ щывгъэлъ», – жиIэу тетхауэ.

Ар къыщищIэм, Владимир Александрович лэжьыгъэ IэнатIэр къигъэнащ. Пащтыхь пщIантIэм къыщыхъу дауэдапщэхэм ирагъэблагъэ, пащтыхь унагъуэм пщIэрэ щIыхьрэ щиIэ пэтми, и IэнатIэм пэрыхьэжакъым. Иджы, мис, ириджащ, «Iуэху пIэщIэгъуэкIэ» жари.

Джыназым и махуэшхуэ фащэр щетIагъэ, орден, лентI къомыр зыхелъхьэ, зыпщIэхелъхьэ, хьэщIапIэ зэрыкIуэ и гуимэр къыIуохьэри, пащтыхь уардэунэмкIэ еунэтI, жыхуаIа сыхьэтым и пэ къимыхуэу икIи къыкIэрымыхуу. Гъуэгу здытетым, уэрамхъумэхэм къацIыхури, щхьэщэ къыхуащIу фIэхъус кърах. Императорым зыпигъэплъакъым.

– Си гуапэщ услъагъуну, Владимир Александрович! – тхапIэ стIол иным къыпэрыкIыурэ къыпожьэ абы пащтыхьыр, и Iэр къеубыд, къыщогуфIыкI. Джыназым и пащхьэм итщ лIы зэрамыщIэж – урыс батыр щхьэпэлъагэ, зэщIэкъуа, къудану шэщIа, жыпIэнурамэ, – цIыхухъу екIу.

Хуимыгъэгъуфу Чегемскэм игу хуилъщ «Урысейр – урысхэм папщIэ» хабзэ ткIийм тет пащтыхьым и Iуэху еплъыкIэ езым къимыщтэр. Абы къелъытэ Урысейм лъэпкъыу исыр урысхэм къуэгъэувэн хуейуэ. ИтIанэщ къэралым къару щиIэнури, лъэщ щыхъунури.

– Ди насыпщи, узыгъэпIейтея Iуэхухэр къэхъуакъым, – жеIэ императорым.

– Япэрауэ, зи ЩIыхьыр Лъагэ, сэ жысIакъым а ныпхуэстха псори зэуэ къэхъун хуейуэ. ЕтIуанэрауэ, Кушкэ деж щыIа зэхэуэм зыгуэр къикIыркъэ?

– Афган эмирым хьэбэсабэр къыхедгъэхакъэ!

– Пэжщ, къыхедгъэхащ. Ауэ сыт хьэлэбэлыкъыр къызыхэкIар?

Iуэхур здэщыIэр мырат. Нобэ зи пащтыхьыгъуэм и адэм уей-уей щыжригъэIа лъэхъэнэм Мерэ щIыпIэм щыпсэу тыркумэнхэр урыс тепщэгъуэм и лъабжьэм къыщIэуваууэ щытащ. АрщхьэкIэ Индием и Iэгъуэблагъэр Урысейм и лъэныкъуэ хъуным щышына инджылызхэм афганхэр урысхэм кърауштащ. Пэжщ, а щIыпIэм пэмыжыжьэу щыIэ урыс батальонхэр, Комаров генералыр я пашэу афганхэм япэщIэувэри, ахэр куэдкIэ нэхъыбэ хъу щхьэкIэ къэмынэу, зэхакъутащ. УкIыгъэу, уIэгъэу цIыху минхэр яфIэкIуэдауэ, афганхэр щIэпхъуэжащ, я ущиякIуэ инджылыз офицерхэр япэ иту.

– БлэкIар блэкIащ, – жеIэ пащтыхь Александр, джыназым и дамэм къытеIэбэурэ. – А уи письмор къэтщтэжынщ. Iэмал имыIэу. ИджыпстукIэ сэ Iуэху пIэщIэгъуэ пхузиIэщ.

Шей ефапIэ стIол цIыкIум деж и хьэщIэр егъэтIыс, шеибжьэ зырыз ирафыху Дахэуэс и хъыбарыр, абы и къуэ цIыкIум и натIэ хъуар зэхуаIуатэ.

– ЩIалэ цIыкIур къуэ сщIынщ, – жеIэ Чегемскэм. – Сэ езым Тхьэшхуэр къуэкIэ къысхуэупсатэкъым. Иджы, Зи ЩIыхьыр Лъагэ, си жьыщхьэ насыпышхуэ къызибот.

Императорым и секретарым унафэ хуещI:

– Кавказым къикIахэр къысхуеджэ.

Пащтыхьым и лэжьапIэ пэшышхуэм къыщIашэ цей хужьхэр зыщыгъ лIищрэ илъэситхум итын щIалэ цIыкIурэ. Абыхэм ящIыгъущ Зи ЩIыхьыр Лъагэ Императорым и хъумакIуэ гупым я тэрмэшыр.

– Фыкъеблэгъэну си гуапэщ, – жеIэ пащтыхьым.

ХьэщIэхэм, я Iэр я бгъэм телъу, сэлам къат.

– Сэ сыщыгъуазэщ фыкъызытекIухьам, фи гущIэгъулыныгъэм папщIэ фIыщIэ фхузощI.

ХьэщIэхэм я нэхъыжьым лъахъстэн хъуржыным письмо кърех:

– Мыр джыназыпхъу Дахэуэс Зи ЩIыхьыр Лъагэм къыхуигъэхь тхыгъэщ.

Секретарым письмор къыIехри, пащтыхьым йоплъ. Модрейм и щхьэр ещI. Секретарым письмор зэтрех, аргуэру пащтыхьым йоплъ.

– Къеджэ, – къоIу псалъэ.

Тхыгъэр тепсэлъыхьырт къэбэрдейхэм, хэхауэ Амыщ лъэпкъым, урыс пащтыхьыгъуэм хуаIэ гурыщIэ лъагэм; Дахэуэс и адэшхуэм мыпхуэдэ тхыгъэ дыдэ Урысейм игъэхьыну иужь зэритам, арщхьэкIэ, урысхэр гъэныбжьэгъуным и бийхэм къыкIэлъаутIыпща лIыукIхэм лIыкIуэр гъуэгуанэм зэрыщаукIам. Джыназыпхъум итхырт амыщейдэсхэр я лъапсэм ирахуну дзэ къызэригъэкIуамкIэ Убецок зэригъэкъуаншэр; зэхаублэну зауэм ар псэууэ къызэремылынум абы шэч къызэрытримыхьэр. Нэхъыщхьэрати, ар пащтыхьым елъэIурт: «Зи ЩIыхьыр Лъагэм уи IэмыщIэ изолъхьэ си къуэр, абы и гъащIэр. СощIэ щIалэ цIыкIум гущIэгъу къызэрыхуэпщIынур, гулъытэншэу къызэрумыгъэнэнур».

– Дахэуэс и къуэ Адыгэ щIыгъуу дэ къыздэтшащ Амыщхэ я хъугъуэфIыгъуэ псори, – жеIэ балъкъэрхэм я нэхъыжьым.

– Уэ цIыху щыпкъэм хэт къызэроджэр? – щIоупщIэ пащтыхьыр.

– Чегембай.

– Сыт-тIэ, мылъкур къызыхуигъанэу, Чегембай щIалэ цIыкIур гъэр щIимыщIар?

– Iэу! Апхуэдэу пщIы хъурэ? – егъэщIагъуэ Чегембай. – Дэ, Кавказ бгырысхэр, е дызэбийщ, е дызэныбжьэгъущ. Мы щIалэ цIыкIум и адэшхуэр си ныбжьэгъу-къуэшу щытащ. Абы и адэр зэхэуэм хэкIуэдащ, мыпхуэдэ письмо уи адэм къыхуихьу гъуэгу тету, зиусхьэн пащтыхь. Мыбы и адэ Адыгэ лIым я лIыжу, щэджащэм я щэджащэжу дунейм тетащ.

Пащтыхьым игу ирихьащ къурш лъагэхэм я лIыкIуэм и псалъэхэр, икIи абы и унафэкIэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр – Щихъ Аннэ орденым и ещанэ нагъыщэр – лIыкIуэхэм къыхалъхьащ.

– ЦIыхуфIхэм я Iуэхури фIы ирехъу, – жеIэ абы, орденхэр къаритурэ. ИтIанэ Чегемскэм дежкIэ зегъазэ:

– Владимир Александрович, уэри фIыщIэ ин пхузощI, – жеIэ. – Ди Тхьэм щыгъупщэнкъым уи гугъуехьхэр. Мы саугъэт мащIэри сIых, – ар жеIэ, зыIэрехри, мыщIэ лъапIэ пIащэ зэрылъ Iэлъыныр гумащIэ къэхъуа пщыжьым къыIэретIагъэ.

– Сыт хуэдизу пащтыхьхэр мыинми, Тхьэр нэхъ иныжщ. Ар пащтыхьхэм ящIэркъым, аращ языныкъуэкIэ IуэхуфI, губзыгъагъэ щIалэжьыр, языныкъуэкIэ IуэхущIафэ Iей, ябгэ щIаIэр. Нобэ длэжьар япэ итым хуэдэу си гугъэщ, – жеIэ пащтыхь Александр.

Мис апхуэдэу Дахэуэс и къуэ Амыщ Адыгэ Урысей псом пщIэ нэхъ щызиIэ унагъуэм, Черкасскэ пщыхэм ящыщ Чегемскэхэ я унагъуэм, ихьащ.

Мы унагъуэм Адыгэ къыщихьа япэ махуэ дыдэхэм ящыщ зым пщыжьым и ущие абы зэхихащ. Джыназым жиIэрт: «Зэгуэр сэ си адэм сеупщIат: «Бгъэ куэд кхъухьым щIэпщIэмэ, кхъухьыр уэгум яIэтыфыну?» – жысIэри. «Бгъэхэр зэи щIэпщIэ хъунукъым, – жиIащ си адэм. – Я щхьэхуитыныгъэр яфIэкIуэдауэ ахэр лъэтэжкъым. Сэри уэ узыхуэмей уэзгъэщIэнкъым. Еджэ, пэжу щыт, Iуэхум ухуэмыщхьэх. Укъэзылъхуа адэм, анэм уахуэфащэу псэу. Уигу игъэлъ: псым псэ хэтщ ежэхыху, мафIэр пщтырщ блэху».

Адыгэ цIыкIу пащтыхь уардэунэм къыщраша махуэм Владимир Александрович Шэджэм аузым къикIа хьэщIэхэр кърихьэблэгъэным нэхъ Iуэху иIакъым. Тхьэм кърита къуэр и щхьэгъусэ Елизаветэ Евстигнеевнэ и IэмыщIэ ирилъхьэри, пщым унафэ ищIащ пэшхэм ящыщ зым, Кавказ унэлъащIэкIэ гъэщIэрэщIам, Iэнэ къыщащтэну.

Шей ефахэщ, фо хьэкIуэ щIыгъуу.

– Мы фор Къэбэрдейм кърашащ, – жиIэрт бысымым. – ХьэщIэ ди унэ къихьауэ къыхуэдмыщтэу къанэркъым.

Балъкъэрхэм ар ирагъэдэIуащ Амыщхэ я Iуэху зэрыхъуам: цIыхубзхэр къэбэрдей унагъуэ хуэщIахэм трагуэшащ. Зыхуей ягъуэту псэун папщIэ, ахэм жумарту хуагуэшащ Дахэуэс уэсят къищIа мылъкум щыщ.

– Псори арэзы хъуа къэбэрдей унагъуэ хуэщIахэм яхэтIысхьэну? – фIэгъэщIэгъуэнщ пщыжьым.

– Къанэ щымыIэу. Мэлычыпхъу щынэмыщIа. Ар къулъшырыфым кIуащ.

– Дэтхэнэра къыхихар?

– Абы чэнджэщ иратат Черкасскэ лъэпкъым ирагъэщIа Донской къулъшырыфым кIуэнуи, арэзы хъуащ. Дахэуэс и уэсятым тету, абы иратащ пхъуантэ дэз дыщэ ахъшэ. Езым фIэкIа, нэгъуэщIым унафэ трищIыхьыну хуимыту тхылъ ящIри, ар къулъшырыф мылъкум халъхьащ. Мис

а тхылъхэр езыри, – жеIэри, Чегембай щихъ мыхъур зытегъэуа дэфтэрыр пщым ирет.

Абдежым стIолым къытрилъхьащ Амыщхэ я хъугъуэфIыгъуэ Петербург къашахэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъ куэдри.

– Дахэуэс и унафэт хъугъуэфIыгъуэшхуэхэр лъэпкъым щыщ цIыхубзищым щхьэж зэрыхуэфэщэнкIэ иратынуи, ар дгъэзэщIащ. Иджы Амыщ зэкъуэшищым – Дахэуэс и къуэ Адыгэ, Арыкъшу и къуэ Уэзырмэс, Дэбэч и къуэ Дэбэч сымэ – къэнар я зэхуэдэщ. Пэжщ, абы ищIакъым Дэбэч и къуэм фIащыну цIэр, ауэ и фIэщу гугъэрт и адэм и цIэр фIащыжыну.

– Дэбэч къуэ къыхуалъхуну щхьэ и фIэщт?

– Амыщ лъэпкъым къэхъуну-къэщIэнур зыщIэ тхьэгурымагъуэ куэд яхэтащ. Дахэуэси апхуэдэт.

– Ари пэжщ, – арэзы хъуащ пщыжьыр.

Владимир Александрович и унагъуэр зэхэзежэ зыщIа Iуэхугъуэхэр къыкъуэкIыным илъэситI иIэжу, Адыгэ и анэ дэлъху Арыкъшу и къуэ Уэзырмэс къуэ зыщIа генерал Оттэ и унагъуэми мыхэр къыщыхъуащ.

Къэбэрдейм къикIыжу Москва къыщигъэзэжым, Оттэ Василий Алексеевич зэман хъушэ иIащ илэжьахэм егупсысыжыну. Зи гугъу тщIыр адыгэ никъуэ-къэзакъ никъуэ щIалэ цIыкIур Урысейм къишэну зэрытегушхуарщ.

Пхъуищ зиIэ лIыр сыт щыгъуи ехъуапсэрт къуэ къызыхуалъхухэм. Ауэ Тхьэр къыхуэупсэртэкъым.

Генералым игу ихуркъым Амыщей щыкIуам щыгъуэ Арыкъшу къыжриIа псалъэхэр: «Уэ си къуэм нэгъуэщI тхьэлъэIухэри ебгъэщIэнущ. Зыщ сызэролъэIур: Тхьэм зыхуигъазэу абы япэ дыдэ къыжьэдэкIыну псалъэхэр Хэкум теухуа ирехъу. АбыкIэ псалъэ зэIэпыдгъэх».

Дауэ иримытынрэт псалъэ. ИужькIэ и псалъэм темытыжуи дауэ хъунт?

«Дэнэ деж хэщIапIэ хуэсщIын Уэзырмэс?» – йогупсыс генералыр.

А уахътым гъунэгъу купем адъютантым щIыгъуу ис щIалэ цIыкIур, илъагъу псор фIэтелъыджэу, щхьэгъубжэм доплъ.

«Сыт хуэдэ пэш хухэсхын?» – генералым и щхьэм икIыркъым а гупсысэр.

Япэ къатым и шындэбзий лъэныкъуэмкIэ къыщыхэт пэшищым хъумакIуэхэр щIэсщ. «Мис ахэр жыг хадэм хэт унэм дгъэкIуэнщи, пэшищыр Уэзырмэс еттынщ. ЕщIэжынышхуэ щыIэкъым – кIуэцIыбжэ хэтлъхьэжмэ, зэфIэкIащ». Апхуэдэу унафэр ищIри, генералым и гур тесабырэжащ.

Москва кIуэ гъуэгур кIыхьт. Владимир Алексеевич щIалэ цIыкIур щIэх-щIэхыурэ псэлъэгъу ищIырт. Ауэ куэд дэмыкIыу абы къыгурыIуащ псалъэмакъ кIыхьым сабийр зэрыригъэшыр икIи нэхъ мащIэу хуэзэ хъуащ.

ГъущI гъуэгумрэ шэрхъхэмрэ я макъым щIэдэIуурэ, Оттэ кIыхьу жейрт, апхуэдэ тхъэжыгъуэ иджы фIэкIа имыхуауэ. Сыт щхьэкIэ мыжеинрэт, нэгъуэщI Iуэху гуэрхэр щимыIэкIэ. Ауэ щыжейми гугъу ехьырт. Абы и пщIыхьым къыхыхьэрт фIыуэ имылъагъу цIыхуи, хьэкIэкхъуэкIэхэри, уеблэмэ блэ къыкIэщIэпщхьэу щилъагъу щыIэт. НтIэми, къэушыжа нэужь, а къыхуэкIуа цIыхур хэтми, сыт хуэдэ хьэкIэкхъуэкIэм къигъэшынами ищIэжыртэкъым.

«Сыту фIы зэрызмыщIэжыр, – йогупсыс ар. – Хэт зыщIэр пщIыхьэпIэм къарыкIымрэ абыхэм узыхуашэнумрэ?» Ауэ пщIыхьэпIэхэм фIы гуэр яхэтмэ, абы шэч къытрихьэркъым псори Iей защIэу зэрыщымытым, Ди Щхьэщыгу итым ахэр нахуэ ирещI.

Уэзырмэс пщIыхьэпIэ илъагъуртэкъым. Абы нахуэу и нэгу къыщIигъэхьэрт и анэр зыщыпсэу станицэр, Амыщей къуажэр, къэзакъ хъыжьэхэр, къэбэрдеилI уардэхэр. ИкIи игукIэ и адэ Арыкъшу епсалъэрт.

Мис абы елъагъу Арыкъшу и гъусэу жьэгум дэсу нартыху цIынэ ягъажьэу. Сыту IэфIыщэт!

Жейм щыхилъафэ дыдэм, Уэзырмэс йогупсыс: «Мы сыздашэм къурш щыIэ? Псыкъелъэ яIэ?» Владимир Алексеевич и адъютантым еупщIын и гугъат, арщхьэкIэ жейр къытекIуащ.

Псыхуабэ нэса къудейуэ Оттэ Уэзырмэс къыхуищэхуащ вакъэ тIэурыкIуэгъуэ, гъуэншэдж, джанэ, нэгъуэщI щыгъыныгъуэ зыкъом. «ЩIалэ цIыкIур екIуу зэщыхуэпыкIауэ унагъуэщIэм хэгъэхьэн хуейщ», – жиIэрт игукIэ генералым.

Уэзырмэс щыгъынышIэхэм еплъащ, игуи ирихьащ. Ауэ кIэщIу пиупщIащ: «Сэ фи унэ си щыгъынымкIэ сынихьэнущ».

– Сыт хуэдэ уи щыгъынкIэ?

– Адыгэ цей сщыгъыу, лъахъстэн шырыкъу слъыгъыу, Iэмал имыIэу сибг къамэ щIэпхауэ.

Генералыр иужь ихьат къыхуищэхуа щыгъынышIэхэр щригъэтIэгъэну, арщхьэкIэ Уэзырмэс и ерыщагъ къигъэлъэгъуащ:

– Адыгэ цейр сщыгъыу! Хьэуэ жыпIэрэ, сыкъыздипшым сышэж.

Владимир Алексеевич арэзы хъуащ:

– ЗэрыжыпIэу тщIынщ.

ИтIанэ адъютантым дежкIэ зигъэзащ:

– ЩIыпIэ пхыдзам щыпсэу цIыхухэр псэкIэ нэхъ къабзэщ, къалэшхуэхэм дэсхэм елъытауэ. Адэхэм я хабзэхэмрэ фащэмрэ пщIэ яхуэщIын хуейщ. Еплъыт, цIыкIущ, итIани лIым хуэдэщ, и хабзэ-бзыпхъэ ищIэжу. И адэ Арыкъшу ещхьыркъэпсщ.

– Москва дыноблагъэ, – хъыбар къаригъэщIащ проводникым.

– Зыдгъэхьэзырын хуейщ, – жеIэ адъютантым.

– Сэ Iэджэ щIащ зэрызызгъэхьэзыррэ, – ет жэуап Уэзырмэс.

– Ар дэгъуэкъэ-тIэ!

Курскэ вокзалым деж абыхэм къащыIущIащ Марие Васильевнэ, ипхъухэр и гъусэу, унагъуэкIэ ягъэныбжьэгъу Хомяковхэ Алексейрэ Екатеринэрэ, я IуэхутхьэбзащIэхэр. IэплIэ-ба зэхуащI, удз гъэгъакIэ къыщIагъанэхэр, зэщIоупщIэхэр.

– Апхуэдизу мыхэр щхьэ зэрыгъэкIийрэ? – Уэзырмэс генералым и адъютант капитаным зыкIэрекъуэзэ. Оттэ, Iыхьлым яубыдащи, къыздиша сабийр щыгъупщэжа? Игу къокIыжри:

– Машэ, хъыджэбз цIыкIухэ, зиусхьэнхэ! Къэбэрдей джыназ Амыщ Уэзырмэс фэзгъэцIыхуакъым!

Иджы псори хьэщIэм йоплъ. Агние, Викторие, Жозефинэ сымэ абы гъунэгъуу бгъэдыхьауэ хьэзырым, цейм, бащлъыкъым тоIэбэ. Викторие пыIэр къыщхьэрихын и гугъэу Iэбат, арщхьэкIэ Уэзырмэс ткIийуэ жеIэ:

– УкъемыIусэ! Къэбэрдей лIым и пыIэр щхьэрачыркъым.

Ар щызэхахкIэ, псори мэдыхьэшх. Уэзырмэс къогубжь, цIыплъу къолыдри, къамэ Iэпщэм йопхъуэ.

– Джыназ, – пIащIэу яку къыдохьэ Оттэ, – яхуэгъэгъу хъыджэбз цIыкIухэм. Абыхэм фи хабзэр ящIэркъым.

– Иджы ирещIэ, – и фIэщщ джыназкIэ зэджа Уэзырмэс.

– НтIэ, нтIэ, – жаIэри хъыджэбз цIыкIухэм абы и Iэблэхэр яубыдри, гуимэмкIэ яшэ.

– Зэ фымыпIащIэ! – гузэвэгъуэр къыпкърыхьауэ мэкIий джыназыр. – Си хьэпшыпхэр дэнэ щыIэ?

– Умыгузавэ, – ягъэбэяу ар, – хьэпшыпхэр нэгъуэщIыгу иралъхьащ.

Псори фитонхэмрэ гуимэхэмрэ йотIысхьэ.

Владимир Алексеевич и пщIантIэм цIыхур Iуву щызэхэтт: псоми яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьырт «Кавказым къраша» сабийр.

– Басурман къэкIуащ, – зэрогъэкIий ихъуреягъым. – Басурман...

Ар щызэхихкIэ, генералым и IэштIымыр ярегъэлъагъу:

– Дэнэ фэ басурман щыфлъагъур? Сэ Кавказым къуэ къисшащ. Ар джыназщ икIи генералыкъуэщ! – зегъэткIий Оттэ.

– ИугъащIэ джыназым! – мэкIий нетIэ «басурман» жызыIахэр.

Уэзырмэс лъэ псынщIэкIэ фитоным къолъэ. ЩIалэ цIыкIу зэкIуж зэщIэкъуар, адыгэ цей дахэр зыщыгъыр, псоми ягъэщIагъуэ. Дэтхэнэри хуейщ абы теIэбэну. Гуапэу къызэрыIущIам игъэгушхуауэ, езыри пагэу, уардэу, мащIэуи укIытэу цIыху Iувым пхокI, Владимир Алексеевич ипхъухэм я гъусэу.

Унэм щыщIыхьэхэкIэ, генералым Уэзырмэс жреIэ:

– ЗэкIэ ди хьэщIэщ пэшым ущыпсэунщ, ещанэ къатым щыIэм. Егор Егорыч уригъусэнщ. – ИтIанэ и макъым зрегъэIэт: – Дэнэ ущыIэ, Егорыч!

– Сымис, зи ЩIыхьыр ин, – псынщIэу жэуап къет фельдфебель лIыжьым, цIыхухэм къахэкIыурэ.

– Джыназым уи нэ тумыгъэкI, и бэуэкIэр зэхэпхыу щIыгъу. Зыгуэр къэхъуми...

Оттэ и псалъэм адэкIэ пищакъым, пимыщами гурыIуэгъуэт сэлэт лIыжьым Iуэхушхуэ, гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэ цIыху и IэмыщIэ зэрыралъхьэр.

– Сэ зикI... – къригъэжьат зыгуэр жиIэну лIыжьым, ауэ абы и псалъэр генералым Iэпеуд:

– Хъарзынэщ, уи къалэнхэр къыбгурыIуамэ аращ.

– Дауэ къызгурымыIуэу? КъызгурымыIуэу хъурэ?

– Иджы псоми сыхьэт ныкъуэ фызот зывгъэхьэзырыну – зывгъэкъэбзэну, зыфхуэпэну – шэджагъуашхэ Iэнэм сыныщыфпоплъэ.

КъыкIэрымыхунхэу ягу къигъэкIыжакъым – псоми ящIэрт и чэзум Iэнэм умытIысу абы зэримыдэр. Щхьэусыгъуэншэу къыкIэрыхуар здигъашхэркъым.

Уэзырмэс пэш абрагъуэм и утыкум итщ. ЦIыхуитI щыжей хъун гъуэлъыпIэ, узытетхыхьын стIолышхуэ, узыхуеину псори телъу, щыгъын фIэдзапIэ шкаф, гъуджэ, шэнтиуитI, стIолым бгъэдэт нэгъуэщI зы шэнт. Аращ и унэлъащIэр. «Дахэщ, – йогупсыс Арыкъшу и къуэр. – ИкъукIэ дахэщ».

Гъуджэм бгъэдохьэри, къищыр гупсэхуу зэпеплъыхь. Гъуджэм адэкIэ къыщытщ адыгэ фащэ зыщыгъ бгырыс щIалэ. Уэзырмэс и пыIэр дахэу трегъэс, ибг илъ къамэри тIэкIу ирегъэкIуэтэкI.

Бжэм къытоуIуэхэр. IуэхутхьэбзащIитI и гъусэу, Егорыч къыщIохьэ.

– Уи щыгъыныр зэпхъуэкIыну пIэрэ? – къоупщI. Абы щыгъуи жиIэр къыгуригъэIуэн щхьэкIэ тэрмэш ещI.

– Сэ урысыбзэкIи сопсалъэ, – зэпеуд ар Уэзырмэс.

– Ар сыту насыпышхуэ! Дауэ сыгурыIуэну жысIэу сыгузавэрт, зиусхьэн.

– Сэ сызиусхьэнкъым. Уэ узиатэлыкъщ. УэзырмэскIэ къызэджэ. Уэ сызэрыноджэнур хэт?

– Дядькэ жыIэ. Аращ ди деж щыхабзэр.

– Дядькэ... дадэ... Содэ, уэ удядькэщ.

Махуэшхуэу къалъытэри, шэджагъуашхэр хьэщIэ къыщрагъэблагъэ пэш иным къыщащтэ. Сыт щыгъуи хуэдэу, генералыр жьантIэм дотIысхьэ.

– Сэ къэстхащ фIыуэ слъагъу урыс шхыныгъуэхэр нобэрей ди Iэнэм къытралъхьэну, хьэщIэм папщIэ ар нэхъ зэса пIастэ, ныбгъуэ гъэжьа, мэлыл гъэва сыт хуэдэхэр ягъэхьэзырыну, – жеIэ Владимир Алексеевич. – Иджы фыкъэтIыс: си ижьырабгъумкIэ – Марие Васильевнэ, сэмэгурабгъур Уэзырмэс изот.

ХьэщIэхэр зохъуцацэ, ауан щIэлъу щIогуфIыкI: Кавказым къраша щIалэжь цIыкIум апхуэдиз жьантIэ къылъагъэс.

«Мыбыхэм езыхэм я Iэнэ тIысыкIэ яIэжщ, дауи, – йогупсыс Уэзырмэс. – Дыдейм техуэркъым. Плъагъуркъэ, цIыхубзхэр цIыхухъухэм ябгъуротIысхьэ, сабийхэр къахэсщ. Тэмэмкъым ар. Апхуэдэу щIын хуейкъым. Ауэ...»

Яхэс щоджэныр, чыристэн Iэнэхэм зэрыщыхабзэу, къотэджри тхьэ йолъэIу. Абы и ужькIэ Оттэ щIалэ цIыкIум зыхуегъазэ:

– Уэзырмэс, уэри жыIэ уи адэ Арыкъшу уигъэщIа тхьэлъэIур.

Уэзырмэс къотэдж и щхьэр ехьэхауэ, абы и Iупэ цIыкIухэм къаIущэщ Къэбэрдейм, Амыщей къуажэм, и лъэпкъым теухуа тхьэлъэIур.

– Иджы фыхэIэбэ Тхьэшхуэм нобэ къытхуигъэфэща ерыскъым.

Шэджагъуашхэр нэжэгужэу йокIуэкI, мэгушыIэхэ, хъыбар зэхуаIуатэ, цIыхухъухэр аркъэжь йофэ, цIыхубзхэр – шагъыр.

Уэзырмэс и мызакъуэу, Iэнэм гулъытэ хэха щызыгъуэтхэм ящыщщ Хомяковхэ Алексейрэ Екатеринэрэ – зэдэлъхузэшыпхъур. Хомяковхэ я унагъуэмрэ Оттэ еймрэ зэрогъэныбжьэгъу, зэкIэлъыкIуэ зэпытщ. Псори щыгъуазэщ Екатеринэ хъыджэбз щIалэ дыдэу Москва псом фIыуэ щацIыху, къулыкъуушхуэ дзэм щызыIыгъ барон Арбениным дэкIуауэ зэрыщытам. Зэхыхьэшхуэ гуэрым цIыхубзкIэ ерыщ Штоцкий щIалэщIэм ар мызэ-мытIэу къыщигъэфат, Катенькэ емыкIу къыхухэкIыным иримыхьэкъуэу. Арати, Арбениным ар щIакIуэкIапэ ириджащ. ЗэрагъэкIужыну хэтахэт, арщхьэкIэ къайхъулIакъым. Псоми гущIыхьэ ящыхъуащ а зэзауэм Екатеринэ Алексеевнэ и лIыр зэрыщаукIар.

Iуэхум хьэлэбэлыкъышхуэ къикIащ. Арбениныр зыIэщIэкIуэдар ягъэтIысри, каторгэм ягъэкIуащ. Языныкъуэхэм Хомяковэ Екатеринэ ягъэкъуаншэрт, хэти фIэгуэныхьт. Зигу щIэгъухэм ящыщщ Оттэ и унагъуэр.

Iэнэм щысхэм гу лъатэнтэкъэ Уэзырмэс мащIэ дыдэ фIэкIа зэримышхым. Ерыскъым ауэ хэIэбэ къудейт. Генералым ещIэ къэбэрдейхэр зэрымыныбаблэр. Уэзырмэси а хабзэм тету аращ.

Шэджагъуашхэр нагъэблэгъауэ, Василий Алексеевич аргуэру Iэнэм щысхэм:

– Сэ Кавказым мы щIалэщIэ екIуур къисшащ. Абы и адэр къэбэрдей джынаэщ, и анэр къэзакъ цIыхубзщ. Сыхуейщ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, ардыдэмкIи зи лъэпкъым щIэныгъэм и нэхумрэ гуфIэгъуэмрэ хэзыпщэфын цIыху абы къищIыкIыну.

Ар щызэхихкIэ, Уэзырмэс къотэдж и щхьэр ехьэхауэ.

– ТIыс-тIыс, – хагъэзыхь.

АрщхьэкIэ едаIуэркъым.

– Сэ сщIэрт ар зэрыфхуэмытIысынур, си псалъэр сыухыху щыту къызэрызэдэIуэнур. Ар адыгэ хабзэщ, – гу лъаригъэтащ генералым. – НтIэ, псоми сыволъэIу щIалэм гулъытэ хэха хуэфщIыну. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ абы дежкIи, си дежкIи, фи дежкIи.

Уэзырмэс щыпсэуну пэшхэр егугъуу зыхуей хуагъэзащ – унэлъащIэ, тепIэнщIэлъын – Iэджэ хуейкъэ унэгъащIэр – псори зэригъэпэщащ унэгуащэм. Марие Васильевнэ Iэзагъыу, зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIащ Уэзырмэс и псэупIэр тыншыпIэ хуищIын папщIэ.

Псори хьэзыр щыхъум, ахэр Василий Алексеевичи ирагъэлъэгъуащ. Арэзы щIыгъуей генералым мы зэм дагъуэ ищIын игъуэтакъым. Марие Васильевнэ щытхъуащ. ИужькIэ пэшхэр щIапщытыкIащ зэшыпхъуищым – ахэми ягу ирихьащ.

– Ди дэлъхум мыбы дыкъыщIигъэхьэну? – щIоупщIэ Агние.

– Къыфпиубыдын си гугъэкъым, – жеIэ анэм, – Iэдэб цIыкIуу фыщытмэ.

Сыт хуэдизу къыфIэмыIуэхуфэ зытригъэуэн и гугъами, Уэзырмэс ар къехъулIакъым. Мы пэшхэм щыпсэуну къыщыжраIэм, и нитIым гуфIэгъуэ нурыр къыщIихыу Марие Васильевнэ IэплIэ хуищIащ...

Унагъуэм щIалэр зэрыщеджэнум и Iуэхур унэгуащэм и пщэм дилъхьэжащ. Псом япэу хабзэм, цIыху хэтыкIэм хуэзыущиин егъэджакIуэ къигъуэтащ:

– Ди шэрджэсыр «сыту щэныфIэ, сыту цIыху гъэса» – жаIэу псоми яфIэтелъыджэну сыхуейщ. ЦIыху хэтыкIэ тэмэмыр Iэмалыншэу цIыхухъум хэлъын хуей щэнщ.

Генералым абы жиIар диIыгъащ...

– Ди щIалэ цIыкIур дзэм хыхьэми е граждан къулыкъум зритми, Iэмал имыIэу щэныфIэ, хабзэ зыхэлъ, зыхэтым яхэзагъэ цIыху щыпкъэ хъун хуейщ, – тригъэчыныхьырт.

Урысыбзэр, инджылыбзэр, франджыбзэр, нэмыцэбзэр езыгъэджхэм щIалэр этикэми хуаущиин хуейт. Латиныбзэм и Iуэхум зыкъомрэ иричэнджэщахэщ, генералым «Ирыредж! КъыхуэщхьэпэнщI», – жиIэху. ИкIэм, я щIалэр зэрыкъэбэрдейр ягу къэкIыжри, и адыгэбзэр зэрыщымыгъупщэным егупсысахэщ. «Анэдэлъхубзэр фIэкIуэд хъунукъым», – ящIащ унафэ. А псом генералым къыпищэжащ:

– ЦIыхухъур фочым иригъуазэу, сэшхуэр Iэзэу игъабзэу, шы тесыкIэ ищIэу щытын хуейщ. Адрей псом Егорыч хуигъэсэнщ...

Оттэ Крюге куэд зэзыгъэзэхуэф, зэманым жыжьэу пхыплъу къэхъунур къызыхуэщIэ цIыху Iущт. «Ауэ сытми генерал дамэтелъхэр ятыркъым, – егупсысырт ар. – НтIэми, си къуэм хуэдэ щIалэжь цIыкIухэм хуагъэфащэу. Сыт апхуэдэ жумартыгъэр къызыхэкIыр?» Ар и нэIуасэ генерал Шенгаузен йолъэIу зэхуэзэу чэнджэщ къритыну. «Берлин» ресторанным щызэIуощIэхэр. Пивэ, кхъуэл гъэжьа, кIэртIоф щIэлъу, кърагъэхь. Шхыныгъуэ лъапIэкъым, къызэрыгуэкIми, къэуатщ.

И гур зэрыгъур генералым хуеIуатэ. Шенгаузен и нэгур ткIий мэхъу, жиIэным егупсысу йоплъых. ИтIанэ зэрышхэ, пивэм зэрыхэIубэм хуэдэурэ къыщIедзэ, банкирыр зыгъэпIейтей Iуэхуми нос:

– Альфред и анэ, зи щIыхьыр лъапIэ Екатеринэ, Урысейм щыщщ, сыщымыуэмэ. Пэж?

– Пэжщ, – жи Крюге, – урыс генерал цIэрыIуэ Засс ипхъущ. И анэр пасэрей урыс лIакъуэлIэшхэм къахэкIащ. Сыт абы щхьэкIэ? Зи гугъу тщIы Iуэхумрэ абырэ сыткIэ зэпха?

– Зэрызэпхаращи, зиусхьэн Крюге, сэ чэнджэщ уэстынт уи къуэр

Урысейм бгъэкIуэну: и анэм и лъапсэр хокIуэдэж, ахъшэ, мылъку Iуэхухэр зэхэзэрыхьащ...

– Дэгъуэу зыщIидза дзэ къулыкъур хыфIидзэуи?

– Сыт щIыхыфIидзэнур? Хэт апхуэдэу жызыIэр? Ди Императорыр урыс пащтыхьым и Iыхьлыщ. Дэ Урысейм щIыгъуу Iуэху Iэджэ зэфIыдох, абы зауэ хуэIухуэщIэхэри хэту. Сыт къэхъун Крюге нэхъыщIэр урысыдзэм хыхьэкIэ, и генералыгъэр къыхуигъэнэжыну Николай II елъэIуу?

– Ар хъуни мыхъуни, – нэщхъейуэ жеIэ Крюге. – Хьэуэ, абы къикIын щыIэкъым.

– Ущоуэ, – арэзы къыдэхъуркъым Шенгаузен. – Уэрэ сэрэ тхъузэфIэмыгъэкIын Iуэху щыIэкъым. Сэ бжесIакъэ, Вильгельмрэ Николай ЕтIуанэмрэ зэкъуэшщ. Мы зы Iэмал закъуэрщ щыIэр Альфред аргуэру Африкэм кIуэ дзэм хэмыхуэн щхьэкIэ. Абы иджыпсту Iуэхухэр хуабжьу щызэIохьэ: зэхэуэ-зэхэжьэ, бунт жыпIэми. Нэмыцэ колонистхэм къатоуэ, инджылызымрэ франджымрэ къыткIэщIотIыхь... ЖыпIэ хъунущ зауэм хэмыт сэлэтыр псым къыхадза бдзэжьейм ещхьу. Сэ офицер школым щIалэгъуалэр зауэ Iуэхум щыхузогъасэ, адэ-анэм быныр мамыр гъащIэм хуагъэхьэзыр. Къуэрылъху хъыджэбз цIыкIу фиIэ хъуа си гугъэщ.

– Ы-ы. Екатеринэ фIэтщащ.

– ЦIэ дахэщ. Ди псалъэм пытщэнщ. Сэлэтхэм зауэм къыщыхуагъэфащэр орденхэмрэ медалхэмрэ я закъуэкъым – уIэгъи къыхах. ЗэуапIэ губгъуэм къинэри мащIэкъым. Альфред зауэм орденымрэ генерал дамэтелъымрэ къыщихьащ. Апхуэдэ куэдрэ къэхъуркъым.

– Си къуэр къэрабгъэу жыпIэну ухуэмейуэ пIэрэ?

– Дызэрызэхуэзам щыгъуазэ ар?

– Хьэуэ. ИщIамэ, дызэхуэзэну къыщIэкIынтэкъым.

– НтIэ, – пищащ генералым и псалъэм, – Iэмалу щыIэр къэгъэсэбэпын хуейщ Вильгельм генерал ныбжьыщIэр, хахуэр, губзыгъэр Урысейм, и анэм и хэкум, ягъэкIуэн щхьэкIэ.

– Абы папщIэ зы дыхуейщ.

– Сыт дызыхуейр?

– ЗэрыдгъэкIуэн Iэмал.

Iэнэзехьэм пивэ зэрыта кумбыгъэ нэщIхэр зэрехъуэкI. ШыкIэпшынэ макъ къоIу. НэгъуэщI Iуэху тепсэлъыхьу, пивэм хэфу зыбжанэрэ щосхэр. Тэджыжыным щынэсым, генералым жеIэ:

– Зы Iэмалщ щыIэр. Генеральнэ штабырщ. Абы Вильгельм къигъэдэIуэфащ Альфред цIэ лъагэр фIищыну. Иджы и фIэщ иращI Крюге Iэмал имыIэу Урысейм кIуэн хуейуэ, мы зэманым ар Урысейм щымыIэныр Iэмалыншэу.

Банкирым цIыхугъэу иIэр къигъэсэбэпын, ахъшэ хъушэ тригъэкIуэдэн хуей хъуами, къылъыкъуэкIар фIэтелъыджэу, Альфред и адэ-анэм «Урысейм сагъакIуэ!» щажриIа махуэр къэсащ.

– Дауэ? Сыт? – егъэщIагъуэ Катя.

ЗакърimыгъэщIэн щхьэкIэ, телъыджэ къыщыхъуауэ фэ зытрегъауэ адэми.

– Зыри къызгурыIуэркъым, – жиIэрт Альфред. – Сыт генерал сыщIащIар? Си гугъат тезгъазэу Африкэм сыкIуэну. Арат сызыпэплъэр.

«Уэ упэплъэрт, дауи, – игукIэ жэуап ирет абы Оттэ. – Иджыпсту Африкэм щыIэ нэмыцэ сэлэтхэм дэнэ дежи ажалыр къащощакIуэ. Мис аращ уэ узэмыгупсысыр».

– Урысейм щыщIыIэуейщ, – и нэбжьыц кIыхьхэр зэтрегъауэ Альфред и щхьэгъусэ Катхэн.

– Сыт жыпIэр, си хъыджэбз цIыкIу, – идэркъым Катя. – Ар Германием ещхьыркъэпсщ.

– Пэж, папэ? – йоупщI нысэр Крюге нэхъыжьым.

– Пэжщ. ИтIанэ, сыт щIа уи анэм жиIэр уи фIэщ зэрымыхъужрэ?

Катхэн укIытауэ цIыплъ къызэрыхъуам гу лъетэри, Екатеринэ Григорьевнэ: «Фымыгузавэ, – жи, – сэ фи гъусэу сынэкIуэнущ. Зэман гуэркIэ сыщыIэну. Катя цIыкIу сэрыншэу зэшынкъэ?»

Тхылъхэр зэфIэхыным, Iэпхъуэным зэман, къару зыкъом ихьами, икIэм-икIэжым Крюге Альфред Урыс армэм и Штаб Нэхъыщхьэм къыщыхутащ. IэнатIэшхуэ зезыхьэ къулыкъущIэхэм абы теухуауэ Iэджэ жаIэрт. Ауэ генерал нэхъ ин дыдэхэми сыт яхузэфIэкIынт, унафэр Вильгельмрэ Николай ЕтIуанэмрэ ящIауэ.

Крюге нэхъыжьым Бытырбыхуи Москваи и къуэм унэ къащыхуищэхуащ. Зыр Невскэ уэрамым тету, адрейр Черкасскэ еуэкIыпIэм хуэзэу. Абыхэм унэкIэ уеджэныр тэмэм дыдэтэкъым – ахэр уардэунэм нэхъ хуэкIуэрт, жыг хадэ, удз гъэгъа гъэкIыпIэ, псыутх, гуэл IэрыщI хуэдэхэр хэту. Унэхэр зезыхьэнухэр, шыгухухэр, шоферхэр езы Екатеринэ Григорьевнэ и щхьэкIэ къыхихащ. Псом хуэмыдэу хэплъыхьырт и къуэрылъху хъыджэбз цIыкIур зыгъэсэн къыщилъыхъуэм.

УардэунитIми къришэлIащ адыгэбзэ, адыгэ хабзэ, адыгэ шхыныгъуэхэм щыгъуазэ цIыхухэр. Адыгэ лэжьакIуэ къыщищтэкIэ, Екатеринэ Григорьевнэ псом япэу «Амыщей къуажэм теухуауэ зыгуэр умыщIэу пIэрэ?» – жиIэу еупщIырт. Къуажэм и хъыбар зыщIэ щрихьэлIэ щыIэт, ауэ жылэр здэIэпхъуам щыгъуазэ къахэкIыртэкъым.

– МыIейуэ уи Iуэху Урысейм щыдэкIын щIидзащ, – жриIэрт Катя и къуэм. – Къулыкъу пкIэлъейм хъарзынэу дэкIуеин щIэбдзащ, Тхьэм и шыкуркIэ, зэи улъэпэрэпакъым. Уджэлакъым.

– Сылъэпэрэпащ, Катя, – ирет анэм жэуап.

– Тхьэшхуэм укъихъумэ. Мыбдежым адэжь щIыналъэр щынэхъ благъэщ.

– Абы щыгъуэм си тхьэлъэIур адэ жьэгу пащхьэм нэхъ псынщIэу нэсынщ.

– ТхьэлъэIум жыжьагъ ищIэркъым, – жеIэ Катя.

Апхуэдэу Амыщ Дэбэч и къуэ Амыщ Дэбэч – иджы урыс армэм и генерал-лейтенант Крюге АльфредкIэ зэджэм – Урысейм къигъэзэжащ.

* * *

... Дунейр зэхэзэрыхьа пэтми, къулыкъущIэхэр лэжьапIэ кIуэрт, улахуэ къыIахырт, уеблэмэ командировкэ кIуэхэрт...

... Мис апхуэдэу Альфред Крюге-Амыщ Дэбэч – «лэжьыгъэ IуэхукIэ» Кавказым къыщыхутащ. ИкIи Амыщхэ, псом япэуи, Дахэуэс, зыцIыхуу щытахэм яIууащ. Абыхэм ящыщт щищIалэгъуэм Дахэуэс хьэщыкъ хуэхъуауэ щыта, иджы дзэм хэмытыж полковник Однолюбовыр.

* * *

Псалъэм къыдэкIуэу, полковникым жеIэ Сэрей-Iуащхьэм тет къулъшырыфым нобэм къэсыхукIэ лIыжь кхъахэ гуэрым и ныбжь щызэхэзеуэу зэрызэхихар.

– Дэбэч зи гугъу пщIыр?

– Сэ апхуэдэу жысIакъым. Зыгуэрым и псэр ныбжьу щхьэщытщ жысIауэ аркъудейщ.

– Уа, полковник, иджыри зы Iуэхутхьэбзэ къысхуумыщIэфыну пIэрэ? – Зыбжанэрэ щыму щысауэ жеIэ генералым.

– СхузэфIэкIынумэ, щхьэ пхуэзмыщIэнрэ.

– А къулъшырыфым сымыкIуэу хъунукъым.

– Хъунукъым пIа? Сыт щыпщIэнур?

Аргуэру кIыхьу зэрогъэщым.

– СымыкIуэу хъунукъым.

Однолюбовым ещIэ ар къулъшырыфым щIэкIуэнур.

– Сыт хуэдиз гъащIэ зэтекъута! Сыт хуэдиз унэ хьэбэсабэ хъуа! Лъэмыж мащIэ мафIэм иса! – зауэлI хэкIуэтам и щхьэр егъэкIэрахъуэ.

Крюге къыгурыIуэркъым: «Нежьэну шынэрэ?»

– Си дежкIэ пщIэшхуэщ си унэ унышIыхьэныр, генерал, – хуэму, темыгушхуащэурэ абы Альфред ирегъэблагъэ. – Абы щыгъуэм дегупсысынщ уи Iуэхум етщIэнум. Сэ Генеральскэ уэрамым сыщопсэу, блыщIрэ ебланэ унэм. Тыншу уигу ибубыдэнщ: уэ езыр угенералщ, блы бжыгъэхэр насып къызыдэкIуэ нэщэнэу жаIэ. Дунейм ехыжахэр дигу къэдгъэкIыжынщ.

– Дыпсэуху дигу илъынщ зи гъащIэ гъуэгу зэпычахэр. Арыншэу дауэ дыпсэун? – ет жэуап Альфред.

Аргуэруи мэщымхэ. ЖаIэну псори жаIа хуэдэщ. ФIэхъус зэрахыжын хуейщ.

– Си щхьэкIэ пщIэшхуэ къысхуэпщIауэ солъытэ сызэребгъэблэгъам папщIэ, – жеIэ Альфред. – Шэджагъуашхэм зынрезгъэхьэлIэнщ.

Полковникым деж щыкIуэну зэманым и пэ къиихуэу Альфред мурад ищIащ Щихъ Николай ТелъыджащIэм и члисэм, Афиногеновым и проектIэ яухуэу художникхэу Ярошенкэ, Нестеров, Васнецов зэкъуэшхэм, Поленов сымэ сурэтхэмкIэ ягъэщIэрэщIа члисэм щIыхьэну. Дахэуэс, и анэ Катя, – Екатеринэ Григорьевнэ, – Дэбэч сымэ щхьэкIэ шэху уэздыгъэ пигъэнэну.

– Хьэуэ, хьэуэ, – езым и псалъэр езым зыIэпихыжащ. – Дэбэч папщIэ шэху уэздыгъэ пызгъэнэнкъым. Ар псэущ. Псэун хуейщ! Ещанэр Крюге папщIэ иреблэ: адэр укъэзылъхуаракъым, узыпIарщ армыхъумэ!

А уахътым щхьэц тхъуа утIыпщахэм зи Iэпкълъэпкъ псор щIахъумэ бгырыс фызыжь тIорысэм и Iэпэр генералым къыхуищIащ:

– Дэбэч ухуэмышхыдэ! Уэ ущыгъуазэ абы къуаншагъэ бгъэдэлъу?

– Хьэуэ, – мэIущащэ Альфред.

– ИтIани уогъэкъуаншэ. Хуэзи езым еупщI: «Си пащхьэм сыткIэ ущымысэ?» жыIи. Абы пэжыр къыбжиIэнщ. Дэбэч зэ закъуэ нэхъ мыхъуми игъащIэм пцIы иупсакъым.

– Мыр Мэлычыпхъущ! – занщIэу Альфред и щхьэм къилъэдащ. – Си анэм фызыжь телъыджэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд къызжиIэу щытащ. Мэлычыпхъу! – еджащ ар анэшхуэм.

Ауэ зэуэзэпсэу, и пащхьэ къызэрихутам ещхьыркъэпсу, фызыжьыр бзэхыжащ.

Зэман иIэщи, Альфред Нартсанэ къалэр къеплъыхь, Убецок зыщIэса унэр, пщIантIэр зрегъэлъагъу, IэфIыкIэ щащэ лафкIэм щызэIуроу, шагъыр щащэ тыкуэнми блэкIыркъым. ИкIэм, зэманыр къыщысым, полковник Однолюбовым деж еунэтI.

Пхъэбгъу щIыфэкIэ къэщIыхьа бжыхьым къыкъуэщырт зы къат фIэкIа мыхъу унэ тыкъыр цIыкIу, пырхъуэ удзыфэ Iуту. Ауэ пщIантIэр нэщIт. «Мыбы къыщытпэплъаIа хуэмыдэ», – йогупсыс генералыр, гум къепкIэурэ.

Ауэ щыуат – полковник Однолюбовыр лъэс лъагъуэ цIыкIум кърикIуэрт и Iэхэр лъагэу Iэтауэ:

– ЖыпIа зэманым утетщ, Альфред Оттович, зымащIэкIи укъыкIэрымыхуауэ е япэ уимыщауэ.

– ЗауэлIхэр абы драгъэсащ...

– Къыдыхьэ, икъукIэ си гуапэщ укъызэрысхуеблэгъар...

Жумарту гъуэгупщIэр иретри, Крюге фитоныр еутIыпщыж, сыхьэтищ хуэдэкIэ къигъэзэжыну йолъэIури. Ар зауэлI лIыжьым и пщIантIэм дохьэ. Нэр зытеплъэр зэщIэкъуащ, къабзэщ. Дахэу гъагъэ удзхэр щыхуэзэм деж щыхэсакъым, атIэ хабзэ убзыхуа гуэрым тетщ, парадым папщIэ ирагъэувыкIа батальонхэм хуэдэу. Удз лIэужьыгъуэ куэдым ябгъукIэ розэхэр щобыб. Абы пщIэ нэхъыбэ щиIэ хъунщ мы пщIантIэм. Щхьэр игъэуназэу мэ IэфI удзхэм къапех. Псы щIакIагъащIэм мэр егъэбагъуэ.

ХьэщIэм псэупIэр кърегъэлъагъу: егъэлеяуэ зыкъримыхми, ущыпсэуну тыншу щIащ, урыс лIакъуэлIэшхэм я псэукIэм хэлъ дахагъэмрэ бгырысхэм яйм иIэ тыншыгъуэмрэ щызэхэлъщ. АлэрыбгъукIэ щIэгъэна блыным фIэдзащ кавказ сэшхуэхэр, къамэхэр, кIэрахъуэхэмрэ фочхэмрэ.

– Мыбы дэтхэнэми езым и хъыбар иIэжщ: зауэм къыхэсха къуентхъи, си ныбжьэгъу бгырысхэмрэ дзэ къулыкъу къыздэзыщIэхэмрэ къызатахэри хэлъщ.

Генералым и щхьэр ещI.

– Еплъыт мобыхэм я дахагъым, зэрыплъыфабэм! – бысымым упщIэхэмкIэ и Iэпэр еший. – Телъыджэщ! Ауэ абрэдж ябгэхэм я фэгъу хъуну зи мурадхэм сезэуэн хуей мэхъу.

– Абрэджхэм уезэуэну нэхъ гугъу къыщIэкIынт.

– Нэхъ шынагъуэт, – жеIэ полковникым. – Чыфыр е шей уефэу ущысу уигу къыщыбгъэкIыжкIэ, ар мыIуэху гугъуу, псоми датекIуэу щыта хуэдэу къыпфIэщIыныр хэлъщ. Ауэ Iуэхур аракъым зэрыщытар. Абрэджыр пщIэ зыхуэщIын хуей зауэлIщ. Нэмыс къелэжь.

Генералым гу лъетэ хьэщIэ щрагъэблагъэ пэшышхуэм и блын нэхъ курыт хуэдэм фIэлъ цIыхубз сурэтым. Гу лъумытэнкIи Iэмал иIэтэкъым – а зырат фIэлъыххэри. Нэхъыщхьэращи, гур зыгъэкIыщтэ дахагъэ долъагъу а цIыхубзым. И нэгур фагъуэрэ нэкIущхьитIыр дыхьэрэну, вындыржьыч щхьэцхэр джафэу елъэщIэкIарэ Iуданэм пыщIа налкъутналмэсыр тешауэ, къэдабэмрэ шылэмрэ къыхэщIыкIа бостей зыкъизыз щыгъыу... И Iэщхьэр, и плIэр... «Догуэ, догуэ, мыр Дахэщ, – игу къокIыж абы Дахэуэс и теплъэу, зыхуэпэкIэу Однолюбовым къыхуиIуэтэжахэр – и нитIыр-щэ? ЩхъуантIэпсщ!»

– Мыр... – къыхудэшейкъым, – мыр...

– ... Джыназыпхъу Дахэуэс и сурэтщ. ЗыгъэпсэхуакIуэ Псыхуабэ къэкIуа художник цIэрыIуэм си псалъэхэм трищIыкIащ. Сэ абы жесIэжат си хъыбарыр... Уеблэмэ, пщIэ сIихакъым. Фэеплъу сэшхуэ естащ, и сампIэр дыщэкIэ гъэщIэрэщIауэ.

Крюге сурэтым гъунэгъубзэу йокIуэталIэ, итIанэ къыIуокIуэтыж. Аргуэру нэхъ гъунэгъуу щыбгъэдыхьэм, уэгумкIэ къикIым ещхь цIыхубз макъ къызэхех: «СлIо? Уигу ирихьа Дахэ? Мис апхуэдэу щытащ ар. ЗэрымыщIэххэу зэ закъуэ зыхуэза, ауэ фIыуэ къэзылъэгъуа цIыхум хузэфIэкIащ абы и шэфэлыр иIуэтэжын. СурэтыщIым абы и теплъэр къигъэлъэгъуэфащ. Уэ куэд дэмыкIыу мылъкушхуэ къыпхэхъуэнущ. Арыншами укъулейсызкъым. ФIылъагъуныгъэ зыщIыфым жумарту етэ».

– Ар Мэлычыпхъущ! УIумыкIыж! – кIэлъыджащ ар. – КхъыIэ, къызэтеувыIэ. Сэ IэджэкIэ сыноупщIынущ. УмыпIащIэ...

Мэлычыпхъу и псалъэхэр хьэуам хэткIухьыжащ.

Крюге и хъуреягъыр къеплъыхь, къепсалъэр къилъагъун и гугъэу. Ауэ...

Однолюбовым и щхьэр егъэкIэрахъуэ:

– Къыумылъыхъуэ, генерал. АфIэкIа зы псалъэ къыбжиIэнуи умыгугъэ. Ар зэзэмызэххэщ мыбы къыщыкIуэр. Илъэс къэси къакIуэркъым – игу къыщихьэрщ. УелъэIукIи къыпхуэнэркъым.

Iэнэр пырхъуэм къыщащтэ, цIыхуитIым ятещIыхьауэ. ГъуатIафэ стIолтепхъуэм шей зэрефэ хьэкъущыкъу телъыджэ тетщ. Зыхуей псори зыгъуэту, фIыгъуэм хэсу къэхъуа Крюге дыдэм апхуэдэ щыкъу лъапIэ илъэгъуатэкъым.

– Дагъыстан щамхъалым и саугъэтщ, – жеIэ бысымым, Крюге зэплъым гу лъетэри. ЗанщIэуи къыщIегъуж: – УкъызэмыупщI щIыкIэ къыщIызитар ныбжесIэнщ: и къуэр ажалым къезгъэлащ. КIыхьу абы сытепсэлъыхьыну сыхуейкъым. Ар нэгъуэщI хъыбарщ. Дэ зи гугъу тщIыр нэгъуэщIщ.

Шхын зэмылIэужьыгъуэ куэд зэблэкIыу Iэнэм къытохьэ, бжьэ къаIэтын хуей щыхъум, бысымыр щIоупщIэ:

– Чыфыр нэхъ къэпщтэн, Альфред Оттович, хьэмэрэ куржы шагъыр къыхэпхрэ?

– Уэ сыт нэхъ уигу ирихьыр? – упщIэм упщIэкIэ жэуап ирет Крюге.

– Сэ хуэрыджэ аркъэщ сызэфэнур.

– БдызоIыгъ, си гуапэу. Хуэрыджэ аркъэр нэхъ гукъинэж схуэхъунщ.

Однолюбовыр сабийм хуэдэу ирогуфIэ езым фIыуэ илъагъу фадэр хьэщIэми къызэрыхихам.

– Ауэ... – кърегъажьэ генералым, псалъэмакъыр езыр зыхуей Iуэхум тришэну, арщхьэкIэ бысымым и Iэр ещIри, абы и псалъэр Iэпех:

– Къэбэрдейхэм псалъэжь яIэщ: «Iэмалыншэу щымытмэ, шыр умыгъэпIащIэ» жаIэу. Уи фIэщ щIы абыхэм Iуэху и пIалъэ ящIэкIэ. Псоми чэзу иIэщ, Альфред Оттович, абыи дынэсынщ.

Зэман гуэр блокIри, Iэнэм и кур хуит къащIу щIадзэ. Крюге къыгуроIуэ шхыныгъуэщIэ Iэнэм къызэрытехьэнур. Пэж дыдэу, Iэнэкум пхъэ Iэнлъэ пIащIэ кърагъэувэ, къэзакъ щIалэ цIыкIуитIым гъущI дзасэ пIащэм фIэлъу къахь зэпкърамыхыу тхъуэплъу гъэжьа, иджыри пщIыпщIу дагъэр къызыпыткIу щынэ, и теплъэм, и мэ гурыхьым пэр игъэджылрэ гурыIупсыр къагъажэу.

– Мыр сыт телъыджэ! – егъэщIагъуэ генералым.

ХьэщIэ лъапIэм и щытхъур Однолюбовым гуапэ щохъу.

– Къэбэрдейхэм срагъэсащ мыпхуэдэ мэл гъэжьэкIэм. Сыщагъэса щIыпIэм ухуеймэ – Амыщейщ. НтIэ, Альфред Оттович, иджыпсту шагъыр демыфэу хъуну къыщIэкIынкъым. Аращ мыбы екIунур.

Шагъыр кхъуэщынкIэ къытрагъэувэ. Полковникым сэ жан цIыкIукIэ мэлылыр пIащIэурэ къытрегъэж, тепщэчхэм ирелъхьэ.

– ХэIэбэ, кхъыIэ, пщтыр щIыкIэ.

«Лъагъуныгъэм папщIэ!» – жаIэри бжьэр къаIэт. Ауэ лъагъуныгъэм теухуауэ зы псалъэ къажьэдэкIкъым, ауэ абы теухуауэ ираф.

Мэлылым и ужькIэ IэфIыкIэ къытралъхьэ. И чэзу къэсри, имбиррэ дэрэ зыхэлъ пыченэ шейм драф. А псом иужькIэщ полковникым Iуэхум тепсэлъыхьын щыщIидзар.

*КIэухыр къыкIэлъыкIуэнущ.*

## КультурэмрэкIэ (header banner: Культурэм и лъагъуэм)



ЕЛГЪЭР Кашиф

# Сызэрыхъу пэтауэ сызэрымыхъуахэр

***ГукъэкIыжхэм щыщщ***

**ПСАЛЪЭХЭШЭ**

Псом япэрауэ, къэзылъхуа анэм и бгъафэм щIапIыкIын сабий насыпыфIэ сыхъуатэкъым. Ауэ абы си къуаншагъэ хэлъакъым – ар си насыпыншагъэу арат. АнэнэпIэсищ згъэунэхун хуейуэ къызэрысхудэкIамкIэ «сезыгъэхъулIар» вождышхуэ Ленинир зи пашэу къытхуахьа революцэм кърикIуа зэхэтыкIэ бзаджэр адэкIэ нэхъри «езыгъэфIэкIуа», игъащIэ лъандэрэ къалэжьа мылъкур къатезыхыу ди мэкъумэшыщIэхэр колхоз мафIэшхуэм хэзыхуэгъа «Сталинурэ ди дыщэ-дыгъэрат». Анэхэр я бынхэм щыхуимытыж, бынхэм я анэхэм гу щыщамыхуэж «псэукIэ дахэр» яухуэрт. Псори, – цIыхухэри абы хэту, – властым ей хъуати, къыпхуащI уи унафэу арат. Абы ебэкъуэн мурад зыщIахэм «цIыхубэм и бий» дамыгъэ фIыцIэр традзэрти… е кIэ ягъуэтыпэрт, е псибл ирагъэсыкIырт…

А зэхэтыкIэ гуауэр къэIуэтэжыным тхылъ Iэджи тратхыхьащ. Нэхъыбэжи тептхыхь хъунущ. А Iуэхум иджыпстукIэ сэри кууэ сыхэIэбэнкъым. Ауэ уи закъуэ уи къекIуэкIыкIам, уи псэукIам я гугъу щыпщIыжкIэ, уи щхьэм утепсэлъыхьыж къудейкIэ зэфIэмыкIыу къысщохъури, си бэлагъыр нэгъуэщI зэгуэрхэми я пIастэпсым хэсIуурэ, уэшх блэкIам щIакIуэ

кӀэлъысщтэжурэ, си гукъэкӀыжхэр къэсӀуэтэжу аращ. Абы щхьэкӀэ сызыгъэкъуаншэхэр зэрыщыӀэри сощӀэ, ауэ… Мыхэр зэрыстхыжыр Ӏуэхуншэ Ӏуэхум къыхэкӀыркъым хьэмэрэ, иныкъуэхэм къызэрызаӀуэкӀым хуэдэу, хэӀущӀыӀу сымыщӀыпхъэхэр къэстӀэщӀыжу, е, нэгъуэщӀ зэрысхуэмытхыжым щхьэкӀэ, – апхуэдэу къызэщхэри щыӀэщ, – гукъэкӀыжхэм зестауэ аракъым – си щхьэм сытепсэлъыхьыж хуэдэурэ, гушыӀэ тӀэкӀухэри ауанхэри сфӀэмыхьэрэму, сызыхэта гъащӀэр сэ зэрыслъэгъуамрэ абы си жьыщхьэ сызэрегупсысыжымрэ си псэ кхъузанэм щӀэзгъэкӀыж сфӀощӀри, си мурадыр къызэмыхъулӀэмэ, сыщыуэмэ, Тхьэм къысхуигъэгъу. Хьэкъыр зыщ: ди блэкӀам, ди зэхэтыкӀа псом сыхуэшхыдэж, сытеубжьытхэж зэпыту къызыщыхъухэр щоуэ, сыту жыпӀэмэ сэри сыкъызыхэхъукӀар а ди блэкӀаращ, ауэ щыхъукӀэ а зэманым еспэс дыдэр сэри къыслъысыжынущ. Ауэ дэтхэнэ зыми езым и пэж, и Ӏуэху еплъыкӀэ щиӀэжкӀэ... Сэри а дэтхэнэ «зыхэм» сащыщу, сызыхалъхуа лъэхъэнэм и быну сыщыщыткӀэ… Абы ифӀри и бзаджэри згъэунэхуам, сыщызахуи сыщыкъуанши къызэрысхуихуам пцӀы хэлъкъым. Ахэри сымыбзыщӀу, нэгъуэщӀхэм ямыгъэва лей (анэнэпӀэсхэм я гугъу умыщӀмэ) си закъуэ къыстехуэу щытащ жысӀэу си жьыщхьэ тхьэмыщкӀафэ зытезгъэуэнуи, яфӀэгуэныхь зызгъэхъунуи сыпылъкъым. Пэжыр щхьэ бзыщӀын хуей? Жьыщхьэ махуэ сыхъуауи зызобжыж. Ар нобэщ. Мо зи гугъу сщӀыж лъэхъэнэхэм щыгъуэ-щэ?..

Къызэрезгъэжьащи, адэ-анэхэр хуиттэкъым я бынхэм якӀэлъыплъу, ахэр зыхуей хуагъазэу ябгъэдэсыну. Губгъуэхэм, вагъэмбэкъухэм къыщалъхуа сабийхэр (апхуэди куэдрэ къэхъурт) пщӀантӀэ нэщӀхэм дыкъыданэрти, езы анэхэр аргуэру а губгъуэхэмрэ вагъэхэмрэ зей колхозым и бжьым щӀэувэжырт. ЩхьэкъэӀэтыпӀэ зимыӀэу а бжьым щӀэт бзылъхугъэ тхьэмыщкӀэ къомым ящыщт зи сабиищыр пщӀантӀэ нэщӀым къыдэзынэурэ пщэдджыжь къэс дэкӀ ди анэри. «Фыкъэслъхуа мыгъуэми, мафӀэмрэ псывэмрэ фащысхъумэфакъыми, Алыхьым къысхуигъэгъу», – жиӀэу тхьэусыхэурэ, и псэр щинат ди Амэ», – жаӀэжырт си анэ къилъхуагъитӀым. Сыщысабийм си лъакъуэр мафӀэм зэрисам, сызэрынэхъ цӀыкӀум, ди анэм и нэгу сиплъауэ зэрызмыщӀэжым щхьэкӀэ, аитӀум яфӀэгуэныхьи сызэрыхъур, нэхъ тхьэмыщкӀафи къызэрызаплъыр зыхэсщӀэрти, сыкъэдзыхэрт, дзадзу насыпыфӀэ сызэрымыхъуам сытегъынанэрт. Ауэ сыт пщӀэн? Алыхь Ӏуэхури хэлъ хъунти, сабий насыпыфӀэ сымыхъуар пэжт.

УзэрымыхъуххарТхакӀуэщ жызыӀэнхэри щыӀэнкӀэ мэхъури, абы и Ӏуэхур щхьэхуэщ…

Сызэрыхъу пэтауэ сызэрымыхъуа мыдрейхэр-щэ? Мис абыхэм ящыщ гуэрхэращ мыбдеж зи гугъу щысщӀынур, абыхэм зэманри ди псэукӀари къеспхыжу дахэри Ӏейри къызэрыщ гъуджэм и къалэныр згъэзащӀэ щӀыкӀэу!

## 1. ДОХУТЫР СЫЗЭРЫХЪУ ПЭТАР

Зи сабиигъуэр зауэмрэ зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэмрэ хиубыдахэм сащыщти, дыдейхэм сахуемыгъаджэу, школым сыкъыщӀашыжурэ, унагъуэ Ӏуэхухэр сагъащӀэрт: мэз, бэзэр (аитӀурат нэхъыбэу дызэрыпсэур), унэ хадэ цӀыкӀур зехьэн (нэхъыжьхэр колхоз лэжьыгъэм къыхагъэкӀыртэкъым), жэмыжь закъуэр (абы къыкӀэрыху шкӀэр, упщӀи уси хэмылъу, птрахыурэ, колхозым ей хъурт), джэдкъаз тӀэкӀум кӀэлъыплъын…

Арати, нэмыцэхэм дамыубыд щIыкIэ (1942 гъэм октябрым и 26-м) 1-нэ классыр къэзухати, фашистхэр тщхьэщахужа нэужь, 2–3-нэ классхэм мазэ, мазитI-щы нэхъ сыщрамыгъаджэу екIуэкIыурэ, 1948 гъэм декабрым и 10-м аргуэру школым сафIокIуэри, 4-нэ классым сыщIотIысхьэ. Абы щезыгъаджэ ХъутIэ Хьэмидбий щIалэ Iэсэт, икъукIэ цIыху гуапэт икIи гущIэгъулыти: «УкъыкIэрыхуами, умыгузавэ, тIасэ. Урок нэужьхэм дыкъанэурэ, дызэдэIэпыкъуурэ щIэткъузэнщи, Тхьэм жиIэмэ, хъарзынэу къэдухынщ гъэ еджэгъуэр», – жери сигу фIы къысхуещI. АрщхьэкIэ…

Урок нэужьхэм сыкъэнэныр щыгъэтауэ, а япэ махуэ дыдэм ещанэ урокым щIидзэжа къудейуэ, упщIи уси хэмыту, классым ныщIохьэ си адэ къуэшым и къуэ. НэкIэ сыкъилъыхъуэу, къытхоплъэ. Сэ си щхьэфэцым зыкъаIэт – мор къызытекIухьар къыумыщIапIэр иIэт? Ар зыхуейр къызыгурымыIуа егъэджакIуэм и жьэр зэщIимых щIыкIэ: «Чэиф (щыцIыкIум апхуэдэут абы си цIэр зэрыжиIэр) ХьэкIунэ къоджэ», – жи.

СыкIуэцIрыхуамэ нэхъ къэсщтэну, си щхьэр къыфIэхуауэ сыщытщ. Си анэнэпIэсым и цIэр зыщIи-зымыщIи щIэст классым. Ар зыщIэхэм яфIэгуэныхь сыхъуащ. ЗымыщIэхэр мэдыхьэшх: «СыхьэтитI фIэкIа емыджэу, еплIанэ классыр къиухащ…»

Мохэр егъэувыIэри: «КIуэ, тIасэ-тIэ, къыщоджэкIэ», – емыкIу хэхуар езыра нэхъей, нэщхъеибзэу икIи хуэм дыдэу къопсалъэ Хьэмидбий. Сэ, си тэмакъыр къызэфIэзэрыхьарэ си лъэр зэщIэнауэ сыщытщ. Сыкъыщиуду сыкъэгъын къудейщ, ауэ, соукIытэри, ерагъыу зызэтызоIыгъэ.

Хьэдэ изыхым хуэдэу, хуэмыбзэу сыкъыщIокIыж классым. ЩIыбым дыкъызэрыдэхутэу, си нэпсыр кърекIут. Макъыншэу сызэщоджэ. ХьэкIунэ къыщIызэджэмкIи сеупщIыркъым си къуэшым – си жьэр зэщIэсхыу псалъэ схужыIэнукъым. Си насыпыншагъэри емыкIу къысщыщIари згъеижурэ сыносыж.

Си анэнэпIэсым еплIанэ классыр сыхьэтитIым и кIуэцIкIэ къыщIызигъэухарат. Абы и дэлъхум и щхьэгъусэр къэсейхьэблэпхъут. А къуажэм гуэдз тIэкIу къыщащэхуат. Ар къаIэрыхьа зэрыхъуар Тхьэм ещIэ. Ауэ шэ къэуэж пэлъытэ а гъавэр къэшэжын зэрыхуейм и хъыбарыр щэхуурэ щызекIуэрт ди унагъуэм. АрщхьэкIэ ар къэшэжыным щIыхуэмыпIащIэхэр е шынэхэу арат, е ди адэм выгур махуитIкIэ игъэхьэулеину кърамытрэт? Сытми, ари си насыпыншагъэти, си нэр къызыхуикI школым сыщыкIуа а махуэ дыдэм техуат гуэдзшэж дыщыкIуэн хуейр…

Си пэм жьы кърimыхужу сызэфIэпщхьэжарэ схужымыIэIауэ гублащхьэм сыдэсщ. СыпIыщIэмэ, сыкъокIри сытоуэ. СытопкIэ. Лъэсу сокIуэ. ХьэкIунэ нэхъ хуабэуи хуэпащ, цы IэлъэщIышхуэкIи быдэу зэщIэуфащи, пIыщIэ хъункъым – гум къикIыркъым. Гъуэгуанэр кIыхьщ. Выхэри жьажьэщи, кIуэи пэт – гъуэгум зыри хэмыщI хуэдэщ. Сэ, нэгъуэщI мыхъуми, тIэкIу зытызогъэу: зэм гум сыкъокI. Зэми сотIысхьэж. Псэ зыхэмыт хьэнцигуащэм ещхьыр зэщIэуфауэ гум ис фызырщ. Гукъыдэж сызэримыIэмрэ зэгуэпым къыхэкI ерыщагъымрэ мыхъуамэ, дызэпсалъэу, тIэкIу дызэрытегъэууэ щытамэ, щIыIэри гъуэгуанэри тIуми апхуэдэ дыдэу къыттехьэлъэну къыщIэкIынтэкъым. АрщхьэкIэ, Хъуэжэ и щым джэдыкIампIэщи, ди жьэ зэхуэдгъазэу дызэпсалъэркъым. Пэжщ, сэ сигукIэ икIи сошхыдэ. ИкIи сотхьэусыхэ. ИкIи согъ. Сызыхуэарэзыуэ мы дунейм зы теткъым: шокъущ жоуэ Тхьэм иригъэхутылIэу, выгур нобэ дауэ къытлъысат? ВитIым я зыр сымаджэ зэрымыхъуат. Гуэдзыр дэнэ къыщагъуэтат? Къэдыгъуауэ къыдамыщауэ пIэрэ ар? Уэли, дауи,

къадыгъуам… Армыхъу, нартыху щымыхъуакIэ, унэ хадэ цIыкIухэм гуэдз щыпщIэ хъурэ? Ар ядэну? ЩIамыдэр сыт? ЩIамыдэр пщIэркъэ? Къуажэдэсхэр зэ хуит ящIауэ щытат я хадэхэм гуэдз щыхасэну. Ауэ къулыкъущIэхэр зыщIэгупсысыжри… Япэрауэ, гуэдз жылэр щамыщэкIэ, къамыдыгъумэ, дэнэ кърахыну? Мыдрейуэ, псом ящхьэраши, я хадэхэм гуэдз къэп кърахмэ, абы къэпитху къыхадыгъуэжынщи… ДыгъуакIуэхэр къыпхуэмыубыду, ди хадэм къитхащ жаIэурэ зрамыгъэумысу пфIыхэкIыу… Ди щхьэ мыузым боз къедмышэкIыу – дыр-р!.. Къыжьэдэткъуэжмэ, зэфIэкIакъэ?..

Арати, унэ хадэ цIыкIухэм гуэдз щащIэным кIэ иратащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, гуэдз зиIэ унагъуэ щыIэкъым – яIэмэ, къадыгъуауэ аращ… НтIэ, а къадыгъуауэ къэтщэхуар къыщытшэжкIэ даубыдмэ-щэ?.. ЗанщIэу дагъэтIысынущ. Тхуэфащэщ! Абы хуэмеяхэмэ, щIалэжь цIыкIухэр къысщагъэдыхьэшхыу, еплIанэ классыр сыхьэтитIым и кIуэцIкIэ къызагъэухынтэкъым… Школым нагъэкIуа а си къуэшым зригъэшамэ хъуртэкъэ? Ар еджэртэкъым, нэгъуэщIтэкъым… Ауэ и анэ АпIэ мышынэу, ар апхуэдэ мыл тригъэлъэдэнут?..

– Цыжьбанэм ещхьу зызэрыбгъэпщхьарэ уи пэм жьы къыщIримыхужыр къызгуроIуэ мыгъуэ… ЕджапIэ уэдмыту укъызэредгъэшэжаращ… А нэзгъэкIуар гублащхьэм дэзгъэтIысхьэнщ жысIати… – си гум илъыр къищIа нэхъей, IэлъэщI Iув щIагъым къыщIотхьэусыхыкI ХьэкIунэ. – АрщхьэкIэ… мы дыздэкIуэм къитшынур мафIэм нэхърэ нэхъ гуащIэщ… Ар Алыхьым имыухкIэ, ауэ зыгуэркIэ даубыд хъужыкъуэмэ… Дэ дыунэхъуми, дэр–дэрщ. НэгъуэщI унэ я сабий дауэ зытедгъэкIуэдэн жысIэ мыгъуэри… Алыхьым дыкъихъумэ, ауэ, хэт ищIэрэ, ди унэхъугъуэр къэсауэ къыщIэкIрэ а джаурхэм даIэрыхьэмэ… Уэ, усабийщи, Алыхьым жиIэмэ, уагъэтIысынкъым…

– Уэ уагъэтIысмэ, ди Музэчыр ныкъуэдыкъуэ цIыкIур дауэ зэрыхъунур? – сыгъын къудейуэ сыкъопсалъэ. Алъандэм сигукIэ сызыхуэшхыда ХьэкIунэ сфIэгуэныхь мэхъу. Абы си гур нэхъ кIэропщIэ: дэр-дэрщ, жи. Усабийщи, уэ уагъэтIысынкъым, жи. Езыми сыфIэгуэныхьщ…

Ауэрэ псалъэмакъыншэу, дынэщхъейуэ дыздэкIуэм:

– Къэзгупсысар пщIэрэ, тIасэ? ДыкъыщыкIуэжкIэ, ар Тхьэм жимыIэкIэ, зыгуэркIэ даубыд хъужыкъуэмэ…

– Ей ХьэкIунэ, апхуэдизрэ щхьэ къыттепIуэрэ ар? – сыкъогубжь.

– Гузэвэгъуэм мывэм урегъэгъу, жи… Къысхуэгупсысаращ: ди благъэхэм я деж выгукIэ дыкъыщикIыжым, зы лIыжьрэ щIалэ цIыкIурэ дакъылъэщIыхьэри… Я хьэлъэхэр гум кърѐдгъэлъхьэну къыдэлъэIухэри… ТфIэгуэныхь хъури… ЯIыгъыр зиIысыр дымыщIэу кърѐдгъалъхьэри… Фэри фыкъитIысхьэ яжетIа щхьэкIэ, дыпщIэнтIащи, гум дынитIысхьэмэ, занщIэу дыщIэгъущхьэжынурэ, щIыIэм дисынущ жаIэри… ДыкъыздэкIуэм, деплъэкIмэ, щIыр зэгуэхуу я кум дэхуами ярейуэ, мохэр бзэхащ…

– А къебгъэкIуэкIхэр зи фIэщ хъун мылицэ делэ къэбгъуэтаи!..

– Мыхъумэ, сыт тщIэн? Алыхьым зэриухауэ хъунщ… Сэ къысхуэгупсыса мыгъуэр аращ…

– Абы нэхърэ нэхъыфIыр пщIэрэ?

– Сыт, тIасэ?

– Гум зыгуэрхэм зыгуэр къралъхьар содэ. Ахэр зэрыткIэрыхуари… тщIэркъым. Сэ сысабийуэ, самыгъэтIысыну жыпIакъэ? Уэрэ сэрэ дызэ-

мыгъусэ хуэдэу, зыкъомыфІкІэ зыскІэрыбгъэхуауэ укъокІуэ… Сэ саубыд хъужыкъуэмэ, услъэгъуакъым, сыкъэплъагъужакъым… ДызэрыцІыхуркъым…

– А сыхьэт махуэм хуэзэн цІыкІу, жыпІэ хьэдэгъуэдахэр сыт! АнэнэпІэсыр мылым нэхърэ нэхъ щІыІэщ жаІэ мыгъуэ щхьэкІэ, апхуэдэу зыщІэфын анэнэпІэсым и псэр хэпх хъуни… Сабийр хьэІуцыдзхэм уаІурыздзэу… Еу-уей, апхуэдэ емыкІурэ гуэныхьрэ зыпылъ сщІэфыну къысхуэбгъэфэща нэхърэ, мо гуэдз мыгъуэжь хъуныр си хьэдэІус хъуамэ, нэхъыфІти… – ХьэкІунэ и нэкІур ІэлъэщІышхуэ щІагъым щІегъэпщкІуэж. Аргуэру тІури щым дохъури, дыздэкІуэм дынэсыху дызэпсалъэркъым.

Алыхьым дикъиужэгъужауэ къыщІэкІынтэкъыми, апхуэдиз псалъэмакъыр зэтщІэкІа гуэдз тІэкІур бэІутІэІуншэу къатшэри, щІымахуэ махуэм сыт икІу, етІуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм дыкъэсыжащ. ГъэщІэгъуэныракъэ, е мыхъу фІы хъужыркъым жыхуаІэу, махуитІ гъуэгуанэм си Іуэхум фІыкІэ зыкъыщІыдигъэзар гузэвэгъуэм дрихулІэу ХьэкІунэ сэрэ зэхуэтІуэтахэра е гъавэ тІэкІу къытІэрыхьар сэбэп хъуа? Сытми, нэху дыкъекІыу, декабрым и 12-м школым сыкІуэну сыщыщІэкІым зыри къыспэрыуатэкъым. Алыхьым фІыгъуэр зыхуищІэн Хьэмидбий, аргуэру къысщыгуфІыкІа мыхъумэ: «ЛІо, щІалэ, гъуэрыгъуапщкІуэ укъыддэджэгуу ара?» – жиІэу и нэр къысхузэригъэдзэкІатэкъым… Мис абдеж къыдыщІэздзэри сакъыхущІэкІыжакъым школым – унагъуэ лэжьыгъэри еджэнри зэдэсхьурэ (дыдейхэм сазэрыгурыІуари арат) 1955 гъэм епщІанэ классыр къэзухат…

Пэжщ, а гъэр къэмыс щІыкІэ, си гъащІэм нэгъуэщІ зыгуэру зыкъызэридзэкІынкІэ хъуну щыташ. Зауэ нэужь илъэсхэм зыри къызрамыт колхозхэтхэм елъытауэ, къуажэдэс интеллигенцэм я Іуэхур Іейтэкъым: егъэджакІуэу, фельдшеру (абыхэм щхьэкІи дохутыр жаІэрт) лажьэхэм улахуэ яІэт. Ди унэ хадэ цІыкІухэм хуэди щызэрахьэкІэ, Іэщ, джэдкъаз тІэкІухэри щызэрахуэкІэ, абыхэм къаІэрыхьэ ахъшащхьэ къабзэр уафэм къехуэх фІыгъуэ пэлъытэт. Апхуэдэ лэжьакІуэхэр зиІэ унагъуэхэм мыдрейхэр ехъуапсэрт. Арат я бынхэр ахъшэ къахуэзыхь уэчтилу, дохутырышхуэу ирагъэджэну псоми я нэ къыщІикІыр. Школым сызэрыщІагъэтІысхьэжарауэ, дыдейхэм къызаІуэкІыу щІадзащ ар нэхъ псынщІэу къэзухыу ІэщІагъэ гуэрым сыхуеджэн зэрыхуейр. «Мес, Адэлбийрэ Сэфарбийрэ (ахэр ди адэ къуэшым и къуэ зэкъуэшитІт) хэт цІыху дохутырщ, хэти шы дохутырщи, я ахъшэр мызщ. Я унагъуэхэр матэщІэдзауэ ягъэпсэу… Зытеджалэр я былымщ. Улахуэу кърэтым нэмыщІ, фІыщІэхуэщІэу цІыхухэм абыхэм къытратхъуэр зыхуэдизым ущІэмыупщІэ…»

ЗэкъуэшитІым техникум къаухауэ лажьэр пэжт. ПцІы щхьэ упсын хуей? Сэри сехъуапсэрт ди хадэхэр зэпылъу къыдбгъэдэс унагъуэм я къуитІым. Сэри шы дохутыр ІэщІагъэм зыгуэрхэри хэсщІыкІырт. КъыфІэбгъэкІмэ, абы ахъшэкІэ тІэкІурэ срилэжьат. Къуажэдэсхэм я былымри колхозыр зэрылажьэ шыхэри выхэри Іэзэгъуэ щыхуэныкъуэхэм деж зрашалІэр сэрат. Зи ІэпыдзлъэпыдзУ сылажьэ Куэшмэн КІэмац колхоз Іэщым якІэлъыплъу гъэмахуэ псом Дзэлыкъуэ хъупІэхэм щыІэт. Зэпыджыж жэмхэм, хьэныкъуэшх хъуа шыхэм, шы бэгухэм сазэреІэзэу щыта щІыкІэр «ШейтІан къафэ» зыфІэсща повестым къыщысІуэтэжакІэщи…

Арати, зэрыжысIауэ, етхуанэ классым къыщыщIэздзэри, гъэ еджэгъуэхэр зэпызмыгъэууэ къесхьэлIащ. Ари нэхъыфI дыдэу еджэхэм сыхабжэу. Ебланэ классыр Щытхъу тхылъкIэ къэзухащ. Ар пащIырт епщIанэр къэзыуххэм къахь дыщэ, дыжьын медалхэм. ИужьреитIым ВУЗ-хэм я бжэхэр къыпхузэIуахыу занщIэу ущIагъэтIысхьэмэ, Щытхъу тхылъри шэтемыгъахуэ дыуэ цIыкIу пэлъытэт: экзамени сыти ухэмыту, узыхуей техникумым укIуэу ущIэтIысхьэну ухуитти…

Дыдейхэри сэри нэхъ дызэхъуапсэр Адэлбийти, 1952 гъэм медтехникумым сыкъокIуэри сыщIотIысхьэ. Еджэным хъарзынэу сызэрыхэзагъэм нэмыщI, сэ нэгъуэщI зы гуфIэгъуи сиIэт: усэ тхын зэрыщIэздзэрэ илъэситI нэблэгъати, абы лъандэрэ махуэ щIагъуэ дэзмыгъэкIыу школ нэужьым Налшык сыкъажэрт. Еши щхьэхи, къыфIэбгъэкIмэ, укIыти сиIэтэкъым. Къыздеджэхэмрэ сезыгъаджэхэмрэ езгъэлъэгъуа си япэ усэм ахэр апхуэдизкIэ къыщытхъуати, сэри абыхэм я псалъэхэр си фIэщыпэ хъури… Дауи, ар сыкъагъэпцIэн, сагъэжэкъуэн мурадым къыхэкIатэкъым… Ахэр щыгъуазэт сэ анэнэпIэс етIуанэ (абы щыгъуэ! Ещанэ сиIэ щыхъуар иужькIэщ) сызэриIэм. Си усэр зытеухуар си щхьэрат. МэжалIэу школым къикIыжа щIалэ цIыкIур IункIыбзэ зэта унэм щIэмыхьэжыфу пырхъуэм тесщ. БжьыхьэкIэщи, дунейр кIагъэпшагъэщ. КъотIэтIэх. Абыи зыкъыдищI хуэдэщ зи анэр зимыIэж, гукъыдэжыншэрэ щхьэлажьэу тхьэусыхэ сабийм… Пэж дыдэу, си Iуэхум щыгъуазэхэр игъагъын хьэзырт си псэр зэрытхьэусыхэм. Ауэ мо гущIэгъулыхэр зыгъагъ усэхэр «зэрыбэлыхьлажьэр» къагурыIуэртэкъым усакIуэ дыдэу зызыбжыжхэм. Сэ абы щхьэкIэ сызэгуэпырт. ЗэрыжаIэу, бжэмкIэ сыкъыщIахужамэ, щхьэгъубжэмкIэ сафIыщIыхьэжурэ згъэпсэухэртэкъым ТхакIуэхэм я союзым щылажьэхэр. Абыхэм ягу иримыхьхэр зэфIэстхъыжырти, щIэрыпсу нэгъуэщI къахуэсхьырт. Пэжщ, япэ щIыкIэ «школ комиссэм» езгъэлъагъурт. Си классэгъухэм зэрыжаIэмкIэ, сэ сы-ЩоджэнцIыкIу Алийт, сы-Пушкинт. ПцIым сыткIэ дыхуей, ди егъэджакIуэ КIэрэф Мухьэмэди Куэшмэн Серафими, апхуэдэ дыдэу къраупщIэртэкъым, ауэ, сигу ирамыудын щхьэкIэу къыщIэкIынт, абыхэми хьэм ирагъэхьыртэкъым си усэхэр. Иджыри къытызогъэзэжри, сыкъызыгурымыIуэр, сыкъыпезыгъэхыр налшыкдэс «гущIэгъуншэхэрат». Абыхэм я фэм исхар, гуэныхьу къатесхар Алыхьым къысхуигъэгъу… Къызэижу, сызымыгъэтхэну, зи натIэм сизыгъэкIыну гурыщхъуэ зыхуэсщIхэмрэ сэрэ текIуэм деплъынщ мис иджы, жысIэу си дзэр слъырт Налшык еджакIуэ сыкъэкIуэн мурад щысщIам щыгъуэ. Ауэ, си «ижэгъухэм» я насыпти, си къалэ гъащIэр псынщIэу иухри... Пэжщ, Щхьэлыкъуэ сызэрыдэсуи, згъэзэшакъым Iэдэми БетIали – си япэ егъэджакIуэу щытар аитIуращи, Тхьэм жэнэткIэ къахуищIэж абыхэм сэ къысхуащIар…

Зибгъу зырызымкIэ Ленинымрэ Сталинымрэ я сурэтхэр тет Щытхъу тхылъыр (ар нобэми сохъумэ) къызэзыгъэхьахэм къысхуащIа Iуэхутхьэбзэри сщыгъупщэжыркъым – цIыхум и фIыщIагъэр бгъэкIуэд хъунукъым. АтIэми, ар къыпхуэзыщIар IыхьлыгъэкIи, благъагъэкIи, ныбжьэгъугъэкIи къыщыбгуэмыхьэм деж. СэркIэ апхуэдэт Гуэщей Музэриф. Ар, къыфIэбгъэкIмэ, икIи ди къуажэтэкъым – Кэнжэ щыщт. МатематикэмкIэ дригъаджэрт. Езыр щIалэ Iэзэт. Ди пединститутыр диплом плъыжькIэ къиухри, Щхьэлыкъуэ лэжьэн щыщIидза къудейт. Я къуажэм курыт школ дэттэкъыми, абы еянэр къыщызыуха щIалэ зыхыбл щIыгъуу, пщэдджыжь къэс Кэнжэ лъэсу никIыурэ, ди деж накIуэхэрт. Абы гугъуехь

мащIэ пыщIатэкъым. Щхьэлыкъуэшхуэ лъэмыж телътэкъым, езы псыр къиурейти, мывэ лъэмыжри пхъэ закъуэ лъэмыжри зытригъэзагъэртэкъым – ирихьэхырти ежьэжырт. Сыт ящIэнт? ЗатIэщIырти никIхэрт. ЩыщIыIэхэм деж-щэ? Абы щыгъуи арат – затIэщIырти хыхьэхэрт. Ар зы махуэ-махуитIмэ, зы мазэмэ, мазитIмэ – хъунт. АтIэми, махуэхэр щыкIэщI, пасэу кIыфI щыхъу лъэхъэнэхэм-щэ?

ЩIалэхэр, я илъэситI «къуэдыр» яхьщ, епщIанэр къаухри, тыншыжащ. Ауэ Музэриф и «тезырыр» нэхъ кIыхьу къыщIэкIащ: ар зыкъомрэ щылэжьащ ди деж. КIуэркъэкIуэжу. АтIэми, абы и Iуэхур и къуажэгъу щIалэхэм яйм нэхърэ нэхъ хьэлъэжт: мохэр еджамэ, кIуэжыну щхьэхуитхэт. Гуэщейр аратэкъым – ар егъэджакIуэуи, завучуи, директоруи лэжьащ. Ауэ щыхъукIэ, зэIущIэхэми нэгъуэщI Iуэхухэми хэтын хуей хъурти, жэщыбгым щыкIуэж куэдрэ къэхъурт. Абы щхьэкIэ пщэдджыжькIэ къыкIэрыхууи зэи плъагъунтэкъым. Дэ къуажэ гупэ дыдэм дыщысти, зи лъапэ дыщIэс Iуащхьэшхуэм ар къызэреущэхри, щыкIуэжкIэ бгыухуэу абы зэрыдэкIыжри махуэ къэс слъагъурт. СфIэгуэныхьи хъурт. Арат абы хуэсщIэфынури. Езым Алыхьым псапэу къритыж ди къуажэ сабийм, псом хуэмыдэу сэ, къытхуищIар. Ар нэфI-нейм хьэмэрэ зэхэгъэж щIыным къыхимыхыу…

Псоми къытхуэткIийт Гуэщейр – езым ещхьу Iэзэ дищIыну арагъэнт зыхуейр. ПцIы щхьэ упсын хуей, дэтхэнэ зы егъэджакIуэми хуэдэу, нэхъыфIу еджэхэм, нэхъ жыIэдаIуэхэм нэлейкIэ еплъырт.

«Сэ сщIа псор жысIэжмэ, мы лIыжь щхьэщытхъури къысфIащкIэ… Си мыщIащхьи пщы Тыкъэр хэзгъащIэт», – жи уэрэдыжьым. Сэ, зыри хэзмыгъащIэми, си пщэ къыдэхуэ къалэнхэр унэми школми дагъуэншэу зэрыщысщIэным сыпылът. ЗэрыжысIащи, зэран къысхуэмыхъухэу срагъаджэ закъуэмэ, си щхьэфэр лъэгущIыхь яхуэсщIынут. Ар ялъагъурт дунейм дыщэу тетым ефIэкI ди егъэджакIуэ дыщэхэм. ЯмылъагъупIэри иIэтэкъым – си унэ лэжьыгъэхэр сымыщIыжауэ, урокхэм сыхуэмыхьэзыру, сымыжеяуэ, сымышхауэ щытми, сыкъыкIэрыхуауэ зэи сыкIуэртэкъым. СызэрыкIуэри IэхъуэтегъэкIыутэкъым – школым щекIуэкI Iуэхуу хъуам жыджэру, щхьэх сымыщIэу сыхэтт. Ауэ щыхъукIи, сэр нэхърэ нэхъ гукъыдэжынши нэхъ IэпцIупцIу хуэпаи гъуэтыгъуейт. АрщхьэкIэ – задезгъэкIурт. Мис а псоми къыхэкIыу арагъэнт нэлейкIэ къыщIызэплъхэр. Армыхъумэ хамэ къуажэ къикI Гуэщей Музэриф лIот сэ Iуэхутхьэбзэ лей къысхуищIэн щIыхуейр? Шакъэ плъыжькIэ зэдгъэзэхуэжа уи лэжьыгъэмкIэ къэпхьа оценкэр пхуэдгъэуващ, жиIэрэ ежьэжамэ, ар зыкIи пхуэгъэкъуэншэнутэкъым. Ауэ сэ Щытхъу тхылъым сыхэкIыжынкIи хъунут. АрщхьэкIэ гущIэгъу зыхэлъ къуэшыркъуей щIалэм Iуэхур здэщыIэр тэмэму къыгурыIуэри…

«КъыгурыIуэри» жыхуэсIэращ. Ди зэманхэм щыгъуэ школым зэрыщрагъаджэу щытаращ. ЕплIанэ классыр къэбухыхукIэ предмету хъуар зэрыбджыр адыгэбзэт. Пэжщ, урысыбзэми сыхьэт бжыгъэ гуэр хухэхат. Абыхэм щыгъуэ еплIанэр къыщыбухкIэ (выпускной) экзаменхэр уагъэтырт. Ар пхузэфIэмыкIрэ – укърагъэнэжырт. Псори тэмэму къохъулIа – адэкIэ зы нэкIэ укIуатэрт. Етхуанэ классым предмет псори урысыбзэкIэ щыбджырт. Адыгэбзэ грамматикэмрэ литературэмрэ урок пыухыкIахэр къалъыс къудейуэ арат.

Зэрыщытар апхуэдэут, сэ етхуанэм сыщыкIуа 1950 гъэм нэсыхукIэ. АрщхьэкIэ, дызэрыщыгъуазэщи, зыми емыщхьым бабыщыщхьэ къы-

фIокIэ зытражыIыхьыжами ярей ди къэралыр дуней псом щыземыкIуэ зэхэтыкIэ пхэнжым и гъуэгум теувауэ къекIуэкIырти, ди псэукIэкIи ди лэжьэкIэкIи адрей хэкухэм дакъыкIэрыхурт. Ауэ ди «ефIэкIуэныгъэхэр» гъэвуунымкIэ дыстэхъаныжьт. А стэхъанхэри Стэхъан зэращIу щытам теухуа хьэгъэщагъэхэри (приписскэхэр) иужькIэ къыщIэщыжащ. Ауэ, дыщыуащ, дуней псор зэрыкIуэ гъуэгум дыкъытемыкIыу, алъандэм дыкъызэрекIуэкIам дытету ди псэукIэр едгъэфIэкIуамэ, зыдужьамэ нэхъыфIат, – жаIэу закъыхуэумысыжыртэкъыми, адэкIэ задзырт, мыдэкIэ зыкъадзыжырт. КIэ зимыIэ гъэунэхуныгъэхэр ирагъэкIуэкI зэпытт. А псом пымылъу, нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ цIыхухэмрэ къаубыдурэ ахэри ди социализм дыжьынымрэ дызыхуэкIуэ коммунизм дыщэмрэ (пэжщ, абы дынэмысурэ, игъащIэкIи дынэсынутэкъым! – ди къэралыр лъэлъэжащ, зауэ-банэкIэ къаубыда лъэпкъхэр хуит хъужащ) щыдгъэпсэуну дыхущIэмыкъуу, псэукIэ зиIэ къэралхэм дадэплъеямэ нэхъыфIу къыщIэкIынти… АрщхьэкIэ «капитализмэм и бжьым щIэт» американхэр, англичанинхэр, францухэр, мыдэкIэ укъэIэбэмэ, нэхъ ди гъунэгъу нэмыцэхэр, японхэр, финн «тхьэмыщкIэхэр» тфIэгуэныхь хъууэрэ… Ахэр здынэсари дэ ноби ди псэукIэр зыхуэдэри долъагъу… Пэжщ, ди къулейсызыгъэмкIи нэхъ мащIэ дыдэрэ псэунымкIи бжьыпэр зэрытIыгъымкIэ, адрей къэралхэм икъукIэ дакъызэрыкIэрыхум щхьэкIэ зауэм дызэрыхэтар зи щхьэусыгъуэ мыухыжххэри щыIэщ. Ахьей зауэм икъукIэ дыкъилъэхъа! Ауэ, лIэун, Тхьэм и шыкуркIэ, ди къэралым и щIыпIэ псоми фашистхэм я лъэр нахусауэ щытакъым. Езы нэмыцэхэм (уэ уихуэжыну ухуэмеймэ, нэгъуэщIым мащэ хуумытI, жи) къызэщIагъэста мафIэм я хэкур зэрыщыту хэхуэжауэ щыта пэтми, абыхэм зыкъаужьыжу яухуэжа къэралри абы и цIыхухэм я псэукIэри щыплъагъукIэ, уигурэ уи щхьэрэ зобгъэж: псэ мелуанхэр зыта, гъущыж зимыIэ гуауэ хьэлъэхэр къызытепсыха, ауэ зауэр зи текIуэныгъэкIэ иуха ди цIыхухэм Алыхьыр щхьэ къеуат?.. Пэжщ, Алыхьым жеIэ: уэ хьэрычэт щIэ, сэ берычэт хэслъхьэнщ…

Мис а хьэрычэтыр щыпщIэн, къэблэжьыр щыпхурикъуж зэхэтыкIэм упэIэщIэмэ, социализми коммунизми зыщамыухуа, атIэ лажьэурэ хъарзынэу псэуж къэралхэм уехъуапсэу уи гъащIэр пхьынущ. ЦIыхум пщIэ щыхуамыщI хэкум сыт хуэдэ гъэунэхугъэри щегъэкIуэкI – уи зэхэтыкIэм укъыдихыжыну угугъэмэ – ущоуэ. Ар мызэ-мытIэу нэрылъагъу щыхъуащ ди деж.

Мы псор къыщIезгъэкIуэкIаращи, школым сыщIэс щIыкIэ си щхьэкIи си нэгу щIэкIащ, згъэващ апхуэдэ зы гъэунэхуныгъэ.

Сэ школым сыщыщIэтIысхьэжа 1948 гъэм еплIанэ классхэр плIы дыхъурт. Ар узыщыгуфIыкIынт: ди лъэпкъым, Алыхьым и шыкуркIэ, щIэблэ зэриIэр нэрылъагъут. Нобэрей зэманым дыкъэбакъуэмэ-щэ? Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ фIыгъуэ, уасэ зимыIэ мылъку нобэ ди къуажэхэм щыбгъуэтыжынукъым.

Илъэсит I-щы япэкIэ Анзорей куейм драгъэблэгъат. ЗэIущIэм щIимыдзэ щIыкIэ, хабзэ зэрысхуэхъуауэ, сыщIоупщIэ: япэ, етIуанэ классхэу дапщэ фиIэ? Дапщэ жыхуэпIэр сыт? Зы япэ класс диIэщи, абы щедгъэджэн гуп тхуримыгъэкъуу хьэзабыр дошэч… Ди жагъуэ зэрыхъущи… ди цIыхухэр лъхуэжыркъым, – я щхьэр къахуэIэтыркъым сызэупщIа егъэджакIуэхэм. Щхьэж Iуэхум зэреплъым тещIыхьауэ, абы щхьэусыгъуэ гуэрхэри къыжаIэ: япэхэм щыгъуэ цIыхум диныр нэхъ я фIэщ хъурти, Алыхь Iэмыр хэлъу, бзылъхугъэм къыкIэрыпщIа быныр зыкIэридзыжын

шынэрт. Хабзэми идэртэкъым ар пщIэныр. Иджы лIо? Тыншуи зыкIэрагъапщIэри (щэхуу е нахуэу) гугъущэ демыхьхэуи зыкIэрадзыж… Апхуэдэ псалъэмакъ гуфIэгъуэншэм и ужькIэ, тхьэр бгъэпцIащ, гуфIэгъуэкIэ гъэнщIа ди псэукIэ дахэм теухуа усэхэм уакъыхуеджэу цIыхум я пащхьэм уимыувэмэ… ГулыцI, напэ, зэхэщIыкI уиIэмэ, «ди цIыхухэр щIэмылъхуэжыр» къыбгурыIуэн хуейщ: щхьэлажьэхэщ. Я Iуэхур хуэщIакъым. Къалъху сабийр зыхуей хуагъазэу яхуэпIыжынкIэ ягурэ я щхьэрэ зэтелъкъым. Ауэ ноби щокIуэкI ди къэралым гъэунэхуныгъэхэр. ЦIыхум къахуэщхьэпэу умылъагъу гъэунэхуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Ахэр зэрекIуэкIри къэрал унафэкIэщ…

Зи гугъум сыкъытекIуараща, 1950 гъэм ди 5-нэ «б» классым къыттепсыха гъэунэхуныгъэри зэрекIуэкIар къэрал унафэкIэт. Зы лъэныкъуэкIэ, ар унафэ Iей хуэдэтэкъым: лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэр хъума хъуным хуэщхьэпэным тещIыхьа хуэдэу къыпфIэщIырт. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ укъыщеплъыжмэ-щэ? Япэрауэ, а лъэхъэнэхэм лъэпкъ щIэныгъэлI Iэзэхэр ди мащIэу, къыфIэбгъэкIмэ, димыIэххэу зэрыщытам къыхэкIыу, дызэреджэ тхылъхэр хьэдэгъуэдахэу зэдзэкIат. Укъызэджэри, пщIэн хуейри къыбгурыIуэртэкъым. АтIэми, математикэм, физикэм хуэдэ тхылъхэр апхуэдизкIэ мыурысыбзэ-мыадыгэбзэу зэрадзэкIати, а бзитIымкIи удурдылми, есэпхэр зэрыпщIыжыну щIыкIэр къыбгурыIуэн папщIэ, икIэ къинамэ, а предметхэмкIэ дезыгъаджэ Джэрыджэ Хьэзешэу, Гуэщей Музарифу, Къашыргъэ Назиру ущытын хуейт. Дэ а лIы Iэзэхэм дахуэмыдэм шэч хэлътэкъыми... Ауэ абыхэми дызэрырагъаджэ тхылъхэр бзитIымкIи тедзауэ езыхэм яIыгът – я щхьэм щхьэкIи, дэр щхьэкIи. Арыншауи хъунутэкъым – дызэгурыIуэнутэкъым. Дэ, адыгэбзэкIэ еджэ цIэр къытфIащаща, дызэрылажьэр, минрэ дыадыгэми, къыдгурымыIуэж ящIа адыгэбзэ тхылъхэрат. Пэжщ, Iэмалыншагъэм дрихулIэурэ, урысыбзэкIэ тедза тхылъхэри зыдэдгъэIэпыкъун хуей хъурт. Абыи гугъуехь пыщIат: тхылъхэр тIуащIэу къытхуэщэхуртэкъым… ХэкIыпIэ нэхъ тынш дыдэу дгъуэтыр лъэIуэнрати… А предметхэр урысыбзэкIэ зыщадж ди гъунэгъу классхэм (параллельнэхэм) щIэсхэм делъэIуурэ, я щхьэр дгъэузу, ди щхьэри дгъэлъахъшэу илъэсищыр къетхьэкIащ.

А къезбжэкIа бэлыхь къомым нэмыщIыжкIэ, а гъэунэхуныгъэм и «сэбэпу къыдэкIар» лIо? Сабийм нэгъуэщI бзэр ебгъэщIэну щынэхъ тыншыр ар щыцIыкIум дежщ. Мобыхэм щыгъуэ адыгэ къуажэхэм урыс унагъуэу дэсхэр закъуэтIакъуэххэт. Ди егъэджакIуэхэм я нэхъыбэри къалэм никI кIуэркъэкIуэжххэт. ЖыпIэнурамэ, урысыбзэ нэхъыбэрэ щызэхэтхыу диIэр бэзэрырат. Абы къыщытщIэ нэгъуэщIыбзэм и къэухьыр «пэчом», «что» псалъэ закъуэтIакъуэм кънтIасэрт. АбыкIэ жыжьэ унэсынт? Арат, мыщэм дыгъужь фIэбэлацэщ жыхуаIэу, зым зыр ауан зытщIыжу, щIэнэкIалъэ дыщIэхъур. Псалъэм папщIэ, сэ къысщыщIарат.

Ди анэнэпIэсым (махуэшхуэ гуэрым ирихьэлIэу ара хъунт) джанэщIэ (къызэрекIуэкI хабзэм хуэмыдэу: нэхъыжьхэм ялэжьар сэ схузэригъэзэхуэжу армырауэ) схуидырт. Iуэхур и кIэм нигъэсу щыхуежьэм: «ЛафкIэм жэи метищ къэщэху», – жи.

Дэ тыкуэнитI диIэт: нэхъ иныр ЩхьэлыкъуэцIыкIу адрыщIт. Ар нэхъ жыжьэт. ЕтIуанэр чырбыш-кхъуэщын заводым тетт. Ар тпэмыжыжьэ пэтми, дэ нэхъыбэу дыздэжэр нэхъ жыжьэрат. Сыт щхьэкIэ? Абыхэм щыгъуэ ди заводым (ар 1929 гъэ лъандэрэ дэтщ Щхьэлыкъуэ) нэхъыбэу щылажьэр урысхэрат. Ахэр икIи абы щыпсэурт. Хьэрф «г»-м ещхьу ящIа

унэ лъахъшэ кIыхьышхуэ зэпытыр пэш цIыкIу зырызурэ зэпыгъэлыкIауэ, бынунагъуэшхуи зэрыгъэхъуахэу щIэст. Щхьэж и унэбжэм хуэзанщIэу пщIантIэм дэтт пхъэбгъужьхэр е чырбыш къутахэр къагъэсэбэпурэ псэущхьэхэм хуащIа егъэзыпIэжь цIыкIу зырызи. Я кхъуэри я джэдкъазри зэщIыгъуу абыхэм щаIыгът. Япэ лъэхъэнэхэм кхъуэхэр къыщIагъэкIрэ муслъымэн губгъуэм къраутIыпщхьэу щымытамэ, 1944 гъэм и гъатхэ нэужьым (ар щхьэ бзыщIын хуей? Бандит фIащу леишхуэ зраха къущхьэхэр щрашам) фэ Iей къыдаплъурэ, адыгэхэр тегушхуэгъуафIэ дыкъащIауэ, я нэр къытхузэрагъэдзэкI хъуауэ зэрыщытар щынэрылъагъур тщэну къэтхьар «пэчоми» сыти хэмыту ящтэу щежьэж къыщыхъу бэзэрым и закъуэтэкъым – а Iуэху бгъэдыхьэкIэр зауэ IэнатIэми щекIуэкI хъуауэ зэрыщытар къаIуэтэжырт дыгъуасэ мафIэ лыгъейм зи псэр къыхэзыхыжа сэлэтхэм…

НтIэ, арати, муслъымэнхэр зыщымэхъашэ кхъуэхэр ди Iэщхэм яхэту хъупIэ дахэшхуэм къоужьгъэ. ЗэхатIыхь. А псэущхьэхэм дазэрыщымэхъашэр мыхъуамэ, урыс сабийхэм дахэтурэ, захуэр жыпIэмэ, езыхэр къытхэтурэ, абыхэм я бзэр тIэкIу зэдгъэщIэфыну къыщIэкIынт жысIэнущи, ари щхьэгъэпцIэжщ: дэ дэлъытауэ, ахэр нартыху хьэжыгъэм хакIутэ гуэдз хьэжыгъэ хэудапхъэм ещхьт – мащIэхэт. Дэ я бзэр дагъэщIэным и пIэкIэ, заводым никIыурэ ди школым накIуэхэм адыгэбзэр зрагъэщIауэ, уэрсэрыжьу къыдэпсалъэ хъуахэт… Заводым утехьэн папщIэ, мо псэущхьэ Iуплъэгъуейхэм уаблэкIын хуейт. Дысабийми, дэри ар тфIэдурыстэкъыми, нэхъ тпэжыжьэ лафкIэшхуэм дыжэрт. АрщхьэкIэ джанэщIэ щысхуад мо махуэм нэгум щIэлъ гуфIэгъуэр лъэгум нэхъ псынщIэу нэзгъэсын папщIэ, заводым сожэх. Сызыщымэхъашэ, зи макъри зи мэри сфIэмыгурыхь псэущхьэхэр псынщIэу къызэзнэкIри, мо пэщхъыныхъухэр къыскIэлъыжэми ярейуэ, сыбауэ-сыбапщэу тыкуэным сыщIэлъэдащ. А тыкуэныр дыщIимыщIасэм щыщт урысыбзэр зэрыдмыщIэри. Абы Iуэхур «пэчом», «что» къудеймкIэ щызэфIэкIынутэкъым – узыхуей хьэпшыпым и цIэри къипIуэн хуейти… «Почом мет? Метищ дэвай!» – зэкIэлъызогъэпIащIэ – мо сыкъызыблэжа псэущхьэхэм сазэрыблэжыжынумрэ сызрихьэлIэжыну щыгъыныщIэмрэщ си щхьэм итыр. А псоми зыри хэзымыщIыкI, си урысыбзэри къызыгурымыIуа цIыхубзым и напIэр щэтегъауэ ещI: «Что-что?» – жи. Сэ сызыхуейр абы и «что»-ратэкъым – метищт. Ар къызэрыгурымыIуэм сризэгуэпу «мет дэвай!» – си макъым зызогъэIэт. Тхьэм ещIэ, «мет»-р, «мат» псалъэм хуихьагъэнщи, мор къыстокIие: «Какой такой мат? Что тебе надо?!»

ДыщызэгурымыIуэм сщIэращ: мобырэ сэрэ дяку дэт телъхьэпIэм щэкIыщхьэ шыхьахэр телът. Ахэм ябгъурылът щэкIыр къызэрыпапщыкI пхъэ метр. Ар къызопхъуатэ. ТелъхьэпIэм зытызогъащIэ, сыщхьэпроIэбыкIри: «Вот етэ дэвай!» – жысIэу метрыпэмкIэ соIусэ адэ нэхъ жыжьэу щылъ метхэм. ИтIанэ цIыхубзыр къысхупогуфIыкI: «Мальчик, это называется пуговица. Запомни это», – жери къещтэ IэхъуамбэхэмкIэ езгъэлъэгъуа мет бжыгъэр. Абыхэм я «пэчомыр» сIех, «пэчомыншэуи» зы къысхущIегъужри… МакIуэ-мэлъей!..

Си закъуэтэкъым апхуэдэхэр къызыщыщIыр.

«Мет дэвай»-р къызытехъэеикIа джанапхъэр си анэнэпIэсымрэ сэрэ къыщытщэхуми дыхьэшхэн дыхэхуат. Дэ нэхъыбэу дыщыщахуэр журт тыкуэнхэрат. Абыхэм адыгэбзэр уэр-сэру ящIэрти, тыншу дызэгурыIуэрт. Ауэ а махуэм дызыщIыхьам щIэтхэр урыс защIэу къыщIокI. ХьэкIунэ

и урысыбзэри сысейм нэхърэ нэхъ жыжьэ нэсыртэкъыми: «Чэсыргей метритI дэвай», – жи. «Что-что?» «Уи щторакъым сэ сызыхуейр! Чэсыргей дэвай!» – си анэнэпIэсым и макъым зрегъэIэт. «Какой Сергей тебе нужен?» – урыс цIыхубзри къогубжь. «Вот такой», – жыхуиIэу, и бостеиплIэр ирегъэлъагъу – мыр къызыхэщIыкIам хуэдэщ сызыхуейр кърigъэкIыу. Арщхьэкlэ ар мобы къызэрыгурыIуагъэнур мыбы ещхь джанэ зыщыгъ Сергейуэ е нэгъуэщI зыгуэру къыщIэкIынщи, кIуэцIыбжэр Iуех, маджэри адрей пэшым къыщIеш зы лIышхуэ. АитIур тIэкIурэ зопсалъэ. ИтIанэ: «Я Сергей, – жи лIым. – Что надо?» Ауэ ди ХьэкIунэ зыхуейр апхуэдэ чэсыргей–Сергейтэкъыми, мо «щхьэдыкъхэм» ятокIие: зыхуей щэкIым и цIэ чэсыргейри, ар джанэу зыхуидыну сэри, езым щыгъ бостеиплIэри Iэпэтэрмэшкlэ ярегъэлъагъу. Арщхьэкlэ лъэныкъуитIыр зэгурыIуэркъым. Абы хэту, Алыхьым ирегъэхутылIэри, ди журтхэм ящыщ зы къыщIохьэ. «Сыт, ди шыпхъу, мы Сергей ныбэкъыжьыр зэрыпщIынур. Сэ… сэ?» – къыпогуфIыкI журтылIыр… «Сыхьэт мыгъуэм хуэмызэнхэ! Сэ сэргей щхьэкIи уэр щхьэкIи сылIэрэ? Чэсыргей метритI сыхуейщи!!!» – щыжиIэм, ХьэкIунэ и псалъэхэр мобыхэм яхузэзыдзэкIыжари, тыкуэнтетхэри, абдеж щытхэри зэщIодыхьэшхэ…

А щIыкIэм тету къэтщэхуат си «мет дэваир» «къэзылъхуа» чэсыргей (ситец) джанапхъэр. Апхуэдэ дыхьэшхэн-дыхьагъхэм куэдрэ дыхэхуэрт ди урысыбзэ мыщIэныгъэм къыхэкIыу…

Дэ дэлъытауэ, хуабжьу зигъэурысыбзисту, дэр нэхърэ зэрынэхъ Iэзэр и напщIэм телърэ зыкъытхуигъэлIу гъунэгъу щIалэ диIэт. Апхуэдэу зыщIибжыжым и щхьэусыгъуэрат: япэрауэ, езыр дэр нэхърэ тIэкIуи нэхъыжьт, къимыдэкIэ, фIыуэ зигъэгувэу зауэм къикIыжа и шынэхъыжьым урыс нысэ къахуздишэри къэкIуэжати… Абы и фIыгъэкIэ урысыбзэр уэрсэру зригъэщIауэ зыкъыщыхъужырт. А имыщIэ бзэм ирипсэлъэнри и жагъуэтэкъым. Ауэ абы и зэран Мухьэмэд къызэрекIар зылъэгъуар, иужькIэ ар Iэджэрэ зэгуэзыгъэпыжар си закъуэкъым. Ар зэрыхъуарат.

Дэ мэзыншэу дыпсэуфынутэкъым – дгъэсри тшхыри къызыщIэтхыр, къызыщIэтшыр арат. Арщхьэкlэ мэзхъумэхэм гъуэгу къыдатыртэкъым. Абыхэмрэ дэрэ дызэзауэ, дызэщакIуэ зэпытт. Пэжщ, текIуэр дэрауэ къыщIэкIынт: мохэр къыткIэрыщIауэ яфIэдухат ди гъунэгъу мэзхэр – жэщкIэрэ. Къиднар къуацэ-чыцэхэмрэ мэз пхъэщхьэмыщхьейхэм къадэжыжахэмрэт. Ауэ абыхэми урагъэIусэртэкъым. Мис иджы мэзхъумэхэр кIуэжагъэнщ жыдоIэри, дыгъэ къухьэгъуэ нэблэгъауэ, махуэ гуэрым щIалэ цIыкIуиплI дыдокI. Гъуей лъапэр ЩхьэлыкъуэшхуэбжьэпэкъеуалIэрт. Псым узэрызэпрыкIыу баналъэти, абы дыхыхьарэ мыч-мыбжьэгъу тIурытI-щырыщ нэхъ пыдмыупщIауэ, мэзхъумэр къыдбгъэдохьэ. Ари нэхъ тфIэугъурсыз дыдэу, нэхъ дызыщышынэ дыдэрат. Дэ мэзхъумэхэр угъурлырэ угъурсызкIэт зэрызэхэддзыр. Абыхэм псоми я къалэн ягъэзащIэу арат: дэ идгъэкъэбзыкI, зи лъапсэм псыр идгъэжыхьыж мэзыр яхъумэну, къызэтрагъэнэну арат лэжьапщIэ къыщIратыр. Ар ямыщIэнумэ, лIыри шыри щIэбгъэхьэулеинур, уэщыщхьэм уэщыкIыр кIэлъыбдз нэхъей, абыхэм ират ахъшэр псыхэкIуадэ щIэпщIынур лIот? Дэ а псоми дегупсысыртэкъым – ди унэхэр хуэбэн, дышхэн, а тшхынури щыттIэгъэнури къызэрытщэхун диIэн хуейт. А псомкIи ди къигъэхъуапIэр мэзырат. Арыншэу дызэрымыпсэуфынур къызыгурымыIуэ мэзхъумэхэм дахузэгуэпу, дахуэшхыдэу арат ахэр угъурлырэ угъурсызкIэ щIэдгуэшыр. Угъурлыуэ къытщыхъур нэхъ гущIэгъулыхэрат – абыхэм дызэхащIы-

кIырт: ди гу цIыкIухэр, Iэжьэ цIыкIухэр якъутэртэкъым, ди джыдэ-кIапсэхэр ттраххэртэкъым. Къыдэшхыдэхэрти, IэнэщIу дыкъаутIыпщыжырт. Мо махуэм къытхуэзар нэхъ угъурсыз дыдэ, дызэрытхьэмыщкIэри дызэрыгъхэри щайуэ къизымыдзэу дызыгъэгуIэ, дызыхъунщIэ нэхъ джаур дыдэрати… Ар зэрытлъагъуу, плIыми ди щхьэр къыфIэхуащ, ди Iэ-ди лъэр щIэхуащ. Мор шым къепсыхщ, хъуанэцIанэу къыдбгъэдыхьэри, псом япэу джыдэр зыIэщIигъэкIар сэращ. Абы сызэрыпэрыуэн урысыбзэ сщIэртэкъыми, екIи фIыкIи си жьэ зэщIэсхакъым. АдэкIэ къыщытхэр си адэ къуэш бынхэрати, ахэри джыдэншэ ищIащ. Зызыгъэурысыбзист Мухьэмэд алъандэм дзэху Iурыгъэлъэда нэхъейуэ щытащ. Iуэхур езым и дежи щынэсым, дэ тхуэдэу тегушхуэгъуафIэ пщIы зэрымыхъунур (дыкъэзылъхуахэм дызыгъэшкIэу жаIэ щхьэкIэ, абы икIи зигъэнэхъыжьти-тIэ, зыкъызэрытхуигъэлIыр щIыттезагъэм ари хэлъу къыщIэкIынт) и фэмкIи, и гуэгушыхъу зыгъэцыджыкIэмкIи къигъэлъагъуэу, джыдэр и щIыбагъым ирехьэкI – уэстынукъым жыхуиIэщ. АрщхьэкIэ лIы домбей Сирожэ-Кхъуэрожэ (къикIыр дымыщIэми, нэхъыжьхэр и нэщIыбагъкIэ апхуэдэу еджэу зэхэтхырт) тыншу пкIэрыкIынт? Ди ныбжьэгъу цIыкIум зрепщыт. Ди джыдищри хыфIидзауэ, мобы йофыщIауэ. Дэри «дылIыхъужь» мыгъуэщи, джыдэхэр къытхуэщтэжыркъым, ди гъусэми дыкъыщхьэщыжыфыркъым. МоитIур зоныкъуэкъу. Зыкъезыдза лIы пIащэжьыр къызэрытекIуэнур хьэкъыу къызыгурыIуа ди Мухьэмэду плъагъуми инышхуэу гъуэгыу щIедзэ. Ари фIэмащIэу, урысыбзэм «зэрыхуэIэзэр» къегъэлъагъуэ: «Трибанапцэцыкуиш щхьэкIэ тэпор отбират пщIыну, ёвэшэмат?!» – уафэм сабэ дрепхъей. Сирожэ-Кхъуэрожэ Iэл фIыцIэу къызэкIуэкIауэ, хуищIэу ди ныбжьэгъум къощхьэфауэ. Ар апхуэдизу къыщIызэкIуэкIар дэищым къыдгурыIуэркъым – Мухьэмэд зэхитхъуа-зэхипща адыгэбзэ-урысыбзэращ жытIэнущи… Шыудз щытщэхэм деж къызэрыдэупщI «пэчом»-м жэуапу: «КIушкIэ три», – жыдоIэ: «трим» къикIыр гурыIуэгъуэщ: сомищ. «Трибанапцэцыкуиш…» абыи къикIыр банапцIэ цIыкIуищ жиIэу аракъэ? Абы щхьэкIэ хъийм ущIикIынур сыт? Ди ныбжьэгъум жиIэр пэжщ: банапцIэ цIыкIу щырыщ пыдупщIауэ аращ. Iуэхур здэщыIэр лIот-тIэ? «ёвэшэматым» къикIыр сыту пIэрэ? Ар, дэр дэнэ къэна, ди нэхъыжьхэми ящIэу узиIэт. Пэжщ, абыхэм щIэх-щIэхыурэ къажьэдэхуу зэхэтхырт, иужькIэ къызэрытщIамкIэ, псалъищу зэхэлъ, ауэ езыхэм псалъэхэри хьэрфхэри зэхаIуантIэу зы псалъэ ящIа «ёвэшэматыр». АрщхьэкIэ а псалъэм хъуанэ къикIыу зэрамыщIэр сэ къыщысщIар Iэджэ дэкIыжа нэужьщ: еджакIуэ сыщыIэущ…

АфIэкIа школым сыкъыщIамышыжынымкIи, фIыуэ седжэн зэрыхуеймкIи, усэ тхыным и гъуэгум сытехьэнымкIи, нэгъуэщI IэджэкIи зи фIыгъэ куэд къызэкIа, шыпхъу нэхъыжьыфIуи егъэджакIуэ телъыджэуи сиIа Куэшмэн Симэ (зейхэмкIэ Быцэ, мыдрейхэмкIэ Сэма, Серафимэ Кетмурзовнэ) и письмо бжыгъэншэу нысIэрыхьэхэм ящыщ зым зэритымкIэ, мыгувэу Мэзкуу нэкIуэнут абы и дэлъху ПIытIитI. ЗэрымэлыхъуэфIым щхьэкIэ ВДНХ-м нагъакIуэу арат. И зы мэлыхъуэгъурэ жэмыш пашэ лIитIрэ щIыгъуу.

Симэ къызэрызэлъэIурат: абыхэм мафIэгум сакъыщыIущIэу я увыIэпIэ хьэщIэщым нэзгъэсыну, тIэкIу зыхущIэзгъэхьэурэ салъыгъуэзэну. Ар сэ къызэхьэлъэкI хъунутэкъым. АтIэми, зи фIыщIагъэ куэд стелъ Куэшмэнхэ я пхъуищ и нысэт анэ палъэ схуэхъуа си анэ шыпхъу Къуныжь Бабынэ. КъимыдэкIэ, сэ а унагъуэм сыкъызэралъэгъуамкIэ, я

ерыскъы Iэфly сагъэшхамкIэ, ПIытIитI и мызакъуэу, абы щIыгъу лIищри (ахэри фIыуэ сцIыхурт) IэплIэкIэ къесхьэкIыну схуэфащэт. Арат сэркIэ ар щIэмыIуэхутхьэбзэр, атIэ щIэкъалэныр.

Сапожьэ си къуажэгъухэм. ИкъукIэ сащогуфIыкI.

«Дот и къуэр дауэ ущыт?» – жаIэу, езыхэри къысхуогуапэ. ФIыщIэ къысхуащI.

Июнь мазэти (экзамен тыгъуэти, зи дзэр шы Симэ зыхущIэзгъэхьэну къыщIызэлъэIур арат), хуабэвэхт. Ауэ си къуажэгъухэри хуабэу хуэпат: шырыкъу лъапщэ кIыхь ялъыгът. Зи лъапэхэр абы дэупщIа джэлэфей гъуэншэджым къытеутIыпщхьа къэруакъ джанэм адыгэ бгырыпх гъэщIэрэщIа щIэпхэжауэ, бухъар пыIэ лъагэ дахэ ящхьэрыгъыу… Езыхэр лIы къуэгъу къекIухэт. Къабзэлъабзэхэт. Мэзкуудэс ныкъуэпцIанэ-ныкъуэтIэщI къомым (псом хуэмыдэу бзылъхугъэхэм) яфIэемыкIуу щIызэплъыжхэр махуэ хуабеймрэ мохэр зэрыхуэпамрэ яхузэхуэмыгъэхъуу арагъэнти… Ар ящызыгъэгъупщэжын псалъэри зэхахыу щIадзэри… Зы такси къэсщтамэ хъунут, си хьэщIэхэр плIы мэхъу, сэ сраетхуанэщи… МаршынитI уасэми дызэкIэрыхункIэ зэрыхъунуми сегупсысри… сыщыуащ. «Мыр ди Нано къыпхузигъэхьащ», – жиIэу ПIытIитI къызита хъуржыным дагъэр къызыпхиващ. МэзкуудэсхэмкIэ мыгурыIуэгъуащэ, ауэ сэ сфIэгурыхь ерыскъымэм ихъуреягъыр зэщIищтащи, бысымхэм я пэхэр зэрагъалъэ. Я щхьэхэр ягъэкIэрахъуэ. Сэ кхъуейплъыжьымэ дахэри кIапэ шыуа гъэгъуам и мэ гуакIуэри изогъэмэрэкIуэх. ХьэпIацIэм хуэдэу Iув цIыхум дэ щхьэлыкъуэдэситхум фIэкIа Iуэху ямыIэми ярейщ: дызэпаплъыхь, къыткIэщIопэмыхь. А псори зырикIт, абдеж абыхэм зэхаха псалъэм елъытауэ: «Ёвэшэмат, феплъыт мобы!» – жери, метром щилъагъу телъыджэхэр фIэгъэщIэгъуэну, къыхокIиикI си гъусэхэм ящыщ зы. Псалъищу зэхаIуэнтIа а псалъэ закъуэм къикIыр къызэрысщIэрэ зыкъом щIащи, мобыхэм солъэIу апхуэдэу жамыIэну. Адрей псори зэрыжаIэр адыгэбзэщ. Ауэ гъэщIэгъуэн къащыхъу Iэджэ зэралъагъуу, а псалъэр къажьэдоху.

Ари ину кIийхэу. Согузавэ. СоукIытэ. Метрор ди джыдэхэр щыттрахыу щыта гъуей лъапэми Iэщыхъуэхэр зэрыт губгъуэми щемыщхькIэ… Пэжщ, тхьэрыIуэкIэ еупщIи, абыхэм къыбжаIэфынукъым а «псалъэ закъуэм» хъуанэ хуэмэбжьымэ къикIыу. Сирожэ-Кхъуэрожэ дыщигъэгъам щыгъуэ дэри ар Iейм хуэтхьатэкъым. Пэжщ, мобы щыгъуэ «пэчом» нэхъыщхьэ зымыщIэ зэш цIыкIуищым ди кIэныр къикIат: Сирожэ-Кхъуэрожэ ди джыдэхэр къыдитыжат. Урысыбзэр «Iэпэм къезышэкI» Мухьэмэд фIыуи къаубэрэжьауэ, джыдэншэуи къэкIуэжауэ щытащ. Абы сэ къысщыщIа си «мет дэвайри» тщигъэгъупщэжарэ, мор ауану къытхуэнауэ урысыбзэкIэ дымыгъэпсэлъэжу Iэджэрэ дыкъекIуэкIащ…

Ди урысыбзэм дыздынихьэсыр арат. АбыкIэ батэр бгъэшынт? Жыжьи унэсынт? А бзэм дыкъилъахъэ зэпыту дыкъекIуэкIыурэ, тхьэмыщкIэм Тхьэр хуэлъэщ зытражыIыхьыжым и махуэр къытхуэкIуэри…

Дэ дызыхадзэгъа гъэунэхуныгъэр къэзыгупсысахэр жыжьэрыплъэу щытауэ, фIы ягу илъауэ си щхьэкIэ схужыIэнукъым. Сыт щхьэкIэ? Зи щхьэкIэращ. Хъунщ. Здэнт ебланэр къэзыух сэ схуэдэхэм техникумхэм зэрыщIэтIысхьэну экзаменхэр адыгэбзэкIэ щыIахыну щытамэ. Арщхьэкlэ – ухуеяти! Апхуэдэу пхудачыхыну щысхэт жи! Урыс школхэм щеджахэм е лъэпкъ школхэм предмету хъуар урысыбзэкIэ щызыджахэм урагъусэу экзаменхэр птын хуейт. Сэ, псалъэм папщIэ, абыхэм садэ-

хъунт? Щыгугъ! Гъэунэхуныгъэм хиубыдэу си гъусэу ебланэр къэзыухахэм ящыщу техникумхэм щӀэхуаӀауэ щытауэ сщӀэжыркъым. А еджапӀэхэм япэу щат экзаменыр урысыбзэкӀэ тхэнрати… Си классэгъуахэм я щхьэр къыфӀэхуауэ къагъэзэжауэ щытащ.

Ахэр еджапӀэхэм щӀыщӀэмыхуэфар лъэрымыхь защӀэу аратэкъым – экзаменхэр зэрырагъэтым ехьэлӀауэ къекӀуэкӀ хабзэхэм яхэлъ ныкъусаныгъэхэрат. Абыхэм сэ схуэдэ «бзэмыӀухэм» дифӀ зыхэлъ Ӏуэху лъэпкъ зэрахуэртэкъым. ЕмыкӀутэкъэ, хьэдэгъуэдахэтэкъэ, псалъэм папщӀэ, урыс школхэр къэзыухахэм Щхьэлыкъуэ, Къармэхьэблэ, ХьэпцӀей адыгэбзэ защӀэкӀэ щеджахэр гъусэ яхуэпщӀу урысыбзэкӀэ экзамен ебгъэтыну? Мы жысӀэр зыфӀэмыгъэщӀэгъуэнхэр, щхьэр згъэузу къызыщыхъухэр фегупсысыт мыбы.

Алыхь Ӏэмырым къимытӀасэ щыӀэкъым. НтӀэ, мис а Тхьэ Ӏэмырым ипкъ иткӀэ, Ломоносов Михаил и цӀэр зезыхьэу Мэзкуу дэт еджапӀэ цӀэрыӀуэм щӀэтӀысхьэнхэ я гугъэу, псалъэм папщӀэ, абы къекӀуэлӀахэу дощӀ Шекспир, Руставели, езы Ломоносов дыдэ сымэ, ди ПащӀэ Бэчмырзи абыхэм яхэту. ЗыщӀыпӀи щымыцӀэрыӀуэ зы нэзэв цӀыкӀуи, мобыхэм нэхърэ сынэхъыкӀэ сэ, жери Мэзкуу къэкӀуащ. Ауэ, гъэщӀэгъуэнракъэ, зэрыщӀэтӀысхьэну экзаменхэр зэрыӀахыр… китаибзэщ! Нобэ езым и цӀэр зезыхьэ Михаил Васильевич дыдэри яхэту, зым и пӀэм цӀыхуитху иту экзаменхэр щат зэпеуэм (конкурсым) щатекӀуэу, еджапӀэм щӀэхуэнкӀэ хъунур мо лӀы цӀэрыӀуэхэрауэ пӀэрэт хьэмэрэ зи насыпым кърихьэкӀа китай цӀыкӀурауэ пӀэрэт?..

Мыбдеж тӀэкӀу щӀэзгъатхъэу, езгъэлейуэ къызыщыхъунхэри щыӀэнкӀэ мэхъу. Дэ дыщыпсэу къэралым псори, – ди хуитыныгъэхэмкӀи нэгъуэщӀхэмкӀи, – дыщызэхуэдэщ жаӀэнкӀи мэхъу. Сэ абы шэч къыщӀытесхьэн щыӀэщ. Псом хуэмыдэу бзэм ехьэлӀауэ. Пэжщ, си бзэм срипсэлъэжыну, сритхэну хуитыныгъэ сиӀэ хуэдэщ. ЩызиӀэр дэнэ? Ди унэ. Щхьэлыкъуэ. АдэкӀэ-щэ? НэгъуэщӀ къалэ укӀуауэ дэнэ къэна, къуажэхэм къикӀа адыгэхэм, балъкъэрхэм Налшык экзаменхэр зэрыщыӀахыр сыт хуэдэбзэ? А къуаншагъыр нобэ къежьа Ӏуэхуу зэрыщымытыр зэрыслъагъурэ куэд щӀащ.

1955 гъэм Литературэ институтым сыщыщӀэтӀысхьэм сэ «щы» ныбэф цӀыкӀу фӀэкӀа къызэрысхуэмыхьыгъам стипендием сыхигъэкӀыжауэ щытамэ, си гъусэу экзамен (япэр урысыбзэкӀэ тхэнрат) зыта сонэхэм, ермэлыхэм, къыргъызхэм, нэгъуэщӀхэми къахэкӀащ еджапӀэм щӀэмыхуэу зыгъэзэжахэр. Зи цӀэ къисӀуа Шекспир, Руставели, Ломоносов, ди Бэчмырзэ сымэ хуэдэу цӀэрыӀуэ защӀэ мыхъуахэми, абыхэми усакӀуэ хъарзынэ къахэкӀауэ зэрыщытам щыхьэт техъуэрт урысыбзэкӀэ зэдзэкӀауэ ахэм я тхыгъэ къом сызрихьэлӀэхэр…

Сэ сфӀэзахуэкъым экзаменхэр зэрырагъэт щӀыкӀэхэм, зэрырагъаджэхэм ехьэлӀауэ къэралым щызекӀуэ Ӏуэху зехьэкӀэхэр. Аргуэру къытызогъэзэжри, Шекспир, Руставели, Гете, Гейне сымэ я бзэхэр фӀыуэ ящӀэу, иригупсысэу, ирипсэууэ зэрыщытам шэч хэлъ хъункъым, ауэ, насып яӀэти, ахэр зыми ирихулӀэу къыщӀэкӀынтэкъым, я щӀэныгъэм хагъэхъуэн папщӀэ, еджапӀэ щӀэтӀысхьэн мурад ящӀамэ, нэгъуэщӀыбзэхэмкӀэ экзаменхэр ирагъэтыну.

Акъыл, талант зиӀэр сыт хуэдэбзэкӀи тхэ, сыт хуэдэбзэкӀи и щхьэр игъэлажьэ, гупсысэ мэхъу…

Дохутыр гъуэгумкӀэ зыщӀыпӀи сынэмысами, сэ сыпхызыхар зи гугъу

сщIыуэ сыкъызытекIа Щытхъу тхылъыр къызэрысхьарат. Ауэ ар къызатынри къилъахъэ пэтащ сэри урысыбзэм сызэрыхуэщIакъуэм.

Экзамену хъуар зэфIэкIауэ, сэ псомкIи «5» къызэрысхьар псоми ящIэу, къызэхъуапсэхэри къызэфыгъуэхэри щыIэу, махуэ гуэрым Гуэщей Музэриф къызоджэ: «НакIуэт модэ», – жери срешажьэ. Сэ сыкъогузавэ: къэхъуар сыт? Си Iуэхум зыгуэр щызэхэзэрыхьа? Абы щыгъуэ директору диIэр ди пхъурылъху КIэрэф Мухьэмэдт. Ауэ ар зэIущIэшхуэ гуэрым хэтыну Мэзкуу ягъэкIуауэ къэтт. Абы и къалэнри пIалъэкIэ зыгъэзащIэр егъэджакIуэуи завучуи лажьэ а Гуэщейрат. И кабинетым сыщIешэ. СегъэтIысри:

– Мыр умыпIащIэу, щыуагъэншэу къитхыкIыж, – жери алгебрэмкIэ экзаменыр зэрыста си лэжьыгъэр къысхуегъэтIылъ. Сеплъмэ… ар плъыжьыгъэкIэ зэуэ къуэлэну «гъэщIэрэщIащи» – си щхьэфэцым заIэт.

– Мыр сысейра? – къызжьэдохури, сыкъотэдж. Си щхьэм Iэджэ щызожэ: экзамену хъуар «тху» защIэу стауэ школми хьэблэми сахэIуащ. Дыдейхэми дуней гуфIэгъуэр яIэщ. Псы икIыпIэм сынэмысу, си кIэр сIэтауэ къыщIокI… ЗыбгъэлIын иджыри?! Пхуэфащэр къыпщыщIа?.. Сэра абыкIэ къуаншэр? ПсомкIи «тху» къэпхьащ. Щытхъу тхылъ къуатынущ жаIэри… А хъарпшэр къомым сыкъыхэплъмэ, солъагъу: плъыжьышхуэу тхауэ «5» пшэрышхуэр щIэтщ си лэжьыгъэ лъабжьэм. Си гур тIэкIу къызэрогъуэтыж. Ауэ схузэхуэмыгъэхъур зыщ: си лэжьыгъэр апхуэдизу щхьэ зэхэтхыхьа?

Гуэщейм си щытыкIэр къыгуроIуэри:

– Умыгузавэ. Уэ математикэмкIэ уи къалэнхэр псори тэмэму бгъэзэщIащ… Укъэзылъэхъар урысыбзэращ. Плъагъуркъэ, есэпхэр щыпщIым ахэр зэрыбгъэнэхуа псалъэхэм щыуагъэ къыхэкIащ. ИтIанэ… иужьрей илъэсищым дэ предметхэм фызэредгъэджар, есэпхэр зэрывэдгъэщIар адыгэбзэщ, экзаменхэр зэрывэдгъэтар урысыбзэщи… А бзэри фIыуэ пщIамэ, ахьей, дауи, нэхъыфIат. Ауэ сэ уэзгъэджар урысыбзэракъым – математикэращи… АбыкIэ «5» къэпхьащ. Мыр къыщIозгъэтхыкIыжынур… Уэ ебланэр Щытхъу тхылъкIэ къыбоух. Уи лэжьыгъэхэм нэхъ ткIийуэ къыкIэлъыплъынухэщ. Зэран хъуну зи мыжагъуэ гуэрхэм мы плъыжьыгъэхэр ялъагъумэ, фIэгъэнапIэ ящIын къалъыхъуэу щIадзэнкIэ мэхъу… Аращи, есэпхэри лэжьыгъэхэри уэ зэрыпщIыжауэ мыбдеж зэрит дыдэм хуэдэу къотхыкIыж. Уи урысыбзэ псалъэхэр дэ зэрызэдгъэзэхуэжам тету… щыуагъэ хыумыщIыхьу къыботхыкIыжри… Умыгузавэ, а уздэкIуэну уи гугъэ къалэм ущеджэу щIэбдзэмэ, урысыбзэри нэхъыфIу зэбгъэщIэнщи… – жери Музэриф щIокIыж. Бжэм IункIыбзэ къретыж. Сэ, хьэрф зырызу, пычыгъуэ зырызу сызэхуеплъурэ, къызотхыкIыж есэпыр зэрыгъэнэхуа псалъэхэр зыхэт лэжьыгъэр. Абы тIощIрэ сыкъоджэж. Быдэ и анэ гъыркъым, жи – еуэ соплъыж, еуэ соплъыж. Псори тэмэм хуэдэу къысщохъу. Сэ къысщыхъуу аращ. Гуэщейр къыщIыхьэжауэ лэжьыгъэм гупсэхуу ироплъэж.

– Еуэ! Хуит ухъуащ, – жери, къыпыгуфIыкIыу, си дамащхьэм къытоуIуэ. – Унагъуэ Iуэхухэр уи пщэ щыдэмылъыжынукIэ, а уздэкIуэнум зэман нэхъыбэ ущиIэнущ, нэхъыбэу узэрыщыпсэлъэнури урысыбзэкIэщи, грамматикэр гукIэ зэбгъэщIа къудейкIэ (ар пэжт) зэфIэкIынукъым – тхылъ нэхъыби еджэ… Дохутырышхуэ ухъумэ, ари къыпхуэщхьэ-

пэжынущ: куэдым нэхъыфIу щыгъуазэ ухъунщ… – Iэджэкlэ сиущият Гуэщейм…

Ауэ, мызэ-мытIэу зэрыжысIащи, си дохутырыгъэм псынщIэу кIэ игъуэтри, згъэзэжауэ щытащ. Абы сыхущIегъуэжатэкъым. Е мыхъу фIы хъужыркъым, жи – дыщэм хуэдэ си егъэджакIуэхэм, си классэгъухэм сакъыхэхутэжри… Пэжщ, ди классышхуэу щытар хэпщIыкIыу нэхъ цIырхъ хъууэ хуежьэри… Абыи щхьэусыгъуэ хуэхъуар гъэунэхуныгъэхэм дызэрыхагъэтарауэ къыщIэкIынщ: алъандэм предмету хъуар адыгэбзэкIэ дагъэджамэ, иджы урысыбзэ зэфэзэщым дыхуагъэкIуати, ар куэдым къатехьэлъэ мэхъури… Къахуэхь оценкэхэм ягу зэрыриудри, адэкIэ къапэщылъхэм зэрыщышынэхэри зэхалъхьэжурэ, 8–9-нэ классхэм щIэкIыжхэрт. Хэт яшащ. Хэт къишащ. Хэти лажьэу щIидзащ. Хэти дзэ къулыкъум ираджащ…

Къэзгъэзэжу сыкъызыхыхьэжахэр къысщыгуфIыкIа щхьэкIэ, сыкъыздикIыжам зауэ-банэкIэ сакъыхэкIыжат.

Си нэри къызыхуикIрэ тыншуи сызыщIэтIысхьа еджапIэм къыщызэхъулIа гуфIэгъуэр кIэщI дыдэу къыщIэкIри, си мураду хъуар къыстекъутэжат: къалэм дохутыру щеджэнми, ахъшэ хужь тумэн пщыкIухрэ сомитхуми (къызэрыгуэкI стипендиер тумэн пщыкIуплIт зэрыхъур, сэ абы къысхущIагъуну процент 25-м си пщIэри си жыпри къыщIиIэтэнут), ТхакIуэхэм я союзым гъунэгъу сызэрыхуэхъуами – а псоми къысхуахьа насыпым, зы мазэ фIэкIа гу щызмыхуэу, адакъэжьыр тепкIэри икъутэжат. Дауэ? Зи дауэращ.

А зэманхэм щыгъуи тхьэмахуэхэм деж школакIуэхэри, студентхэри, рабочэхэри, къулыкъущIэхэри мэкъумэшыщIэхэм щIэх-щIэхыурэ хуагъэщIыхьэхурт. Бжьыхьэр къэсат. Нартыхур къыдачыжырт. Дэри пщэдей нартыхудэч дыкIуэнут. Нобэ япэ дыдэ стипендиер къызатат. Си къуэш нэхъыжь Хьэчими сэри десатэкъым ди жып къихъуа ахъшэр занщIэу ди адэм едмыту. Ари икIэрауэ сомкIэ дыхэмыIэбэу.

Нэху дыкъекIмэ, дыздэкIуэнур Щхьэлыкъуэрэ Налшыкрэ яку дэлъ Къуэшыркъуейт (Кэнжэт). Пщэдей абы дыщылэжьа нэужь, си гъусэхэр къалэм къэкIуэжыну къежьэжмэ, сэри адэкIэ сыщIэпхъуэжу сыкIуэж хъунут. АрщхьэкIэ… ахъшэр нобэ яхуэсхьу дыдейхэр сымыгъэгуфIэу, жэщышхуэмрэ махуэ псомрэ дауэ згъэкIуэнт? Ахэр зэрыгуфIэр слъагъуу, сызэрырагъаджэм щхьэкIэ зэрыщIемыгъуэжахэм сэри сыщыгуфIыкIыу… КIэщIу жыпIэмэ, ахъшэр нобэ яIэрызгъэхьэн хуейт. ЛэжьакIуэ дызышэнухэм сагуроIуэ: нартыху къыщыдэтчынур дэ Налшык дыкъызэрыкIуэ гъуэгум и бгъуитIращи, а щIыпIэр къалэм нэхърэ ди къуажэм нэхъ пэгъунэгъущ. Щхьэлыкъуэ сыкъижынщи, сыкъыкIэрымыхуу сыкъыфхэлъэдэнщ…

Апхуэдэуи сощI: дыдейхэр згъэгуфIауэ, махуитI-щы схурикъун гъуэмылэр сIыгъыу пщэдджыжьым Къуэшыркъуей нартыхум сыкъэсмэ… Зы цIыху щыбауэркъым. Сожьэ-сожьэри, щымыхъум, сыкъыщIопхъуэри Шыхъуэфэпс сыкъызэпрож. Сызигъусэнухэр нызэрыкIуэну гъуэгур сщIэрти, зысплъыхьурэ Затишьем сыкъос. Зи бгъуитIыр хъупIэ, гъавэ щIапIэ Пощт уэрамым (нобэ Нэгумэм и цIэр зезыхьэращ) сытету сыкъакIуэ-сыкъажэурэ, ди еджапIэм сыкъосыж. БжэIупэм цIыху зытIущ къудей щызэхэту аращ. Зырыз-тIурытIурэ нэгъуэщI гуэрхэр къыIуохьэ. Сэ унэм сыщIолъэдэж къэсхьа гъуэмылэр згъэтIылъыну, итIанэ… Мис а итIанэрат нэхъыщхьэр.

А гъэм бжьыхьэ щIыIэр къепэсэуат. Зы урыс щIалэрэ сэрэ ди гъуэлъыпIэхэр щхьэгъубжэшхуэм бгъэдэтт. Абы жьы къыдехури, фыпIыщIэнущ жаIэри, щащыху Iув щIэрыпс зырыз лейуэ къыдатащ. Ахэр зытетпIэнуи дыхунэмысауэ, октябрым и 6-р къэсащ, нартыхудэчым дыкIуэн хуейуэ къытхудокIри… Дыгъуасэ сыщежьэжым унэм къыщIэнэхэм езгъэлъэгъуащ (езмыгъэлъэгъуамэ, нэхъыфIауэ къыщIэкIынт) си щащыхущIэр уэншэку щIагъым зэрыщIэздзыр. ИкIи абы схукIэлъыплъынхэу селъэIуащ. Зэманыр иджыри шэджэладжэт.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, общежитым щIэсхэм я нэхъыбэр адэкIэ-мыдэкIэ къуажэхэм къикIахэрат: зи Iуэху хуэмыщIахэрат. Зауэ нэужь лъэхъэнэм емыщхьыжыпэми, къуажэдэсхэм я Iуэхур иджыри щIагъуэтэкъым – зауэм и пэ ита илъэс бейхэм къагъэзэжатэкъым (абыхэм нэхъ иужькIи зэи къытрагъэзэжакъым). МэкъумэшыщIэхэр зэрыпщIэншэрылажьэт. Налогхэмрэ заемхэмкIэ зэратхьэлэхэм хуэдэт. Колхозхэт къызэрыгуэкIхэм я бынхэр IэпцIэлъапцIэт. Я ныбэ ныкъуэт. Дызэреджэм ехьэлIа хьэпшыпхэр зиIэхэри мащIэт. Арати, зиIэхэмрэ зимыIэхэмрэ «зэдэгуэшэн» хуей хъурт. Дэтхэнэ зыми къыдэгъэщIылIа сырэ цIыкIум (тумбочкэм) ета IункIыбзэр якъутэрти, абы дэлъар щумыгъуэтыжыр нэхъыбэт. Арат щащыхур щIэзгъэпщкIуари, ар схуахъумэну сыщIэлъэIуари.

СыщIэлъэдэжрэ, гъуэмылэри сымыгъэтIылъ щIыкIэ, уэншэку щIагъым сыщIэплъэмэ… Гур зэрыгъум дыгъуририжакIэт: щащыху Iув щIэрыпсыр – мэхь-мэхь! ЩIэсахэм, сызэлъэIуахэм сеупщIмэ – ящIэркъым здэкIуар. Ялъэгъуакъым. Уигу фIы щыщIэнт? ГъуэлъыпIэм сотIысхьэри, сыгъыным хуэдэу, тIэкIурэ сыщос. Си щхьэр ерагъыу щIэсхмэ – ежьэну къызэхуэса цIыхухэр пщIантIэм щызэхэтщ. КъысщыщIар зыжесIа комендантым: «Иджыпсту лэжьакIуэ докIуэ. Пщэдей зэхэдгъэкIынщ», – аращ къыпысхар.

НэщI мазэу кIыхь а махуэмрэ жэщымрэ зэрызгъэкIуам ущIэмыупщIэ. Нэху дыкъекIрэ щащыху Iуэхур зетхуэу дыхуежьэмэ, щыгугъ – Iейуэ бгъуэтыжынт. Си тхьэусыхафэр директорым и деж ныдогъэс. Сэ сызэрыхейм шэч къытесхьэркъым: сыкIуэжын и пэкIэ щащыхур уэншэку щIагъым зэрыщIэслъхьар зылъэгъуахэр си щыхьэтщ. Сэ жэщым сыкъыщытакIэ… АрщхьэкIэ директор Дукельскэм жиIэр нэгъуэщIщ: «Щащыхур зэттар уэращи, уэ къыупшыныжынщ».

Ар пхуэздэнт?!

«Фэ хъумакIуэ фимыIэмэ, фи деж дыгъуакIуэхэри щеджэмэ, сэ си ягъэр сыт? СыщыщымыIа жэщым ядыгъуа щащыхур сэ щхьэ къэспшыныжын хуей?..» КIыхьу екIуэкIа а зэдауэм лъэныкъуитIми зыщыдгъэзахуэрт. «Махуэ къэс е мазэ къэс си щащыху ядыгъумэ, хъумакIуэ сыщымыхъуакIэ, ар сыт щхьэкIэ икIи дауэ сэ къызэрыспшыныжынур?..» «Си студент къэс махуэ къэс е мазэ къэс щащыху ирагъэдыгъумэ, ахэр къызэрысщэхуну ахъшэр дэнэ сэ къыздисхынур?» Юрий Марковичи захуэщ: пэж дыдэу, студент къэс щащыху фIадыгъумэ… Ауэ сэ а псоми си Iуэху хэлъкъым – сызыхуейр хейуэ сыхагъэкIыну аращ. АрщхьэкIэ, абы зыри къыщимыкIым, япэзубыдаращ: сыщеджэнукъым фи деж. Си тхылъхэр къызэфтыжи сывутIыпщыж. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Дукельскэр абдеж тIэкIу нэхъ къоIэтIэлъатIэ:

– БгъэкIуэдар тумэн пщыкIуплI и уасэу аращ...

Ар пэжт: щащыхум кIэрыгъэпщIа тхылъымпIэм сыщеплъами слъэгъуат. Ауэ аргуэру сыкъэзыгъэгубжьар «бгъэкIуэда» псалъэрат:

– Сэ згъэкIуэдакъым ар! СыщыщымыIа жэщым фи общежитым щIадыгъукIащ!.. – си кIий макъыр зэхимыхами ярейуэ, мобы адэкIэ пещэ:

– Уэ тумэн пщыкIухрэ сомитхурэ удотри… Щащыху уасэр къыдэптыжмэ, аргуэру тумэнитIрэ сомитхурэ къыпхуонэ, – жи. Ари щызмыдэм: – Хъунщ! Адрейхэм я стипендием хуэдиз тумэн пщыкIуплIыр уэттурэ, абы щIыгъу тIурэ тхур хэдгъэкIыурэ, щащыху уасэр уопшыныж…

АбыкIи щызытезмыгъэхьэм (ерыщ сыщIекIуар сызэрымыкъуаншэр къагурызгъэIуэн папщIэт, армыхъу, сыт хуэдиз си къулейсызагъми, ар сфIэбылымышхуэу аратэкъым) си Дукельскэу плъагъур къыщолъэтри:

– Хъунщ! Щащыху уасэр уи натIэм иукIащ (пэжщ, абы жиIар черт с тобойщ). Апхуэдизу ущыфакъырэкIэ, зыри уэдгъэпшыныжынкъым. КIуэи еджэ! – жи.

Мис а псалъэ гуауэхэр си щхьэм щIыдэуеяр къызапэса «факъырагъэращ». А пудыныгъэм и ужькIэ, абы сыщеджэжыфынутэкъыми:

– Си тхылъхэр къызэфтыж, – жызоIэ хуэм дыдэу икIи сынэщхъейуэ. Дукельскэр хъийм зэрикIыр щилъагъум, комендант цIыхубзыр къэшынагъэнти, си Iэблэр еубыдри сыкъыщIешыж.

Мо журт бзаджэм сыкъиутIыпщыжын щIимыдэр сэ зыхуэсхьаращ: ди Адэлбий абы фIы дыдэу щеджат, нэхъыфIыжуи къиухат. Абы сыщрикъуэшкIэ, школри Щытхъу тхылъкIэ къыщызухакIэ, сэри сыстудентыфIыну къысщыгугъыу къыщIэкIынт. Арагъэнт езым и деж сыкъыщIэкIыжа къудейуэ, къызигъаджэу сыщригъэшам здигъэIэпыкъуу езым къызыщхьэщигъэжыну, сэ «къызиуштыну» цIыхуитIи къыщIригъэблэгъар. Зыр ди къуажэ щIалэ АбытIэ Нэхъупщт (ар Петя щIэхъуари абыкIэ еджэхэу щIыщытари уэ къащIэ. А зэманхэм апхуэдэхэр зэрымоднэрагъэнт). Абы адыгэбзэмкIэ дригъаджэрт. Адрейр, зыкъом дэкIа нэужь цIэрыIуэ хъуа, министру куэдрэ лэжьа Бер Мухьэдинт. Иужьрей дыдэ курсым щIэст. ЕджапIэм и профкомым и тхьэмадэт. Абы и анэ шыпхъу Маржэнэт ди Адэлбий и щхьэгъусэт. Ди благъэт. АрщхьэкIэ Дукельскэр зыщыгугъа мо «уэчылитIми» сакъыхуэгъэдэIуакъым. Сакъыхутечакъым.

– Си тхылъхэр къызэфтыжи сывутIыпщыж, – арат сызытемыкIыр.

– Уэстыжынукъым! – къолъ Юрий Маркович. – Деплъынщ тхылъыншэу уздэкIуэж школым еянэ классым узэрыщIагъэтIысхьэм. КъызжиIакъым жумыIэж – къэбгъэзэжмэ, сэри укъэсщтэжынукъым.

Арати, си дохутырыгъэм абдеж кIэ щегъуэт.

## 2. СПОРТСМЕН СЫЗЭРЫМЫХЪУАР

Псоми хуэIэзэу зи гугъэжрэ еянэ классым сыщIамыгъэтIысхьэну, езым и деж къэзгъэзэжми, сыкъэзымыщтэжынкIэ сызыгъэшынэну пылъа Дукельскэр щыуат: сызыхыхьэжахэр къысщыгуфIыкIащ: Iэрэ лъэрэ щIэдзауэ срагъэблэгъэжа къудейкъым – школым и комсомол организацэм и секретаруи сыхах. Ауэ щыхъукIи, Щытхъу тхылъым нэмыщI, адрей документу хъуар къыздэзмыхьыжа пэтми… Пэжщ, Iэджэ дэкIыжа нэужь, Юрий Марковичрэ сэрэ мызэ-мытIэу дызэхуэзащ. Сыхуейуэ щытрэ сыщIыхьэмэ, си тхылъхэр къызэрызитыжынуми нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ едгъэкIуэкIа псалъэмакъхэм я Iуэхур щхьэхуэщ…

Языныкъуэ предметхэмкIэ тIэкIу сыкъыкIэрыхуати, быдэу щIэс-

къузэжщ, си жейр згъэныкъуэри, гугъущэ семыхьу салъэщIыхьэжащ. УщIалэмэ, уузыншэмэ, хъарзынэкъэ? Мэзри, бэзэрхэри, щхьэлхэри – унагъуэ Iуэхуу хъуар къыскIэрыщIа хъужа пэтми, зыри зыхэзмыщIэу гъумыщIэжь сыхъурт: килограмм 88-м щхьэпрысхуат. Къу тетамэ, щIыр и пIэм схуичын сфIэщIт. А гугъэ нэпцIри, фIыуэ слъагъу хъыджэбз цIыкIур нэгъуэщI щIалэ гуэрым и дежкIэ зэреутэкIари, къалэдэс тхакIуэхэм си усэхэр ягу зэрыримыхьым щхьэкIэ сызэрызэгуэпри схузэхохьэжри, си псэмрэ сэрэ щэхуу дызэзауэ мэхъу. Мис иджы усэкIэ утхьэусыхэнумэ – къеблагъэ. Си унэ лэжьыгъэхэр сщIыжурэ жасы пщIондэ сыщысами, хьэку диижам и джабэ щIыIэм сыкIэрысу нэху къыщыстещхьэ куэдрэ къэхъурт. Дыдейхэм, дауи, я гуапэ хъуртэкъым сотхэ жысIэу сыщысурэ, фэтыджэн лъапсейр зэрызгъэсыр. А лъэныкъуэмкIэ си Iуэхур нэхъ къыщикIыр фэтыджэныр щызэпэмыубыда колхоз амбарырат. Зи махуитI зэхуэмыдэж, ныбжьыфIи зиIэ ди адэр кладовэхъумэт. Школми мо унагъуэ Iуэху къезбжэкIахэми къадэкIуэу, сыжэщ плъырын хуейуэ Iэджэрэ къысхудэкIырт. Тхылъхэмрэ тетрадхэмрэ сIыгъыу пщыхьэщхьэкIэрэ амбарым сыкIуэрт. Школым къызата лэжьыгъэхэр зэфIэкIыху, хъумакIуэхэм я унэ цIыкIум сыщIэст. ИтIанэ гуэдз, нартыху самэхэм сытесу жэщыр згъакIуэрт. Мис абдежхэрат нэхъыбэу усэхэмкIэ сыщытхьэусыхэр, сыщышхыдэр. АрщхьэкIэ си тхьэусыхэхэми си шхыдэхэми къикI щыIэтэкъым: си хъыджэбзми, усакIуэхэми яфIэгуэныхь сыхъуртэкъым, бэмпIэгъуэу слъагъухэми кIэ ягъуэтыртэкъыми, сыкъогубжьри… усэхэри бий сощI. ГубампIэдэхыу ахэр сщIымыгъужу сыкъыщынэм, щхьэлажьэ дыдэ сохъу. ИтIанэ къызгуроIуэ апхуэдэу упсэу зэрымыхъунур, теупIэ гуэр къэгъуэтын зэрыхуейр.

МахуэкIэри, жэщ сыщыплъырхэм дежи сыгупсысэурэ къысхуэгупсысаращ: спортым сыхыхьэнщ. Мис абы цIэрыIуэ сыщыхъумэ, сыкъащIэнщ а сызыгъэбампIэхэм… АтIэми, си къарум сыкъигъэгугъэу къущхьэхъу выщIэм сыхуэдэт.

Спортсмен сыхъуну, сыпелуан хьэзыру зыкъэслъытэжыныр къызыхэкIар уи фIэщ мыхъуным хуэдизт: дыгъуэнрат. Пэжщ, а пщыхьэщхьэм сыдыгъуакIуэу зыкъэслъытэжыртэкъым – псапэ зыпылъ злэжь си гугъэжу арат. Абы сытекIуэдэну щытми (даубыдмэ, сызэрытекIуэдэнури сщIэрт), зи псэм гузэвэгъуищэр телъ си адэ къуэш зэрыбыным зыгуэркIэ защIэзгъэкъуэн мурад сщIауэ арати… Псалъэм и пэр умыщIэмэ, и кIэр къыбгурыIуэнукъым, жи. И пэращи-тIэ…

Си гукъэкIыжхэм куэдрэ къызэрыхэзгъэщщи, школым сыщыщIэса илъэсхэм жэщ плъыру колхоз амбарым Iэджэрэ нэху щызгъэщащ. ХъумакIуэр ди адэрат. Ауэ ар сымаджэрилэ хъуат. МахуэкIэрэ и IэнатIэр ихьыфми, жэщкIэ а лэжьыгъэр къытехьэлъэрт. Ухуэпауэ, узэфIэту, узэфIэсу, жей умыщIэу нэху щыху, – атIэми, бжьыхьэ, щIымахуэ жэщ щIыIэ кIыхьхэр, – щIыбым щыпхьыныр зыхуэдэр зымыгъэунэхуам ищIэнукъым. Ауэ щыхъукIи, узыншагъи уимыIэжу, уи ныбжьри фIыуэ хэкIуэтауэ. Ди адэр апхуэдэт. Ауэ лажьэрт. ЩIэлажьэр… пцIы щхьэ упсын хуей? Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзеиж жыхуаIэри Iуэхум хэлът. Пэжщ, ди адэр Iэбэртэкъым, ауэ колхоз мылъкур къызэкIуалIэ кладовэр зыIэщIэлъхэр зэбзеижыр я зы Iэпэ закъуэратэкъым – IэхъуамбипщIри, къыфIэбгъэкIмэ, я IэпщитIри куууэ хахуэрт «фом». Ар тлъагъурт ди адэми, абы и пIэкIэ щIэх-щIэхыурэ жэщ плъыр сэри.

КъызыхэкIыу щытар укIытэрат е яIуэтэжынкIэ шынэхэу пIэрэт? –

жысӀэнущи, – аитӀумкӀи абыхэм къыпхуащӀэнышхуэ щыӀауэ си фӀэщ хъуркъым: япэр щафӀэкӀуэдари щӀафӀэкӀуэдари уэ къащӀэ; етӀуанэр ди зэхэтыкӀэм яӀэщӀихагъэнт … зэгъусэу «фом» зэдебзейхэрт, – аргуэрыжьщи, ди зэхэтыкӀэм абы иригъэсакӀэт, – шынэн хуейхэри ахэр зыгъэшынапхъэхэри. Сытми, «фозехьэхэм» ди Доти зыгуэрхэмкӀэ гу къылъатэрт. А гулъытэм ди Ӏупэр Ӏуиудыртэкъым нэмыцэхэм даубыдыным и пэкӀэ КъалэкӀыхьым къыщыщӀадзэу Налшык къалэкӀэм къагъэсауэ щыта щӀытӀымныкъуэдыкъуэ хэхъухьа щӀалэ нэхъыжьри мыдрей быниплӀри къызыщӀэну зауэм хэкӀуэда ди адэ къуэшым и унагъуэми дэри.

Мис а щӀалэ нэхъыжьым телъ бэлыхьым зи псэр дэгуӀэ анэ тхьэмыщкӀэм и фэм дэкӀыр слъагъурти… Арат мыл шынагъуэ бзаджэм сытелъэдэн мурад сэзыгъэщӀар. Пэжщ, зэрыжысӀащи, уаӀэрыхьэмэ, узытекӀуэдэжын лъэбакъуэр счыным и пэкӀэ Ӏэджэми сегупсысащ, Ӏэджи зэзгъэзэхуащ: ди адэ къуэш Хьэбышэ зауэм хэкӀуэдащ. Бынитхум псэкӀэ ятеубгъуащ фызабэу къэна АпӀэ (ГуащэлъапӀэ). И къуэ ныкъуэдыкъуэри мыдрей сабииплӀри пщӀантӀэ нэщӀым къыдинэурэ, езыр махуэ къэс лэжьакӀуэ дэкӀыу – дахуу и дунейр кърехьэкӀ. Ауэ щыхукӀи, икӀэрауэ зы гъавэ Ӏэбжьыгу кърамыту, налогхэмрэ заемхэмкӀэ зэратхьэлэм къыхэкӀыу, и унэ хадэ цӀыкӀум кърих тӀэкӀури хуиту ирамыгъэшхыжу, и жэмыжь закъуэри а «узыжьым» ихьауэ. ЗыхэӀэбэни зэӀусэни имыӀэжу къыщагъанэм, пэш закъуэ фӀэкӀа мыхъу я унэ цӀыкӀум (зи жэщри зи махуэри шыбзыхъуэу губгъуэхэм щызыхьа Хьэбышэ унэ ищӀыну хунэмысурэ, зауэм яшат, къигъэхьэзырауэ щыта псэуалъапхъэу хъуар дашщ, ящэри, зы илъэс налогхэмрэ заемхэмрэ я хьэзабым ихьат) телъа кхъуэщынри кърагъэжэхри абы къыщӀэкӀамкӀи «ягъэберычэтат» социализмэр ухуэным кӀуэцӀыкӀуадэ мылъкур. А социализмэр (итӀанэ коммунизмэр) щаухуэну я гугъэ къэралым щхьэкӀэ зи псэр зытам и бынунагъуэм, я ныбэ изу щышхэр зэзэмызэххэу, бгъэныщхьэ унэ цӀыкӀум бэлыхьыр щашэчт.

Дауи, абыхэм нэхъ къащтэнур гурыӀуэгъуэт: игъащӀэкӀэ къыпхуэмыубыдыну уэгу лъагэм ит пщэдеирей ныбгъуэратэкъым – нобэрей бзурат. АрщхьэкӀэ уэ нэхъ къапщтэ-сэ нэхъ къасщтэкӀэ зэхэмыт къэралым и цӀыхум пщӀэуэ ягъуэтыр зыхуэдизыр щынэрылъагъут хьэзабышхуэр зытелъ АпӀэхэ я унагъуэми. А псори зауэм и зэрант жыпӀэ щхьэкӀэ, а зэрыбынихым (апхуэдэхэр мелуан бжыгъэт!) кърашӀар зыщӀэфхэм уи лыр яшхынщ, уи къупщхьэм къыщӀэфыжынщи, уилъри трафыхьыжынщ…

Ар къуащӀэфын уи гугъэтэкъэ фызабэу къэна АпӀэ тхьэмыщкӀэм мыпхуэдэ хьэкӀэкхъуэкӀагъэ къезыпэсыфа лӀы домбеитӀым (сымыщӀэжу аракъым я цӀэр къыщӀизмыӀуэр – я щӀэблэ – Ӏыхьлыхэм сигу ящӀогъури аращ. Зауэ нэужьхэм парткому, – къуажэ парт организацэм и секретарым апхуэдэут зэреджэу щытар, – колхоз председателу лэжьахэр хэтми ящӀэж си ныбжьым ит е сэр нэхърэ нэхъыжьыӀуэ си къуажэгъухэм. ПцӀыупсыфэ къызэзыплъхэм, щӀэзгъатхъэу къызыщыхъухэм е зымыщӀэжхэм яжесӀэфынущ абыхэм я цӀэри я унэцӀэри). «Уэ пхуэдэу зригъэнауэ заемым Ӏэ къытхутридзэртэкъыми, щӀэдубыдауэ мобдей щӀэсщ икӀи, и хьэдэм дебакъуэурэ къэткӀухьын хуей хъуауэ щытми, щӀэсынущ уи пщыкъуэжьыр (ар ди адэ къуэш нэхъыжь дыдэ, и нысэхэмкӀэ ЩӀалэнэхъыжь, дэркӀэ Бабэ, адрейхэмкӀэ ПӀатӀт). Ди лъэхъуэщратэкъым зэрысын хуеяр а сондэджэрыжьыр (Бабэ и «сондэджэрыгъэу» щытам нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэм сыщытепсэлъыхьащ). Абы сэ жанхэр зэрикуэдыр

уэри уощIэ. УокIуэж. А сондэджэрыжьым и сэ жанхэм щыщ къыбощтэ. Уи куэ лыпцIэр къыбогъэжыж. Ар Налшык бэзэрым бохьри бощэ. Мис абы къыщIэкIамкIэ заемым Iэ къытыбодзэ… Арыншамэ, уэри мы унэм щIэкI уиIэкъым…» жаIэу къыщраубыдылIэм, фызабэ тхьэмыщкIэм и гур къекIуэри…

Ди къуажэ унафэщIхэм я цIыхугъэншагъэ къудейратэкъым апхуэдэхэр зи Iэужьыр – ахэр апхуэдэу хъун, щытын хуейуэ езыхулIэ партым и бынт мы Iуэхур зэрекIуэкIым кIэлъыплъу абдеж щыта район упэлнэмочнэр. А лъэхъэнэхэр апхуэдэ упэлнэмочнэхэмкIэ (уполномоченнэхэмкIэ) ерыщу щытащ. Мис ахэр лIыкIуэ къэзыщI партым и унафэкIэт уи куэ лыпцIэр къибгъэжыжу зэрыпщэжынури, уи хьэдэм къебэкъуэнхэ хуей хъухукIэ хьэпсым узэрыщIагъэсынури.

Мыпхуэдэ лейхэр дэ нэхъыбэу къыттехьэу хьэмэрэ, ди къуажэм фIэкIа, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщыхъуу щымытауэ жысIэну зи гугъэхэр щоуэ: сэ зи гугъу сщIыр си нэгу щIэкIахэмрэ сызыщыгъуазэхэмрэщ…

НтIэ, лIэун, апхуэдэ гущIэгъуншагърэ цIыхугъэншагъкIэ тхуаухуэну социализмэми коммунизмэми ущыпсэуну дауэ дурыс хъунт? А псори зауэм и закъуэ къыхэкIауэ, нобэ-ныжэбэ къежьа насыпыншагъэу къэплъытэнри захуэу къыщIэкIынкъым. Сыту жыпIэмэ, илъэс IэджэкIэ дызыпагъэплъа икIи къытлъымыса «дуней жэнэтым» и ухуакIуэшхуэхэм я Прорабыр нэхъ гущIэгъулыуэ щытакъым: абы коммунизмэр ухуэным ехьэлIа бэнэныгъэм къэралым цIыхуу исым я процент 90-р хрекIуадэ, къэна проценти 10-р коммунизмэм щыпсэун папщIэ, жиIэу зэрыщытар мыдэ нэхъ яужьхэм къыщIэщыжащ. ГущIэгъуншагътэкъэ ар?! Процент бгъущIыр щыгъэтауэ, апхуэдэ коммунизмэм щхьэкIэ зы псэ закъуэ щIэптын щыIэу пIэрэ? Ауэ мо Прорабыр зыхуейр псэхэратэкъым – дунейпсо коммунизмэрат. А процентипщIми щIыхуейр езымрэ и гъусэхэмрэ зэрыпсэун къалэжьын папщIэу къыщIэкIынщ.

Апхуэдэ «дунейпсо жэнэтым» ущыпсэун щхьэкIэ «дунейпсо жыхьэрмэм» – капитализмэм кIэ етын хуейтэкъэ? А Iуэху «щхьэпэм» хэтынхэ папщIэ, мо къэралхэм «бжьым щыщIэт тхьэмыщкIэхэр» зыгуэркIэ къыдумыхьэхыу хъунутэкъым гъэпцIагъэрэ шынагъэкIэ IэмыщIэм ирагъэтIысхьауэ яIыгъ ди «ухуакIуэхэр» ирефакъырэ, ар ягу темыхуэу зыкъагъэхъеинхэуи ирыреплъ! Ауэ социализмэми коммунизмэми щагъэгугъ мо «тхьэмыщкIэ» бынхэр зыгуэркIэ къэгъэIулэн хуейти, а къэралхэм щыпсэу коммунистхэм ди мылъкур якIуэцIыкIуадэрт, дэ дызэрытхьэмыщкIэт. Захуагъэт ар? Тэмэмт ар? АрщхьэкIэ, Алыхьым гущIэгъу къахуищIри, дунейпсо коммунизмэр ухуэным щхьэкIэ бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIыурэ, щIыгушхуэм цIыхуу тетым я процент 90-р хэкIуадэми зыдэу щыта Прорабым и мурад бзаджэр къемыхъулIэ щIыкIэ, езыр дунейм теджэлыжащ жыпIэнути… Армыхъу, къызыщIывгъэхъут, цIыхуу хъуам я процентипщI фIэкIа къэмынэу зытекIуэда коммунизмэр зыхуэдэр…

Арат я «Прорабым» и Iуэхур адэкIэ зыгъэкIуатэу зи гугъэж «ухуакIуэхэм» АпIэхи абыхэм я фэгъу цIыху мелуанхэри щIафыщIыр. ЩIагъэгуIэр: я пкIэунэхэри къыщIахъунщIэр. Я унащхьэхэм телъ кхъуэщынхэри къыщIрагъэжэхыр. Пэжщ, шиферхэр къежьа нэужь, зэкъуэшхэр зэхыхьэри, АпIэхэ я бгъэныщхьэр абыхэмкIэ зэрахъуэкIауэ щытащ...

*(КIэухыр къыкIэлъыкIуэнущ).*

# Зауэм и джэрпэджэжхэр

## *Къагъырмэс Борис и поэмэхэм ятеухуауэ*

Къагъырмэс Борис и гуащIэшхуэ хилъхьащ ди лъэпкъ литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм заужьыным. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ сабийхэми балигъхэми ятеухуа усэхэр, рассказхэр, басняхэр, жыIэгъуэхэр, сатыр пIаскIуэхэр, балладэхэр, сонетхэр. Къагъырмэсым и гур куэдым хуопхъэ, и нэр жыжьэ ноплъыс, и псэр нэхъыбэжым лъоIэс.

Дэтхэнэ зы усакIуэ нэсми хуэдэу, Борис къелъытэ дунейм щекIуэкI псоми къанэ щымыIэу езым и Iуэху хэлъу. Дэнэ щIыпIэ къыщыхъу гуауэми абы и гур поджэж, гуфIэгъуэм псэ къабзэкIэ хуоушэ. Ахэр и гум щез, псэкIэ зэрегъэзахуэ.

Къагъырмэсыр и адэ щIыналъэм хуэгумащIэщ, ар и псэм хуэдэу фIыуэ елъагъу, и пшыналъэри абы шэрыуэу хуегъабзэ. УсакIуэр къыщалъхуа щIыналъэм лъэ быдэкIэ тетщ, цIыхубэм яхэтщ, я гуфIэгъуэр ядиIыгъыу, ядиIэту, я гуауэр ядигъэву, ядигъэпсынщIэу. Абы и лирическэ лIыхъужьхэр ди лъэхъэнэгъухэрщ. Къагъырмэсым и поэмэхэм яхэткъым зэманым, гъащIэм и нэпкъыжьэ зытемылъ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «Гъавэ», «Гуапагъэ», «Къалэн», «Къуэмыхьэж нур», «Мазэ фIыцIэ», «Гуауэмрэ губжьымрэ» поэмэхэр.

«Гъавэ» поэмэр зытеухуар абы и псалъэащхьэм Iупщl ещI. УсакIуэм поэмэм къыщигъэлъэгъуащ гъавэм цIыху гъащIэм щиIэ мыхьэнэр икIи абы и кIэр гурыщIэ къабзэкIэ щIегъэбыдэж: «Сэ сыхуейщ сыт щыгъуи гъавэм И пщIэр лъагэу щызгъэтын, ИIэхункIэ цIыхум гъащIэ, Ар и Iэнэм щигъуэтын».

«Гуапагъэ» поэмэм къытхуеIуэтэж зауэшхуэ нэужьым Мэзхэс къуажэм щыIа псэукIэр, абы дэлъа хабзэ-нэмысыр, цIыхугъэ лъагэр, зэныбжьэгъугъэр. Поэмэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрокI дэтхэнэ зы цIыхуми зэрыхузэфIэкIкIэ IуэхуфI илэжьын зэрыхуейр, цIыхугъэмрэ гуапагъэмрэ я къарур зэрыиныр. «Инщ гуапагъэм и зэфIэкIыр, Мэхъур щIэгъэкъуэн. ЦIыхум хуищIэм цIыхум лъэкIыр – Сытыр нэхъ щхьэпэн?», – жеIэ усакIуэм.

Мы поэмэм и гупсысэ нэхъыщхьэр цIыхур езым и гуащIэкIэ псэун зэрыхуейрщ, абы нэхъръэ нэхъ хьэл-щэныфI зэрыщымыIэрщ.

«Къуэмыхьэж нур» поэмэр теухуащ лъэпкъым и гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм, цIыхухэм я псэукIэм, я дуней тетыкIэм, абыхэм я зэхэщIыкIым зэрызахъуэжым, зэрызаужьым. Поэмэм кууэ уи фIэщ хъууэ щызэпкърыхащ щIэмрэ жьымрэ зэрызэныкъуэкъур, щIэр жьым зэрытекIуэр. Апхуэдэуи тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ нэхъыжьхэм ирахьэжьа Iуэху дахэр нэхъыщIэхэм адэкIэ зэрагъэкIуатэр. Мыбы а гупсысэр пэрыту пхрокI: дэтхэнэ зы цIыхуми хузэфIэкIыр и лъэпкъым хуилэжьын, цIыхугъэ лъагэмрэ захуагъэмрэ дунейм щытепщэ щIыным щIэбэнын хуейщ.

ГъэщIэгъуэнщ «Къалэн» поэмэм и ухуэкIэр. Ар ещхьщ усакIуэр жьэгу пащхьэм дэсу хъыбар телъыджэ къиIуэтэжым. Поэмэм и сюжетыр езы гъащIэрщ, махуэ къэс цIыхур зрихьэлIэ, зэфIах Iуэхугъуэхэр уи фIэщ хъууэ къигъэлъэгъуэжу аращ. Поэмэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэри шыкIэпшынэм телъ налъэу шэщIащ, макъамэ зэмыщхь, зэмыфэгъу дахэ гум дыхьэу кърищу.

«Мазэ фIыцIэ» поэмэр теухуащ Хэку зауэшхуэм и ужькIэ къэхъуа Iуэхугъуэхэм. Хъыбарыр къэзыIуэтэжым къыIэрохьэ лъэхъуэщым ис щIалэм и письмо. Поэмэр а щIалэм и къекIуэкIыкIам теухуащ. ТегъэщIапIэ хуэхъури Хэку зауэшхуэм и джэрпэджэж дыджыр лыгъей мафIэм хэмыта щIалэгъуалэми къалъэIэсу абыхэми я гъащIэр зэриуплIэнщIырщ.

Поэмэм и лирическэ лIыхъужьым и гурыщIэр макъамэ гуакIуэкIэ гъэнщIащ. Тхыгъэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэр – Налжанрэ Муратрэ – гурэ псэкIэ зэрощIэ, ахэр зэхуозэ, зопсалъэ, я гурыщIэхэр зэхуаIуатэ, мурад дахэхэр ящI. Ауэ абыхэм я адэхэр зэбийкIэуфIыцIу къыщIокI. Ахэр бий щызэхуэхъуар Хэку зауэшхуэм и зэманым гъэрыпIэм щызэдихуарщ. ЩIалэм и адэ ЛутIэ хабзэм къыхуигъэфэща псори ишэчащ, и блэкIам псэхугъуэ къритиркъым, Налжан и адэ Боли гурыIуэн е екIужын идэркъым.

Мурат унагъуэ иухуэн Iуэхур и кIэм щынэсым, хъыджэбзым и адэ Болэ щIалэр зыбгъэдегъэтIысхьэри, гупсэхуу псори хуеIуатэ. ЩIалэр и адэм деж мэкIуэжри губгъэн хуещI, и гум щыщIэр жреIэ. ЩIалэм и адэр фочкIэ зоуэжри зеуIэж, ар и къуэм трелъхьэри, лажьэ зимыIэ Мурат ирегъэгъэтIыс.

Поэмэм IупщIу къыхощ Муратрэ Налжанрэ я гурыщIэр зэрыкъабзэр, абыхэм я псэр зэрыдахэр. Псом хуэмыдэу ар белджылы щохъу поэмэм и кIэухым: «Псалъэ пэжу зэжетIахэр, Куэдрэ ди гум щыдгъэфIахэр, Къыпхуэхъункъым уэ зэран, Псэм хуэзгъадэу, си Налжан! Укъыспэплъэу ущымыс, ГъащIэр макIуэ, егупсыс…»

Лъэпкъым и блэкIам, и тхыдэм фIыуэ щыгъуазэщ Борис. Абы щыхьэт тохъуэ «Гуауэмрэ губжьымрэ» поэмэр. Ар, адрей поэмэхэми хуэдэу, пIытIа-къузауэ щыткъым, зытепсэлъыхь, къиIэт IуэхугъуэкIэ къуэпсыбэщ. Псалъэ гъэщIэрэщIа куэд жимыIэу, гъащIэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр уи нэгу къыщIегъэхьэф.

Къагъырмэсым и усэхэми хуэдэу, мы поэмэри гушыIэ дахэрэ ауан щабэкIэ гъэнщIащ. Мы тхыгъэр къэплъытэ хъунущ усакIуэм и поэмэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу.

Илъэс 30-м нэблагъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Борис къыдигъэкIащ «Вагъуэбзэ» зыфIища тхылъыр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, литературнэ критикэм нобэр къыздэсым абы хуэфащэ пщIэ хуищIакъым, апхуэдэ гулъытэ къилэжь пэтми.

Поэмэм и сюжетыр удихьэхыу ухуащ. Ар гур зыгъэуз псалъэхэмкIэ къыщIедзэ: «Сынаплъэ пэтми, узмылъагъуу, СымыщIэу щыIэу пхуэкIуэ лъагъуэ, ИтIани си гур ебджэ защIэу, ЗгъэкIуащ зэману сэ мымащIэ…»

Хъыбарыр къэзыIуэтэжым адэкIэ Iуэхур зыIутам гупсэхуу щыгъуазэ дыхуещI, фыщIэдэIу, зэвгъащIэ, жыхуиIэу.

Мэзхэс къуажэм дэст я адэр ящхьэщымытыжу къуищ зыпIа, зи ныбжьыр хэкIуэта фыз, ГуащэнэкIэ еджэу. Абы тегужьеикIауэ ипIат и щIалищыр, зыпищI дунейм темыту, дрихьеймэ, гъущIэу, кърихьэхмэ, щIытэу. Зауэр къохъей. Зэкъуэшхэм я нэхъыжьыр абы ираджэ. Анэхэм зэрахабзэу, Гуащэнэ мэгуIэ: «И жейр къемыкIуэу нэху игъэщырт, Жэщ псом ар псэкIэ щIыгъут и щIалэм, Щихъумэ фIэщIу ар ажалым, Емызэшыжу тхьэ хуелъэIурт».

Илъэс ныкъуэ докIри, «Ираджэ къыкIэлъыкIуэ и къуэр – Курытри макIуэ, арти, зауэм… ГуIэгъуэ тIуащIэр къылъысауэ, Анэжьым и гур есыр мафIэм». Ар щIохъуэпс и щIалитIым я хъыбарыфI зэхихыну, нэ-

хъуеиншэу поплъэ абыхэм я письмо. Гуащэнэ и къуэ нэхъыщIэр школым щIэсти, ар зэрилъагъур и гурыфIыгъуэт. Аурэ зэманыр макIуэ.

Зы махуэ гуэрым пощтзехьэм нысэм письмо къърет – ар Гуащэнэ и къуэ нэхъыжь Хьэжумар зэрыщымыIэжымкIэ хъыбар къырагъащIэу арат. Гуауэр инт, ауэ, сыт ящIэнт, ямышэчу хъуакъым. Фызыжьыр иджы нэхъри щIэгупсысс хъуащ зауэм щыIэ и къуэ курытым. Арыххэу нэмыцэр ди щIыпIэм къос. Ахэр унагъуэхэм трагуашэ. Унэ къэс фэтэр ящIауэ нэмыцэ щIэсщ. Унэхэр зейхэр бом яхуащ, Iэщым пащIу. Гуащэнэ и нысэр и дыщым егъэкIуэж, и къуэрылъхур абы нэхъ хъума щыхъун къыфIэщIу. Фызыжьым щIэх-щIэхыурэ абыхэм я Iуэху зыIутыр зрегъащIэ.

Поэмэм хэт лIыхъужьхэр цIыху псэ хьэлэлхэщ, гуащIафIэхэщ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ гущыкI зыхуумыщIынкIэ Iэмал имыIэ, хэкум епцIыжа цIыху закъуэтIакъуэхэри.

Гуащэнэ бзэрэ тхылъэрэ имыщIэ щхьэкIэ, губзыгъэщ, абы и акъыл жаныр жыжьэ нос: «Есыж дунейр мафIэ лыгъэм. Е хъуа къэралыр хуэхей лIыгъэм? Щхьэ бийр ди щIыпIэм къагъэса? Е бынхэр шынэу дэ дгъэса?» – жеIэри, абы и жэуапыр езым иретыж икIи Гуащэнэ и псалъэхэм ягъэбелджылы адыгэлIым хэлъ лIыгъэр: «Си фIэщ схуэщIынкъым зэи ар! Сэ спIакъэ хахуэу Хьэжумар?! КъикIуэт ищIакъым, псэр пытыху. Си щIалэр, хьэуэ, мыхуэмыхут».

Гуащэнэ и къуэхэм яхуэарэзыщи аращ абы Хьэжумар хуэгъэзауэ мы псалъэхэр щIыжиIэр: «Быдзышэу си бгъэм щIифыкIар Хьэлэл хузощIыр Хьэжумар: Дунейм ар пэжмэ темытыжыр, Къурмэн мы си псэр хузощIыжыр».

Поэмэр лIыхъужьыгъэ макъамэкIэ гъэнщIащ, абы цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэр, я IуэхущIафэ инхэр, я хьэл-щэныфIхэр, я хабзэнэмыс дахэхэр IупщIу къыхощ. Апхуэдэу щытми, тхыгъэм и лъабжьэр цIыху гъащIэм щыщ Iыхьэ гуузщ.

Поэмэм и бзэм и дахагъымрэ и шэрыуагъэмрэ гур ятхьэкъу, псэр дахьэх. Ар, си щхьэкIэ, Къагъырмэс Борис и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыуэ къызолъытэ. Апхуэдэу поэмэм IэкIуэлъакIуэу къыщыгъэсэбэпащ эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр. А псом мы тхыгъэр ещхь ящI IуэрыIуатэм къыхэтэджыкIам.

**ЕРЖЫБ Аслъэн.**

# «…Уи къабзагъэ нэсым и щыхьэтщ»

***(«Шыхулъагъуэм» и гъэсэн ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза псалъэ)***



Я художественнэ дуней лъагъукIэкIи, я хъэтIкIи япэ итахэм къащхьэщыкIыу, уеблэмэ «лъэхъэнэщIэм и щIэблэкIэ» уеджэ хъуну иужьрей илъэсхэм лъэпкъ лирикэм ныбжьыщIэ гуп къыхыхьащ. Лъэпкъ литературэм и бэуэкIэм сакъыу кIэлъыплъхэр дызыщыгу-фIыкI а щIэблэм хохьэ КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Беслъэней Нинэ,

Иуан Оксанэ, Хъуэжэ Жаннэ, Таз ФатIимэ, Къэзан ФатIимэ, Бэрбэч Аслъэнджэрий, Гугъуэт Заремэ, нэгъуэщIхэри. Художественнэ дуней гъунапкъэншэм абыхэм къыщалъыхъуэхэмрэ я къэхутэныгъэхэр зыхуаунэтIымрэ къыуагъащIэ а усакIуэ, прозаик ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэм итхэм. Апхуэдэ тхылъ зыбжанэ иужьрей илъэсхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ: «Жызум уэшх» (2005), «КъудамэщIэ» (2009), «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» (2010).

Зи цIэ къитIуа усакIуэ щIалэхэм я нэхъыбэр «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэтщ. Тхэным гу хуэзыщIа апхуэдэ ныбжьыщIэхэр литературэм къыхэшэнымкIэ, япэ лъэбакъуэхэр егъэчынымкIэ усакIуэ икIи прозаик Хьэх Сэфарбий лэжьыгъэ щхьэпэ дыдэ ирегъэкIуэкI, фIыщIэ ини къелэжь. «Шыхулъагъуэм» сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъун, зегъэубгъун хуейщ. Ауэ апхуэдэ гулъытэ зэримыгъуэтым, зы гъэсакIуэ и жыIэм, и Iуэху еплъыкIэм зэрыщIэтым къыхэкIыу къытщохъу абы екIуалIэхэм я тхыгъэхэм хэтлъагъуэ зэщхьыныгъэхэр. Абы и мызакъуэу, ныбжькIэ зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ зэрамыIэри, зы лъэхъэнэм и быну ахэр зэрыщытри я лирикэм къыхэмыщу къанэркъым. ИтIанэ, ныбжьыщIэхэм я художественнэ дунейм и теплъэр «зэзыгъэпэщхэм» мы Iуэхугъуэри къыхэлъытэн хуейщ – зи гугъу тщIы гупым хэтхэм я нэхъыбэр пщащэщ.

Зи цIэ къитIуа тхылъиещым ит усэхэм къахэбелджылыкIри, нэхъыбэр зытеухуари лъагъуныгъэрщ, абы къыкIэлъокIуэ дуней дыкъэзыухъуреихьым къигъэщI сурэт теплъэгъуэхэр. А лIэужьыгъуитIым я зэпылъыпIэм, зэхыхьэпIэм деж къыщежьэ хуэдэу къытщохъу философие гупсысэ зыхэлъ усэхэр.

НыбжьыщIэхэм къаIэт Iуэхугъуэхэм псом япэу тепщэ щыхъур гур хэзыгъэщI лъагъуныгъэ жэуапыншэрщ. Ар япэ къоувэ гъащIэм и джэлэсу ибжу лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэхэм. Мыбыи гу лъытапхъэщ – гъэщIэгъуэныращи, ныбжьыщIэхэм къыхагъэщхьэхукI зэманыр бжьыхьэрщ. Нэхъыбэр усакIуэмрэ бжьыхьэмрэ псэкIэ зэрызэпыщIам топсэлъыхь; зэманым и кIуэкIэ емылыджым кърикIуэ гупсысэ нэщхъейхэми мыбдеж зыщаубгъу. НехьэкI-къехьэкI хэмылъу жыпIэмэ, апхуэдэ «гузэвэгъуэ, нэщхъеягъуэ мыухыжыр залымыгъэкIэ зыдашэщI» щапхъэхэр йобэкI. Ауэ апхуэдэ щытыкIэм никъусаныгъэ гуэр хэплъэгъуэнри щыуагъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэтхэнэ усакIуэ ныбжьыщIэри, хуей-хуэмейми, япэ итахэм ядоплъей. Мыбдежми аращ: нобэрей щIэблэм адыгэ классикхэм я усыгъэм щытепщэ а дунейм ижь къазэрыщIихур наIуэщ. Ар икIи шынагъуэкъым, абыи зы пIалъэ иIэщи, блэкIынущ.

Поэзием къигъэщI гупсысэкIэм куэд щIауэ хабзэ хуэхъуа Iэмалхэм щIэ къыщыхэщым деж е усакIуэр зыгуэркIэ абыхэм бгъэдэкIыну, нэгъуэщI мыхъуми, щIэщыгъуэ гуэр хилъхьэну щыхэтым деж, ар ныбжьыщIэм гъуэгу щхьэхуэ къызэрилъыхъуэм и нэщэнэу жыпIэ хъунущ. Къызэрыхэдгъэщащи, зэман кIуэщIым «игъуэ нэмысу» дэкIуэд щIалэгъуэм ди усакIуэ щIалэхэр тепсэлъыхьырейщ, абы къыхэкIыу зэманыр зэрызыхищIэр, къызэрыщыхъур дэтхэнэми и усыгъэм къупхъэ щхьэхуэ гуэрым иригъэзэгъэну хущIокъу. Апхуэдэ образу КъуэщIысокъуэ Марьянэ и усэхэм кIэщI-кIэщIурэ къыхощ сыхьэтыр. Ауэ абы и дежкIэ зэманыр щIалэгъуэ IэщIэкIым и щыхьэт нэщхъейуэ къэмынэу («Дэнэ нэс ущыIэ, си ныбжьэгъу?/ Дэнэ къыщызна щIалэгъуэ дахэр?» («Сыщхьэхыпэу, сыхуоплъэкI сыхьэтым…»); («Къигъэзэжынукъым блэкIам,/ АлейкIи умылъыхъуэ…» («Балигъыгъуэ»), и гъащIэм купщIэ къезыт, щIэщыгъуэ къыхэзылъхьэ къару мэхъу:

*Къытезнащи стIолым нэзмытхысу усэ,*
*Зэгуэр къэзгъуэтыжмэ, естыжынщ кIэух.*
*Гъатхэ дыгъэ, зэкIэ усэм уемыIусэ, –*
*ЗэсхъуэкIынущ Iэджэ, гъуэгум сытетыху.*
***(«НыкъуэзэлъыIухыу къэзгъэнащ си пэшыр…»)***

Куэд щIауэ лирикэм къиугъуея теплъэхэм мыхьэнэщIэ иратыну, щIэщыгъуэ, хьэлэмэтагъ гуэрхэр къыхалъагъукIыну зэрыхущIэкъум щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мымащIэу къыхэбгъуэтэфынущ зи гугъу тщIа тхылъхэм. Псалъэм папщIэ, Иуан Аксанэ уэс къесагъащIэмрэ щхьэц тхъуамрэ зэлъытыныр тегъэщIапIэ ещIри, и усэр мы псалъэхэмкIэ еухыж:

*Уи щхьэц дахэм тхъугъэ-уэсу хэлъыр*
*Уи къабзагъэ нэсым и щыхьэтщ.*
***(«Къабзагъэ»)***

Хьэвжокъуэ Людмилэ и усэхэм ящыщ зым усакIуэмрэ псэхэх къыхуэкIуамрэ ягъэIу псалъэмакъымкIэ IэкIуэлъакIуэу къегъэлъагъуэ кIыфIыгъэмрэ нэхумрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр. Псэхэхым зэрихьэ шэмэджри, усакIуэр псалъэ жагъуэм зэрыхуэукIри – фIыуэ тцIыху Iуэхугъуэхэм ящыщщ, ауэ… псэхэхым и шэмэджыр къыщогъупщэ, къыздыщыгъупщэри дэнэ – уафэлъащIэращ. Ажалым хэлъ шынагъуэм щхьэпрегъэш абы «игъуэу» чэнджэщ къезыт блыгущIэтыр – шейтIаныр.

Усэр къыщригъажьэм щыщIэдзауэ и кIэм нигъэсыху теплъэгъуэ къыхихым зэгъэзэхуауэ елэжьыныр Людмилэ хьэл зэрыхуэхъуар наIуэщ, сюжетносткIэ зэджэ щытыкIэр тэмэму къигъэсэбэпуи жыпIэ хъунущ. Хэплъыхьыпауэ, къыхэщыпыкIауэ щымыт гупсысэхэращ хъыджэбзым тегъэщIапIэ ищIыр, ауэ абыхэм сытым дежи езым ар зэрызыхищIэ, къызыщыгъэхъукIэ щхьэхуэр къыхигъэщыну хэтщ:

*Зэманыр хущхъуэу куэдрэ зэхэсхами,*
*Иджыри ар си дежкIэ фIэщ щIыгъуейщ,*
*Сигъэхъужын лъэкIакъым сэ зэманми,*
*Псэузым сесэжауэ аркъудейщ.*
***(«Си пщIыхь къыхэхуакъым…»)***

Бэрбэч Аслъэнджэрий и усэхэм хэтлъагъуэ щэнхэм наIуэу ар къахегъэщхьэхукI зи гугъу тщIы гупым. Абы и IэдакъэщIэкIхэм къыхэлыдыкI нэщхъыфIагъэм сабий дыхьэшх макъи къыхоIукI, езым и щхьэм хуэгъэзэжа гушыIэ, ауан щаби игъусэщ.

Аслъэнджэрий къигъэлъагъуэ дунейр щIэщыгъуэ къыпщызыгъэхъур теплъэ, щытыкIэ зэгъэпэщыкIэракъым, атIэ сабиигъуэм пыщIа гукъыдэжыр, нэщхъыфIагъэр тэмэму, гу къабзэ зэIухакIэ къызэриIуэтэфырщ, абы щыгъуэми усэ гъэпсыкIэм Iэзагъ лей химылъхьэу. БалигъыпIэм иувэу щIэзыдзэ щIалэм къызэринэкI сабиигъуэм нэщхъеягъ лъэпкъ хуигъазэркъым. УсакIуэр абы иджыри зэрыпэгъунэгъум, сабиигъуэ дунейр щIалэм дежкIэ иджыри зэрызэIухам и лъапIагъэращ Бэрбэчым и лирикэм бжьыпэ щызыубыдыр. ЦIыху балигъым зэрихабзэу, ар жыгыщхьэм къемыхыжыф сабийм хуопIащIэ, зи къару мащIэм къыщхьэщыжыну.

*Сыт зыхуейр? Зэрану пIэрэ? Джэгурэ?*
*Е тенауэ гъуэгыу арагъэнщ.*

*Сегупсысу сыщытыжри тӀэкӀурэ,*
*Зисчащ – сабийм къыщыщӀар къэсщӀэнщ.*
***(«Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кӀыфӀыгъэм…»)***

Щхьэусыгъуэр къыщищӀэ теплъэгъуэм зыхыуегъащӀэ сабий дунейр иджыри гурыӀуэгъуафӀэу щӀалэм дежкӀэ зэрыщытыр, – абырэ балигъ ныбжьымрэ я зэхыхьэпӀэм къыхэтэджыкӀ хуэдэу къыпщохъу Аслъэнджэрий и гупсысэр, и дуней лъагъукӀэр:

*Къызитащ жэуап, зыхуэзгъэзати:*
*Жыгым пысу вагъуэхэр слъэгъуат…*
*Пызгъэхун си гугъэу згъэсысати…*
*ЗаӀэтыжри уафэм лъэтэжащ!*
***(«Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кӀыфӀыгъэм…»)***

Сабиигъуэм и лъахэр абы дежкӀэ иджыри жыжьэкъым, ауэ и щӀыбагъ къыдэнэхэми, къызэринэкӀхэми иринэщхъейркъым усакӀуэр – мыбдеж псоми щытекӀуэр щӀалэгъуэ ныбжьым уитыным къыуит насыпыфӀагъырщ. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, гур зыгъэгуфӀэ зэхэщӀыкӀыращ нэхъыщхьэр. Ар, дауи, мурад хэха гуэру зыхуигъэувыжауи къыщӀэкӀынкъым Бэрбэчым, ауэ щӀалэгъуэм къыпкърыкӀ гукъыдэжыр щӀэщыгъуэу, дахэу къигъэлъэгъуэн зэрыхузэфӀэкӀамкӀэ ар зыхэт гупым къыхощхьэхукӀ.

УсакӀуэм и гупсысэкӀэм дэщӀыгъу гушыӀэ щабэри, усэр игъэщӀэращӀэм и мызакъуэу, балигъыпӀэм хуэкӀуэ акъылым и Ӏэмэпсымэуи щытщ. Апхуэдэу «Лацэ» зыфӀища усэм Аслъэнджэрий убгъуауэ щытопсэлъыхь зэгъунэгъуу щыс сабийхэм зэхаубла джэгум («Дыхэтщ зауэм, зауэ ин…/ Си шэр сухмэ, даукӀынщ!»). Усэм и гъэпсыкӀэм сабий къебжэкӀ цӀыкӀухэр уигу къегъэкӀыж, ауэ езы джэгур хьэлэмэту, Ӏуэхугъуэ инхэр къэзыӀуатэ псалъэ зэпыблахэмкӀэ къегъэлъагъуэ: «Си гъусахэм сэ ныбжьэгъуу/ Зыкъэмынэм псэр щанащ»; «ЗэхэтщӀакъым гъащӀэр щызу,/ Уаси ди псэм имыӀэн!». «ЛӀыхъужь» хъыжьэм и «жьэм ятӀэ мэхъу жьэдэз», «мэхъу фочышэр и пкъым хэз», «биишэр» къытехуауэ щыджалэм, унэм къыщӀэна анэри и нэгу къыщӀохьэж… ИкӀэм-икӀэжым а теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр пщӀыхь къудейуэ къыщӀедзыж:

*Абдеж дыди сыкъоушыр,*
*Зызоплъыхьри – пӀэкум сисщ.*
*Ди гъунэгъум я хьэпшырыр*
*Къызобзейри къызбгъэдэсщ!*
***(«Лацэ»)***

УсакӀуэ куэдым лирическэ гупсысэкӀэр зыгъэбжьыфӀэу къащыхъу гузэвэгъуэр зыщӀыпӀэкӀи къыщыхэмыхьэу, Аслъэнджэрий теплъэгъуэхэр къеӀуэтэжыф, адыгэбзэ дахэкӀи и усэхэр еузэдыф. Адэ-мыдэкӀэ емыщӀэу, ухуэн зыщӀидза «художественнэ дуней унэм» елэжьмэ, угугъэ хъунущ абы зыми емыщхь вагъуэ нур лъэпкъ лирикэм щыщӀигъэнэфыну.

ГурыӀуэгъуэщ иджыпсту дызытепсэлъыхь псори япэ лъэбакъуэхэм я лъэужьу зэрыщытыр. Абы къыхэкӀыу, ныбжьыщӀэхэм я ӀэдакъэщӀэкӀхэм щӀэныгъэ еплъыкӀэ пыухыкӀакӀэ уабгъэдыхьэныр зэкӀэ пасэщ, апхуэдэу пщӀынри щыуагъэщ. Лъэпкъ поэзием и зыужьыныгъэм абыхэм халъхьэфынур къэзыгъэлъэгъуэнур пщэдеирей махуэрщ.

***КЪЭЖЭР Иннэ,***
*КъБИГИ-м и лэжьакӀуэ, филологие щӀэныгъэхэм я кандидат.*

# Пшынэбзэр щызэрылъэлъкIэ…

*Пшынэ. Адыгэ пшынэ. Абы и зэфIэкI псори и кIэм нэсу хэт къызэкIуэцIихыфа? Пшынауэ Iэзэхэм адыгэ пшынэр щагъэбзэрабзэкIэ, а Iэмэпсымэ телъыджэм хузэфIэкIыр псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, гъунапкъэ гуэрым нэсаIауи зыхэпщIэркъым. Адыгэ пшынэмрэ пшынауэмрэ зэрыгъуэту щызэрыубыдам деж узыхашэ дунейр дуней телъыджэщ. Апхуэдэ дуней телъыджэ къигъэщIу илъэс 40-м нэсауэ адыгэ пшынэр егъэбзэрабзэ Бахъсэн къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и пшынауэ Абыкъуэ Светэ.*



Светэ цIыхубз къамылыфэ IэмащIэлъэмащIэ хэщIыхьащ. АпхуэдизкIэ ар зэпIэзэрытщ, хьэл-щэн дахэ хэлъщ, Iэщабэ-Iущабэщи, и пшынэм къригъэкI макъамэхэм ещхьыжщ. НасыпыфIэщ ар зыхэт гупыр, зыхэс унагъуэр, уеблэмэ, зэ закъуэ фIэкIа хуэмызахэри. Сэ мызэ-мытIэу къысхуихуащ Светэ сыхуэзэн, сепсэлъэн. Иджыблагъэ аргуэру сыхуэзэри, си гуапэу сыдэуэршэращ ди республикэм имыза-къуэу Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми фIыуэ къыщацIыху, хамэ къэрал куэдми зи цIэр фIыкIэ щызэгъэIуа пшынауэ Iэзэм.

**– Светэ, адыгэ пшынэм хузэфIэкIыну псори къызэрыпхупкърымыха иджыри?**

– Пшынауэ Iэзэ куэд диIами, абы и гъунапкъэм нэсыфа щыIэу къыщIэкIынукъым. КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэм хэт сатыр шэрыуэхэм ещхьщ пшынауэхэм ди Iуэхур: «ПхуэсщI лъагъуныгъэм и гъунапкъэм сэ гъащIэу сиIэм сынэмыс…» МэлыхъуитI я мэл бжыкIэр зэрызэтемыхуэм ещхьу, пшынауитIи я пшынэ еуэкIэр зэтехуэркъым. Зэтехуэн хуейщ жысIэу аракъым, адыгэ пшынэм нотэкIэ еуэ щыIэми. А нотэм сызэрыхущытри жысIэнщи, адыгэ пшынэм щехьэлIам деж сэ абы макъамэм и IэфIыр щIихыу къысщохъу. Ар ещхьщ адыгэбзэкIэ тха тхыгъэ телъыджэр урысыбзэм щрагъэзагъэкIэ, абы щIэлъ IэфIым щыщ гуэр зэрыщIэкIым. А IэфI жыхуэсIэр къыщежьэр е къыщежьэн хуейр пшынауэм и псэм дежщ.

**– Пшынауэ псори, дауи, пшынауэкъым, пшынэр «зэрызыгъэшх» Iэджи, ар къэзыщтэу хыфIэзыдзэжхэми куэду уарохьэлIэ. Сыт и дуней нобэрей ди адыгэ пшынэм? Хэт и еуэкIэр уи псэм нэхъ пэгъунэгъу?**

– ПщыхьэщIэ Мухьэжыррэ Къуэдз Iэбубэчыррэ я пшынэ еуэкIэр игъащIэм зыпэсщIа щыIэкъым. Псом хуэмыдэжу, Мухьэжыр. Сыт щыгъуи си гъуэгугъэлъагъуэу къекIуэкIащ а пшынауэ телъыджэр. Абы и еуэкIэ-гъэбзэрэбзэкIэр къафэ къудейкIи зэфIэкIыртэкъым, уэрэдхэми я макъамэхэр гумрэ псэмрэ дыхьэу игъэзащIэрт, езыми макъамэ дахэхэр зэхилъхьэрт.

**– Уэри а Iуэхум ехьэлIауэ зыгуэрхэр зэрыпхузэфIэкIыр дыбзыщIынкъым…**

– Сэ ди уэрэдус цIэрыIуэхэм салъэщIыхьауэ е я лъэдакъэпэр пысчу

яужь ситу схужыIэнукъым, ауэ Бахъуэ БетIал, Иуан Бубэ, БатI Риммэ, Абыкъуэ Аслъэн, Бэрбэч Хьэсэн, нэгъуэщIхэми я усэхэм макъамэ щIэслъхьауэ уэрэд зыкъом сиIэщ. Ахэр цIыхухэм ягу ирихьу, кассетэхэм трагъэтхауэ къэрагъауэу жаIэри, пэжмэ, си насыпщ, мыпэжмэ, щIэрыщIэу селэжьыжу, си уэрэдхэм ар я натIэ зэрыхъуным яужь ситынущ. Сыхуейт ахэр утыку къэрахьэу хэIущIыIу зыщIа «ДжэгуакIуэ» ансамблым и уэрэджыIакIуэхэмрэ абы и хормейстер Хьэмдэхъу Эльвирэрэ фIыщIэ яхуэсщIыну.

**– Ди къэралышхуэм и щIыпIэ куэдым зи цIэр фIыкIэ щызыгъэIуауэ щыта, Польшэм щекIуэкIа фольклорно-этнографическэ фестивалхэм мызэ-мытIэу бжьыпэр щызыубыда, «Лимб» заводым и къэфакIуэ ансамблым и унафэщIу щыта ЩоджэнцIыкIу Юрэ куэдрэ жиIэу зэхэсхащ: «Светэ хуэдэу адыгэ къафэжьхэм еуэ къыпхуэгъуэтынукъым…» Юрэ фIыуэ укъилъагъуу, тIэкIу иригъэлейуэ арат, хьэмэрэ…**

– Юрэ мыгъуэм къафэжьхэр фIэфIт, ахэр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Ахэрат абы игъэхьэзыр концерт программэхэм бжьыпэр щызыIыгъ хабзэри. Юрэ къафэжьхэр фIыуэ илъагъу къудейтэкъым, ди лъэпкъ искусствэм кууэ хищIыкIт, ар нэхъри зэрыригъэфIэкIуэным яужь итт, еш, щхьэх жыхуаIэр имыщIэу.

**– Светэ, пшынэр уэр-уэру къэпщта хьэмэрэ, зыгуэрым фIыуэ уигъэлъагъуу, абы ухуигъэса?**

– Сэр-сэру къэсщтащ. Пшынауэ IэщIагъэр къыхэсхынымкIэ сэбэп къысхуэхъун дэнэ къэна, къыспэзыубыдхэр щыIащ. Псом япэу ар сыкъэзылъхуа си анэрат. «Пшынауэр насыпыфIэ хъуркъым. Сыхуейкъым пшынэр къыхэпхыну. НэгъуэщI IэщIагъэ зэгъэгъуэт», – къызэущиерт ар зэпымыууэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, апхуэдэу сызыгъэIущ си анэр езыр… пшынауэ Iэзэт. НасыпыфIэ сыхъуа-сымыхъуам и гугъу пщIымэ, си IэщIагъэм ар зыгуэркIи ехьэлIауэ къысщыхъуркъым. Пэжу, си щхьэкIэ сфIэтэмэмкъым, я сабийм фIэфI-фIэмыфIым темыщIыхьауэ, адэ-анэ куэдым я бынхэм пшынэ къыхуащэхуу и куэщIым залымыгъэкIэ зэрырагъэувэр, ирахулIэу пианинэм зэрыбгъэдагъэтIысхьэр. Сэ къызгуроIуэ – псори щIащIэр сабийр ямыгъэхьэулеину аращ. Сабийм езым гурэ псэкIэ къимыщтэм баштекъузэкIэ пхудегъэхьэхынукъым.

**– «Пшынауэ Iэзэщ» зыхужыпIэн къэхущIэгъэкIрэ музыкальнэ школхэмрэ колледжхэмрэ хьэмэрэ «Iэзэ» псалъэр я цIэм пыувэн щхьэкIэ илъэс бжыгъэ гуэрхэр дэкIын хуей? Уэ абы дауэ уеплърэ?**

– Адыгэ пшынэм щыхурагъаджэ школхэмрэ колледжхэмрэ я гъэсэнхэр пшынэм и щэху псоми хъарзынэу хагъэгъуазэ. Ауэ, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, абыхэм псоми я пшынэ еуэкIэр зэщхьщ, штамп жыхуаIэм хуэдэ мэхъу. Пшынауэм и псэр зыхэмыхьа, абы и Iыхьэ гуэр, мащIэкуэдми, зыхэмыткIуа къафэм псэм зыкъыдищIынукъым, зыкъыдигъэзэнукъым. Псэм щыщIэр къэзымыIуатэ макъамэр макъамэжкъым. Псэращ псори зезыгъакIуэр. Iэпэхэр псэм и Iуэхутхьэбзащiэу аращ.

**– Пшынауэр Iэзэрэ мыIэзэрэ къозыгъащIэр джэгурауэ жаIэ. Ар пэж?**

– АпхуэдизкIэ пэжщи, нэхъ пэж уигъэлъыхъуэнщ. ХьэгъуэлIыгъуэм, джэгум и псэр пшынауэращ. И Iэзагъри абы и гъуджэм занщIэу къощ.

**– Уэ илъэс куэд щIауэ ЩэнхабзэмкIэ унэм ущолажьэ. Абы нэ-**

**мыщIкIи къыпхуохуэ хьэгъуэлIыгъуэ гуэрхэри бгъэдэхэну. А тIур зыр зым зыгуэркIэ дэIэпыкъурэ хьэмэрэ?..**

– Пшынауэм зэи зыщIригъэх хъунукъым – иресценэ ар, ирехьэгъуэлIыгъуэ. Сценэмрэ хьэгъуэлIыгъуэмрэ зэрызэхущытым я гугъу пщIымэ, зым зыр дэIэпыкъуу, зым хущыщIэр адрейм дыщIигъужу къызэдогъуэгурыкIуэ.

**– Адыгэхэм ди мащIэкъым цIэрыIуэ хъуа пшынауэхэр: Къашыргъэ КIурацэ, ТIэш ЛакIушкIэ, Бырмамыт Гуащэкъарэ, ПщыхьэщIэ Мухьэжыр, КIыщокъуэ Масирэт, ДыщэкI ФатIимэт, Къуэдз Iэбубэчыр, Тенджыз НэIиб, Сэхъу Хьэсэн, Мэкъуауэ Владимир, Амщокъуэ Сэфарбий, Иуан Блицэ, Лосэн Тимур, БжыхьэлI Iэулинэ… Абыхэм япэхъун гуэрхэр къэунэхурэ нобэ?**

– Нэхъ пасэм щыгъуэ унагъуэ къэс радио щIэту пшынауэхэр цIэрыIуэ ящIу щытамэ, нобэ апхуэдэ Iэмал щыIэжкъым. ТелевизоркIэ къафэ ущедэIуэфыр зэзэмызэххэщ. Арауэ къыщIэкIынщ пшынауэ нэхъ щIалэхэр апхуэдэу куэдым къыщIамыцIыхур, ахъумэ апхуэдэхэр, тхьэм и шыкуркIэ, ноби ди мащIэкъым. ЩедаIуэкIэ, уи псэр зыгъэгуфIэхэр гъунэжщ. Абы гугъэ уегъэщI ди адыгэ пшынэр иджыри илъэс IэджэкIэ бзэрэбзэну.

**– Къытебгъэзэж хъуну щытамэ, уэ иджыри пшынауэ IэщIагъэрат къыхэпхынур, Светэ?**

– Ар къызэрыхэсхам зы махуэ сыхущIегъуэжакъым. Си гъащIэм и къудамэ псори си пшынэ Iэпэхэм епхащ. Пшынэр къэсщта нэужь, сыхуей-сыхуэмейми, нэгъуэщI дуней сыкъыхохутэ, цIыхухэм я гукъыдэжыр къызэрысIэтым сэри си лъэр жан ещI, гукъеуэ гуэр сиIэми - сIэщIегъэхуж. Апхуэдэщ адыгэ пшынэм и къарур.

***ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэбыж.***

*2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ*

# Зэманым и гъуэгугъэлъагъуэхэр



ЕгъэджакIуэ! Сыт хуэдиз псалъэ гуапэ жаIа абыхэм щхьэкIэ, ноби хужаIэрэ, дяпэкIи зэрыжаIэнум шэч лъэпкъ хэлъкъым. ЕгъэджакIуэ нэсыр ещхьщ сабийхэм я адэ-анэхэм. Абы и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэ гуэр зыIэрагъэхьамэ, ар я бын дыдэм къехъулIам хуэдэу щогуфIыкI.

Ди зэманым «къэрал лэжьакIуэ» жаIэу щызэхэпхкIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым абы егъэджакIуэхэр хэзымыгъэхьи зэрыщыIэр. Ауэ щыхъукIи, а IэщIагъэм нэхъ гугъуи хьэлъи щыIэу къыщIэкIынкъым. Сабийр гъуэгу пэж тебгъэувэу цIыху нэс къыхэпщIыкIыныр къызэрыгуэкIкъым. ЕгъэджакIуэм цIыхубэм хуилэжь Iуэхугъуэшхуэм теухуауэ япэм псэуа щIэныгъэлI, тхакIуэ, еджагъэшхуэхэм куэд ятхащ. Къапщтэмэ, урыс еджагъэшхуэ Ушинскэм жиIэгъащ егъэджакIуэр блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэ лъэмыжу зэрыщытыр. ЛIы Iущым къызэрилъытэмкIэ, гъэсакIуэм езым и псэм щыщ Iыхьэ сабий иригъа-джэм химылъхьэмэ, абы гъэсэныгъэ тэмэм пхуегъэгъуэтынкIэ Iэмал закъуи иIэкъым. Белинскэм зэрыжиIащи, «Сыту мыхьэнэшхуэ иIэ, къыпхуэмылъытэну сытуи лъапIэ гъэсакIуэм и къалэныр, абы и IэмыщIэм ирелъхьэж къэхъуну щIэблэм я гъащIэр, я къэкIуэнур».

Егъэджэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ къалъытэ, XVII лIэщIыгъуэм псэуа Каменскэм егъэджакIуэ къалэныр уэгум ит дыгъэм хуигъадэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьам уриплъэжмэ, ар адрейхэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым. Революцэм и пэкIэ тхыбзэ зимыIа нэгъуэщI лъэпкъхэми хуэдэу, зэман кIэщIым къриубыдэу дэри тхузэфIэкIащ щIэныгъэншагъэр къызэднэкIын, абыи къыщымынэжу, егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхухэм ехьэжьауэ зедгъэужьын. АбыкIэ фIыщIэр зейр а зэман гугъум ирихьэлIэу лэжьа ЕгъэджакIуэхэрщ.

Архив тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, революцэм и пэ къихуэ илъэсхэм Къэбэрдейм щIэныгъэ зыбгъэдэлъу, еджэкIэ зыщIэу исар зэрыхъур процент зыщыплI къудейщ. Ди лъэпкъ мащIэм хуэдэхэм еджапIэу къызэрагъэпэщыфу щытар пэщIэдзэ школ е мыдрисэ хуэдэхэрт. Апхуэдэ еджапIэхэри бгырысхэм яIэ щыхъуар 18-нэ лIэщIыгъуэм и кIэ, 19-нэм и пэхэрат.

1820 гъэм Налшык быдапIэм (крепостым) къыщызэIуахауэ щытащ щIыпIэм нэхъ хуэщIауэ щыпсэухэм я бынхэр щрагъэджэн папщIэ япэ атаман еджапIэр. 1850 гъэм къызэрагъэпэщ цIыху 25-рэ зыщIэхуэ, илъэситIкIэ щрагъаджэ еджапIэр. Абы щIэсхэм ящыщу 11-р адыгэт, 5-р балъкъэрт. Апхуэдэуи бгырыс лъэпкъхэм ящыщ сабийхэр щрагъаджэрт Ставрополь дэт гимназием. 1859 гъэм абы щIэсащ адыгэ ныбжьыщIэхэу

21-рэ. Бытырбыху, Мэзкуу дэт еджапIэхэми бгырыс лъэпкъхэм ящыщу ныбжьыщIи 150-рэ къащтэрт.

Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ паштыхь правительствэм и унафэкIэ 1859 гъэм къызэрагъэпэща Налшык бгырыс еджапIэм. Ар ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэм къазэрыщхьэщыкI щымыIами, мыбы зэрыщеджэр илъэсихым нэсырт. Ауэ щеджэ цIыхухэм я бжыгъэм хуэм дыдэут зэрыхэхъуэр – 1889 гъэм 106-м нэсауэ арат.

1875 гъэм  Къэбэрдейм къыщызэрагъэпэщ япэ къуажэ еджапIэхэр, школ къэсыхукIэ еджакIуэ 20-25-рэ щIэсу. А зэманым абыхэм щылэжьащ Тифлис егъэджакIуэ IэщIагъэ щызэзыгъэгъуэтахэу Мазарскэр, Ураковыр, Абаевыр. Зэман мащIэ дыдэщ ахэр зэрылэжьар, – илъэсищ иримыкъущ, ауэ адыгэхэм ари хуабжьу къахуэщхьэпащ.

1866-1883 гъэхэм Прохладнэ, Солдатскэ, Пришибскэ, Екатериноградскэ, Приближненскэ, Александровскэ, Котляровскэ урыс станицэхэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ зы класс фIэкIа къыщамыух еджапIэхэр.

1866 гъэм Къэбэрдейм къыщызэIуах егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр, цIыху 12 зыщIэс еджапIэ. Япэ дыдэ абы щIагъэтIысхьахэм ящыщу ар къэзыухар цIыхуих къудейт. Абыхэм я ужькIэ къащта 11-м щыщу егъэджакIуэ IэщIагъэм ирилэжьэн зыри къахэкIакъым. Лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэща зэрымыхъуам къыхэкIыу, а еджапIэр 1867 гъэм зэхуащIыж.

Къуажэ школхэр Iэмал имыIэу ди лъэпкъыр зыхуейт, ауэ абыхэм щылэжьэну егъэджакIуэхэр яхурикъуртэкъым. А Iуэхур сыт хуэдизрэ къамыIэтами, зэрыхуейм хуэдэ яхуэмыщIурэ, еджапIэ гуэрхэр къызэIуахми зэхуащIыжурэ екIуэкIащ.

1924 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъуащ. Налшык къыщызэIуахащ Ленинскэ учебнэ городокыр. А еджапIэм хэтт мэкъумэшым елэжьын IэщIагъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, нэгъуэщIхэри щагъэхьэзыр къудамэхэр. Мыбы гулъытэ хэха щыхуащIырт бгырыс хъыджэбзхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ щIэныгъэ егъэгъуэтыным. А псом къыхэкIыу еджакIуэхэми я бжыгъэм псынщIэу хэхъуэрт. КъыщызэIуахахэм щыгъуэ еджакIуэу мини 3,2-рэ фIэкIа щемыджэу щытамэ, 1924-1926 гъэхэм ар мин 11,2-м нэсат. ЛУГ-м зэуэ къыщIигъэкIат егъэджакIуэ 330-рэ. Абы щыгъуэ ар уи фIэщ пхуэмыщIыным хуэдизу ехъулIэныгъэшхуэт.

Зэман кIэщIым къриубыдэу зэхагъэуват адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ еджапIэм зэрыщрагъэджыну учебникхэри. Ахэр ягъэхьэзырат Борыкъуей ТIутIэрэ Алиев Умаррэ.

1939 гъэм Налшык щылажьэрт школипщI. Абыхэм сабий миний щеджэрт. Балигъхэм щхьэкIи рабфакхэмрэ пщыхьэщхьэ школхэмрэ къызэрагъэпэщат.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэр гъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ иIэ зэрыхъуам къыхэкIыу, 1935 гъэм педтехникумыр ЛУГ-м къыхагъэкI. 1942 гъэ пщIондэ абы щагъэхьэзыр класс нэхъыщIэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ щезыгъэджэн егъэджакIуэу 1570-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр бгырыс мэкъумэшыщIэ унагъуэхэм къахэкIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэт. Педтехникумыр къэзыухахэм къахэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми цIэрыIуэ щыхъуа цIыху куэд. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, Шортэн Аскэрбий, Гуртуев Берд, Бэрбэч ХьэтIутIэ, Щомахуэ Амырхъан, Чеченов Шамиль, нэгъуэщIхэри.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ егъэджакIуэхэр гъэхьэзырыным нэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIа щIэныгъэлIхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар, ахэр псэемыблэжу ди щIалэгъуалэм зэрадэлэжьар. Абыхэм ящыщ зыщ Воронков И. Н.  (1885-1945 гъгъ.). А цIыху емызэшыжыр илъэс 20-кIэ педтехникумым и унафэщIу лэжьащ. И къалэным хуэпэжу, унафэщI Iэзэу зэрызыкъигъэлъэгъуам папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэ Лениным и орденыр.

ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр Налшык техникумым щылэжьащ зэфIэкI ин зиIэ, зи лэжьыгъэм  кууэ хэзыщIыкI щIэныгъэлIхэр, зи IэщIагъэм хуэпэж егъэджакIуэ, ущиякIуэ Iэзэхэр. Абыхэм я цIэр къыпхугуэмыхыну а еджапIэм епхащ. Апхуэдэхэщ унафэщIу лэжьахэу Муталипов Шота, Iулыдж Сосрыкъуэ,  Чеченов Шамиль,  Джаурджий ХьэтIыкъэ, нэгъуэщIхэри.

Кавказ Ищхъэрэм и цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ тIощI гъэхэм Орджоникидзе къыщызэIуаха пединститутым. Ауэ, а зы еджапIэм и закъуэкIэ зэманым къигъэув къалэнышхуэхэм зэрапэмылъэщынур къалъытэри, апхуэдэ пединститут Налшыки къызэрыщызэIуахыным икIэщIыпIэкIэ иужь ихьауэ щытащ. РСФСР-м  и наркомым къахуиутIыпщат еджапIэр, студентхэр зыщIэсыну общежитхэр, егъэджакIуэхэм папщIэ унэхэр ухуэным текIуэдэну ахъшэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогическэ институтым и япэ директору ягъэува Покорский И. Н. зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, абы куэдрэ ирилэжьа, зэхэщIыкI ин зиIэ цIыхут. Пединститутым япэ илъэсым къищтар цIыхуищэ иримыкъут. Ди зэманым а бжыгъэр мащIэу къыпщыхъуми, абы щыгъуэ апхуэдиз студент зэбгъэуIуныр къызэрымыкIуэу гугъут, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэм гу хуэзыщIа, егъэджакIуэ IэщIагъэр зрагъэгъуэтыну гукъыдэж зиIэ ныбжьыщIэхэр мащIэ дыдэт.

1936 гъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ пединститутым игъэхьэзыра егъэджакIуэхэм я бжыгъэм.  АдыгэбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, биологиемкIэ, литературэмкIэ езыгъэджэнухэр 80-м щIигъурт. ЕсэпымкIэ егъэджакIуэхэм я япэ гупыр къыщыщIагъэкIар илъэс дэкIа нэужьщ – 1937 гъэрщ. А гъэ дыдэм пединститутыр Псыхуабэ кърахыжри, Налшык къахьыжауэ щытащ. Пединститутым и унафэщIу ягъэуват Темыркъан Хьэту.

1932-1942 гъэхэм  институтым къыщIигъэкIащ урысыбзэмкIэ, адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, тхыдэмкIэ, литературэмкIэ, есэпымкIэ, физикэмкIэ, ботаникэмкIэ, зоологиемкIэ, химиемкIэ, географиемкIэ езыгъэджэн IэщIагъэлIу 1133-рэ. 1944-1945 илъэс хьэлъэхэми педагогическэ институтым и лэжьыгъэр зэпыуакъым. Пэжу, а илъэсхэм абы студенту щIэсар 548-рэщ, абыхэм ящыщу къэзыухар 152-рэщ.

Зауэ илъэсхэм щыIа гугъуехьхэм къыхэкIыу, а зэманым заочнэ егъэджэкIэм нэхъ зиужьу хуежьащ. Апхуэдэу еджэхэм я бжыгъэр куэд хъурт. Абыхэм я нэхъыбэри курыт школхэм  щылажьэ цIыхубзхэрт.

1956 гъэм институтым къыщызэIуах хамэ къэралыбзэхэмкIэ отделенэ. Абы щагъэхьэзыру хуожьэ нэмыцэбзэмрэ инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэхэр.

1945-46 гъэхэм япэ курсым къыщIэтIысхьа адыгэхэр къызэрымыкIуэу мащIэт. Ахэр зэрыхъур студент псоми я процентибгъут. Ауэ куэд мыщIэу щытыкIэм зихъуэжащ. А зэманым пединститутым къыщIигъэкIащ егъэджакIуэ 3.521-рэ.

20-нэ лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм ди республикэм и курыт еджапIэхэм предмет псори адыгэбзэкIэ щегъэджын хуейуэ зэраукъуэдиям гугъуехь гуэрхэр къимышэу къэнакъым. Есэпыр, физикэр, тхыдэр, географиер, химиер, биологиер адыгэбзэкIэ езыгъэджынухэр школхэм къемэщIэкIырт, а предметхэр ди бзэмкIэ ебгъэщIэнуи хуабжьу гугъут.

Зауэ нэужь илъэсхэм ди институтыр хуабжьу хуэныкъуэт щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэм. 1945-46 гъэ еджэгъуэм лэжьа егъэджакIуэ 59-м щыщу щIэныгъэхэмкIэ степень зиIар цIыху пщыкIущ къудейщ. Апхуэдэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным Iэмалу щыIэр къыхуагъэсэбэпырт, абы къыхэкIыуи 1957 гъэм ирихьэлIэу, еджапIэм щылажьэ хъуащ щIэныгъэхэм я кандидату 55-рэ. А зэманым псэемыблэжу лъэужьыфI къагъанэу лэжьахэм ящыщщ Задумкиныр, Ниловыр, Хазановыр, Гурьяновыр, Крикунов, ЖьакIэмыхъур, Хейфец, Парфенник, Дуриновыр, Къардэныр, Пипинис, Бабайцевэр, АбытIэр, Ведерниковыр, Квитинскэр, нэгъуэщIхэри. Къыпхуэмылъытэным хуэдизщ егъэджакIуэхэр гъэхьэзырыным хуэунэтIауэ абыхэм зэфIагъэкIар. Абы къыхэкIыуи ахэр цIыхухэм я гум фIыкIэ къинэжащ.

КъызэрызэIуахрэ илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу КъБКъПИ-м игъэхьэзырауэ щытащ егъэджакIуэу 4.200-рэ. А зэманым ди институтыр Урысейм и еджапIэ нэхъ инхэм ящыщ хъуакIэт. Абы щIэст студент 1345-рэ махуэрыеджэу, 1900-рэ заочнэу.

Республикэм зиужьыху, егъэджакIуэхэм къадэкIуэу, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэми куэду хуэныкъуэ хъурт. Ахэр уиIэн папщIэ езыгъэджэн щIэныгъэлIхэмрэ щагъэхьэзырын еджапIэрэ ухуейт. Абы къыхэкIыу, пединститутыр  фIыуэ ирагъэфIакIуэри, ар и лъабжьэу 1957 гъэм къызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр. Абы щрагъаджэ хъуащ IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэ 20-м щIигъум щыхуагъэхьэзыр факультетхэм.

1971 гъэм ирихьэлIэу ди университетым иIэ хъуащ факультету 6, кафедрэу 42-рэ. Абыхэм щылажьэрт цIыху 540-рэ. Абыхэм ящыщу 28-р щIэныгъэхэм я докторт, 241-р щIэныгъэхэм я кандидатт. 1971 гъэм мыбы щеджа студент  9039-м я процент 70-р ди щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм къахэкIа щIалэгъуалэт.

1970 гъэм ирихьэлIэу ди республикэм и егъэджакIуэ 67-м къыфIащауэ щытащ  «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр, «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» хъуат цIыху 231-рэ, Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм  дэт курыт еджапIэм и унафэщI Къамбий Мухьэб Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащат, а школ дыдэм и егъэджакIуэ  Гугъуэт Лол къыхуагъэфэщат Ленин орденыр.

1970-1971 гъэ еджэгъуэм КъБКъУ-м щIэст студент минипщIым нэс, щIэныгъэхэм я доктору 28-рэ, кандидату 240-рэ щылажьэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэманым декIуу зиужьын папщIэ щIэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ.  Абы мыувыIэу толажьэ ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыжь дыдэри. Иужьрей илъэситхум и кIуэцIкIэ абы игъэхьэзыращ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлIу 20959-рэ. Университетыр ядолажьэ хамэ къэралхэм я еджапIэ нэхъыфIхэм. 2006 гъэ лъандэрэ дипломым дэлъу европей пщалъэм ит тхылъ и еджакIуэхэм ярет.

Мы зэманым университетым щолажьэ егъэджакIуэ 1100-м щIигъу. Абыхэм ящыщу 161-р щIэныгъэхэм я докторщ, 561-р кандидатщ. Иужь-

рей илъэсхэм иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ КъБКъУ-р къалъытэ УФ-м и еджапIэ нэхъыфIхэм ящыщу. Университету зэрыщытрэ илъэс 50, еджапIэу зэрылажьэрэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу, абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъррэ дамыгъэ лъапIэрэ. 2008 гъэм Урысейпсо конкурсым зэрыщытекIуам папщIэ къратащ «Урысейм и еджапIэ нэхъыфIищэ» жыхуиIэ дипломыр.

Зэманыр шэ икIауэ макIуэ, гъащIэри къэувыIэркъым, абы цIыхум къыхуигъэув къалэныр нэхъыбэ хъу зэпытщ. ЩIэныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыри ди зэманым къыдежьа компьютерми ирилэжьэфу, интернетми хищIыкIыу, ахэр игъэIэрыхуэфу щытын хуейщ. Мыбдеж уигу къэмыкIыжу къанэркъым Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэ Iущхэу «Зэманым декIур лIыфIщ» – жыхуиIэр.

Лъэпкъым, къэралым я къэкIуэнур елъытащ цIыхубэм зригъэгъуэт щIэныгъэм, абы къыщIэхъуэ щIэблэр гъащIэм зэрыхуигъэхьэзырым. АбыкIэ щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэу къэуври егъэджакIуэхэрщ. УегъэджакIуэну къалэн зыщыпщIыжыныр зэрымытыншыр, а IэнатIэм пэрытхэм пщIэ лей къызэралэжьыр къилъытэри, Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий мы гъэр игъэуващ ЕгъэджакIуэхэм я илъэсу. Апхуэдэ гулъытэ егъэджакIуэхэм ягъуэтауэ дэ тщIэжыркъым.

***ЧЫМ Юрэ,***
*КъБКъУ-м и доцент,*
*и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.*

## НЫБЖЬЭГЪУ ЛЪАПIЭХЭ!

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 47-32-94 (бухгалтерие). Электронный адрес: e-mail: oshhamaho@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.

*КЪАГЪЫРМЭС Борис*

# ИлъэсыщIэ хъуэхъу

**Къэсащ, ныбжьэгъухэ, ИлъэсыщIэр,**
**Ар гуапэу дэ къедгъэблэгъэнщ.**
**БлэкIам хуэтщIынщи лъысыр фIыщIэу,**
**КъэкIуар ди Iэнэ пэрытшэнщ.**
**Дэ хуэтIэтынщ абы хъуэхъубжьэ -**
**И пIалъэр кIуэху тхуэугъурлыну,**
**ФIы фIэкI, Iей лъэпкъ гъэ псом дымыщIэу,**
**Дызытеджалэр ди былыму,**
**Узыншэ дыдэу къэхъуу щIэблэр,**
**Жьы хъуахэм я гур тхухэгъахъуэу,**
**Нэдгъэсу ди Iэр ди гур здэплъэм**
**Дыхъуну нобэ дывгъэхъуахъуэ!**
**Зэрапхъуэу яшэу ди хъыджэбзхэр,**
**Насыпыр дгъуэту зэпымыууэ,**
**ФIы зигу илъ псоми я тхьэлъэIухэр**
**Тхьэ пащхьэм нэсрэ къабыл хъууэ,**
**Еджэным зи гур итхьэкъуахэр**
**ЩIэныгъэ щыгухэм тыншу дэкIыу,**
**Хьэрычэт Iуэхум пэрыхьахэм**
**Мурад ящIахэр зэфIагъэкIыу,**
**Къэралым илъу мамырыгъэ,**
**Зэкъуэшхэм хуэдэу дыщыпсэууэ,**
**Зэрамыхьэжу залымыгъэ,**
**Тхьэм угъурлы тхуищI гъэщIэр псоми!**